# МАХ ДУГ

*Искæй дæлбар уæвын æмæ коммæ кæсынæй даргдæр йæхи минуæг кæмæ нæй, уыцы нацы мард у.*

АДОЛЬФ де КЮСТИН



**5**

**2006**





# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ СОЮЗА ПИСАТЕЛЕЙ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ

**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция**

Ответств.секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ,
Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2006

# МАХ ДУГ

5 '06

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНЫ
ФЫСДЖЫТЫ ЦÆДИСЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2006

*НОМЫРЫ ИС:*


*Разныхас* 6

*КЪОСТА. Ракæс, Додой, Катай. Æмдзæвгæтæ* 10

*ГÆДИАТЫ Секъа. Æмдзæвгæтæ* 12

*КОЦОЙТЫ Арсен. Сатирикон рæнхъытæ* 15

*БРЫТЪИАТЫ ЕЛБЫЗДЫХЪО: 125 АЗЫ*

*БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо. Уæрæседзау. Пьесæ* 22

*А. ШЕГРЕН, В. МИЛЛЕР, Э. БЕНВЕНИСТ, Ж. ДЮМЕЗИЛЬ ирон æвзаджы тыххæй* 33

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр. Æмбалты Цоцко. Уац* 35

*ÆМБАЛТЫ Цоцко. Дыууæ аргъауы* 38

*МАЛИТИ Геуæрги. Ци бегара дæбæл ес? Уацхъуд* 44

*ТЕМЫРХАНТЫ СОСЛАН: 125 АЗЫ*

*ТЕМЫРХАНТЫ Сослан. Зонд æмæ бархи. Ирон дин. Уацтæ* 46

*БАГЪÆРАТИ Созур. Иронæн. Æмдзæвгæ* 49

*АБАЙТЫ Вассо. Æвзаджы тыххæй хъуыдытæ* 51

*ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр. Сонет ирон æвзагыл. Æмдзæвгæ* 58

*Ирон æвзаджы уавæр. Доклад* 59

*Æппæтирон адæмон æхсæнадон змæлд «Стыр Ныхас»-ы Уынаффæ* 71

*ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат. Ме ’взаг. Æмдзæвгæ* 76

*Æвзаджы хъысмæт — дзыллæйы хъысмæт. Уац* 80

*АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД*

*Нарты кадджытæ. Дарддæр* 84

*НАФИ, Владимир КУЗНЕЦОВ, ИСАТИ Мæхæмæт, БУЛКЪАТЫ Михал, АЙЛАРТЫ Измаил, САБАЙТИ Сулейман, ТЛАТТЫ Æмзор ирон æвзаджы тыххæй* 114

*СКИФИРОН. «Ирон лæппутæ...» Æмдзæвгæ* 124

*ДЗАСОХТЫ Музафер, МАЛИТИ Васо, ДЖЫККАЙТЫ Шамил, ХЪОДЗАТЫ Æхсар, ХОДЫ Камал, ГУСАЛТЫ Барис, ТЕДЕТЫ Георги, ХÆМЫЦАТЫ Албег ирон æвзаджы тыххæй* 125

*ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ. Ды дæ нæртон. Æмдзæвгæ* 138

*Фæсарæйнаг ирæттæ Ирыстон æмæ ирон æвзаджы тыххæй* 139

*БЗАРТЫ Руслан. Ирон æвзаг: фесафдзыстæм æй æви йæ фервæзын кæндзыстæм? Уац* 142

*БОРСÆТЫ Таймураз. «Мадæлон æвзагæн — паддзахадон æхxуыс». Уац* 148

*ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар. Мадæлон æвзаг. Æмдзæвгæ* 152

*УАРЗИАТЫ Вилен, КОСТЫ Лизæ, ПЛИТЫ Феликс, ХЪАМБОЛТЫ Тамерлан, ЦГЪОЙТЫ Хазби, Бирæгъты Владимир ирон æвзаджы тыххæй* 153

*КЪАДЗАТЫ Станислав. Хуыцауы лæвар. Æмдзæвгæ* 160

*ХЪОДЗАТЫ Иридæ. Ирон сабиты æвзаджы дзырдуат* 162

*ХОДЫ Дзаххот. Хатиаг æвзаг тауджытæ. Уац* 177

*ХЪ. Æ. «Кондыл æй нымай», кæнæ «Æнæбондзинады (фæкъуыввитт) уæвыны тыххæй...» Уац* 179

*Ирон скъола марджытæй цалдæр* 184

*КУЫДЗИАТЫ Владимир. Ирон æвзагмæ — закъоны цæстæй. Уац* 186

*Æрмæг æрæмбырд кодта æмæ*
*номыр сарæзта Хъодзаты Æхсар*

# РАЗНЫХАС

*Нæ журналы ацы номыр иннæты хуызæн нæу. У тематикон. Ныхасы сæрæн та равзæрстам, ныртæккæ ирон адæмæн цæстыгагуыйау хъахъхъæнинаг чи у, йæ фидæн кæмæй аразгæ у, уыцы нæртон æвзаг, скифты-сæрмæтты-аланты-ирыдыгуры Фарны Дзырд. Нæ нацийы æвзаг заууаты уавæрмæ цæмæн æрхауди, чи у аххосджын, дарддæр нын цы гæнгæ у, уыдæтты тыххæй сæ хъуыдытæ зæгъынц нæ фысджытæ, ахуыргæндтæ, хуымæтæджы адæм. Ныр æртыккаг æнус дзурæм ацы темæйыл, фæлæ хъуыддаг йæ гаччы сбадын кæнын нæ бон нæу.*

*Аххостæ бирæ сты. Сæ быньдурондæр: ацал-ауал азы нын нæ сæры цы садзгæ зонд тъыстæуыд, уый йæ куыст бакодта, сарæзта нæ цагъартæ. Лев Толстой цæйау загъта: «Раб, довольный своим положением, вдвойне раб, потому что не одно его тело в рабстве, но и душа его». Мах буарæй дæр, зондæй дæр, удæй дæр разы æмæ буц ыстæм нæ уавæрæй, æмæ нæ уый æртардта сæрсæфæн былмæ. Цæвиттонтæ? Мæнæ дзы иу мæ тæккæ фындзы бын. «Поздравляю редакционный коллектив газеты с выходом «в свет», желаю быть всегда на острие событий, объективно рассказывать обо всем, что связано с гордым именем «Владикавказ». Ацы ныхæсты автор у, нæ республикæйæн аст азæй фылдæр разамонæг чи уыд, уыцы лæг. Йæ «Арфæ»-йы уадиссагæй ницы ис, æрмæст фæстаг æртæ дзырдыл адæймаджы хъуыды йæхи скъуыры. Владикавказ сæрыстыр ном рахондзæн æрмæстдæр цагъар, уымæн æмæ нæ горæты номæн йæ мидис у: Кавказ, мæ дæлбар дæ.*

*Гъемæ нын цалдæр æнусы нæ хъусы цагъдæуыди: сымах дыккаг сорты адæм стут, уæхæдæг дæр, уе 'взаг дæр — цагъартæ, гу-у-укк! Æмæ, Бзарты Русланы загъдау, нæ адæм «нæбæззоны комплексæй» фæрынчын ысты, быдылотæ сæ рауади. Ацы хъуыддаджы стыр куыст бакодта скъола (райдайæн, астæуккаг, уæлдæр). «Школа была и остается проводником русского влияния на Кавказе — гораздо более надежным, чем крепости и форты с «грозными» названиями (вроде Владикавказа и того же Грозного)», — фыссы Юри Каграманов («Континент», 2004, № 122, 140 ф.).*

*Бафиппайдтат? Дыууæ фæйнæхуызон авторæн «Владикавказ» фæйнæ хуызы ад кæны: цагъарæн «гордое имя» у, æлдарæн та — «грозное название». Кæй зæгъын æй хъæуы, номы фæстаг мидис растдæр у, фæлæ цагъар цагъар уымæн у, æмæ йæ йе 'цæг номæй хонын нæ уæнды.*

*Ахæм у нырыккон ирон адæймаджы психологи. «Цу-ма»-мæ гæппæввонгæй лæуу! Цы кæныс, уый — дæхицæн... Æмæ мæнæ логикон кæрон: нацийыл бæллæхты æвирхъаудæр куы сæмбæлд, уæд цагъарæй сирвæзт удаист хъæр: «Теперь я политический труп!»*

*Нæ ныхасы кæрон ма иу хабар. Нæ номырмæ уырыссаг тексттæ дæр кæй бахастам, уый уæм хъыг ма фæкæсæд: сæ хъуыдытæ, автортæ сæ куыд ныффыстой, афтæмæй журналкæсæгмæ хуыздæр бахæццæ уыдзысты.*

*Нæ арфæ нæ адæмæн: гъæй-джиди, æмæ цагъары зондæй искуыдтæ куы фервæзиккам, нæ бæстæ, не 'взаг нын афтæ адджын куы суаид, æмæ нæ фыццаг поэт Мамсыраты Темырболатау уынгæг зæрдæйæ куыд зæгъæм:*

*«Удæн уд дæр ды куы дæ!»*

*РЕДАКТОР*




✦ Цардæгас æвзæгтæ

✦ Мард æвзæгтæ

✦ Æрмæстдæр литературæйы æмæ дины хъуыддæгты кæмæй пайдачынд, уыцы æвзæгтæ

*Æркæсут-ма ацы схемæмæ, индоевропæйаг æвзæгты бæласмæ. Ирайнаг къалиуыл кæронæй — ирон сыфтæр. Йæ фыдæлтæ — скифаг æвзæгтæ (схемæйы лыстæг чырынтæй амынд сыфтæртæ) — рагæй нал сты. Мах æвзаг фисыныл хæрзиунæгæй баззади сидзæрау. Куынæ йæм фæкæсæм, уæд æнæфæхæцæгæй, не 'гуыдзæджы аххосæй фесæфдзæн, йæ фыдæлты хал ахæрдзæни...*

* * *

1. Государственными языками Республики Северная Осетия — Алания являются осетинский и русский.

2. Осетинский язык (иронский и дигорский диалекты) является основой национального самосознания осетинского народа. Сохранение и развитие осетинского языка являются важнейшими задачами органов государственной власти Республики Северная Осетия — Алания.

* * *

1. Республикæ Цæгат Ирыстоны — Аланийы паддзахадон æвзæгтæ сты ирон æмæ уырыссаг.

2. Ирон æвзаг (ирон æмæ дыгурон диалекттæ) у ирон адæмы национ хиæмбарынады бындур. Ирон æвзаг хъахъхъæнын æмæ рæзын кæнын сты Республикæ Цæгат Ирыстоны-Аланийы паддзахадон хицаудзинады оргæнты тæккæ ахсджиагдæр хæстæ.

* * *

1. Республикæ Цæгат Ирыстони — Аланий паддзахадон æвзæгтæ æнцæ ирон æма уруссаг.

2. Ирон æвзаг (ирон æма дигорон диалекттæ) æй ирон адæми национ хелæдæруйнади бундор. Ирон æвзаг гъæуай кæнун æма ирæзун кæнун æнцæ Республикæ Цæгат Ирыстони — Аланий паддзахадон хецаудзийнади тæккæ ахсгиагдæр ихæстæ.

*РЦИ — Аланийы Конституци, 15-æм статья*

* * *

1. Государственным языком Российской Федерации на всей ее территории является русский язык.

2. Республики вправе устанавливать свои государственные языки. В органах государственной власти, органах местного самоуправления, государственных учреждениях республик они употребляются наряду с государственным языком Российской Федерации.

3. Российская Федерация гарантирует всем ее народам право на сохранение родного языка, создание условий для его изучения и развития.

*УФ Конституци, 68-æм статья.*

## РАКÆС

*(Скъуыддзаг)*

Æрцыдтæн... Мæхицæй фыддæр
Мæгуырæй куы ссардтон дæу дæр,
Мæ уарзон, мæ иубæстон адæм!..
Нæ хæхтæй, нæ тыгъд быдыртæй
Æмхуызон нæ иуæн дæр нæй, —
Кæм кусæм, кæм цæуæм, кæм бадæм!..

Лæджы хуызæн лæг нæм — ыстæм,
Бæрæг дæр нæ нал и, цы стæм,
Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг? —
Кæдæмдæр ма хилæм куырмæй...
Гъе, Уастырджы, ракæс, цæмæй
Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..

## ДОДОЙ

Додой фæкæнат, мæ райгуырæн хæхтæ,
Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау!
Зæй уæ фæласа, нæ тæрхоны лæгтæ, —
Иу ма уæ фезмæлæд искуы лæгау!..

Искæй зæрдæ уæ дзыназгæ нырризæд,
Искæмæ бахъарæд адæмы хъыг,
Дзыллæйы мæстæй уæ исчи фæриссæд,
Иумæ уæ разынæд иу цæсты сыг!..

Фидар рæхыстæй нын не уæнгтæ сбастой,
Рухс кувæндæттæй хынджылæг кæнынц,
Мард нын нæ уадзынц, нæ хæхтæ нын байстой,
Стырæй, чысылæй нæ уистæй нæмынц...

Иугай ныйистæм, ныууагътам нæ бæстæ, —
Фос дæр ма афтæ ныппырх кæны сырд, —
Фезмæл-ма, фезмæл, нæ фыййау, нæ фæстæ,
Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд!..

Оххай-гъе! Не знаг нæ былмæ фæтæры, —
Кадмæ бæлгæйæ æгадæй мæлæм...
Адæмы фарнæй къæдзæх дæр ныннæры, —
Гъе, мардзæ, исчи! — бынтон сæфт кæнæм!..

## КАТАЙ

Мæ хæлар, мæ уарзон. Æнæзонгæ уарзон!
Цы номæй дæм бадзурон, уый-ма мын зæгъ?

Мæ зæрдыл дæ дарын цы ныфсæй фæразон,
Мæ райгуырæн бæстæ, мæ фыдæлты зæхх?

Мæ райгуырæн бæстæ! Дæ айнæг къæдзæхæй,
Дæ фидар, фæлтæрд риуæй хъусын хъæрзын...

Мæ хæлар, мæ уарзон! Дæлзæххæй, уæлзæххæй,
Кæмдæриддæр дæ, — тагъд мæ хъæрмæ фæзын...

Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы, — куы бамбæхсай барæй,
Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..

Мæ мæгуыр Ирыстон! Æрцæуæг æлдарæй,
Тыхгæнæг хæддзуйæ дæ ма уæд, ма, мæт?

Тыхгæнæг хæддзумæ кæд искуы фæндонæй,
Æуууæнккагæй радтай, рæстæнхъæл, дæ бар?..

Мæ хæлар, мæ уарзон! Ныммæл мын фæсмонæй,
Ды искуы хæддзуйæ куы скæнай æлдар!..

*ГÆДИАТЫ Секъа*

## ИРОН ЧИНЫГЫЛ ЧИ НÆ АРХАЙЫ, УЫЦЫ ИРОН АДÆМÆН ЛÆВАР

Байрагыл нæ бадут,
Бæх та махæн нæй;
Кæрæдзи нæ уарзут,
Уæ зæрдæ нықъкъæй.

Цалынмæ бæх арат, —
Байрагмæ кæсут;
Базонут уæ фадат,
Сæрмæ йæ хæссут.

Искæй хорз саулохæй —
Дæ байраг хуыздæр.
Хæсдзæн дын сау хохæй
Бæрзæндты дæ хъæр.

Сырæздзæн нæ байраг, —
Бæх уыдзæн саулох;
Нал уыдзæн уæд тъайлаг
Нæ бæстæ, нæ хох.

Йæ уасын, йæ хъæрæй
Нæ бæстæ нæрдзæн,
Хорзæй, уæд æвзæрæй,
Уый немæ цæрдзæн.

Хурæй нæм хæсдзæни
Бæрæгдзырд дзæбæх...
Зондæй та уыдзæни —
Хох æмæ къæдзæх!

*1906*

## ИРЫСТОН

Фесæф, фесæф, нæ фæсивæд,
Хъæмпæй хосы не 'взарыс, —
Дæ цины дæр дæхи 'взагæй
Зæрдæрухсæй не сзарыс.

*1911*

* * *

Ирон адæм цытæ сысты?!
Чи — гуырдзиаг, чи — уырыссаг,
Чи — тæтæйраг, чи — кæсгон.
Никуы федтон ахæм диссаг,
Ныр куыд сæфы Ирыстон.

*1911*

## ИРЫСТОН

Нæ уарзæм нæ бæстæ, ныууагътам нæ хох,
Кæмдæрты дзæгъæлзад, дзæгъæлмард кæнæм,
Фæкодтам нæхи 'гъдау, нæхи 'взаг бынрох,
Кæмдæрты сылæмгад кæрдзынтæ хæрæм.

Урс сынтау сæфдзæни нæ мыггаг, нæ кой,
Исчи ма зæгъдзæни: уыдысты кæддæр.
Агурæм кæмдæрты нæ удæн æнцой,
Нæхицæй ыскæнæм искæмæн кæстæр.

Ирон лæг, дæ бæстæ сагъæстæй хъæрзы,
Ныууагътай сидзæрæй дæ гуырæн бæстæ;
Чидæр дын дæ тугæй рувæстæ хæссы,
Фæлыгъдтæ кæдæмдæр кæрдзынты фæстæ.

Æгъдау дæ ныббаста, нал дын ис гæнæн,
Æрду дæр дæ бон нæу, æнцад лæуу фысау! —
Раджы дын ыскодта хинæйдзаг кæлæн,
Йæхи дæм равдыста сауæрфыг чызгау.

Сау хæхты, сау хъæдты уæгъд уыдтæ сынтау,
Нæ зыдтай цагъарад, нæ зыдтай æлдар.
Æгъдау дæ ныббаста, мауал кæс сырдау, —
Бацагур дæхицæн зондхæссæг æмгар.

Амондæй цух уыдтæ раджы дæр, бæргæ,
Нæ зыдтай рæстæгæн йæ фæстаг бæллон;
Домбайау фæхаттæ сау хъæдты нæргæ,
Æгъдау дын ныббаста дæ фæстаг кæрон.

Ныр дæр ма нæ зоныс, куыд сæфы дæ кой,
Цад-донау лæдæрсы денджызмæ дæ уд.
Нал арыс дæ бæстыл хорызад кæфой, —
Æркæс-ма дæ митæм, дæхиуыл фæхуд.

Нæ сæфы иу боныл дзыллæтæй мыггаг,
Иутæ иннæтæм æнцад лæдæрсынц,
Ирыстон, базон æй дæ сæфты хъуыддаг,
Дæ зæнæг кæмæндæр сæхи фæдзæхсынц.

Абон дæм хорз кæсы минæстæ кæнын,
Райсом дæм æркæсдзæн ыстыр маст, хъæрзын...
Хуыздæр у дæ бæстыл райгуырын, мæлын,
Мæлæт у искæмæн тæбæгътæ сæрфын.

Ма ныууадз иудадзыг дæ зæнæг дзæгъæл,
Ма бауадз сабиты мыдадзау тайын;
Исчи дыл æркалдзæн сызгъæрин цæхæр,
Ма баком, Ирыстон, искæмæн сайын.

*1912*

*КОЦОЙТЫ Арсен*

# ИРЫСТОНЫ НÆУÆГ ПАДДЗАХ

*Чысыл фельетон*

«Значит» райгуырди стыр Уæрæсейы, схъомыл ис æгæрон тыгъд быдырты, рахаста рагæй фæстæмæ дзæгъæлдзу æмæ къæйных. Æппын скæс никæй уагъта: кæм хъуыди, кæм нæ хъуыди, размæ-иу рагæпп кодта.

Фæлæ Уæрæсейы тыгъд быдыртæ къуындæг фæкастысты Значитмæ, стæй йын йæ фæндоны бæрц фæндæгтæ дæр нæ уыдис, ныхкъуырд арæх æййæфта.

Иухатт Значит фæкомкоммæ Кавказы хæхтæм æмæ рабæлццон ис уырдæм. Бафтыдис Ирыстонмæ.

Ир рагæй дæр уазæгуарзаг уыдысты, искæцæй æрæфтгæ исчи сæм кадджын уыди. Тынг сбуц кодтой ир Значиты, зылдысты йæм, кæстæриуæг ын кодтой.

Значитмæ бæстæ дæр хорз фæкасти, йæ адæм дæр, æмæ сфæнд кодта уым æрбынат кæнын. Фæлæ иунæгæй хъыг кодта, стæй йын йæ фæндтæ æххæст кæныны тыххæй æххуысгæнджытæ хъуыди. Уый тыххæй Значит фæситт йæ хæлæрттæм, йæхи хуызæн дзæгъæлдзу æмæ къæйных чи уыди. Уайтагъд æрбалæууыдысты йæ разы: Неужели, Ейбогу, Ничего, Курит, Гулиат æмæ æндæртæ.

Уæд фæзæрдæджын и Значит æмæ расидти декрет: «Ирон адæм! Абонæй фæстæмæ æз дæн сымахæн паддзах, мæ министртæ та адон (уæлдæр сæ ранымадтам). Коммæгæс ут, æххæст кæнут мæ фæндон.

*Ирыстоны паддзах Значит»*

Ацы декрет куы бакастысты ирон адæм, уæд цинæй амардысты. Рагæй дæр уыдон кæстæриуæг кæнын уарзтой. Æндæр гæнæн-иу куы нал уыди, уæд-иу дардмæ дæр фæцыдысты, кæмæн кæстæриуæг кодтаиккой, ахæм адæймаг агурынмæ. Ныр куыд нæ бацин кодтаиккой: Значит сæм йæхæдæг æрцыди.

Уæдæй фæстæмæ æмбырдты, куывдты, хистыты, хæдзары, фæндагыл Значиты сæ зæрдыл дарынц, æдзух йæ кой кæнынц.

Нæхи ирон Цæвиттон схæцынмæ хъавыди Значитимæ, фæлæ

адæм уайтагъд æцæгæлоны фарс куы фесты, уæд фæлыгъд æмæ кæмыты æмбæхсы, уый абон дæр бæрæг нæу.

Бирæтæ æнхъæл уыдысты, æмæ Хуссар Ирыстон нæ бахаудзæн Значиты къухты: афтæ æнхъæл уыдысты, æмæ хæхтæ æнцонæй бауромдзысты Значиты æфсæдты. Фæлæ хъуыддаг афтæ нæ рауади.

Цæгат Иры фæрцы Значит бабырста Хуссар Ирыстонмæ. Йæ бацыдмæ уым æлдариуæг кодтой гуырдзиаг æлдæрттæ: Равици æмæ Арвици (фаззæттæ), Рогорц, Унда, Шеничъириме, Генацвале, Холот, дзæгъæлзад Къи æмæ ноджыдæр ахæм чидæртæ.

Адон иуыылдæр схæцыны фæнд скодтой Значитимæ. Рабастой сæ хæцæнгæрзтæ. Фæдзырдтой сæ адæммæ дæр, ирон адæммæ.

Фæлæ ирон адæм ницæмæ бадардтой ацы бабырст, сæрдыгон уарынæй уæлдай сæм нæ каст. Дисгæнæгау бакастысты адæм æлдæрттæм æмæ загътой.

— Хæцгæ?! Кæимæ æмæ цæмæн? Мах сымахæн кад-радæй кæстæриуæг кæнæм... Цы уæ хъæуы æндæр? Рацæуæнт уыдон дæр, уыдон фаг дæр уыдзыстæм! Нæ фыдæй нын кæстæриуæг кæнын куы баззади!

Уыцы ран дзурджыты уæлхъус æрбалæууыди цæхæрцæст Значит, ракæс-бакæс акодта æмæ загъта:

— Чи куыдз, чи хæрæг, ам æлдариуæг кæнын чи уæнды?.. Рогорцтæ æмæ Ундатæ! Кæд уæ цæрын фæнды, уæд дзæбæхæй сразы ут, æз уын цы бынæттæ раттон, уыдоныл, кæннод уын уæ уд уæ хъуырæй фелвасдзынæн!

Равици æмæ Арвици рагæй дæр хъæбатыр уыдысты, фелвæстой, бæргæ, дамбацатæ, фæлæ сæ Шеничъириме æмæ Унда басабыр кодтой.

Уыцы хуызæнæй Значит Хуссар Иры дæр ныббырста æмæ ныр хуыйны æгас Ирыстоны паддзах. Уый кад, уый цыты хуызæн иу паддзахæн дæр нæма уыди. Бирæ уарзы ирон адæймаг Значиты, цæугæйæ дæр, хæргæйæ дæр, нуазгæйæ дæр, кусгæйæ дæр, Значиты кой ма кæна ирон лæг, абабау!

Бирæ, тынг бирæ уарзынц ирон адæм Значиты...

## НОГ ДЗЫРДУАТ

*Профессор Фрейман Ленинграды мыхуыр кæны дзырдуат, фæлæ мæм уый ницæйаг дзырдуат кæсы. Æз сфæнд кодтон хицæн дзырдуат саразын.*

*Æ в з а г* — 1) адæймаджы буары хай, иуæй-иуæн дзыхæй æддæмæ нæ зыны, иуæй-иуæн та сахары иу кæронæй иннæмæ æххæссы;

2) адæмæй чи иуæвзагон вæййы, чи та дывзагон.

Г р а м м а т и к æ (Æлборты Барисы фыст) — иронау дзурын æмæ фыссын куыд нæ хъæуы, уый амонæн чиныг.

И р о н — ахæм адæмы мыггаг, æмæ дзы дыууæ адæймаджы иумæ куы фембæлынц, уæд кæрæдзи бахæрынц æмæ дыууæ дæр фесæфынц.

Н а ц и о н а л и з а ц и — 1) ирон оцани бæх, 2) удхæссæг кæмæндæрты нæ бæрнон кусджытæй.

О б ъ е д и н е н и е — Цæгат æмæ Хуссар Ир уæрдонæй тæрхъус ахсынц.

О р а т о р — ривадæй зилæг куырой.

Ф а р н — маргъы мыггаг, къæбæда ныхас кæм хъуысы, уырдыгæй дард айсы йæхи.

Ц æ с г о м — адæймаджы буары хай, иуæй-иутæн ис, иуæй-иутæн нæй.

Ч ъ р е б а — Хуссар Ирыстоны сæйраг горæт, дзурынц дзы алы æвзагыл ирон йеддæмæ.

* * *

Владикавказы цæуы, зонынадæй мæгуырау чи у, ахæм сыф «Хабар». Уый адæмы размæ æрхаста ирон литературæ, равдыста йæ афтæ, æмæ лæг нæ зоны, цæуыл тынгдæр дис кæна, — фысджытæ бирæ кæй сты, ууыл, æви уацмысты хъæздыгыл, æви, нардуатæй фысджытæ æмæ уацмыстыл цы стауæн ныхæстæ калынц, уыдоныл... Йæ ныхасы кæрон «критик» кæны патетикон хъæр: «Кæй бон у уыдон сеппæт фæнымайын?!»

Нал ис ирон литературæйы иунæг уæйыг — Къоста æмæ алы дзиглотæ сивæзтой сæ къубæлттæ, сдардтой сæ сæртæ, — алырдыгæй алы хъæлæстæй дзурын байдыдтой:

— Æз драматург дæн!

— Æз беллетрист дæн!

— Æз — поэт!

Æмæ уыцы дзиглотæ æхсæнады тæрхонмæ цыфæнды рахæссæнт, алцæуыл дæр сын æмбæлынц æхсызгонæй, арфæтæй. Мадæлон литературæйы тыххæй домаг хъуыды зæгъын сын нæу фæндиаг, былдауæн æмæ козбау ныхæстæй та æфсæрмы ничи кæны.

# БРЫТЪИАТЫ ЕЛБЫЗДЫХЪО: 125 АЗЫ





*Елбыздыхъойы мад Госæгъа.*



*Елбыздыхъойы цардæмбал Олга.*



Елбыздыхъойы ингæны къæй. Фрагмент.




*Елбыздыхъойы цыртдзæвæн Куырттаты комы.*

*БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо*

# УÆРÆСЕДЗАУ

ÆВДИСДЖЫТÆ:

М у с с æ — 25-аздзыд (Уæрæседзау).
Т æ т æ р х ъ а н — 35-аздзыд.
Б а р ы с б и — 30-аздзыд
Х а т æ х ц ы х ъ о — 30-аздзыд
А с л æ н ы х ъ о — 25-аздзыд
М и к ъ и т т — 40-аздзыд, уарзаг, хъазаг уырыссаг.

ДЗАУМА.

Муссæйыл уырыссаг дзаума: *сырх фрак, галстук, бæрзонд æфцæггот, туфлитæ.*

Микъиттыл — пинджак, размæдарæн.

Иннæтыл ирон дзаума.

Ирон мæгуыр уат.

I

*Тæтæрхъан, Барысби, Хатæхцыхъо æмæ Аслæныхъо — уаты.*

Т æ т æ р х ъ а н. Цæй æрæгмæ нæм цæуы Муссæ? Мах уымæ куы бадæм, уый нæ хъуыды дæр куы нæ кæны.

Б а р ы с б и. Хъуыды та нæ куыннæ кæны? Æгъдауджын лæппу уыд; æниу ныр циу, уый нæ зонын. Кæд ма хæдзары исчитæ ис.

Х а т æ х ц ы х ъ о. Махæй хистæр йе 'мгæрттæй ам ничи ис. Хæдзары устытæ йеддæмæ ничи уал ис æмæ уыдонимæ абондæргъы бады. Хъуамæ махмæ рацæуыныл батагъд кæна.

Б а р ы с б и. Æвæццæгæн, ирон æгъдæуттæ уыйас нал зоны — ферох сæ кодта. Уал азы æндæр адæмы æхсæн фæу!..

Т æ т æ р х ъ а н. Гъы! Фæу уал азы, уæд цы?

Б а р ы с б и. Цы? Ферох кæндзынæ махмæ лыстæг митæ.

Т æ т æ р х ъ а н. Лæгæн йæ хорзы нысан йæ бакаст у. Лæг раныхас куы зона, æгъдауыл бацæуын, æгъдауыл рацæуын, дзæгъæл ныхасæй йæхи куы хъахъхъæна, уæд лæгæй æндæр ницы агурын хъæуы фыццаг бакастæн. Ахæм лæгмæ æгъдау кæй ис, уый зон. Мæнæй уыцы митæ куы ферох уой, уæд мæ ме 'гъдау рох кæны! Æмæ цæмæн бæззын уæд? Лæгыл азтæ куы ацæуа, уæд дзы нæ ферох уыдзысты, йæхицæн цы хъуыдыйы уаг, цы митæ саккаг кодта æмбаргæйæ, уыдон.

Б а р ы с б и. Æмæ Муссæ ардыгæй хæрз лæппуйæ ацыд.

Т æ т æ р х ъ а н. Цæй лæппуйæ? Аслæныхъо, цал азы дыл цæуы?

А с л æ н ы х ъ о. Фондз æмæ ссæдз , æнхъæлдæн.

Т æ т æ р х ъ а н. Гъемæ ныр адон Муссæимæ хæрз æмгартæ сты. Муссæ фылдæр фод æддæ фондз азы. Ссæдзаздзыд хæрз лæппу нæу. Хъуамæ дзы мацы ферох уа.

Б а р ы с б и. Æз дæр афтæ æнхъæл дæн. Иронау ма хорз зоны, зæгъынц.

Х а т æ х ц ы х ъ о. Уæдæ, уæдæ! Æмбисонд фæцис иронау! Дзурын куы райдайы, уæд йæ хуыздæр ныхæстæ: «Базалыстæн... Вот тебе на!» Дзæбæхдæр ныхас йæ дзыхæй нæ хауы. Ноджы йæхи Муссæ хонын дæр нал уадзы. Мишæ, дам, мæ хонут, Муссæ циу?

Т æ т æ р х ъ а н. Æмæ дысон талынджы куы 'рбацыд, уæд æй кæм федтай? Уыцы зæрдиаг хъуыдытæ йæ кæм æркодтай?

Х а т æ х ц ы х ъ о. Дысон мæнæ гæнахы цур. Хасæхъомæ хæрæджы чъиппатæм ссыдтæн æмæ афтæмæй сæмбæлдыстæм. Худæгæй нæ амардта. Талынджы сдзæгъæл æмæ-иу афтæ: «Ей, базалыстæн, цырагъ! Вот тебе на! Никаво нæ зонын, никæй уынын», зæгъгæ-иу куы ныззылд. Хистæртæ йын куы systaдысты, уæд-иу афтæ *(къухæй фыдамынд кæны)*: «Базалыстæн дæр сбадут. Садится! Цы лæуут? Æз уæ барин куы нæ дæн, сымах та мæ лакетæ!» Йæхæдæг сын, адæмау кæстæрæй, хистæрæй кæмæн куыд хъæуы, афтæ нæ, фæлæ фыццаг кæстæртæн, уыйфæстæ хистæртæн сæ къухтæ райста.

Б а р ы с б и. Уæдæ хæрзæвзæр куы ныцци! Æзынма йæм йæ фыццаджы дзæбæх æгъдæуттæй исты ис. *(Фæхъус сты. Барысби рудзынгæй кæсы.)* Гъæй! Гъæй... Дæлæ чидæр æрбасиры. Муссæ ма уæд?

Х а т æ х ц ы х ъ о *(кæсы рудзынгæй)*. Гъеуый у, гъе, Мишæ! Муссæйæ йæм мачи сдзурæд, хъыг ын у.

II

М у с с æ *(æрбасирдта).* Æгас цæут! *(Цин ыл кæнынц, уый та æнæрвæссон митæ кæны.)*

Т æ т æ р х ъ а н. Æрцу-ма, Муссæ, æз дæ мæ хъæбысы акæнон. Гъы, куыд дæ, мæ хур?

Б а р ы с б и. Хуыцауард, ныллæг дæ æгасæй. Æгайтма дзæбæхæй дæ хæдзар ссардтай!

Х а т æ х ц ы х ъ о. Куыд дæ, мæ уарзон æмгар? Фыццаджы хуызæн зæрдæ ма дæм ис, æви цы?

А с л æ н ы х ъ о *(зæрдиаг цинтæм хъавыд, фæлæ йæм Муссæ йæ иу æнгуылдз йеддæмæ нæ дæтты).* Æгас цу!

М у с с æ. Бирæ цæр. *(Æппæтæн.)* Куыдтæ стут?

Т æ т æ р х ъ а н. Дзæбæх стæм, куыд нæ уыныс, афтæ!

М у с с æ. Уæууа, сбадут! Базалыстæн! Цы лæуут? Æз уæ барин куы нæ дæн. Цы мын лæуут?

Б а р ы с б и *(хъазгæмхасæн).* Нæ, дæ бариндзинады тыххæй æнæбадгæ не стæм.

Т æ т æ р х ъ а н. Сбад æмæ мах дæр сбаддзыстæм, кæннод ды лæугæ, мах та бадгæ? Уый æгъдау нæу. Рацу мæнæ мæ фарсмæ абад иучысыл.

М у с с æ *(бады).* Дзурут истытæ, базалыстæн. Æз ирон закъонæн ницыуал зонын.

Т æ т æ р х ъ а н. Кæцæй ма зонай, кæцæй? Ныр кæд ацыдтæ æмæ кæд уыд! Æниу махæн нæ закъон дæр ницы æмæ нæхуыдтæг дæр. Лæг цы хъуыддаджы уа, уый закъонтæ хъуамæ зона, уыййеддæмæ мах æгъдæуттæ æмæ закъонтæ цы сты? Цæмæн хъæуынц?

М у с с æ. Уый раст у: ницæмæн хъæуынц, фæлæ уæддæр афтæ...

Т æ т æ р х ъ а н *(цырдгомау).* Афтæ дæр дæ нæ хъæуынц æмæ уфтæ дæр. Амы ’гъдæутты мах бар уадз, фæлæ, уым цы хабæрттæ ис, уыдонæй исты радзур. Æддæ бирæ фæдæ æмæ нын зæгъ: дæ цард куыд уыд, мызд дын цас уыд? Ног хабарæй, ног хъуыддагæй цы зоныс? Ардæм цæмæн фæраст дæ? Цавæр бынат дын уыд? Гъеуыдæттæй уал нын истытæ дзур!

Се ’п п æ т. Ай-гъай! Ай-гъай! Дæ уынд нын куыд æхсызгон уыд, дæ хабæрттæ дæр афтæ...

М у с с æ. Цы хабар уын радзурон, уый нæ зонын. Уæхуыдтæг мæ зонут, ардыгæй ацыдтæн бæгъæввадæй æмæ ссыдтæн

мæнæ, куыд мæ уынут, йедæй... Мæнæ... Цы йæ хонынц ироонау?.. Ну вот, франтæй. Цæмæй зонут сымах, циу уый, фæлæ уæддæр... Уымæй æмæ кусгæ исты кодтон? Ницы мур дæр. Бон-изæрмæ кънйазы сынтæгыл хуыссын æмæ песнятæ пет кæнын; кæд кънйаз æрбацæуа, уæд ын йæ цырыхъхъытæ ралас, то ест уæд ын мæ цырыхъхъытæ раласын кæнын æмæ...

Т æ т æ р х ъ а н. Ау! Уый та куыд? Кънйаз дæуæн дæ цырыхъхъытæ куыд ласы?

М у с с æ *(фæхъæлдæр).* Да! А то что? Не то что уый... мæ палто дæр ма йæм подавайт фæкæнын.

Т æ т æ р х ъ а н. Куыд подавайт?

М у с с æ. Уый, ома раттын æм палто... то ест, ратты мæм палто, куы йæ кæнын, уæд. Æниу сымах цæмæй зонут уыцы 'гъдау. Ам афтæ нæ кæнынц. Тиатыры æндæр куы вæййын, базары, йе цирчы, файтоны куы бацæу вæййын, уæд мæ палто райсынмæ, мæнæ стрела куыддæриддæр уа, афтæ æрбатæхы. Æгæр мæ куы фæлæууын кæна, уæд æхсæрфарсæн «трах!», зæгъгæ, фæкæнын... (*Амоны цæф.*)

Се 'п п æт. Ау! Цавæр кънйаз у, куыд дын бары?

М у с с æ. Нет! Не 'мбарут: кънйаз нæу, æцæг кънйаз. Афтæ кусджыты хонынц Уæрæсейы.

Т æ т æ р х ъ а н.<br>
Б а р ы с б и. } Уый зæгъ, уый уыдзæн, чи зоны.

М у с с æ. Уым хорз циу, уый балаганы цирк. Уыййеддæмæ тиатыртæ æмæ клубтæ зынаргъ сты. Стæй нæ уадзгæ дæр нæ кæнынц мах мидæмæ. Æдде фæлæууæм кæддæриддæр: файтæтты цур.

Т æ т æ р х ъ а н. Цæмæн, цæ?

М у с с æ. То ест, уадзынц, фæлæ... афтæ... чи 'рвæссы уыдонимæ бадын: кæй дзы нæ фендзынæ! Иу курфындзæй, то ест, курносæй, фырнæрдæй хæлы æмæ сырх. Сæ устытæ æлвæст, куырисы хуызæн, пудрæйæ сæрст. Махмæ лæгæн ахæмтимæ бадæн кæм и, нæ сæрмæ сæ хæссæм! Ноджы се смаг кæлы.

Т æ т æ р х ъ а н. Æмæ уагæры цы смаг кæнынц?

М у с с æ. Цы смаг? Мæнæ! *(Фæдджи æвдисы.)* Басмуд-ма.

Т æ т æ р х ъ а н. Фу! *(Ту кæны.)* Уый цы мæрддаг у, уый? Куы зæгъын, уæдæй нырмæ цæй смаг кæлы.

М у с с æ. Уæдæ цы 'нхъæл уыдтæ! Ахæм смæгтæ мæнæн приатнæ не сты! Неприатно!

Б а р ы с б и. Æмæ, Мус... Мишæ, уый куыннæ ахъуыды

кæныс: мах куыд бадæм уæдæ демæ, мах! Баууæнд мыл, махæн дæр ахæм смаг тынг приатнæ нæу.

М у с с æ. Нет! Æмæ уый афтæ нæу... Уый не так, конечно... *(Фæрæвдз.)* О! Уый цы? Æрдæбон йæхæдæг ныккалд. Æнхъæл ма у, барæй йæ нæ ныккалдтон. *(Æддейæ уырыссаг зарæг «Разлукæ»).*

III

М и к ъ и т т (*æрбацыд рахау-бахаугæнгæйæ*). Ей! Миша, ды æгас цыд... тæуæй я — æз дæ цæрæнбон хæдзары баназай арак.

М у с с æ. Молчи, иди домой, сакли спи надæ!

М и к ъ и т т. Нет! Мæн спи нæ кæуы!.. спи нæ кæуы, арак кæуы. Кæд дæу мад, Миша, арак мæнæн не риса — кæр кæнын я! Арак падавайт мæнæн. Нана!

Б а р ы с б и. Уый ды дæр куы зоныс падавайт, Микъитт!

Х а т æ х ц ы х ъ о. Кънйаз ма разын! *(Худынц.)*

М и к ъ и т т. Нæй æз княз. Нæ кæуы княз, арак кæуы. Æмæ больше ничего *(худы)* пьяницæйы. Мæнæн ахæм кæр приатно нæу!

Х а т æ х ц ы х ъ о. Сбад, Микъитт! Уæртæ Мишæйы хабæрттæм байхъус.

М и к ъ и т т. Какой харрæгътæ? (*Йæ дзаумамæ кæсы.*) Нæй ам харрæгътæ. Хуыцауы тыххæй хорз дзаума у мæнæн.

Х а т æ х ц ы х ъ о. Байхъус! Æнцад байхъус!

М и к ъ и т т. Кто я? Æз байгус! Дæхæдæг ис байгус. Æз нæй. *(Зары.)* Мæнæн денджыз ардæм у... *(Йæ уæрджытæм амоны, фæцæйхауд. Худынц.)* Тпрр, стой!

М у с с æ. Стæут, базалыстæн, æз ын йæ мордæ фæнæмон. Ахæмты мордæтæ æз бирæ ранадтон. *(Иргъæвынц æй.)* Банцай! Слусæй!

М и к ъ и т т *(къулыл банцад).* Æз мæхæдæг мæхи банцайдтон æмæ нал ахаудзынæн æмæ арак баназдзынæн.

Т æ т æ р х ъ а н. Ацу, Хатæхцыхъо, æмæ йын иу арахъхъ рахæсс. Кæд æппын нæ ныууадзид Микъитт!

IV

М и к ъ и т т. Æз бирæ аз ис Микъитт, цы кæуы?

Т æ т æ р х ъ а н. Арахъхъ дын куы раттæм, уæд нал хъæр кæндзынæ?

М и к ъ и т т. Кæнæ кæр кæндзынæн, кæнæ нæ... куыд

фæнда, афтæ... Кæнæ кæр кæндзынæн, кæнæ нæ... *(Къух ныхмæ сарæзта, цыма тарф хъуыды кæны.)* Кæд... бирæ арак уа, уæд нæ кæр кæндзынæн... *(Хатæхцыхъо æрбахаста арахъхъ.)*

## V

Т æ т æ р х ъ а н. Ма ма ратт, Хатæхцыхъо! Бирæйæ, чысылæй, — кæд банцайай, уæд дын гъеуый. Науæд ницы.

М и к ъ и т т. Эхх! Æри, нал кæр кæндзынæн. Зын у мне, фæлæ...

Т æ т æ р х ъ а н. Ратт ын, Хатæхцыхъо!

Х а т æ х ц ы х ъ о. Гъа, мæ хæлар, æмæ нæ ныууадз!

М и к ъ и т т *(цин кæны).* Арак! Арак! Бог дал арак! Э... Эхх! Одна гора висока, да... *(Кафы.)*

Х а т æ х ц ы х ъ о. Кæлы дæ арахъхъ, дæ хæдзар халыс, ард дæ баййафа!

М и к ъ и т т *(дыууæ къухæй æрцахста арахъхъ — кувы).* Хуцауæн хæцон фод. Хуцау аказ бакæн. Хетæг! Тæтæртуп, аказ бакæн. Миша арфæ ракæн!

М у с с æ *(фестад).* Молчат, канали! Офф! Ауадзут мæ, мæстæй... приамæ лопну...

М и к ъ и т т. Мæсты ма кæн! Æцæг лопнешь. Дæ цæрæнбон бирæ! *(Банызта, къулы æнцой йæхи æруагъта.)*

М у с с æ. Вот подлец, кæцæй йæ чорт æрбахаста, кæ?

М и к ъ и т т. Мæрдтæй... мæрдтæй...

М у с с æ. Дрихни, не бурчи!

Т æ т æ р х ъ а н. Ныууадз æй, дæ хорзæхæй! Бафынæй, æнхъæлдæн. Дæ ныхас кæн.

М у с с æ. Æмæ ма уын цы зæгъон? Мызд махæн — афтæ, æмæ ма нæм доход дæр хауы иу уыйас.

М и к ъ и т т. Славно брешет бисов сын...

Б а р ы с б и. Цы уынæм, мæгуыр нæ бон, цы зонæм, цы федтам æмæ цы базыдтам? Хистытæ кæнæм æмæ суг лухæм хæрæгыл.

Т æ т æ р х ъ а н. Махмæ адæм диссаг сты, диссаг. Уымæй хуыздæр куыстæй цы кæнынц.

М у с с æ. Æмæ махмæ адæм цы ’мбарынц, цыфæнды сын фæдзур, уæддæр сæ толк никуы рацæудзæн.

Б а р ы с б и. Мæнг зæгъыс, цы? *(Худгæмхасæн.)*

М у с с æ. Ей богу! Уæдæ ныр ме ’мгартæй искæмæн предложит куы скæнин, мемæ цæмæй рацæуа, уый, уæд ацæуид? Куда ему!

Б а р ы с б и. Де ской дæ зын, уыййеддæмæ цæуджытæ фæуыдзæни.

М у с с æ. Æмæ цы ’мбарынц?

Б а р ы с б и. Ницы! Ха... ха... ха! Исты куы ’мбариккой, уæд уырдæм нæ цæуиккой. Алчи йæ хæдзары кусид æмæ цæхх, кæрдзын хæрид. Уæрæсейы хуымæтæджы ирон лæгæн афицер нæ ратдзысты, йе болкъон! Хуымæтæджы лæгæн дзы хъуамæ хуымæтæджы бынат уа. Йæ сæр сæрмæ чи хæссы, уый нæ ратдзæн йæ зæрдæ чъизи куыстмæ — искæй чъизитæ хафынмæ. Куыст кæмдæриддæр куыст у, æмæ йын аргъ ис. Махмæ сыгъдæг зæххы куыстæй хуыздæр та цы ис?

М у с с æ. Гъемæ нæ зæгъын, ницы ’мбарынц, зæгъгæ! *(Худынц ыл.)*

Ч и д æ р *(æддейæ).* Мишæ, хæдзары дæм дзурынц. *(Расирдта.)*

## VI

Т æ т æ р х ъ а н. Уырыссаг чызджы цыд кæны Муссæ.

Б а р ы с б и. Цы ’нхъæл дæ уæдæ, цы? Уырысы чъизихафæг чи фæуа, уымæн æнæ афтæ кæнгæ хос нæй. Айфыццаг Хъæдгæроны уыдтæн, æмæ уым дæр иу ахæм лæппу. Æрмæст уый ирон дзауматы уыд, æмæ хъазты уымæ бакæсынæй дугъдæр цы уыд! *(Фæзмы йæ.)* Афтæ дын хъамайы сæрыл уæзданы хæст ныккодта æмæ лæууы. Тæрттæ иууылдæр æвзистæй нал зындысты. Мæ армы фæтæнæн хъусхосы бос æрцауыгъта, дынджыр *(тымбыл къух амоны)* гъеуыйас хъуымбылимæ коцора, бæрæггæнæн гуцъулайыйас. Иуныхасæй, фараст азы кæй фæкуыста, уыдон йæ уæлæ скодта. Нæ! Нæ! Нæ мæ хъæуы йе ’муæз æхцаимæ дæр иу ахæм бинойнаг.

Т æ т æ р х ъ а н. Дæхи дзы бахъахъхъæн! Темырæн ныр æнæ сæфгæ нал ис. Фосæй йæм цы уыд? Иу хæрæг, уымæн дæр йе рагъ æфхæлд.

Б а р ы с б и. Æмæ йæм ныр цы и?

Т æ т æ р х ъ а н. Гал уæд, хъуг уæд, æппæтæй дæр скъæт — дзаг.

Б а р ы с б и. Скъæт дзаг у, уымæй раст зæгъыс. Фæлæ галтæ æмæ хъуццытæ Темыры не сты.

Т æ т æ р х ъ а н. Уæдæ кæй сты?

Б а р ы с б и. Аслæныхъойы. Уый иу уæлладжыронæй балхæдта æмæ сæ сæхимæ тæры.

Т æ т æ р х ъ а н. Уæдæ æзынма Муссæ балхæдта.

Б а р ы с б и. Муссæтæ æлхæнгæ нæ кæнынц. Уыдонæй исчи иу род куы балхæдтаид хæдзарæн, уæд æз дæр нæ лæппуйы æрвитынмæ хъавыдтæн. Фæлæ ныр нал... «Базалыстæн»-тæй æмæ «вот тебе на»-тæй дзурын куы байдайа, уæд мæ мæ хæдзарæй ратæрдзæн, æмæ мæ уый цæмæн хъæуы?

## VII

М у с с æ *(дуар фегом кодта).* Гæспæда, обед подано... Оу-уа, æзынма нæхимæ, Уæрæсейы, дæн. Махмæ стъолмæ афтæ фæхонынц. Ацæут хæдзармæ. Темыр уæм дзуры хæдзары.

Т æ т æ р х ъ а н. Æмæ дзы устытæ нал ис?

М у с с æ. Нал!

Т æ т æ р хъ а н. Цом уæдæ, Темырæн арфæ ракæнæм. (*Тæтæрхъан, Барысби, Хатæхцыхъо, дуарыл раздæр чи ацæуа, ууыл дзурынц.)*

## VIII

М у с с æ *(æнæрвæссонæй).* Гъе, куыд дæ, мæ дружок?

А с л æ н ы х ъ о. Цæрын мæ хæрæджы цардæй. Суг хæссын алы бон дæр.

М у с с æ. Фи! Æмæ æндæр цы кусай, уый дзы нæй?

А с л æ н ы х ъ о. Куы дзы уаид, уæд ма йыл цы боны хорзмæ ауæрдин.

М у с с æ. Брос! Ныууадз хæрæджы. Уый бæсты цом мемæ, æз дын бынат ссардзынæн. Дæ цард дæр сыгъдæг уыдзæн, стæй фесе-литцæ дæр кæндзынæ. Æз дæ мæ лымæнтимæ познакомидт скæндзынæн, æмæ-иу семæ булвары папироскæимæ фæцæйцæудзынæ.

А с л æ н ы х ъ о. Бæргæ ацæуин, фæлæ мын æхца бирæ куы нæ уа, уæд мын мæ бинонты чи дардзæн?

М у с с æ. Гъе, нæ загътон! Е! Голубчыкк! Уыдæттæ куы хъуыды кæнай, уæд дæхицæн фæндаг никуы ссардзынæ. Чидæ-риддæр хъуамæ йæхи сæр хъуыды кæна. Искæй мæт дæу цы и?

А с л æ н ы х ъ о. Уый махмæ ’гъдауы нæ цæуы. Махмæ худинаг у бинонты æххормагæй, æнæ фæрæз, æнæ амалæй ныууадзын æмæ афтæмæй зæрдæдзæбæхæй цæрын.

М у с с æ. Наплеват на ваш æгъдау! Цæмæн бæззы? Уæхи хуызæн фæныкрагъ у, æндæр. По крайней мере уырыссаг везливæст æмæ ’гъдау *(йæхи алырдæм къæлæстæ кæны, фæзмы уырыссаг æгъдау. Къæлæсыйæ ныхас).* Здравствуй! Досвидани! Прощай! Какой ти,

барин, красавиц! Мерси! *(Фæсонтау.)* Гъе, уыдæттæ сты закъонтæ æмæ æгъдæуттæ, уыйййеддæмæ сымахмæ цæй æгъдау ис? *(Палтомæ фæлæбурдта.)* Акæ-ма йæ, гъеныр ма мын «бери», зæгъгæ, зæгъ!

А с л æ н ы х ъ о. Бери та цы у?

М у с с æ. Айс, ома.

А с л æ н ы х ъ о. Бери! *(Муссæ цæрдæг исы палто. Микъитт сыстад, йæхи айвæзта, палто зæххæй systa æмæ йæм кæсы.)*

М и к ъ и т т. Кæй у? Ссардтон, значит — мæн. *(Ацыд палтоимæ.)*

## IX

А с л æ н ы х ъ о. Кæд уырысмæ æндæр æгъдау нæй, уæд диссаг нæу, — хорзы ном сæ цæмæн айхъуыст?

М у с с æ. Ницы у диссаг: цæрын зонынц æмæ уымæн сты хорз. Сæ уæздæттæ булвармæ ацæуынц æмæ уым гулйайт кæнынц. Мм!.. Уыцы гуыппырсартæ куы фæцæйцæуынц, уæд уыдонæй дзæбæхдæр цы и? Сæ сыбар-сыбур æмæ духийы тæфæй бæстæ байдзаг кæнынц. Изæрырдæм, æз кæм вæйййын, уыцы гæстиницæмæ билиардæй хъазынмæ, йе сæн нуазынмæ халоднæй закъускæимæ цæуын байдайынц. Дуарæй куыддæр æрбакæсы, афтæ йын æнæ фæхъæргæнгæ нæй: «Ей!..»

## X

*Тæтæрхъан, Муссæ, Барысби, Микъитт, Аслæныхъо æмæ иннæтæ.*

М и к ъ и т т (*йæ уæлæ Муссæйы палто*). Человек, возми! *(Муссæ рæвдз исы палто. Иннæтæ дæр æрбацыдысты.)* Гъа, ды афтæ дæхи стаугæ кодтай. Ахуыр дæ æмæ афтæ хорз уымæн исыс! Мæн аххос нæй!.. Мæнæн адон цы загъта, уый æз бакодта.

М у с с æ. Ах ти дурак! Дæ ти знайеш, æз дын дæ дæндæгтæ фæнæмдзынæн! *(Лæбуры.)*

Т æ т æ р х ъ а н. Лæппу, æрбайхъус-ма мæм, кæд дын цыфæнды зын у, уæддæр. Мах нæ ирон æгъдау æххæст кодтам æмæ ардæм уымæн æрбацыдыстæм. Бауæнд мыл, тæрсгæ дæ нæ кодтам, стæй дæм æнхъæлмæ дæр ницæмæ кастыстæм. Мах ма дæм æнхъæл уыдыстæм дæ фыццаджы æгъдæуттæ. Ницы дæм разынд уыдонæй. Ноджы ма гæды ныхæстæ кæныс. Зæгъут-ма сымах, хорз адæм, цы нын схаста Мишæ Уæрæсейæ йе ’гъдæутты ивддзаджы?

Се ’п п æ т. Ницы... *(Сæ иу.)* Хæрдгæтæ æмæ зылын цырыхъхъытæ. Кæрц стыр тæрттимæ.

Т æ т æ р х ъ а н. Уыдæттæ ницы сты, ницы куыд вæййы, афтæ. Æгъдауджынæй ацыд — бынтон æнæгъдауæй ссыд. Æууæнк ахаста æмæ йæ Уæрæсейы ныууагъта. Æхца не схаста, йæ мад, йæ фыдæн ницы æххуыс бакодта, кæд цæугæ уыдон дзыхæй акодта, уæддæр. Йе ’мгæртты зæрдæхудт райста. Зæгъ мын дæхæдæг, Мишæ, цæуыл фесæфтай уыйбæрц хæрзтæ?

М у с с æ. Астав, базалыстæн, нæ зонын.

Т æ т æ р х ъ а н. Уæдæ йæ æз зонын дæхи ныхæстæм гæсгæйæ. Де ’ууæнк ауæй кодтай булварыл, де ’гъдау — паперостыл. Цы мæгуыр æппарæггаг капеччытæ дæм хауд, уыдон хардз кодтай дæ гуыбыныл. Хæрзбон! Хуыцау дæм хуыздæр зонд æрхæссæд. Цомут, лæппутæ! *(Барысби дуарæй дзуры.)*

Б а р ы с б и. Кæд, мæ хуры чысыл, Муссæ, нæ ныхæстæ дæуæн приатнæ не сты, уæд дæ митæ та махæн афтæ приатнæ не сты. *(Ацыд.)*

М у с с æ. Иди! Иди! Неучи. Фæныкхортæ. Цон фæстæмæ Уæрæсемæ! Ам мæнæн цард нæй. Ферхæцдзынæн нартхоры кæрдзынæй, паперхнутцæ скæндзынæн, мыййаг

*Æ м б æ р з æ н.*

* * *

Нæ журналæн йæ фыццаг номыры афтæ ныффыстам: «Хæрз дæсны ирæттæ та афтæ зæгъынц: ирон æвзаг аивдзæн, æмæ ууыл фыдæбон дзæгъæлы у». Уыцы ныхасы тыххæй ныл сæмбæлд уайдзæфтæ фаухæсджытæй, ома уæхуыдтæг æрымысыдыстут уыцы ныхас, уыййеддæмæ ирон адæмæй афтæ ничи дзуры.

Фæлæ арфæгонд уæд фаухæссæг Гиго Дзассохы-фырт. Уый «Терчы» газеты цæхгæр алыг кодта хъуыддаг: ницæмæн, зæгъы, хъæуы ирон адæмы ирон чиныг; уырыссаг скъола æмæ сын уырыссаг чиныг æгъгъæд сты. Йæ зæрдæ риссы фаухæссæгæн: цæмæн хардз кæнынц ирон фæсивæд ирон æвзагыл сæ тых, сæ ныфс? Уымæ хуыздæр æмæ пайдаджындæр кæсынц хуыцаубоны скъолатæ æмæ фанарæй æвдисгæ нывтæ.

Уымæ гæсгæ «Хуры тын» дунемæ дзæгъæлы рацыд, уый тыххæй æмæ ницæмæн хъæуы ирон дзыллæйы «Хуры тын». Нæ бæззы, рухс нæ кæны, зондхъуаг у, уыдæтты тыххæй йæ нæ ауæлдай кодта (кæд æм хорз нæ кæсынц уыцы миниуæгтæ, уæддæр), фæлæ йæ нæ фæнды ирон адæмы дызæрдыг кæнын. Ома сæ тæрхон конд у, æмæ сæ æнцад уадзын хъæуы.

Ивынц ирон адæм уырысырдæм, уыцы ивд у бæллиццаг хъуыддаг, æмæ йæ къуылымпы нæ хъæуы, фæлæ, йæ ныфс кæмæн цас у, уыйасæй йыл аудын хъæуы. Афтæ зæгъы Дзассохы-фырт. Адæмы амонд уыцы ивды æнхъæл у.

Мах искуы уыйбæрц бæлвырд аивæм, æмæ бынтон уырыс суæм, уый дыууæйыл у, зын бауырнæн у. Фæлæ ивын кæй нæ хъæуы æмæ уырыссаг йæ райгуырдæй чи у, уыдонмæ Дзассохы-фырт иттæг бæллиццагæй цы ссардта? Сæ кæцы хуыздæр бар, сæ кæцы хуыздæрдзинады тыххæй тырнæм æмбойны уырысырдæм ивынмæ! Хуымæтæджы уырыс — мæгуыр махау, бартæй цух — махау, æгъдау не 'ппæтыл дæр иумæ æрхæцыд æмæ нæ кæдæм кæна, уырдæм цæудзыстæм (...)

Æгъдау нæ æрцахста æмæ нæ кæдæм кæна, уырдæм барæнæбары дæр цæудзыстæм. Уый нын æгъгъæд у. Фæлæ нæхуыдтæг цы тагъд кæнæм не 'взаг рох кæныныл? Цæмæй схъыг стæм?! Цæмæн аппарæм не 'гъдæуттæ, сæ фылдæр бакаст æмæ ахуыргонд адæмæн дæр бæллиццаг куы сты. Чи дзы нæ бæззы, уыдон се 'ппæт дæр бæрæг куы сты, Саккаты хæйрæгау сæ сæртыл сæрдасæнæй зылын хæххытæ куы ис!

Йæхæдæг æй куы зæгъы фаухæссæг: «Адæмтæ канд се 'взæгты тыххæй хицæн не сты!» Кæд афтæ у, уæд не 'взаджы аивдæй культурæйæн цы пайда ис? Ивды 'гъдауы æвзаг бирæ нæ давы фаухæссæджы ныхæстæм гæсгæ. Фæлæ мах та афтæ 'нхъæл стæм, æмæ ивды 'гъдауы дæр, стæй культурæйыл аудынæн дæр æвзаг у йæ райдайæн, йæ сæр. Адæммæ сæхи 'взагæй куы сдзурай, сæхи 'гъдау сын дæ ныхæстæн бынæвæрæн куы кæнай, уæд дæ бамбардзысты.

*Андреас ШЕГРЕН*

* * *

Во Владикавказе я посвятил весну продолжению изучения осетинского языка, вне всякого сомнения, самого важного из языков Кавказа из-за его связей с основными языками Европы и Азии большой индоевропейской группы.

*Всеволод МИЛЛЕР*

* * *

Осетины представляют значительный интерес для лингвиста и этнографа: первый найдет в их языке несомненные черты иранской группы индоевропейской семьи языков; второй заинтересуется ими как народом нашего, индоевропейского, рода-племени, сохранившим до наших дней свою особость и древний склад жизни среди горных трущоб Кавказа и среди других народов, чуждых ему по языку и происхождению.

*1881*

*Эмиль БЕНВЕНИСТ*

* * *

Осетинский язык, издавна рассматриваемый как один из иранских языков, в настоящее время пользуется вниманием, оправдываемым многими обстоятельствами. В нем признается одна из значительных форм того иранского языка скифов, который в результате последовательной дешифровки согдийского, хотанского, а теперь и средневекового хорезмийского языка выступает из мрака неизвестности. При восстановлении общего иранского состояния осетинский язык привносит в него ресурсы живого языка, лексика которого богата, в каком-то отношении очень консервативна, а фонетика избежала потрясений, омрачающих историю некоторых из ранее засвидетельствованных языков.

*1957*

*Жорж ДЮМЕЗИЛЬ*

* * *

... уже полтора века известно, что скифы исчезли не бесследно: их последними потомками являются через алан кавказцы-осетины.

Оба диалекта осетинского языка — иронский и несколько более архаичный дигорский — произошли от скифского точно так же, как итальянский и испанский произошли от латинского. И поистине чудо, что, несмотря ни на какие превратности судьбы, язык удержался в течение стольких столетий — ведь важнейшие перемены начались, по-видимому, в средние века, судя по тому, что другая часть алан, оставшаяся в степях и увлеченная в XIII в. не на юго-восток, а на запад в нынешнюю Венгрию, еще в XV в., т. е. через восемь или десять столетий после своего отделения, говорила на близком к осетинскому языку (особенно к дигорскому его диалекту) ясском наречии. (...) Осетины же преуспели вдвойне: они сберегли до наших дней не только язык как форму, несущую некое культурное содержание, но и само это содержание, в котором отразилось состояние скифской цивилизации на последних ступенях ее развития. А главное — живы бесценные, полные архаики эпические сказания, и, хотя в них проникли некоторые более или менее универсальные фольклорные темы, героические образы эпоса по-прежнему свежи и самобытны. Более того: эту устную словесность в той или иной степени восприняли соседние народы, исказив в ней как раз то, что было специфически осетинским, скифским.

*1976*

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр*

# ÆМБАЛТЫ ЦОЦКО

Искуы нæ фидæнон историк куы фысса ирон чиныджы хабæрттæ, уæд тыхджын зæрдæбынæй æрымысдзæнис Æмбалты Цоцкойы. Ирон чиныгæн, ирон æвзонг литературæйæн Æмбалты Цоцко фæрныг куыст бакодта.

Сæрмагонд йæхи зондæй Æмбалты Цоцко ирон æвзагыл ницы ныффыста. Уый чингуытæ æндæр æвзæгтæй æрмæст ивгæ кодта ирон æвзагмæ.

Æмбалты Цоцко иттæг хорз зоны æндæр æвзæгты литературон хæзнатæ; зоны куыд хъæуы æвзарын хорз чиныг æвзæрæй; æмбары рæсугъд чиныджы ад. Уый æндæр æвзæгтæй ахæм чингуытæ ивы, нæ ирон адæм бæрзонд æмæ рæсугъд хъуыдытæ кæцæй райсой. Уый æрмæст ахæм чингуытæ ивы ирон æвзагмæ, сæрибар æмæ тохы тыххæй чи дзуры, æфхæрд адæймаджы сæрыл чи хæцы. Иунæг ахæм рæнхъ нæ раивта Æмбалты Цоцко, йæ хъуыды арф æмæ бæрзонд кæмæн нæу, пайда ирон адæмæн чи нæ æрхæсдзæнис.

Æмбалты Цоцко раивта иронау гермайнаг стыр фыссæг Шиллеры чиныг «Вильгельм Телль». Уыцы чиныджы Шиллер бæрзонд систа рагон швейцариаг адæмы ном. Швейцары хæххон чысыл адæм сæрибары тыххæй сæ сæр мæлæтмæ радтой æмæ сæ бæстæй фæтардтой æцæгæлон æлдæртты.

Сæдæ азы дæргъы Шиллеры чиныг сæрибары фæндагыл аразы Германы фæсивæды.

Ирон адæм дæр, швейцариаг мыггæгтау, хохы цъассыты цæрынц. Нæ цард æмæ не 'гъдæуттæ швейцариаг адæмы рагон æгъдæуттæм æввахс сты. Мах дæр рагæй хæцыдыстæм æцæгæлон æлдæрттимæ. Шиллер йæ чиныджы цæуыл сагъæс кæны, уый арф бахъардзæни нæ фæсивæды зæрдæмæ. «Вильгельм Телль» бацамондзæни нæ фæсивæдæн, куыд хъæуы мæлын сæрибары тыххæй.

Уырыссаг фыссæг Короленкойы фыстытæн сæ цæстыгагуы у «Макары фын». Уыцы чиныджы Короленко ракодта мæгуыр Макары таурæгъ. Мæгуыр Макарæн æнтъæрдау-æнтъæрд кодтой хъæуыхицау æмæ иннæ æлдæрттæ; тардтой йæ сауджынтæ; домдтой йæ хъуаг æмæ стонг, хъызт-уазал æмæ æнтæф, къæвда æмæ хус рæстæг, салд зæхх æмæ фыдбоны тайга... Йæ цæргæцæрæнбонты мæгуыр Макар хаста æвирхъау уæззау уаргъ.

Революцийы размæ нæ хъæууон кусæг адæм цардысты Макары цардæй. Æнцон уыдзæнис нæ кусæг лæгæн Макары рис бамбарын. Уый адыл Æмбалты Цоцко раивта ирон æвзагæй Короленкойы таурæгъ «Макары фын».

Иу рæсугъд аргъау ныффыста уырыссаг фыссæг Вересаев. Аргъауы ном хуыйны «Стъалы». Уыцы аргъауы сахъгуырдтæ уæларвмæ стъалытæ хæссынмæ цæуынц, цæмæй тар æмæ æнуд зæххыл цард ног æгъдæуттыл саразой. Æмбалты Цоцко уыцы аргъау раивта ирон фæсивæдæн.

Тынг айста Æмбалты Цоцко йæ зæрдæмæ дæсны фыссæг Андерсены аргъæуттæ. Андерсены фыстытæй Цоцко ракодта иронау: «Фыдуынд бабызы цъиу» æмæ «Булæмæргъ».

Тыхджын æвзагæй раивта Æмбалты Цоцко Хирьяковы ныффысгæ «Стыр тох». Ацы чиныджы тыххæй Цоцко уæлдай арфæйаг у ирон адæмæн. Брытъиаты Елбыздыхъо йæ «Амыран» куы фыста, уæд æнæмæнгæй йæ зæрдыл дардта «Стыр тох», бирæ хъуыдытæ æмæ ныв тæ систа уыцы чиныгæй.

Иукъорд хæттыты Æмбалты Цоцко бафæлвæрдта стихтæ раивын, æмæ йын уыдон дæр рæсугъд рауадысты. Уырыссаг поэт Языковы «Денджыз» Цоцкойы тæлмацæй йæ оригиналæй къаддæр нæу.[1]

[1] Цоцко ма раивта цалдæр фысты Толстой, Арази æмæ æндæртæй.

Ацы дуджы Æмбалты Цоцко æндæр æвзæгтæй ивыны куыст ныууагъта æмæ архайы Нарты кадджытыл. Уыцы кадджытæй иу чысыл чиныг джиппы дæр рауагъта.

Чингуытæ æндæр æвзæгтæй ивгæ-ивын Цоцко стыр дæсныйад равдыста. Йæ раивгæ чингуытæ иттæг æввахс лæууынц сæ оригиналтæм, ницæмæй фесты уыдонæй æвзæрдæр.

Алы чиныгæн дæр сæрмагонд аивтæ, сæрмагонд ахастытæ вæййы. Цоцко, искæй чиныг тæлмацгæнгæйæ, оригиналы рæсугъд ахастытæй фæсте ницы фæуадзы.

Къуымых æмæ гуылмызыл нымайæм мах нæ ирон æвзаг, къæзгæйæ дзурæм иронау. Фæлæ Цоцко куы байдайы дзурын ирон æвзагæй, уæд цыма æнæбын малæй исы рæсугъд æмæ арф ирон ныхæстæ. Афтæмæй йын бантыстис раивын «Вильгельм Телль», гермайнаг æвзаджы рæсугъд æмæ тых Шиллер æххæстæй кæм равдыста.

Ирон æвзаг гуырысхойаг кæмæн у, ирон æвзагыл фыссын æмæ дзурын кæй фæнды, уыдон æнувыдæй бакæсæнт Цоцкойы тæлмацгонд чингуытæ.

Æмбалты Цоцко нырма йæ фæстаг ныхас нæ загъта. Нырма Цоцко цардбарæг лæг у, æмæ йæ тыхтæ йæхимæ сты. Æвзонг ирон литературæйы мæсыг амайджытæй сæ иу Цоцко уыдис. Æвæццæгæн, дарддæр афтæ нæ фæлæудзæнис, æмæ та уыцы мæсыгыл исты ног зынаргъ дур ма æрæвæра.

*1925*

*ÆМБАЛТЫ Цоцко*

# ДЫУУÆ АРГЪАУЫ

## МАГУСАТÆ

Æлдар æмæ фæрссаг лæг араст сты балцы. Фæндагыл фæрссаг лæгæн йæ бæх ныззади. Æлдар дын афтæ:

— Байраг мæн у, мæ бæх æй ныззади.

— Хуыцауæй куыннæ тæрсыс?! Искуы ма уый æрцыди æмæ дын нæл бæх та ма байраг ныззайа?!

— Байраг мæн у, уый дын зайа æмæ нæ зайа! — загъта æлдар.

Йæ хъаст бахаста фæрссаг лæг тæрхоны лæгмæ. Тæрхоны лæг йæ хæдзары нæ разынд, фæлæ сæм рацыди йæ чызг.

Фæрссаг лæг чызгæн ракодта йæ хъаст, йæ маст æмæ йæ фæрсы:

— Уæдæ кæдæм ацыдаид дæ фыд æмæ тагъд æрбаздæхдзæн?

— Мæ фыд, — загъта чызг, — ацыди уæлхох быдырмæ. Нæ мæнæутæм нын денджызæй кæфтæ фæцагъуыдысты æмæ сæ байсæфтой. Хъахъхъæнынмæ ацыд мæ фыд нæ мæнæуты.

— Дæ уынд æмæ конды фæхъхъау æрбауай, мæнæ чызг! Искуы ма уый æрцыд, æмæ кæфтæ денджызæй уæлхох быдырмæ цæуой мæнæу хæрынмæ?!

— Æлдар цæра, мæ дзырд дæм афтæ диссаг, афтæ æнæуууылд дзырд ма фæзынæд, — загъта чызг. — Кæд æмæ нæл бæхтæ байрæгтæ зайын байдыдтой, уæд кæфтæн денджызæй



уæлхох быдырмæ цæуын цас диссаг хоныс?

Æлдар фефсæрмы, радта байраг фæрссаг лæгæн æмæ араст кодтой сæ фæндагыл.

Тæрхоны лæг фæзынди йæ хæдзармæ, фæрсы чызджы:

— Мыййаг мæ исчи агуырдта?

Чызг ын радзырдта æлдар æмæ фæрссаг лæджы хъуыддаг, тæрхоны кой дæр ын ракодта.

— Дæ тæрхонмæ дау ничи æрхæсдзæн: раст тæрхон у. Фæлæ æлдар æмæ фæрссаг лæджы раз фæкъæмдзæстыг кодтай, бафхæрдтай дæ фыды.

— Баба мын цæра, æмæ уæд куыд æгъдауæй? — бафарста йæ чызг.

— Дæ фыды хуымгæсæй хуыздæр цы схуыдтаис, уый не 'рцахста дæ зонд. Нæ дын æй бахатыр кæндзынæн адзалы бонмæ дæр, стæй дын цы æмбæла, уый кæнгæ дæр бакæндзынæн.

Тæрхоны лæг æрбасидт адæммæ æмæ тæрхоныл æрбадт йæ чызгæн.

— Мæ чызг йæ фыды кæй рафаудта, хуымгæс æй кæй скодта, уый тыххæй йын кæнын ахæм тæрхон: дунейыл æвзæрдæр чи разына, уымæ чындзы куыд фæцæуа, афтæ. Иу къорд лæджы уæ сæ бæхтыл сбадæнт æмæ дунейыл æвзæрдæр чи разына, уый мæм ардæм æрбахонут.

Сæ бæхтыл сбадтысты иу къордæй. Цæуынтæ байдыдтой, цæуынтæ, æвзæры агурæг. Чысыл кæм федтаиккой æгуыдзæг, æнæсæрæн адæм нæ дунейыл, фæлæ цы хуызæн агуырдтой, ахæмыл нæма æмбæлынц. Уалынмæ иу ранмæ бацыдысты. Кæсынц, æмæ иу лæг фæткъуы бæласы бын комхæлиуæй уæлгоммæ хуыссы. Бæласы къалиутæ æлæмау æртасыдысты фырзадæй, рæгъæд фæткъуытæ згъæлынц зæхмæ. Лæг уыцы хуыстæй хуыссы, кæсы æнхъæлмæ, кæд æмæ рæгъæд фæткъуы æрхауид йæ дзыхмæ, хаттæй-хатт сдзуры:

— Мæлын сыдæй!

Барджытæ æрæнцадысты йæ цуры, кæсынц æм æмæ йæм дзурынц:

— Рæгъæд фæткъуытæ дæ алыварс, дæ къух фезмæлын кæн, рауидз дзы æмæ бафсад дæхи.

— Уæ хъал мыл куы нæ каликкат, мæгуыр лæг уæ хуымы кæрæтты дæр никуы ауад, æвæццæгæн, — загъта лæг, — æмæ мын уыцы зын уæ цæст цæмæн уарзы — кæд æмæ иу фæткъуы æрхауид мæ дзыхмæ.

— Ай, кæй агурæм, ахæм разынди, куыд æм кæсæм, афтæмæй, — загъток барджытæ, хорз ыл æрцыдысты сæ ехсытæй æмæ йæ ракодтой семæ.

Цæуынц æмæ та бахæццæ сты доны былмæ. Дон фæсаджил, æмæ саджилы сакъадахыл хуыссы лæг. Йæ алыфарс дон, афтæмæй хъæр кæны:

— Дойныйæ мæлын!

Дисыл дис чындæуы! Барджытæ фæдис кодтой. Хæстæг æм бацыдысты, æмæ лæгмæ низæй æрдуйы бæрц дæр нæй.

— Дæ хуыздæры ма фенай, цы лæг дæ! Дон дæ алыфарс бæстæ ласы, ды та «дон, дон» кæныс! Уæлæмæ сыст æмæ дзы баназ.

— Æмæ мын чи сты уæлæмæ, уый та кæй бон у. Ныууадзут мæ мæ мæгуырыл. Айсут уæхи.

— Ай дын дыккаг æвзæр, — загътой барджытæ. Фестын æй кодтой ехсытæй æмæ та уый дæр айстой семæ.

Ацыдысты донæй, бахæццæ сты хуымтæм. О, марадз! Адæм уыцы архайд кæнынц, сæ мæнæутæ кæрдыныл архайынц.

Уæд фæкастысты æмæ хуымы хуыссы иу лæг: куырис йæ нывæрзæн, куырис йæ къæхтæм, дыууæ куырисы йæ фæрстæм. Зад хуым æнæкарстæй лæууы.

— Цы ми кæныс, лæгай, цы дыл æрцыд, цæуылнæ кæрдыс дæ мæнæу? — фæрсынц æй барджытæ.

Нæ сæм дзуры хуымон зивæджы адæргæй.

— Дæу куы фæрсæм, къуырма дæ Хуыцау бакодта?

Хуымон сæм кæсы, фæлæ сæм нæ дзуры: зивæг кæны.

— Афтæмæй дæ нæ ныууадздзыстæм, — загътой барджытæ, — мах дæ сдзурын кæндзыстæм, — æмæ йыл æрлæууыдысты ехсытæй.

Лæг фæсæррæтт кодта, уæдæ цы уыдаид.

— Мæ бон нæу кæрдын, ай æнтæфы мын чи архайы. Æнцад мæ куы ныууадзиккат мæ хуыссæны.

Барджытæ хуымоны дæр аластой сæ фæдыл æмæ æртæйы дæр бакодтой тæрхоны лæгмæ. Куыд уагæй сæ базыдтой, уыдон ын радзырдтой, стæй йын загътой:



*Гулуты Андрей, Æмбалты Цоцко, Абайты Вассо.*

— Адонæй æвзæрдæр чи у, уый раиртасын мах бон нæ баци, тæрхоны лæг куы дæ: æрбакодтам сæ дæхимæ, цæмæй сын равзарай се 'взæрдæры дæхæдæг.

Бæласы бын та йæхи æруагъта сæ иу хæлиудзыхæй, рæгъæд фæткъуытæ згъæлынц, фæлæ лæг хъæр кæны: «Сыдæй мæлын! Иу уæ æрхауæд мæ дзыхмæ».

Аннæ доны был схуыссыд æмæ хъæр кæны: «Мæлын дойныйæ!»

Уæд сæм æртыккаг дзуры: «Цавæр диссаджы адæм стут, зивæг куыд нæ кæнут дзурынмæ?»

Тæрхоны лæг хъуыддаг равзæрста æмæ тæрхон рахаста:

— Дзурынмæ зивæг чи кæны, уый се 'взæрдæр. Мæ чызг йæ хай фæуæд.

Магуса æмæ чызг цæрынтæ байдыдтой. Мæнæугæрдæны æхсырф райста лæг æмæ хуыммæ ацыди. Цыппар куырисы ракарста, хуыссæн æркодта йæхицæн æмæ йыл афæлдæхти.

Ус сагъæсы бацыд: «Оххай, мæ лæг йæ æбæрæгон хъуыддаг куы нæ ныууадза, уæд сæфæм: нæ хуым æнæ карстæй баззайдзæн æмæ уæд амæлдзыстæм æнæ хæринагæй». Уыйадыл

йæхи алы ахорæнæй сахуырста æмæ араст хуымты. Сæ хуыммæ баввахс уыдаид, афтæ хъæр кæны:

— Магусаты удхæссæг фæцæуы! Æз дæн, æз магусаты удисæг!

Мæлæты лæгау фæсæррæтт кодта магуса. Бирæгъау фæлæбурдта хуыммæ æмæ йæ ракарста, мæкъуылтæ йæ æрбацамадта.

Изæрæй сæ хæдзармæ æрцыд хæстулæфтгæнгæйæ æмæ дзуры:

— Усай, мæ сæрæн дын нал дæн, бафæлладтæн, лæг куыд бафæллайы, афтæ, фæлæ нæ хуым дæр карст фæци.

— Æмæ уæд цæй тагъд? — бафарста ус.

— Абон хуымтыл зылди магусаты удисæг. Куыддæр ын йæ хъæр айхъуыстон, мæ уд мын исдзæн, зæгъгæ, нардуатæй æрлæуудтæн нæ хуымæн йæ иу кæрон æмæ аннæ кæронæй акастæн. Чысылтыл ма дын фервæзтæн.

Уæдæй ардæм æмбисондæн баззад нæ Ирыстоны: «Æвзæр йæ удæн тæрсы».

## ХÆРЗГÆНÆГ ХОРЗ НÆ АРЫ

Пиллон арт суагътой быдыртæ. Сыгъд ссыди бæстыл. Удгоймагæй цыдæриддæр змæлыд бæстыл, уыдон лыгъдысты. Иу барæг тæргæ бæхæй фæцæуы сыгъдæй, баййæфта калмы.

— У! Дæ хорзæхæй, — загъта калм, — фервæзын мæ кæн, иу боны сæрæн дын феххуыс уыдзынæн.

Калмы йæ роны бавæрдта лæг æмæ фæцæуы дарддæр. Сыгъдæй аирвæзт иу дзæвгар, æмæ йæм калм дзуры:

— Дæ хорзæх мæ уæд, æмæ мæ дæ сæрмæ æвваxс искуы æрæвæр: æнуд кæнын дæ роны.

Лæг систа калмы, суагъта йæ сæрырдæм, æмæ куыддæр æгъдауæй калм лæджы хъуыры аирвæзт æмæ ахсæны æрбынат кодта.

Æдас ранмæ ахызтысты. Лæг баурæдта йæ бæх æмæ дзуры:

— Сыгъдæй тас нал у, ралæс æддæмæ.

— Уайтагъд дын куыд нал алæсдзынæн ардыгæй! Хæрзгæнæг хорз кæм ссардта, уырдæм мæ фæлас, æмæ уæд абырдзынæн.

Дунетыл фæзылди лæг; удгоймагæй кæй нæ бафарста, иу ахæм нал баззад, фæлæ хæрзгæнæг хорз кæм ссардта, уый ничи зонгæ кодта, ничи хъусгæ.

Гæды ма баззад æнæ фарст. «Цæй, æххæст ма бафæрсон

гæдыйы дæр, — загъта тыхст лæг, — цæмæй мауал æхсайа уымæ дæр мæ зæрдæ».

— Хæрзгæнæг хорз кæм ссардта, уый æз зонын, уæдæ ма гæды цæмæн дæн.

— Кæм уæддæр? — бафарста йæ калм.

— Лæг æй бамбардзæн, — дзуры гæды, — дæ сæр радар лæджы дзыхæй, æмæ дын æй зæгъон сусæгæй.

Калм дын йæ сæр ма радара! Гæды калмы сæр акодта йæ дзыхы, лæджы хъæлæсæй йæ радавта, æмæ дæ фыдгул афтæ: калмæн йæ пырх акалдта уыцы ран.

Уæдæй фæстæмæ хæларæй цæрын байдыдта гæды адæймагимæ.

Без национальной школы, хорошо поставленной на научную основу, нам нельзя существовать. Мне удалось убедить в этом Владикавказское руководство, и они мне обещали, всячески помогать...

*2000*

*Вассо АБАЕВ*

*МАЛИТИ Геуæрги*

# ЦИ БЕГАРА ДÆБÆЛ ЕС?



Уруссагау еу-дууæ дзурди ка базонуй, е дæр нæхе дигорон кенæ ирон æвзагбæл билæскъелтæ кæнун байдайуй, ци æй, цæмæн гъæуй уæхæн нецæййаг æвзаг, зæгъгæ. Уотемæй ба, уотæ ка дзоруй, уонæн сæ фулдæртæ уруссагау сæ дзубандиаг кæрæдзебæл исбæдтун нæ фæффæразунцæ.

Æвдесæн. Киристонгъæуи Октябри бæрæгбони митинги дзурдта Профессионалон цæдести номæй Варасани-фурт, хуарз зонуй дигоронау. Е ба уæддæр баздахтæй æма уруссагау самадта æ дзубанди. Кæмидæрти фегъуститæ кодта «штаб» æма «масштаб», фал си ка ци адтæй, уой нæ раргъавта æма никъкъуæрдта: «Да здравствует масштаб мировой революции — Коминтерн!»

Еуæй-еуетæ ин неци балæдæрдтæнцæ, ка ’й балæдæрдтæй, етæ ба ибæл фæххудтæнцæ.

Æ мадæлон æвзаг, зонгæй æй дæлдæр ка фæккæнуй, уæхæнттæн мæ æрфæндуй зæгъун: «Ци бегара дæбæл ес, дæумæ ка игъосуй, еци адæмæн æцæгæлон æвзагбæл дзорун?»

*1926*

# ТЕМЫРХАНТЫ СОСЛАН: 125 АЗЫ



# ЗОНД ÆМÆ БАРХИ

Цæстытæ æмæ хъустæ алкæмæн дæр ис, фæлæ иу цы уыны æмæ цы хъусы, уый иннæ нæ уыны æмæ нæ хъусы, иу цы ’мбары, уый иннæ не ’мбары, æмæ адæм зондæй æмхуызон дæр уый тыххæй не сты.

Уынын æмæ хъусын чи нæ зоны, уый цы уыны æмæ цы хъусы, ууыл нæ хъуыды кæны æмæ йæ дзæбæх не ’мбары, цæмæй цы цæуы, цæмæй цы скæнæн и, уый йын зын у раиртасын, æмæ йæ фæнд цæй фæрцы бантысдзæн, уый дæр дзæбæх не ’мбары. Афтæмæй йын æнтысгæ дæр ницы уæлдай кæны, тыхсы æмæ тæрсы, йæхиуыл не ’ууæнды æмæ фæзмыны иннæты.

Уынын æмæ хъусын чи зоны, уый цы уыны æмæ цы хъусы, ууыл хъуыды кæнгæйæ алцыдæр æмбары хуыздæр, æмæ йын йæ фæнд цæй фæрцы бантысдзæн, уый раиртасы фыццаг, стæй йæ кæнын райдайы. Ахæм лæг бархийæ архайы æмæ йæхæдæг, йæхи зондæй хъуыды кæнгæйæ, цы равзары, уый кæны, искæй зондæй нæ цæры, искæй нæ фæзмыны, искæмæ æнхъæлмæ нæ кæсы, фæлæ æрмæст йæхиуыл дары йæ зæрдæ, æмæ æнамонддзинадæй йæ ныфс нæ сæтты, амондæй та хъал нæ кæны; зоны аргъ кæнын йæхицæн дæр æмæ иннæтæн дæр, йæ сæр сæрмæ хæссы, æмæ аккаг цы нæ у, уый нæ кæны, йæхи æгадмæ нæ уадзы. Алы адæм дæр царды куыд æмбары, уый раргом кæны йе ’взаджы фæрцы йæ аргъæутты, йæ таурæгъты, йæ кадджыты, йæ зарджыты, йе ’мбисæндты, æмæ уыдон сты йæхи зонды суадон. Уыдон цас хъæздыгдæр сты, цас хуыздæр æвдисынц царды йæ алы хуызты, цас хуыздæр иртасынц сау æмæ рухс, уыйас хуыздæр æмбарын кæнынц царды адæмæн: уыйбæрц та адæм хъаруджындæр кæнынц. Адæмы æвидигæ зонды суадонæй кæцы адæмы фæсивæд нуазынц сæ фаг, уыдон сахъ æмæ уæздан вæййынц, æдæрсгæ архайынц, сæ удæн нæ тæрсынц, æмæ сæ фæллойæ, æхсарæй скæнынц с’адæмæн ном.

Фæлæ зондамонæг æмæ ныфсдæттæг таурæгътæ æмæ кадджытæ кæцы адæмæн ныууагътой йæ фыдæлтæ, уый уыцы зонды суадонæй

куынæ ’фсада йæ цоты, уæд йе сæфт æрцыди. Уый æцæгдæр афтæ кæй у, уый бæлвырд раргом и рагон Грекъы хъуыддæгтæй.

Уыдон таурæгътæ æмæ кадджытæй хъæздыг уыдысты, зондамонæг æмæ ныфсдæтæг, фæсивæды рухсмæ разæнгардгæнгæйæ, æмæ цалынмæ Грекъ сæ уыцы зонды суадонæй сæ цоты æфсæстой, уалынмæ сæ хъару рæзыд, æнтысти сын бирæ. Сæ фæллойæ сбæрзонд кодтой сæ культурæ æмæ сæм сæвзæрди стыр ахуырад, сæвзæрди сæм Бæрзонд «аивдзинад» (искусство), ома уый æрхъуыды кæныны æмæ уый скæныны дæсниад, цæст кæсынæй цæмæ не ’фсæды, хъус — хъусынæй, æмæ зæрдæ цæмæй рухс кæны, рæсугъддзинад цы уарзын кæны. Сæрибарæй цæргæйæ, уæрстой сæ фидауц царды уаг райгуырæн бæстæ, æмæ сæ бартæ хъахъхъæнгæйæ сæ дæс мины знæгты сæдæ мины бырстой, æмæ сæ уыцы фæлтæры стыр хъуыддæгтæ стыр диссагæн баззадысты, æдæппæт адæмтæн ныронг, дæр ма. Фæлæ се ’намондæн с’ ахуыргондты астæу фæзынди ахæмтæ, фыдæлты таурæгътæ æмæ кадджытæ худæг æмæ ницæйаг кæмæ кастысты, уыдонмæ хъусгæйæ адæм дæр уыцы цæстæй райдыдтой кæсын сæ таурæгътæм, сæ кадджытæм, ныууагътой сæ рохуаты, сæ уыцы зонды суадонæй æнæ хай фæкодтой сæ цоты.

Æмæ гъеуæд Грекъ æрмæллæг сты, сæ хъару асаст æмæ æдзæллаггæнгæйæ се знæгты къæхты бын бафтыдысты, сæ бæрзонд культурæ фесæфти.

Рагæй-æрæгмæ иумæ цæргæ цы адæм æрцыдысты, сæ цин дæр, сæ хъыг дæр иумæ чи æрвыста, уыдон царды уавæр æмхуызон æмбарынц, алцæмæдæр иу цæстæй кæсынц, алцыдæр иу барæнæй барынц, æмæ, цæ куыд æмбарынц, уымæ гæсгæ арæзт у се ’взаг æмæ, се ’взагыл дзургæйæ, бархийæ сæхи зондæй хъуыды кæнынц.

Фæлæ æцæгæлон æвзагыл чи райдайы дзурын, уый, кæй æвзагыл дзуры, уыдон цæстæй кæсы алцæмæ дæр æмæ бархийæ йæхи зондæй хъуыды кæнын йæ бон нæу. Фæлæ йæ уæнгты кæй туг зилы, уыдонырдæм йæ уд тындзы æмæ дызæрдыг кæны, йæ уды хъарутæ фæйнæрдæм хæцынц æмæ йæм нæ гуыры ахæм фæндон, лæджы æдæрсгæ кæцы архайын кæны, æхсар дзы кæй фæрцы æвзæры.

Ахæм лæг йæхицæн дæр, йæ адæмæн дæр ном скæнынхъом нæу, цалынмæ йæ райгуырæн æвзагыл нæ райдайа дзурын, цалынмæ йæхи адæмы зонды суадонæй нæ бафсада йæхи...

*Мартъи, 12-æм бон, 1922 аз*

# ИРОН ДИН

Ирæн сæ фылдæр чырыстон хонынц, сæ къаддæры та — пысылмон. Фæлæ ир зæрдиагæй æрмæст сæ ирон диныл хæцынц, сæ рагон фыдæлтæ сын кæй бафæдзæхстой, æмæ рухсмæ разæнгард чи кæны, ныфс сын чи дæтты царды тохы.

Ир сæ уыцы диныл цæугæйæ аргъуантæ нæ кæнынц, динамонджытæ нæ дарынц, гуымиртæн нæ кувынц. Сæ аргъуан у Хуыцауы рухс дуне, къухæйгонд аргъуантæй се 'ппæтæй дæр рæсугъддæр чи у æмæ уды бæрзондмæ чи тындзын кæны.

Сæ динамонæг сты сæ уыцы таурæгътæ, зарджытæ, аргъæуттæ, æмбисæндтæ, уацмыстæ, цардæн йæ сау æмæ йæ урс æмбарын кæнгæйæ хорз æмæ уæздан цы у, уымæ сæ разæнгард чи кæны æмæ сæ зæрдæ кæмæй барухс вæййы, ныфс сæ кæмæй бацæуы, куы фæкæлынц, уæд дæр сæ сæ къахыл чи слæууын кæны. Ир кæнынц куывдтæ сæ дзуæрттæн, æмæ, куывдмæ чи æрæмбырд вæййы, уыдон хистæр скувы, раарфæ кæны, стæй мæгуырæй, бонджынæй æмвынг æрбадынц æмæ, сæ дзуæртты номыл минас кæнгæйæ, кадæг, зарæггæнджытæм дæр байхъусынц, æхсæны хъуыддæгты кой дæр ракæнынц, æмæ сæ зæрдæты дуæрттæ байгом вæййынц, сæ удтæ бæрзондмæ тындзын райдайынц...

Иры ма гъеуыцы куывдтæ иумæйаг кæнынц, кæннод æгасæй дæр алырдæм ахæциккой, уымæн æмæ, кæдæй Ирон паддзахад бабын æмæ Иры æхсар асасти, уæдæй ардæм сæ знæгтæ кæрæдзиуыл ардаугæйæ æддæг-мидæг кæнынц. Бирæ бæллæхтæ бавзæрстой ир, бирæ хатт сæ знæгтæ былгæронмæ бацæйтардтой, стæй, гæмæх айнæг къæдзæхтæ алырдыгæй кæм кæсынц, зæй æмæ хур лæджы фæллой кæм сафынц, цæрын æмæ кусын зын кæм у тынг, сæ уыцы хæхбæсты фыдæбонæй мардысты, фæлæ сæ ирон дины фæрцы сæхимæ ардтой ногæй-ногмæ ныфс, сæхи дæлæмæ нæ уагътой, зындзинæдтæй-иу куы сулæфыдысты иучысыл, уæд та-иу ногæй сæхиуыл схæцыдысты, размæ-иу сæхицæн фæндаг айгæрстой.

*1922 азы 20 мартъи, Дзæуджыхъæу.*

* * *

Мах, нæ фæсивæд, нæ ирон адæмы æрдумæ дæр нæ дарæм, нæ сæр сæрмæ нæ хæссæм, æмæ нæ æрдумæ дæр уый тыххæй ничи дары. Мах куы зониккам, нæ фыдæлтæ чи уыдысты æмæ сæ къухæй цы нæртон хъуыддæгтæ цыди, уый, уæд хъал уаиккам нæ ирон номæй æмæ нæ сæр æгадмæ нæ уадзиккам.

Афон у, нæ адæм, махæн дæр нæ истори базонын æмæ уый тыххæй иронау фыссын.

*БАГЪÆРАТИ Созур*

## ИРОНÆН

**Ирон, мæн æвзагæн**
**зæгъис ду «хуæрзбон».**
**Æз дæр фуддæрагæн**
**зæгъун мæ фæндон.**

**Гъуддаг ку цæуидæ**
**бæргæ фæндонбæл.**
**Мæ мадæ, мæ фидæ**
**фæлтард зин бонбæл.**

**Кæд æз нæ фæразун**
**де ’взагæй дзорун,**
**уæддæр кæун уарзун, —**
**мæ радæ корун.**

*1927*



*Васо.*

*АБАЙТЫ Васо*

* * *

Положить один из диалектов в основу литературного языка — это еще не значит создать в действительности национальный литературный язык. На такую роль может претендовать только язык, который преодолевает ограниченность одного, хотя бы и крупного диалекта, который из всего многообразия диалектальных норм языка вбирает в себя все самое прогрессивное, самое жизнеспособное, самое современное и нужное, который строится с учетом истории языка в прошлом и тенденций его развития в настоящем. Для младописьменного языка, каким является осетинский, эти задачи могут быть решены успешно только на основе тщательного изучения диалектов.

Далее, литературный язык, который хотел бы быть на высоте своего назначения, должен использовать богатство выразительных средств всех диалектов, должен достигнуть такого совершенства, разнообразия и гибкости выражения, чтобы каждому было очевидно его превосходство над разговорной речью любой диалектальной разновидности. Но для того, чтобы с умением и успехом использовать для литературного языка выразительные ресурсы отдельных диалектов, надо эти диалекты знать, надо взять на учет все то, чем они раполагают и что может послужить на пользу литературному языку.

* * *

Взаимоотношения двух основных диалектов осетинского языка, иронского и дигорского, могут служить исключительно яркой иллюстрацией того, какое значение имеет диалектология для воссоздания истории языка. Не будь у нас возможности сравнивать эти два диалекта, наши сведения по истории осетинского языка не имели бы и половины той относительной полноты и точности, которыми они характеризуются сейчас. Интереснейшие и важнейшие моменты развития языка, отражающие целые этапы его истории, о которых мы могли бы строить лишь косвенные догадки, или которые могли быть вовсе для нас утрачены, сохранены нам как живые, актуальные

речевые нормы то в одном, то в другом диалекте и открывают нам перспективу исторической жизни языка в целом и отдельных его элементов — фонетических, морфологических, лексико-семантических.

Неоценимой сокровищницей для историка осетинского языка является в особенности дигорский диалект. Достаточно сказать, что в области фонетики и отчасти морфологии он отражает нормы переходные от древнеиранских к современным иронским. Иначе говоря, в ряде явлений фонетики и морфологии дигорский и иронский диалекты могут быть рассматриваемы как два последовательных этапа развития одного и того же языка.

* * *

Общий вопрос культурного развития во всем мире, не только у нас, но во всем мире, ведет вообще к известной нивелировке национальных особенностей, национальной культуры. Это наблюдается везде. И не случайно так называемая поп-культура, родиной которой, по-видимому, надо считать США, повсюду сейчас свирепствует — она и во Франции, она и в Англии, и в Италии, и везде. Определенная нивелировка национальных особенностей, в частности, в области культуры, в области духовной культуры, происходит везде. И поэтому не надо удивляться и расстраиваться, что и у нас такое явление будет наблюдаться. Но оно не должно, по-моему, привести к полному исчезновению национального лица, что-то должно оставаться. Очень важным фактором здесь является, конечно, язык. И, мне кажется, сейчас, на данном этапе сохранение языка именно как важнейшего элемента национальной культуры приобретает особенно большое значение. Пока народ говорит на своем родном языке, он — народ, он — индивидуальность. А если он потеряет эту индивидуальность, он нивелируется, совершенно исчезнет. Если у дерева подрубить корни, оно рухнет. Для национальной культуры корнями можно считать именно язык, литературу, и если подрубить эти корни, особенно корни языка, то, конечно, нависает угроза над всей национальной культурой. И надо охранять язык, начиная с семьи. Сейчас ключи к сохранению нашего языка — это осетинская семья, дом. Если там будет господствовать родной язык, остальное не страшно. А если в семье подорвутся позиции родного языка, это уже

страшное дело. Когда я слышу, как осетинская молодежь говорит по-осетински с явным русским акцентом, это вызывает у меня удивление. Я целиком стою за двуязычие. Двуязычие не что-нибудь нам навязанное, это наша внутренняя необходимость и потребность. Но двуязычие не должно приводить к какому-то смешению, к образованию какого-то смешанного русско-осетинского сленга... Каждый осетин должен быть двуязычным. И в этом нет ничего сложного, трудного, если двуязычие усваивается с детства. Взрослому уже трудно, а в детском возрасте очень легко усвоить и два, и три языка. Я вот учился в Тифлисской классической гимназии. В моем классе учились грузины, армяне, азербайджанцы, осетины, были даже один латыш и один поляк. И мы все были двуязычными, все, без исключения, свободно говорили каждый на своем родном языке и свободно говорили по-русски. Почему? Потому что дома мы слышали только родную речь, а в школе преобладал, конечно, русский язык. И оба языка как-то свободно и легко входили в нашу речевую практику. Я не помню, чтобы это нам, нашим педагогам или родителям, стоило каких-либо усилий. Ничего подобного. Это получалось само собой, именно потому, что в семье мы слышали только родную речь... Судьба нашей культуры в большой степени зависит от судьбы языка. А для судьбы языка очень важное значение имеет, чтобы позиции родного языка сохранялись прежде всего в семье.



*Вассо æмæ Исаты Мæхæмæт.*



*Гарданты Михал.*



*Галиуырдыгæй рахизырдæм: бадынц — Собиты Инал, Цоцко, А. Фрейман, Гарданты Михал; лæууынц — Мысыкаты Мæхæмæт, Бекъойты Георги, Дзагуырты Гуыбады, Гуыриаты Гагуыдз.*



*Вассо йæ чехаг коллегæ Л. Згуста æмæ йæ хæстæджытимæ.*

*ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр*

# СОНЕТ ИРОН ÆВЗАГЫЛ

*Адæмы уд дзырды мидæг æвæрд у:*
*байс ын йæ дзырд — сластай йын йæ уд.*

**Гусалты Барис**

**Ирон дзырдтæ — уды сырх зынджы къæрттытæ,**
**Зæрдæйы æвдадзуат, нæ дунейы рухс,**
**Нæртонгуырд хъайтарты æндонцагъд уæртытæ,**
**Тызмæг Особайы æгъатыр æнус,**

**Фыдæлты мæсгуытыл — фæдисон æртытæ,**
**Бæхфæлдисæн таурæгъ æдзарды уæлхъус,**
**Фæскъæвда нæ рæгътыл — къæлæтсæр æрдынтæ,**
**Æрвдидин æрдузтæ, æврæгъты хæмпус.**

**Никъæтфыст цыртытæй нынниуынц кæмдæрты,**
**Гæххæтт сын — кæм дугъы, кæм — тохы быдыр,**
**Куы фестынц Къостайы æмæлæт фæндыр,**
**Йæ «Додой»-цъæхахсты æрзилынц нæ сæрты.**

**Фæдзурæм: «Нæ хæзна — нæ рагон æвзаг».**
**О, сси нын ныр йемæ бынсæфтæй тæссаг!**

*03.07.97*

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УАВÆР

**«Стыр Ныхас»-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы комитеты сæрдар, Хетæгкаты Къостайы номыл ЦИПУ-йы профессор ТАХЪАЗТЫ Харумы доклад “Стыр Ныхас”-ы Советы уæрæхгонд æмбырды 2005 азы 29 июны**

Куыд зонæм, афтæмæй 70 – 80-æм азты ирон æвзаджы ахадындзинад скъолаты ахуыры хъуыддаджы нæ республикæйы хицауад æмæ нæ Ахуырады министрад æртардтой хæрз къуындæгмæ. Кæд раздæр ирон скъолаты райдиан кълæсты иумæйаг ахуырадон предметтæ ахуыр кодтой ирон æвзагыл, уæд сæ 70 – 80-æм азты та ахуыр кæнын райдыдтой уырыссаг æвзагыл, кæд нæ хъæуты ирон сывæллæттæ уырыссаг æвзаг рæстмæ нæ зыдтой, уæд дæр. Уыцы галиудзинад 90-æм азты растгонд æрцыд, æмæ нæ хъæууон скъолатæн бар радтой иумæйагахуырадон предметтæ ахуыр кæнын мадæлон æвзагыл иронау, дыгурон хъæуты та дыгуронау. Уый фæстæ Ирыстоны Конституцийы 15 статьяйы амынд æрцыд: «Цæгат Ирыстоны паддзахадон æвзæгтæ сты ирон (ирон, дыгурон) æмæ уырыссаг».

1992 азы мартъийы мæйы та нæ газетты мыхуыргонд æрцыд «Цæгат Ирыстоны Советон Социалистон республикæйы адæмты æвзæгты тыххæй закъон»-ы проект. Уый бындурыл фæстæдæр арæзт æрцыд «Цæгат Ирыстоны — Аланийы ирон (алайнаг) æвзаг бахъахъхъæныны æмæ рæзты паддзахадон программæ»-йы проект. Проекттыл мыхуыры рапарахат хорз дискусси. Хъуыддаг иу фæндмæ куы нæ цыд, уæд авд азы фæстæ 1999 азы 23 сентябры арæзт æрцыд сæрмагонд къамис «Цæгат Ирыстоны — Аланийы Президенты цур ирон æвзаг бахъахъхъæныны æмæ рæзты къамис». Къамисы хæс уыд, ног Конституцийы 15 статьямæ гæсгæ паддзахадоныл цы ирон æвзаг нымад æрцыд, уый бахъахъхъæнын æмæ рæзтæн цы проект ист æрцыд, уыимæ Ирыстоны æвзæгты закъон æмæ паддзахадон программæйы проекттыл бакусынæн æмæ сæ царды рауадзынæн цы хъуыд, уыдæттæ саразын. Куыд уынæм, афтæмæй Ирыстоны хицауадæй ирон æвзаджы хъысмæт рох нæу. Конституцийы

дæр паддзахадон æвзагыл нымад æрцыд, стæй йæ бахъахъхъæныны æмæ рæзты тыххæй закъон, программæ æмæ бындурон къамис дæр арæзт æрцыдисты.

Хъыгагæн, закъон дæр, программæ дæр ныр 10 азæй фылдæр проекттæй баззадысты, къамис та, цыбырæй зæгъгæйæ, нырмæ куыд куыста, афтæ кусы ныр дæр — афæдз иу истæй фæдыл иу æмбырд, кæнæ уый дæр нæ. Гъемæ нæ ирон æвзаг нæ Конституцийæ дзыназы æмæ дис кæны: паддзахадон æвзаг æй цæмæн схуыдтой, паддзахадонæй йæм цы ис, кæд паддзахады не 'вдæлы уый бахъахъхъæныны тыххæй бæрæг закъон, бæрæг программæ ныффидар кæнынмæ! Нæ горæтты уынгты, кусæндæтты æмæ æндæрты нæмттæ дæр ма суанг кæд иронау фыстæй хæснагыл искуы иу ссарай, уый йеддæмæ дæ рæстæг дзæгъæлы ма саф. Уыйхыгъд — суанг латинаг алфавитæй кæцондæр æвзæгтыл — уыйбæрц дæр дæ хъæуæд!

Æцæг, хорз у, нæ хицауад кæй сфидар кодта уынаффæ æрвылаз 15 майы ирон æвзаг æмæ литературæйы бæрæгбон кæнын. Ацы бæрæгбон æцæгæй дæр кæнæм, æмæ уый не 'взагмæ не 'ргом здахынмæ кæмдæр æххуыс кæндзæн. Фæлæ уый дæр вæййы иу бон, æмæ нын цас паддзахадон кæны не 'взаг?

Уый уын, ирон æвзаг нæ хицауадæй цас «рæвдыд» æййафы, уый тыххæй цыбырæй.

Ныр та зæгъæм, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны нæ ахуырады министрадтæ куыд кусынц, ирон сывæллæттæ ирон æвзаг цæмæй ахуыр кæной æмæ зоной, цы сын бантыст, цы сын не 'нтысы æмæ цæмæн, уыдæтты тыххæй. Министрадты арæзт æрцыд сæрмагонд ирон хайадтæ. Уыдон бæрæг кæнынц, цас ифтонггонд цæуынц скъолатæ хъæугæ ирон ахуыргæнæн чингуытæ, программæтæ, методикон æмæ æндæр хъæугæ æрмæджытæй, куыд кусынц ахуыргæнджытæ æмæ хъомылгæнджытæ сывæллæттимæ æ. а. д. Цæгат Ирыстоны ахуырады министрады хъæппæрисæй паддзахадон педагогон институты фæзынд ЮНЕСКОйы кафедрæ ног ахуырадон концепцийыл бакусыны тыххæй. Цæгат æмæ Хуссары ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæнынц иухуызон ахуыргæнæн чингуытæм гæсгæ. Ирон скъолаты æмæ сывæллæтты рæвдауæндæтты та цы уавæры ис ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг? Райдайæм дæлейæ, сывæллæтты рæвдауæндæттæй.

Ацы хъуыддаг зынгæ хуыздæр æвæрд у Хуссар Ирыстоны.

Ахуырады министрады инспектор Хъотайон З. амоны, зæгъгæ, сывæллæтты рæвдауæндæттæн се ’ппæты дæр ис, иронау чи ахуыр кæны сывæллæтты, ахæм хъомылгæнджытæ.

Бынтон æндæр у уавæр Цæгат Ирыстоны. Ахуырады министрады национ ахуырады хайады хистæр специалист Лаккуты Розæ куыд фыссы «Стыр Ныхас»-мæ, афтæмæй 2004 азы июны æмæ октябры Министрады къамис бæрæг кодта сывæллæтты рæвдауæндæтты куыст Дыгуры, Æрæфы, Алагиры, Горæтгæрон районты æмæ Дзæуджыхъæуы — æдæппæтæй 40 рæвдауæндоны, æмæ æрцыд ахæм хатдзæгмæ:

«Вопрос организации воспитательного процесса на осетинском языке ни на республиканском, ни на районном уровнях никогда не рассматривался как отдельное направление деятельности. В результате такого подхода ни в Министерстве образования республики, ни в районных и городском управлениях образования, ни в РИПКРО не было специалистов, курирующих данный вопрос. В планах работ Министерства и управлений образования вопросы, связанные с организацией учебно-воспитательного процесса на осетинском языке в доу, не выносились на обсуждение заседаний коллегии, не изучались в других формах.

...Дошкольные образовательные учреждения республики работают по воспитательным программам, составленным без учета национально регионального компонента.

...Методические рекомендации по внедрению национально-регионального компонента, направленные Министерством образования в городские и районные детские сады, составлены безграмотно, бессистемно и никакой помощи не оказывали в работе с детьми.

...Дети отдаленных районов республики, не знающие ни одного слова по-русски, воспитываются по той же программе, что и дети города Владикавказа.

...Ни в одном детском саду не обнаружены наглядный настенный материал, вывески, стенды, дидактические игры на осетинском языке. В результате ребенок не усваивает чужой культурной традиции и отрывается от своей культуры, и вместо того, чтобы развивать ребенка, процесс воспитания детей в детском саду сводится к обучению русскому языку с ясельной группы.

...В детских садах (№№ 2, 10, 17, 31, 41, 47, 49, 51, 52, 55, 60, 61, 67, 79, 82, 85, 87, 92, 96, 106, 173) в штате 60–70 % сотрудников не осетины. В группах, даже в ясельных, где дети не говорят и не понимают по-русски, обе воспитательницы не осетинки. Кроме того, многие воспитатели осетины не владеют даже разговорной речью.

В результате у детей нет соответствующей языковой среды, и они, с одной стороны, отстают в своем развитии, с другой стороны, не имеют возможности научиться говорить по-осетински.

В дошкольных образовательных учреждениях г. Владикавказа выявлены факты нарушения образовательного процесса, когда отдельные логопеды запрещают детям говорить на родном языке.

Исходя из важности и сложности рассматриваемого вопроса и на основании вышеизложенного, предлагаем пересмотреть образовательную политику в республике в области дошкольного образования с учетом национально-культурных и языковых потребностей общества, этнопсихологических и этнопедагогических особенностей восприятия и воспитания детей, разработать научно методическую и учебно-воспитательную базу, пересмотреть вопрос кадрового обеспечения системы дошкольного образования».

Куыд уынæм, афтæмæй Цæгат Ирыстоны хъомылгæнæндæтты æмæ рæвдауæндæтты сывæллæттæ ирон æвзагыл ахуыр кæныны куыст нæ Министрад, куыд æмбæлы, афтæ нæ сæвæрдта æмæ кæм цæуы æвзæр, кæм та æппындæр нæ цæуы.

Ныр та æркæсæм, скъолаты та цы уавæры ис æмæ куыд цæуы ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг. Фыццаг уал зæгъæм, цы хъуыды кæны нæ Ахуырады министрад, ирон æвзаджы уавæр, ирон æвзаг скъолаты ахуыр кæныны хъуыддаг Ирыстоны куыд сты, уый тыххæй. Цомартон-Левитская Алинæ фыссы:

«Для современной языковой ситуации в Северной Осетии характерно развитие процессов, которые продолжают негативно сказываться на состоянии осетинского языка: сокращаются сферы его функционирования; существуют серьезные трудности в преподавании осетинского языка и литературы в школах и вузах, учебно-методическая литература не отвечает современным требованиям; отсутствует возможность получить

образование на осетинском языке, и, в результате, значительная часть молодого поколения осетин не владеет активно родным языком; работа по разработке норм осетинского литературного языка не отвечает потребностям современного общества; не разработаны стандарты и правила деловой корреспонденции и делопроизводства на осетинском языке; не решены проблемы издания книг на осетинском языке; отсутствуют компьютерные технологии, позволяющие интегрировать осетинский язык в современные информационные системы. В итоге, в общественном сознании складывается мнение о невозможности полномасштабного полифункционального использования осетинского языка в качестве государственного без ущерба для экономической, образовательной и культурной интеграции Республики Северная Осетия — Алания в общероссийское и мировое сообщество.

Эти и другие проблемы приобретают острый характер, и их решение требует принятия строчных мер для их разрешения на государственном уровне».

Министрад не ’мбæхсы, ирон æвзаджы уавæр Ирыстоны, ирон æвзаг не скъолаты ахуыр кæныны хъуыддаг, æмткæй райсгæйæ, æвзæр кæй сты, уый. Аххосæгтæ дæр нымад цæуынц. Уыцы аххосæгтæ се ’ппæт дæр хъуыдыйаг æмæ лыг кæнинаг сты нæ хицауадæн. Фæлæ дзы ахсджиагдæр у, «не решены проблемы издания книг на осетинском языке», зæгъгæ, ацы амынд. Æркæсæм, цымæ цас ифтонггонд сты не скъолатæ ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæн чингуытæй. Цæгаты æмæ Хуссары министрадтæ «Стыр Ныхас»-æн радтой, кæцы кълæсты цавæр чингуытæ нæ фаг кæны, уыдоны бæлвырд номхыгъдтæ. Уыдонæй бæрæг у: не скъоладзаутæн сæ фылдæр хаймæ нæй ахуыргæнæн чингуытæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ. Министрады ирон хайады сæргълæууæг Майрæмыхъуаты Фатимæ куыд зæгъы, афтæмæй не скъолатæ ахуыргæнæн чингуытæй ифтонггонд сты æрмæстдæр 40 % онг. 60 % та нæй чингуытæ. Нæ Парламенты къамис ацы аз куыд рабæрæг кодта, уымæ гæсгæ та не скъоладзаутæй æрмæстдæр 14 % ис хъæугæ чингуытæ.

Æрмæст ацы факттæй дæр бæрæг нæу цымæ, ирон æвзаг куыд ахуыр кæнынц (растдæр зæгъгæйæ та, куыд нæ ахуыр кæнынц) не скъолаты, уый? Æнæ ахуыргæнæн чиныгæй цы сахуыргæнæн ис?

Фæлæ уый ацы азы уавæр у. Цымæ фидæны ахуыры аз та куыд уыдзæн уавæр? Майрæмыхъуаты Фатимæ æмæ Хуссар Ирыстоны Ахуырады министрады инспектор Хъотайон З. ацы фарстæн дæр æрбарвыстой бæлвырд дзуапп — алы къласæн дæр цал æмæ цавæр чингуытæ хъæуы, уыдоны номхыгъд. Уыимæ Фатимæ хицæнæй амоны, цас æхца бахъæудзæн райдиан къласæн чингуытæ рауадзынæн, стæй 5–11 къласты чингуытæн. Кæсæм:

«Таким образом, на издание учебников национально-регионального компонента для учащихся 1–4 классов необходимо 9 млн. 038 тыс. В настоящее время в издательстве «Ир» находятся рукописи следующих учебников и учебно-методических пособий, включенных в план издания 2005 года (5–11 классы). Перечень прилагается».

Адоны аргъ та æййафы 8 млн. 928 мин сомы.

Æдæппæтæй уæдæ 1–11 къласæн хъæугæ чингуытæ рауадзынæн хъуыд 18 милуаны бæрц æхца.

Дарддæр кæсæм:

«При условии своевременного финансирования все вышеупомянутые учебники и пособия будут изданы в 2005 году.

Справка: в бюджете республики на 2005 год на издание учебников национально-регионального компонента было заложено всего 3 млн. руб. К настоящему времени Министерством финансов не выделены средства на издание учебников».

Гъе афтæ!

Мæнæ ма Фатимæйы ныхæстæм нæ рауагъдад «Ир»-ы директор Кодзырты Жаннæ та национ-регионалон ахуыргæнæн чингуытæ рауадзыны тыххæй цы ’фтауы: «На государственное книжное издательство «Ир» возложен выпуск учебной и учебно-методической литературы. Непосредственным заказчиком данной литературы является Министерство общего и профессионального образования РСО — А. Издание учебников и учебно-методической литературы является основной частью программы сохранения языка. На сегодняшний день выполнение тематического плана не выдерживает никакой критики из-за неполного или несвоевременного финансирования. По этой же причине уже 6 месяцев 17 наименований учебников, готовых к печати, находятся без движения. Не закуплена вагонная норма бумаги и книжных материалов для больших тиражных учебников.

Из тематического плана 2004 года (24 названия) на сумму 6637,3 тыс. руб. в свет вышли 8 учебников на сумму 2900,0 тыс. руб. Новый план 2005 года (17 названий) на сумму 6123,6 тыс. руб. пополнился переходящими из предыдущего темплана названиями.

Итог составил 33 названия. Для своевременного изготовления учебников и учебных пособий необходимо в корне пересмотреть их планирование и авторскую подготовку. Кроме того, считаем необходимым отметить финансирование учебников отдельной строкой».

Ӕмæ та Жаннæ дæр милуантæ банымадта.

Ныр, цы уавæртæ сбæрæг кодтам, уыцы уавæрты ирон æвзаг, уыимæ национ-регионалон компонент кæй хонæм, уыцы предметтæ дæр куыд арф ахуыргонд цæуынц æмæ цæудзысты иннæ ахуыры аз дæр, уый, æвæццæгæн, алкæмæн дæр æмбæрст уыдзæн æнæ дзургæйæ дæр.

Куыд цæуы ирон æвзаг дифференциалон æгъдауæй ахуыр кæныны хъуыддаг та Ирыстоны скъолаты? Ацы фарст 2004 азы бæрæг кодта Ахуырады министрад. Сæрмагонд къамис уыдысты Дзæуджыхъæуы, Алагиры, Ӕрыдоны, Кировы æмæ Горæтгæрон районты скъолаты. Мæнæ та цалдæр фиппаинаджы къамисы сæрдар Майрæмыхъуаты Фатимæйы бæрæггонæнæй: «...выявлены нарушения распределения учащихся на владеющих и не владеющих осетинским языком... В группах с учащимися, не владеющими осетинским языком, обучаются дети осетины, владеющие языком. В целом, количество учащихся в группах, не владеющих осетинским языком, превышает во многом количество учащихся в группах владеющих языком... При этом установлено, что некоторые из учащихся могли бы обучаться в группе с учащимися, владеющими осетинским языком.

В общеобразовательных учреждениях №№ 4, 6, 15, 25, 36, 38, 48 г. Владикавказа, сош № 1 ст. Змейская, сош № 1 с. Эльхотово Кировского района выявлены нарушения распределения учащихся на владеющих и не владеющих осетинским языком. В результате подобных нарушений в группах с учащимися, не владеющими осетинским языком, обучаются дети осетины, владеющие языком, что затрудняет процесс обучения.

В целом, количество учащихся-осетин в группах, не владеющих осетинским языком, превышает во многом количество учащихся

в группах владеющих, что также отрицательно сказывается на результатах работы.

В процессе изучения вопроса комиссией выявлены неоправданные переводы учащихся-осетин из группы учащихся, владеющих осетинской речью, в группу учащихся, не владеющих языком. Причем переводы учащихся наблюдаются как в начальной школе, так и на средних и старших ступенях обучения. При этом вопросы перевода учащихся решаются без согласования с методическим советом учителей осетинского языка и литературы, а иногда и завучем, курирующим осетинский язык (сош №№ 15, 25, 26, 48, 50 г. Владикавказа, сош № 1 ст. Змейская Кировского района). Данное обстоятельство многими учителями и руководителями школ объясняется требованием родителей. Как выяснилось, фактов обращения родителей учащихся в администрацию школ с просьбой о переводе ребенка в так называемую «слабую группу» достаточно много. Имеют место случаи, когда подобные обращения поступают от родителей осетин, дети которых, владея осетинским языком, не желают его изучать.

Анализ представленной документации показал, что тематические планы учителей составлены безграмотно, без учета коммуникативной направленности обучения».

Дарддæр амынд цæуы: ирон æвзаг дифференциалон æгъдауæй чи амоны, уыцы ахуыргæнджытæ сæхæдæг нæ зонынц хъæугæ методикæ. Цы программæтæ æмæ ахуыргæнæн чингуытæм гæсгæ кусынц, уыдон нæ дæттынц дзуапп ныртæккæйы домæнтæн, ахуыргæнджытæн дæр æмæ скъоладзаутæн дæр сты зын пайдагæнæн. Хъæуынц ног программæтæ, ног чингуытæ. Дзæуджыхъæуы бирæ скъолаты, ирон æвзаг чи ахуыр кæны, уыдон не 'мбарынц ирон ныхас, нæу сæ бон сæ хъуыды зæгъын иронау. Цы бирæ хъуагдзинæдтæ амынд ис, уыдон сраст кæныны тыххæй нæ Ахуырады министрады коллеги ацы аз мартъийы мæйы рахаста бæрæг уынаффæтæ. Амынд цæуынц хицæнтæй, Министрадæн йæхи цы бакæнын хъæуы æвæстиатæй, Республикæйы ахуырадон кусджыты квалификаци уæлдæргæнæн институты цы бакæнын хъæуы, стæй ЦИПУ æмæ ЦИППИ-йы. Уыцы амындтытæй Министрад йæхæдæг абонмæ дæр цыдæртæ хъуамæ сæххæст кодтаид. Зæгъæм:

1. В срок до 30.05.2005 г. обеспечить разработку и рецензирование национально-региональных компонентов государственных

образовательных стандартов общего образования по осетинскому языку в условиях дифференцированного обучения.

2. В срок до 27.06.2005 г. подготовить и представить на рассмотрение УМСа отвечающие современным требованиям конспекты уроков и внеклассных мероприятий, подготовленных учителями практиками, сотрудниками РИПКРО, преподавателями СОГУ, СОГПИ».

Фæлæ сæххæст кодта Министрад ацы домæнтæ? Министрады кусджытæ йæ сæхæдæг зæгъдзысты, æвæццæгæн. Ахуыргæнджыты квалификаци уæлдæргæнæн институтæн дæр хæсгонд æрцыд, иронау чи нæ дзуры, уыцы сывæллæттæн ирон æвзаг амоныны методикæйæ феххуыс кæнын. Фæлæ цымæ адонæн дæр уый æнтысы? Ацы институтæй ма хорз уаид фехъусын, дыгурон ахуыргæнджыты цæттæдзинад уæлдæр кæныныл та куыд кусынц? Ацы фарст дæр арæх æвæрд æрцæуы институты раз.

Цæвиттон, ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг, сывæллæтты рæвдауæндæттæй райдай æмæ скъолатæй фæу, алы ран дæр, æмткæй, æвзæр у, æмæ уым, цыфæнды фæуæд, нæ Ахуырады министрады аххос дæр дзæвгар ис, нæ хицауады аххос дæр, чингуыты рауадзынæн æхца чи нæ дæтты.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ се 'ппæт сæхиуыл, куыд æмбæлы, афтæ кæй нæ кусынц, нæ кæсынц фаг наукон, методикон æмæ ахуырадон литературæ, ныртæккæйы домæнтæй аззайынц фæсте. Скъолаты, зæгъæн ис, нæ кусынц æвзаджы æмæ литературæйы къордтæ. Æппæт ахуыргæнджытæм нæй скъоладзаутæн сæ мадæлон æвзаг æмæ литературæ бауарзын кæныны профессионалон тых. Нæ аразынц чиныгкæсджыты конференцитæ ирон литературæйæ.

Ирон æвзаджы ахуыргæнджыты цæттæдзинадыл дзургæйæ, зæгъын хъæуы æнæмæнг нæ университеты æмæ пединституты ирон кафедрæйы тыххæй дæр. Ахуыргæнæджы сывæллæттимæ кусын куы нæ фæнда, университеты фæстæ йæхиуыл дарддæр куы нал куса, йæ уроктæм йæхи дзæбæх куы нæ цæттæ кæна æ. а. д., уæд ын кафедрæ цы сараздзæн? Ам уæд адæмон ахуырады оргæнты цæст æмæ барджын уынаффæ хъæуы. Фæлæ ахуыргæнджыты профессионалон зонындзинæдтыл, уæлдайдæр æрыгон ахуыргæнджыты цæттæдзинадыл та æргом дзуапп дæттæм мах дæр. Æмæ нын алцы дæр хорз уайы, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд уый раст нæ уыдзæни. Не 'ппæтмæ студенттимæ

кусынæн æмхуызон фаг фæлтæрддзинад кæй нæй, уый раст у. Фæлæ сæйрагдæр уый у æмæ, куыд æвзаджы, афтæ литературæйы предметтæй дæр нæм нæй хистæр скъолатæн ахуыргæнæн чингуытæ, æмæ студенттæ, сæхи цæттæгæнгæйæ, сæ къухмæ, сæ лекциты тетрæдтæй æмæ ма хатгай хицæн наукон куыстытæй уæлдай, цы райсой, ахæм нæ вæййы. Хъуагдзинæдтæй цух не сты, не студентты цы ахуырадон пълантæм гæсгæ цæттæ кæнæм, уыдон дæр. Студенттимæ кусынæй уæлдай ма кафедрæтæ архайынц Ахуырады министрадæн, сæ бон цæмæй у, уымæй феххуыс кæнын — аразæм скъолатæн ахуыргæнæн чингуытæ, программæтæ, нæ растфыссынады æмæ пунктуацийы æгъдæуттæ, орфографион дзырдуат æ. а. д. Уыцы æххуыс нæ зæрдæйы ис ноджы фæтыхджындæр кæнын. Æрмæст иу хъуыддаджы мах нæхæдæг дæр æххуысхъуаг стæм: студенттæн ирон æвзаг æмæ литературæйæ ахуыргæнæн чингуытæ рауадзынмæ нæм уæлдæр оргæнтæ куы нæ фæкæсой, уæд кафедрæтæн сæхицæн уыцы хъуыддаг саразын сæ бон нæ бауыдзæн. Ацы фарстмæ ныртæккæ каст цæуы, æмæ, кæд тагъд лыггонд æрцæуа, уæд уый дæр, æнæмæнг, рæстмæ фæзындзæн канд не студентты цæттæдзинадыл нæ, фæлæ ирон ахуыргæнджыты уæлæмхасæн наукон æмæ ахуырадон литературæйæ ифтонг кæныны хъуыддагыл дæр.

Университеты ректор Мæхæмæтты Ахуырбеджы хъæппæрисæй Ирыстоны президенты бардзырд рацыд филологон факультеты бындурыл, ирон æвзаджы методикæ æмæ историйы институт байгом кæныны тыххæй, стæй факультеты студентты стипенди æмæ ахуыргæнджыты мызд дæр зынгæ уæлдæргонд æрцыдысты.

Ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаджы цы бирæ цухдзинæдтæ ис, уыдон аиуварс кæныныл хъæддыхæй кусын хъæуы.

Иунæг адæймаджы, иунæг организацийы бон уый нæ бауыдзæн. Ам нæ хъуамæ алчидæр йæхимæ бæрн райса. Суанг ма скъоладзаутæн сæ ныййарджытæ дæр (хъыгагæн, ис ма ахæм æнæрхъуыды ныййарджытæ дæр, æмæ, сывæллон кæцыфæнды фæсарæйнаг æвзаг ахуыр кæна, ууыл дæр разы вæййынц, йæхи адæмы æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаджы та йæ разæнгард нæ, фæлæ æргомæй къуылымпы фæкæнынц). Цыбыр дзырдæй, адæмон ахуырады оргæнтæй райдай æмæ Фысджыты цæдис, мыхуыры оргæнтæ, ахуыргæндтæ, суанг сывæллæтты ныййарджыты

онг нæ кæмæн цы æмбæлы æмæ йæ бон кæмæн цы у, уый куы аразиккам, кæрæдзимæ не 'нхъæлмæ кæсгæйæ, уæд, ай-гъай, хъуыддаг цыбырдæр рæстæгмæ уæлдæр къæпхæнмæ ист æрцæуид.

Цæмæй не 'взаджы хъысмæт бæллиццагдæр уа, цæмæй не 'взагæн фидæн уа, уый тыххæй нæ алыг кæнын хъæуы., мæнмæ гæсгæ, æртæ кæрæдзиимæ баст стратегион фарсты.

**Фыццаг:** æркæсын хъæуы æмæ нывыл сæвæрын хъæуы скъолаты, сывæллæтты рæвдауæндæтты ирон æвзаг ахуыр кæныны пълантæ, сахæтты нымæц, программæтæ, афоныл æмæ фаг уадзын хъæугæ хæрзхъæд ахуыргæнæн чингуытæ, алыхуызон уæлæмхасæн æххуысгæнæг литературæ.

**Дыккаг:** ирон дзырд, ирон æвзаджы кад нæ адæмы цæсты, нæ интеллигенци, нæ бæрнон бынæтты кусджыты цæсты ныртæккæйæ бæрзонддæр сисын хъæуы. Уæд пълантæ æмæ программæтæ аразынмæ дæр, чингуытæ æмæ æндæр уæлæмхасæн литературæ уадзынмæ дæр не 'ргом æмæ нæ фæрæзтæ тынгдæр раздахиккам, нæ адæмы удварнæн уый бæрц хъæугæ чи нæу, уыцы хъуыддæгтæй. Фæлæ ирон дзырды, не 'взаджы кад нæ адæмы, нæ интеллигенцийы, нæ бæрнон бынæтты кусджыты цæсты сисын ноджы зындæр у. Уый нæ бон дæр нæ бауыдзæн, æрмæст афтид патриотон ныхæстæ куы кæнæм, адæммæ куы сидæм, куы сын лæгъстæ кæнæм, утт, не 'взаг ахуыр кæнут æмæ зонут, кæннод нæ адæм фесæфдзысты, зæгъгæ, уæд. Цæмæй не 'взаджы кад сисæм, уымæн хъæуы алыг кæнын, уæлдæр цы æртæ проблемон фарсты тыххæй дзырдтон, уыдонæн се 'ртыккаг, ома ирон æвзагæн нæ республикæйы, нæ адæмы царды фæуæрæхдæр кæнын хъæуы йæ ахадындзинад, йæ функцитæ. Адæм цалынмæ афтæ хъуыды кæнын нæ райдайой æмæ нæ бамбарой — хуымæтæг адæм уой, интеллигенци уой, йе бæрнон кусджытæ — æнæ ирон æвзаг сæ хъуыддаг зæрдæйы фæндон размæ, рæстмæ нæ ацæудзæн, зæгъгæ, уæдмæ дзы ницы рауайдзæн. Фæнды сын ирон кадджытæй æмæ Къостайы æрдхæрæны æвзагæй æмбисæндтæ хæсс, фæнды сæ ирон æвзагимæ ирон адæмы сæфтæй тæрсын кæн, уæддæр уыдæттæй ирон æвзаг сæ цæсты уæлдай кадджындæр нæ фæуыдзæн, уæлдай тынгдæр ыл нæ ауддзысты, уæлдай æнувыддæрæй йæ нæ ахуыр кæндзысты. Адæймаг афтæ конд у, æмæ йæ æхсызгон цы нæ хъæуа, уый йæ цæсты ахадгæ дæр нæ кæны, ууыл

æхсызгонæй архайгæйæ дæр нæ кæны. Гъе уымæ гæсгæ, иу хатт ма йæ зæгъын, не ’взаджы хъысмæт, не ’взаджы фидæн аразгæ сты фыццаджыдæр уымæн йæ ахадындзинад быиндуронæй фæбæрзонддæр кæнынæй.

Ацы фæстаг фарст иннæ дыууæйæ вазыгджындæр æмæ зындæр у. Уымæн æмæ уыдонæй уæлдай ай тынгдæр баст у политикæимæ. Куыд зонæм, афтæмæй нæ Конституцимæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны — Аланийы ис дыууæ паддзахадон æвзаджы — ирон æмæ уырыссаг. Ирон æвзаджы ахадындзинад, функцитæ ныртæккæ куыд сты, уымæй куы фæтынгдæр, фæуæрæхдæр кæнæм, уæд уыдон иннæ æвзаг къахыр нæ кæнынц.

Уырыссаг сывæллон уырыссаг æвзаг нæ зонгæйæ, уымæй экзаментæ нæ ратгæйæ, скъола каст фæуыдзæн, хистæр ахуыргæнæндонмæ бацæудзæн, паддзахадон куысты кусдзæн? Æмæ уæд ирон æвзаг нæ Конституцийы амынд дыууæ паддзахадон æвзагæн сæ фыццаджы бынаты фыст куы у, уæд æй ирон адæймаг хъуамæ ма ахуыр кæна скъолайы, хистæр ахуыргæнæндæтты ма зона, ма дзы дæтта экзамен нæдæр скъола фæуæвгæйæ, нæдæр хистæр ахуыргæнæндонмæ цæугæйæ?

Ирон æвзаг цалынмæ æрмæстдæр гæххæттыл паддзахадон æвзаг уа, цалынмæ йын æцæг паддзахадон æвзаджы статус, æцæг паддзахадон æвзаджы бартæ æмæ хæстæ нæ раттæм, уæдмæ йын нæ фæсивæды, нæ адæмы цæсты йæ кад дæр æмæ йæ ахуыр кæныны хъуыддæгтæ дæр ныввыл сæвæрын нæ бафтдзæн нæ къухы.

# ÆППÆТИРОН АДÆМОН ÆХСÆНАДОН ЗМÆЛД «СТЫР НЫХАС»-Ы УЫНАФФÆ

## «ИРОН ÆВЗАДЖЫ УАВÆР ЦÆХГÆР ФÆХУЫЗДÆР КÆНЫН ФÆСИВÆДЫ ХЪОМЫЛАДЫ КУЫСТЫ ÆМÆ НÆ АДÆМЫ ЦАРДЫ»

Æппæтирон адæмы Совет «Стыр Ныхас» уæрæхгонд æмбырды байхъуыста йæ президиумы докладмæ «Ирон æвзаджы уавæр цæхгæр фæхуыздæр кæнын фæсивæды хъомылады куысты æмæ нæ адæмы царды». Бæстон доклад скодта «Стыр Ныхас»-ы ирон æвзаджы комитеты сæрдар, ЦИПУ-йы профессор Тахъазты Харум.

Докладыл ныхас кæнгæйæ, æмбырд йæ зæрдыл дардта: Цæгат Ирыстоны — Аланийы Конституцийы 15 статьямæ гæсгæ республикæйы паддзахадон æвзæгтыл нымад сты ирон æмæ уырыссаг. Уым фыст ис: «Ирон æвзаг (ирон æмæ дыгурон) у ирон адæмы национ хиæмбарынады бындур. Ирон æвзаг хъахъхъæнын æмæ рæзын кæнын сты Республикæ Цæгат Ирыстоны — Аланийы паддзахадон хицаудзинады оргæнты тæккæ ахсджиагдæр хæстæ».

Æмбырд амоны: кæд Конституцимæ гæсгæ ирон æвзаг æмæ уырыссаг æвзаг нæ республикæйы æмсæр, æмбар паддзахадон æвзæгтæ сты, уæддæр æцæгдзинадæй та ирон æвзагæн йæ конституцион бартæ фаг æххæстгонд нæ цæуынц. Ирон æвзаг, уырыссагимæ абаргæйæ, бирæ рæтты дæлдзиныггонд цæуы. Нæ цæуы уымæй фаг пайдагонд кæнæ дзы бынтондæр пайдагонд нæ цæуы ахуырады, куыстуæтты, паддзахадон официалон гæххæттыты, культурæ æмæ аивады.

Ирон адæмæй бирæтæ хæдзары мидæг бинонты æхсæн, куыд æмбæлы, афтæ нæ пайда кæнынц мадæлон æвзагæй, сæ цотмæ дзурынц уырыссаг æвзагыл æмæ нæ ахуыр кæнынц сæ зæнæджы мадæлон æвзагыл, сæ сæрмæ нал хæссынц сæхи æвзаг. Суанг ма нæ цины, нæ зианы, нæ дзуæртты бын, нæ ирон аргъуаны дæр нæ мадæлон æвзагыл нæ дзурæм. Нæ дзурæм иронау нæ

сывæллæттæм нæ рæвдауæндæтты, æдзæллаг у не ’взаджы уавæр скъолаты. Æмæ уымæ гæсгæ раууатмæ цæуы канд не ’взаг нæ, фæлæ сæфты къахыл ныллæууыдысты ирон æгъдау, ирондзинад, ирон культурæ. Ирон национ скъолайы скъоладзау ахуырадон программæмæ гæсгæ йæ мадæлон æвзагыл фæдзуры, уырыссаг æвзагыл цас фæдзуры, уыимæ абаргæйæ, аст хатты къаддæр. Бæрæггонд куыд æрцыд, афтæмæй официалон ныхас ракæнын æмбырды ирон æвзагыл йæ бон у хъæуты цæрæг адæмæй 16,8 %, горæтæгтæй та — 8,6 %.

Æппæт уыдæттæ хынцгæйæ, республикæйы хицауады бардзырдмæ гæсгæ, арæзт æрцыдысты «Республикæ Цæгат Ирыстоны — Аланийы адæмты æвзæгты тыххæй закъон»-ы проект æмæ «Республикæ Цæгат Ирыстоны — Аланийы мидæг ирон æвзаг бахъахъхъæныны, рæзты æмæ ахуыр кæныны паддзахадон программæ»-йы проект. Фæлæ, кæд уыдон 90-æм азты райдайæны арæзт æрцыдысты, уæддæр сæм абоны онг кæронмæ каст нæма æрцыд, æмæ сæ нæ парламент æмæ нæ хицауад нæма сфидар кодтой. Йæ хæстæ кæронмæ не ’ххæст кæны Цæгат Ирыстоны — Аланийы Президенты цур ирон æвзаг бахъахъхъæныны æмæ рæзты къамис дæр.

«Стыр Ныхас»-ы уæрæхгонд æмбырд уынаффæ хæссы:

I. Нымад æрцæуæд, ирон æвзаджы кад, ахадындзинад, сыгъдæгдзинад нæ адæмæн сæхи аххосæй, нæ республикæйы хицауады разамонджыты аххосæй азæй-азмæ дæлдæр хауы, зауатмæ цæуы.

II. Цæгат Ирыстоны — Аланийы æмæ Хуссар Ирыстоны Парламенттæ æмæ Хицауадты раз æппæт ирон адæмы номæй æвæрд æрцæуæд домæн: арæзт æрцæуæд æппæт мадзæлттæ дæр, цæмæй ирон æвзаджы кад, уæз, ахадындзинад Ирыстоны адæмты æхсæн æвæрд æрцæуой, паддзахадон æвзагæн куыд æмбæлы, афтæ бæрзонд.

III. «Стыр Ныхас» дзыллæты номæй домы æппæт къæпхæнты Ныхастæй, нæ адæмимæ æнгом бастæй, хистæрæй, кæстæрæй, нæлгоймагæй, сылгоймагæй æрвылбон дæр тох кæнын нæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæныныл бинонты астæу, сыхбæсты, хъæубæсты, кæм цæрæм æмæ кæм кусæм, уым, уымæн æмæ æнæ мадæлон æвзаг уæвæн нæй нæ кадæн, нæ фарнæн, нæ цардаразæг æгъдæуттæн, æппынфæстаг, æнæ мадæлон æвзаг уæвæн нæй нæ адæмæн йæхицæн. Не ’взаг куы амæла,

уæд æнæ фесæфгæ нæй нæ адæмæн. Хъуамæ нæ алчи дæр æмбара, нæ мадæлон æвзагыл йæ къух чи систа, уый кæй сразы ис нæ адæм, нæ Ирыстон фесафыныл.

IV. Æмбырды уæвджытæ æппæт ирон адæмы номæй æнæмæнг скæнинаг хъуыддæгтыл нымайынц:

1. Парламентæн:

— цæмæй цыбыр рæстæгмæ бацæттæ кæной æмæ райсой нæ республикæйы æвзæгты тыххæй закъон æмæ паддзахадон программæ. Уыдон хъуамæ суой æцæг бындур ирон æвзагæн паддзахадон æвзаг суæвынæн.

2. Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны Республикæты сæргълæуджытæн:

— цæмæй тагъддæр сфидар кæной æвзæгты тыххæй закъон æмæ сæрмагонд паддзахадон программæ ирон æвзаг æцæг паддзахадон æвзаг суæвыны тыххæй. Уым хъуамæ бæлвырдæй загъд уа, цыбыр рæстæгмæ цы бакæнын хъæуы нæ Ахуырады министрады, дзыллон информацион фæрæзты кусджыты, æхсæнадон организациты ирон æвзаг бахъахъхъæнын æмæ йæ къахыл слæуурын кæныны тыххæй;

— цæмæй уыдон бахæс кæной нæ парламенттæн æмæ хицауадтæн ссарын æмæ радих кæнын уæлæмхасæн фæрæзтæ Цæгат æмæ, Хуссар Ирыстоны Ахуырады министрадтæн, ирон æвзагæн цас ахуырадон æмæ методикон-литературæ хъæуы, уыдон мыхуыры рауадзынæн, стæй, хъуаг чи æййафы, йе бирæ сывæллæттæ цы бинонты ис, уыдонæн ахуыргæнæн чингуытæ лæвар раттынæн;

— цæмæй округты æмæ районты разамонджытæ æнæмæнг аразой хъæугæ фадæттæ ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн;

— цæмæй нæ парламенттæ æмæ хицауадтæ сæ куыст æмхуызон хæссой дыууæ паддзахадон æвзагыл дæр — ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл;

3. Республикæты хицауадтæн:

— цæмæй саразой ахæм юридикон бындур, æмæ ирон фæсивæд, Ирыстоны уæлдæр æмæ астæуккаг сæрмагонд скъолатæм цæугæйæ, æнæмæнг фæлварæнтæ дæттой мадæлон æвзагæй дæр;

— цæмæй ирон æвзагæн, национ-регионалон компоненты предметтæн арæзт ахуыргæнæн чингуытæ рауадзынæн уагъд æрцæуа республикæты бюджеттæй фаг æхца;

— цæмæй ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн сæ мызд фылдæргонд æрцæуа;

— цæмæй, Ирыстоны паддзахадон кусджытæй ирон æвзаг сахуыр кæнын кæй фæнды, уыдонæн арæзт æрцæуой ирон æвзаджы сæрмагонд къордтæ.

4. Нæ Ахуырады министрадтæн:

— цæмæй æвæстиатæй кусын райдайой автортимæ æмæ 2005–2006 азты мыхуыры рауадзой ирон æвзагæн хъæугæ ахуыргæнæн чингуытæ, методикон амындтытæ, цæстуынгæ æрмæджытæ;

— цæмæй ссарой æппæт мадзæлттæ дæр æмæ скъоладзаутæм се 'ппæтмæ дæр уа ирон æвзаг æмæ литературæйы хъæугæ ахуыргæнæн чингуытæ;

— цæмæй ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн, национ-регионалон компоненты предметтæ дæттæг кусджытæн æххуысæн уагъд цæуын райдайа сæрмагонд наукон-методикон журнал (æртæ мæймæ иу номыр);

— цæмæй ирон æвзаг куыд паддзахадон æвзаг Ирыстоны æппæт ирон сывæллæттæ дæр ахуыр кæной скъолаты æмæ дзы дæттой астæуккаг скъола фæуыны тыххæй экзамен.

5. Цæгаты æмæ Хуссары Ахуырады министрадтæ, университеттæ, Ахуыргæнджыты цæттæдзинад бæрзонддæргæнæн институттæ, Педагогон институт æмæ æхсæнадон организацитæн:

— цæмæй саразой сæрмагонд пълан мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг нæ Ирыстоны цæхгæр фæхуыздæр кæнынæн.

6. Нæ теле-, радиокомитеттæн:

— цæмæй иронау бон æппынкъаддæр иу сахаты бæрц дзурой, стæй сæ ралæвæрдтæ аразой бæрæг иу каналыл изæрæй, куысты фæстæ рæстæг, уыимæ къуыри иу хатт дæттой ирон æвзаджы, литературæйы, культурæйы фарстатыл алы кары ирон адæмæн цымыдисаг æмæ хъæугæ раныхæстæ.

7. ЦИПУ, ХИПУ æмæ ЦИППИ-йæн:

— цæмæй аразой мадзæлттæ, æмæ ирон факультеттæм фылдæр цæуа цæттæдæр абитуриенттæ, стæй, ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ кæм нæ фаг кæны (Мæздæджы район, нæ хæхбæсты хъæутæ æмæ æнд.), Ирыстоны уыцы хъæутæй;

— цæмæй ссарой мадзæлттæ ирон æвзаджы ахуыргæнджыты квалификаци уæлдæр кæныны хицæн фарстатæ сæхимæ райсынæн

æмæ феххуыс кæной ахуыргæнджытæн, иронау чи нæ дзуры, уыцы скъоладзаутæн ирон æвзаг амоныны методикæйæ, дыгурон æвзаг æмæ нæ адæмы традицион культурæйы фарстатæ хуыздæр базонынæн;

— цæмæй Ирыстоны скъолаты 4-æм къласы онг уырыссаг æвзагæй фæстæмæ, æппæт предметтæ дæр ахуыр кæной мадæлон æвзагыл;

— цæмæй скъолаты ирон æвзаджы сахæтты нымæц æмæ уырыссаг æвзаджы сахæтты нымæц скæной æмхуызон.

8. Горæтты, районты, хъæуты бынæттон разамонджытæн:

— цæмæй паддзахадон æвзаджы программæ æххæст кæнгæйæ, сæ куыст аразой историон æмæ æндæр бынæттон æгъдæуттæ хынцгæйæ;

— цæмæй ссарой сывæллæтты рæвдауæндæтты æмæ скъолаты мадæлон æвзаг ахуыр кæнын цæхгæр фæхуыздæр кæныны мадзæлттæ;

— цæмæй горæтты, хъæуты, уынгты, кусæндæтты нæмттæ æнæмæнг фыст цæуой нæ дыууæ паддзахадон æвзагыл дæр.

9. Районты, округты, хъæуты сыхты Ныхастæ бынæттон хицауадимæ æмæ скъолайы кусджытимæ иумæ саразæнт сæрмагонд пълантæ ацы уынаффæ æнæмæнг царды рауадзынæн.

10. Ацы уынаффæ æрвыст æрцæуæд ирон диаспорæтæм, цæмæй йыл бакусой æнæмæнгæй царды рауадзыныл.

11. «Стыр Ныхас»-ы президиумæн баргонд æрцæуæд дзыллæтæн хъусын кæнын, ацы уынаффæ æххæстгонд куыд цæуы, уый.

12. «Стыр Ныхас»-ы æмбырды æрмæг мыхуыргонд æрцæуæд Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны газетты.

*«Стыр Ныхас»-ы сæрдар* ***ГИОТЫ Михал***
*Дзæуджыхъæу, 2005 азы 29 июнь*

***Редакцийæ.*** *«Стыр ныхас» стыр æмбырд сарæзта ирон æвзаджы нырыккон уавæры тыххæй, стыр æмæ ахсджиаг ныхас дзы рауади — сæ цæрæнбон бирæ! Уæдæ Стыр Уынаффæ дæр рахаста, газеты дæр æй рауагъта, адæм дæр æй бакастысты. Æмæ цы? Уавæр исчердæм аивта? Мисхалы бæрц дæр ничердæм.*

*Арсены загъдау, уæддæр «цы уыдзæни, цы?»*

*ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат*

## МЕ ’ВЗАГ

**Ме ’взаг —**
**ирон лæджы хъарæг.**
**Ме ’взаг —**
**ирон лæджы зарæг.**

**Чи дыл нæ фæлвæрдта тых,**
**чи дæ нæ мардта!**
**Аттилæ дæ сонтæй**
**тæхгæ бæхыл тардта,**
**дæ къухтæ дын цавта,**
**дæ къæхтæ дын цавта,**
**фæлæ дын дæ зæрдæ**
**йæ кардæй, йæ арцæй нæ ардта!**
**Дæ фæдыл зылдысты**
**Тимуры æфсæдтæ,**
**сæ къæхты бын ссæстой**
**дæ фæндтæ, дæ фæдтæ,**
**фæлæ дæ фæдтæ —**
**сызгъæрин цæфхæдтæ —**
**æрттывтой-иу зæххыл**
**бæрæгæй, арфæй,**
**цыма стъалытæ арвæй!**
**Ызнаджы цыргъ фат-иу**
**аланы фæсонтæй**
**йæ бырынкъ радардта,**
**ызнаг-иу алантæн**
**сæ рæгъæуттæ атардта, —**
**афтидармæй ’фснайдтой**
**сæ хæхты сæ сæртæ.**

Уадз фесæфæд фос,
ма уæд хæдзæрттæ, —
ма тæрсут,
не ’взаг ис немæ
æмæ та йемæ
ногæй ферттивдзæн не ’хсар
дунемæ!

Ме ’взаг —
мæ мады æхсыр,
мæ сабион авдæн!
Æз кæд искуы дæу
зулдзыхæй схай кæнон фаутæн,
æз кæд искуы дæуæй
базар кæнын байдайон,
баивон дæ,
ауæй дæ кæнон мæ пайдайæн,
уæд мæн се ’мгад ыскæнæнт
æнаккаг цъæх сырдтæ,
уæд æлгъгæнгæ мæ номыл
ысдзурæнт дæ дзырдтæ!
Æз мæлæтæй нæ тæрсын,
цæйас цæрон,
уыйас цæрдзынæн.
Æз мæ ингæны
амондджын уыдзынæн,
ме ’взаг мæ цыртыл
куы ныффысса ’нцойы ныхæстæ,
ме ’взаджы зæлтæй
цъæх-цъæхид куы дара мæ бæстæ.
Æз мæ ингæны ниудзынæн,
хъæрздзынæн,
Ирыстоны суадæттау,
зæххы бынæй кæудзынæн,
æз фæстаг поэт куы уон,
поэттæ мæ фæстæ куы нæ уал уа,
Ирыстоны зæххыл
сау туг куы ныууара,

**æз мæрдтæм дæр куы нæ хъусон**
**иронау**
**Къостайы сидт тохмæ,**
**иронау**
**Отеллойы богътæ!**

**Ме ’взаг, зæгъ-ма мын,**
**æнæ дæу куыд уон зæрдæвидар!**
**Ме ’взаг,**
**мæ лæджыхъæд, мæ сæрибар!**
**Ме ’взаг,**
**æнæ дæу куыд цин кæнон,**
**куыд дис кæнон!**
**Æз æнæ дæу цы дæн?**
**Æнæхæдзар, искæйон!**

*1960*

Нет ничего опасней, нежели ограничить использование национального языка исключительно рамками бытового общения.

*Ксавье Норт*



*Дзиуаты Батырадз. Ныхас фидæны фæлтæртимæ.*

# ÆВЗАДЖЫ ХЪЫСМÆТ — ДЗЫЛЛÆЙЫ ХЪЫСМÆТ

### Фысджыты Сидт республикæйы Президентмæ, Парламентмæ, Хицауадмæ, æппæт ирон адæммæ

Нæ фыдæлтæ æнусты дæргъы сæ иу къухы кусæнгарз хастой, иннæйы — хæцæнгарз, афтæмæй бирæ фæлтæртæн бахъахъхъæдтой ирон фарны хæзнатæ: аив æвзаг, дзыхæйдзургæ хъæздыг сфæлдыстад, удварны хæрзтæ, сыгъдæг цæсгом æмæ æфсарм. Уæды заманты нæдæр фыссын зыдтой, нæдæр чингуыты кæсын. Сæфты, цагъды кодтой хæтгæ-хæцгæ низтæй, фыдгулы карды æмæ фаты цæфтæй, æмæ уыйадыл Иры дзыллæтæ цас куынæгдæрмæ цыдысты, уыйас зæрдиагдæрæй аудыдтой нæ адæмы хæзнатыл, уыйас сыгъдæгдæрæй хъуысти ирон ныхас.

Абоны ирæттæ ахуыры уагæй цас æххæстдæр сты сæ рагфыдæлтæй, уыйас къаддæр аудынц фыдæлты бынтыл — хæзнатыл, æмæ уый азарæй цæмæты ’рцыдыстæм, уыдæттæ уынæм. Ирон адæмы нымæц ныртæккæ у милуаны æмбисæй бирæ фылдæр. Уыдонæй дзæвгар цæры Уæрæсейы алы кæрætты æмæ фæсарæнты, æмæ сын, чи зоны, исты æфсон ис мадæлон æвзаг нæ зонынæн. Фæлæ Ирыстоны цæрæг ирæттæн та цы ’фсон ссарæм?

Ахуыргæндты нымадмæ гæсгæ, ныртæккæ Ирыстоны цæрæг ирон адæмæн æрмæст сæ аст проценты зонынц ирон æвзаг. Дзургæ йыл, кæй зæгъын æй хъæуы, фылдæр адæм кæнынц, фæлæ, ахуырады домæнтæм гæсгæ, æвзаг зонджытыл нымад сты, кæсгæ æмæ фысгæ йыл чи кæны, æрмæст уыдон. Стæй йæ фылдæр адæм зонгæ дæр куыд хъуамæ кæной, кæд æмæ рæзгæ сабитимæ ныхас иронау нæдæр бинонты астæу чындæуы, нæдæр сывæллæтты рæвдауæндæтты æмæ скъолаты. Суанг ирон æвзаг æмæ литературæйы уроктыдæр ахуыргæнджытæ архайынц сывæллæттимæ уырыссагау дзурыныл!

Æрæджы республикæйы фæсивæдон комитет расидт, дæс æмæ ссæдз азы онг кæуыл цæуы, ахæм æрыгон фысджыты

конкурс. Архайдтой дзы дыууиссæдз авторæй фылдæр. Дзæвгар дзы разынди журналты рауадзыны æмæ чннгуытæм бахæссыны аккаг радзырдтæ æмæ æмдзæвгæтæ. Æрмæст дзы иунæг дæр иронау фыст нæу, афтæмæй та автортæн сæ фылдæр ирæттæ сты. Ацы хабар бæлвырдæй дзурæг у, нæ фæсивæд курдиатхъуаг кæй не сты, ууыл нæ, фæлæ æвзаджы кæуинаг уавæрыл.

Йæ алы къахдзæф дæр хи уды пайдайæн чи кæны, ахæмтæ дзæвгар ис абоны ирæттæй, æмæ сæ койы аргъ дæр не сты, уымæн æмæ никуы æмбæрстой ирон адæмы удыхъæд, нæдæр æй бамбардзысты. Уыдон æргомæй фæзæгъынц: «Ничиуал раздахдзæн ирон адæмы сæ абоны фæндагæй. Кæй ма хъæуы ирон æвзаг та!?»

Йæ туджы ма ирон хъомыс кæмæн фыцы, уыдонæн та цæрæн нæй æнæ фидæныл хъуыды кæнгæ. Уыдон хъуамæ бамбарын кæной сæ иузæрдион адæмæн абоны катайаг уавæр.

«Искæцы æвзаг куы амæла, уæд адæмæн сæхицæн дæр æнæ амæлгæ нæй», — фыссы Иры пехуымпар Абайты Васо.

Ныртæккæ дунейы адæмтæ дзурынц æхсæз мин æвзагыл. Уыдонæй XXI æнусы кæронмæ, ахуыргæндты нымадмæ гæсгæ, баззайдзæн æрмæст æхсæзсæдæйы, иннæтæ атайдзысты, фесæфдзысты. Æвæдæй чи фесæфдзæн, уыцы æвзæгты хал цæмæй ма ахæрæм, уый тыххæй æвæстиатæй бакæнын хъæуы цалдæр хъуыддаджы.

Фыццаджы-фыццаг, саразинаг æмæ сфидаргæнинаг у ирон æвзаджы рæзты паддзахадон программæ. Уый хъуамæ æххæсса царды æппæт къабæзтыл дæр, йæ бындуры та уа конституцион уагæвæрд: «Ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæ сты Республикæ Цæгат Ирыстоны — Аланийы паддзахадон æвзæгтæ». Республикæйы Сæйраг Советы уынаффæмæ гæсгæ 1991 азы арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны адæмты æвзæгты тыххæй закъон сынсан кæныны сæрмагонд къамис ахуыргæндтæй, фысджытæй, рухсады кусджытæй, журналисттæй, юристтæй. Бæстон бакусыны фæстæ къамис йæ проект рауагъта газетты, адæм ыл куыд æрдзурой, афтæ. Хъуамæ йæ суанг уыцы аз апрелы сфидар кодтаид Сæйраг Совет, фæлæ уæдæй нырмæ кæд фондз азы æмæ æрдæг рацыд, уæддæр фидаргонд нæма у. Афтæмæй Конституци та хъæддыхæй зæгъы: «Ирон æвзаг хъахъхъæнын æмæ рæзын кæнын сты Республикæ Цæгат Ирыстоны — Аланийы

паддзахадон хицаудзинады оргæнты тæккæ ахсджиагдæр хæстæ». Уыцы конституцион уагæвæрдты æмæ домæнты бындурыл æвзаджы рæзты программæ саразын хъуамæ фæдзæхст уа, хъуыддагыл йæ зæрдæ кæмæн риссы, ахæм бæрнон хицауадон кусджытæн æмæ æвзаджы дæснытæн, æнæмæнг хъæугæ фæрæзтæ амалгонд куы нæ уа, уæд программæ баззайдзæн гæххæттыл фыстæй. Цæмæй сæнтыса, уый тыххæй йын бюджетæй сæрмагонд фæрæзтæ радих кæныны æмрæнхъ самалгæнинаг уыдзысты уæлæмхасæн фæрæзтæ.

Паддзахадон дыууæ æвзаджы тыххæй уагæвæрды бындурыл ирæттæн сæйрагдæр паддзахадон æвзаг хъуамæ уа мадæлон. Иронау æмæ уырыссагау æмбарæй хъуамæ ахуыр кæной ирон сывæллæттæ; иронау æмæ уырыссагау фыст цæуой хъуыддаджы гæххæттытæ, куыстуæтты, уынгты, кусæндæтты нæмттæ, амонæнтæ, рекламæ, этикеткæтæ æмæ а. д.

Сæвæрын хъæуы ахæм фæтк, æмæ сывæллон куы райгуыра, уæд ыл цалынмæ æппынкъаддæр æртæ азы рацæуа, уæдмæ йæ ныййарæг кæна æрмæст йæ сабимæ кæсыны куыст, паддзахад та йын фида, цы мызд иста, уый æххæстæй.

Ирон скъолаты райдиан кълæсты мадæлон æвзагыл ахуырмæ æххæстæй рахизыны тыххæй уынаффæ царды рауадзын хъæуы хъуыддагæй; хорз фадæттæ йын ис университеты райдиан ахуырады факультеты æмæ педагогон техникумы бындурыл. Фарста алыггæнæн ис ахæм хуызы: техникум уадзæд æрмæст ирон рæвдауæндæтты хъомылгæнджытæ æмæ райдиан кълæсты ахуыргæнджытæ, факультет та — ирон æмæ уырыссаг сывæллæттæ æмхæццæ кæм сты, уыцы рæвдауæндæттæн хъомылгæнджытæ æмæ райдиан кълæсты ахуыргæнджытæ.

Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ хъуамæ æнæмæнг исой иннæ ахуыргæнджытæй дзæвгар фылдæр мызд, æмæ уæд университеты ирон филологийы факультетмæ æмæ райдиан ахуыры факультетмæ цæудзысты ныртæккæйæ курдиатджындæр фæсивæд.

Фидæнмæ фарста хъуамæ æвæрд уа æнæххæст астæуккаг ахуыр мадæлон æвзагыл райсыны тыххæй. Абон цы уавæры ис уыцы хъуыддаг, ууыл куы дзурæм, уæд, цæвиттон, 1996 азы дæргъы иронау иунæг ахуыргæнæн чиныг дæр уагъд не 'рцыд.

Саразинаг сты æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæныны æмхуызон программæтæ дыууæ Ирыстонæн дæр, уæлдайдæр та æмхуызон

растфыссынады дзырдуæттæ. Ирон æвзаг æмæ литературæйы ныртæккæйы ахуыргæнæн чингуытæ афтæ æлхынцъытæ æвзагæй фыст сты, æмæ сæ зынтæй æмбарынц канд скъоладзаутæ нæ, фæлæ ахуыргæнджытæ дæр.

Ирон æвзаг цæмæй ныры уавæрты хуыздæр рæза, уый тыххæй саразын хъæуы, иудадзыг чи куса, ахæм терминологон къамис.

Рæзгæ фæлтæрты разæнгардæн, сфæлдыстадон хъарутæ бавзарынæн æппæт скъолаты дæр саразинаг сты литературон, музыкалон, ныв кæныны, æрмдæсныйады, спортивон къордтæ.

Хъуамæ театрты, радиойæ, телеуынынадæй хъуыса сыгъдæг ирон æвзаг. Уыимæ ирон æрмæг радиойы æмæ телеуынынады хъуамæ ахсой æппынкъаддæр 70 проценты. Ирон æвзаджы пропагандæйы пайда кæнын хъæуы телеуынынады тæккæ хъæздыгдæр фадæттæй. Ныртæккæ дзыллон информацийы фæрæзтæй, уæлдайдæр та телеуынынадæй, цы ирон ныхас хъуысы, уымæн рахонæн ис æвзаг æнадгæнæн.

Сæрмагонд æргом аздахинаг у ирон телевизион равдыстытæн сæ хъæдмæ. Сывæллон телевизор куы æрыздуха, уæд дзы цы æвдисынц, уый ирон æмæ уырыссагæй не 'взардзæн, фæлæ диссагдæр æмæ зæрдæмæдзæугæдæрæй. Уымæ гæсгæ иудадзыг архайын хъæуы, цæмæй ирон равдыстытæн бæлвырд фæбæрзонддæр уа сæ фидыц дæр æмæ сæ мидис дæр.

Мах Цæгат Ирыстоны — Аланийы Президентмæ, Хицауадмæ æмæ ирон адæммæ Сидæм, цы фæдисы уавæр сæвзæрд, уый фæдыл сæ хъуыдытæ зæгъынмæ æмæ бæлвырд хъуыддæгтæ саразынмæ.

ХОДЫ Камал, РЦИ—Аланийы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар;

ПРАВЛЕНИЙЫ УÆНГТÆ:

АЙЛАРТЫ Измаил, ДЖЫККАЙТЫ Шамил, СИТОХАТЫ Саламджери, ТОТРАТЫ Руслан, ХЪОДЗАТЫ Æхсар, ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар.

*«Рæстдзинад», 1996 азы 30 ноябрь*

# НАРТЫ КАДДЖЫТÆ

## Кадджыты иугонд текст саразта Гуытъиаты Хъазыбег

*Цыппæрæм чиныг*[1]

## СЫРДОН ÆМÆ ЦÆНКУЫЛ УÆЙЫГ

Сырдон Нарты хохы фæстæ уыди ’мæ рацæйцыди сæхимæ. Æвиппайды хох фегом и æмæ Сырдон ауыдта иу Цæнкуыл уæйыджы.

Дзуры уæйыг Сырдонмæ:

— Мидæмæ рацу, Сырдон.

Сырдон зæгъы:

— Цы дæм цæуон, исты мын Нартау фынг куынæ авæрдзынæ мæ разы!

— Нартæ дын цыма с’ арм фынгæн дарынц, уый ныхас кæныс!

— Дарынц, дарынц. Нартæн æз æртыггаг хистæр дæн, æмæ мæ зондыл тынг хæцынц.

— Фенæм, кæддæра дæм цы зонджын куывдтытæ уыдзæни. Рацу мидæмæ.

— Æз кæй зæгъон, уымæн ды аггаг куывд нал зæгъдзынæ.

— Зæгъдзынæн, — зæгъы Цæнкуыл уæйыг, — æз дæуæй раздæр райгуырдтæн æмæ зонгæ дæр фылдæр кæнын.

Сырдон зæгъы:

— Раздæр кæм райгуырдтæ, уым дæ зонд дæр раздæр фæцыд.

— О, Сырдон, раст нæ дæ. Æз раздæр куыд райгуырдтæн, афтæ мæ зонд фылдæр фæци, рæдийыс.

— Нæ рæдийын, — зæгъы Сырдон, — зонд, раздæр чи райгуырд æмæ фæстæдæр чи райгуырди, уыуыл баст нæу.

— Уыуыл у баст.

— Нæ дæ раст, Цæнкуыл уæйыг.

— Схæснагкæнæм.

— Разы дæн! — зæгъы Сырдон. — Кæд мæ ды амбулай, уæд дæ дзых дæ тæрхон, кæд дæ æз рамбулон, уæд та мæ дзых — мæ тæрхон.

[1] Дарддæр. Райдайæн кæс «Мах дуджы» ацы азы 1-аг — 4-æм номырты.

— Хорз, разы дæн.

Сырдон Цæнкуыл уæйыджы хæдзармæ бацыд. Уадид фынг сæ разы февзæрди. Уæйыг акуывта ‘мæ дæдты нуазæн Сырдонмæ. Сырдон нæ исы.

Уæйыг æй фæрсы:

— Цæуылнæ исыс дæ нуазæн?

— Дзырд дзырд у. Нæ дзырд кæронмæ сыххæсткæнæм.

— Айс æмæ зæгъ дæ куывд.

Сырдон нуазæн райста ‘мæ зæгъы:

— Мæ фыддзаг нуазæнæй кувын. Хур кæуылдæриддæр кæсы, уыдон цæрæнбонтæ бирæ уæнт.

Цæнкуыл уæйыг йæ сæр батылдта æмæ зæгъы:

— Бæстыл ахæмæй ницы ис, хур кæуыл нæ кæсы æмæ ма æз та цы зæгъон?

Сырдон дзуры:

— Хæснаг хæснаг у.

— Цæнкуыл уæйыг загъта:

— Цæй, уыцы куывдæй мæ амбылдтай: баназæм æй кæронмæ. Иу хорзы дын цæуын.

Анызтой уыцы рæгъ. Сырдон дыггаг нуазæн райста ’мæ та скуывта:

— Цæй, хур кæуыл нæма ракасти ’мæ æнхъæлмæ кæмæ кæсæм, хур чи фендзæни, уыдон цæрæнбон дæр бирæ уæд.

Цæнкуыл уæйыг зæгъы:

— Гъеныр фембылддæ, Сырдон. Хур кæуыл нæ кæсы, ахæмæй ницы ис зæххыл æмæ ма кæмæ ‘нхъæлмæ кæсыс?

Сырдон зæгъы:

— Ам дæр та фембылд дæ.

— Нæ, цæмæй?

— Æмбылдыл дæхи нымайыс?

— Нымайын.

Сырдон дзуры:

— Уæдæ хур нырма нæ кæсы уыдоныл, æмæ гуыбыны чи ис. Зæххыл сывæрджын устытæй фылдæр ницы и, уыдонæн сывæллæттæ гуырдзæни ’мæ хур фендзысты.

Цæнкуыл уæйыг йæ сæр батылдта ’мæ зæгъы:

— Ацы куывдæй дæр мæ амбылдтай. Цæй, дыггаг хорз дын ракæндзынæн, æрмæст ма æртыггаг куывд дæр зæгъ.

Сырдон зæгъы:

— Фембылд дæ дыууæ хатты, æмæ ма уæд æртыггаг хатт цы кувон?

— Фембылд дæн, уый зонын, мæхæдæг дæр, фæлæ дын æртыггаг хорз дæр ракæндзынæн.

Сырдон та сразы и. Райста æртыггаг нуазæн Сырдон æмæ загъы:

— Амæй та, ницыйæ исты чи свæййы, хорзæн, зондджынæй кæй февзарынц адæм, гъеуый цæрæнбонтæ бирæ уæд.

Цæнкуыл уæйыг та ахъуыдыкодта 'мæ загъы:

— Ницыйæ исты суæвæн ницæмæн и, стæй ницы зондджын никуыдæр уыдзæни.

— Уыдзæни, уыдзæни! — загъы Сырдон.

— Дæдтын дын æртыггаг хорздзинад дæр, æрмæст мын æй загъ.

Сырдон загъы:

— Лæг куы райгуыры, уæд ницы вæййы, кæд хорз гуырд рауайы, уæд уыцы ницы адæмæн хорзæй фæлæггадкæны 'мæ адæмы 'хсæн зондджын æмæ кадджынæй баззайы. Ахæм гуырды зондæй алчи дæр бафæрсдзæни.

— Нæ дæ раст, Сырдон, ам.

— Раст дæн.

— Загъ-ма мын иу ахæм лæджы, ницы чи уыди 'мæ зондæй адæм кæй фæрсынц.

Сырдон загъы:

— Нарты Уырызмæг æмæ Хæмыц куы райгуырдысты, уæд ницыйæ уæлдай нæ уыдысты, уый дæ уырны?

— Уырны! — загъы Цæнкуыл уæйыг.

— Слæгтæ сты. Хистæрдзинадыл нæ фидыдтой, уый дæр зондзынæ.

— Фехъуыстон æй.

— Уæдæ Уырызмæг Хæмыцыл хинæй рацыди 'мæ йыл уый адыл хистæры ном ысбадти, уый дæр зондзынæ.

— Уый дæр зонын, фæлæ мын йæ зондджындзинадæй исты загъ.

— Загъдзынæн, — загъы Сырдон. — Йæ хо Сатанайы ракуырдта. Цæмæй ма фæхудинаг уыдаид, уый тыххæй хæрæгыл æртæ хатты зыгъуыммæ сбадти.

— Раст дæ, Сырдон, — дзуры Цæнкуыл уæйыг, фæлæ уым Сатанайы зонд дæр уыди.

Сырдон загъы:

— Уырызмæг Сау денджызы 'лдармæ уацары бахауди 'мæ йæ зонды фæрцы йæхи фервæзынкодта, уый дæр хатдзынæ.

— Раст дæ уым дæр, Сырдон.

— Уæдæ Уырызмæг мæныл дæр зондæй фæтых и. Доны хизгæйæ мæ доны астæу æруырæдта 'мæ йæ ныхтæ кодта, цалынмæ уый фæудкодта, уæдмæ æз та доны гæвгæвкодтон. Уый дæр Уырызмæг йæ зондæй бакодта, уырндзæни дæ?

— Уырны, Сырдон, уырны!

— Уæдæ мын гъеныр мæхиуæттæ радт.

— Цы мæ агурыс?

— Чи фæсайа?

— Уыуыл де 'лгъыст æрцæуæд! — зæгъы Цæнкуыл уæйыг.

Сырдон зæгъы:

— Фыддзаг рамбылдæн мæн уæд дæ бæрзуис.

— Уанцон нæу. Уый нæ раддзынæн.

— Чи фæсайа, уый хъæбысæй дæлæмæ дур фестæд.

Цæнкуыл уæйыг хъæбысæй дæлæмæ дур фестади.

Стæй та Сырдон зæгъы:

— Дыггаг æмбылдæн мæн уæд дæ кæфой.

— Уый нал раддзынæн.

— Уæдæ астæуæй дæлæмæ дур фест.

Дур фестад Цæнкуыл уæйыг астæуæй дæлæмæ.

Сырдон та зæгъы:

— Æртыггаг рамбылдæй мæн уæд дæ фарныхъул.

— Уый нæ дæдтын.

— Уæд бынтондæр дур фест.

Цæнкуыл уæйыг дур фестади.

Сырдон рахаста йæ бæрзуис, йæ кæфой æмæ йæ фарныхъул.

Бæрзуис йе скъæты баппæрста 'мæ сфосджын. Кæфой къутуйы нывæрдта 'мæ схорджын. Фарныхъул гарзы 'нывæрдта 'мæ йæ бæркад ысбирæ и.

Сырдон дæр ысцæрæг и мæ Нарты 'хсæн къулбæрзæйæ нал цыд.

Афтæ рамбылдта Сырдон Цæнкуыл уæйыджы.

## СЫРДОН ДЫУУÆ УÆЙЫДЖЫ КУЫД АСАЙДТА

Сырдон хъæдæй суг ласта 'мæ ласæны бын сугты 'рбадти, йæ фæллад уадзы. Чысыл фæстæдæр йæхи 'руагъта, кæд афынæй уаин, зæгъгæ. Куыддæр йæ цæстытæ 'рывæрдта

кæрæдзиуыл, афтæ цыдæр гуыпп фæцыди. Ракасти Сырдон, фæлгæсы алырдæм æмæ ницы уыны. Фæрсы йæхи: «Уæдæ цæй гуыпп уыдаид, æви мæм мæ фыны афтæ фæзынди?» Бирæ нæ рацыди, афтæ кæсы 'мæ чидæр æд бындзæфхад бæлас ыстыдта, рахаста йæ 'мæ бæласæн йæ фæртт фæцыди Сырдоны раз. Сырдон ысцин кодта: «Чидæриддæр уыдтæ, дæ цæрæнбонтæ бирæ. Ацы бæлас мæнæн æд цæнгтæ, æд уидæгтæ къорд бонты фаг уыдзæни. Бахæсдзынæн æй мæхицæн».

А ныр æрывнала бæлас æхсæдынмæ, афтæ та иу ахæм æндæр бæлас дæр ратахти 'мæ та йæ цуры сымбæлд. Сырдон зæгъы: «Цавæр зæд, кæнæ дуаг у ме 'ххуысгæнæг, уæд та уый куы зонин!»

Бирæ рæстæг та нæ рацыд, афтæ кæсы 'мæ йæ тæккæ раз иу æрттивагбарц сæгуыт сымбæлди. Сырдон сдыгъуырддзæг и, ц' акæна, уый нæ зоны. Сæгуыт алыгъдаид, фæлæ йæ хъуырмæ уыди дур баст рæхысæй. Дур дыууæ бæласы 'хсæн афидар и, æмæ йын лидзæн нал уыд сæгуытæн.

Фæстæдæр цыдæр гуыбаргуыбур ыссыди. Сырдоны сæрты дуртæ, къæдзæхы йæстæ, тахтысты. Сырдон ыстарсти 'мæ иу ыстыр дуры бын бабырыди. Уырдыгæй хъахъхъæны, уæдæ цы уыдзæн дарддæр зæгъгæ.

Уæд сæгуыты раз дыууæ æдылыдзæф уæйыджы 'рбалæууыди хылгæнгæ.

Иу зæгъы:

— Мæн у сæгуыт, æмæ айс дæхи!

— Нæ, мæн у, — зæгъы иннæ.

Нæ фидауынц, æмæ та кæрæдзимæ бавналынц. Кæрæдзийы хойынц, æмæ сæ туг кæлы. Сырдон йæ сæр æддæмæ радарын дæр нал уæндыди, мæ сæрыл мын цæ исчи фæлæудзæни 'мæ ныттыссæг уыдзæни. Ноджы арфдæр ныббырыди дуры бын æмæ та кæсы.

Дыууæ уæйыджы кæрæдзийы хъæр не 'мбæрстой. Сырдон æрыхснырста. Уæйгуытæ уый куы фехъуыстой, уæд сæ зонгуытыл æрхаудтой æмæ кувынц:

— Ныббар нын цыдæриддæр дæ, кæд, мыййаг, дæ разы хыл нæ фæччыди, уæд та нын баргæ дæр мауал ныккæн. Дæхи нын равдис.

Сырдон цæм дуры бынæй рабырыди, й' астæуыл ныххæцыди 'мæ цæ фæрсы:

— Чи стут ай?

— Æфсымæртæ, — зæгъы сæ иу.

— Дыууæ ’фсымæры, — зæгъы сеннæ.

— Уый та цы дзуапп у, — дзуры Сырдон, — иугæр æфсымæртæ стут, уæд дыууæ ’фсымæры дæр уыдзыстут, æндæр ма уын ис æфсымæр?

— Нæй! — зæгъынц уыдон.

— Уæ хыл та цæуыл у?

— Сæгуытыл! — дзуры иу.

— Нæ сæгуытыл! — зæгъы иннæ.

— Уомæ уæ иуы дзуапп æгъгъæд нæу, цы мын æй дзурут дыггаг хатт? Цæмæн ыл кæнут хыл та?

Сæ иу зæгъы:

— Уæрстам æмæ уæлдай баззади, æз хистæр дæн, æмæ мæнмæ цæуы.

Иннæ дæр зæгъы:

— Уæрстам æмæ уæлдайагæй аззади. Æз раздæр райгуыргæ дæн, æмæ мæнмæ цæуы.

Сырдон цæ ноджы фæрсы:

— Чи уæ кæд райгуырд?

Сæ иу дзуры:

— Куыддæр бон рухскодта, афтæ райгуырдтæн.

Иннæ зæгъы:

— Куыддæр бон цъæхкодта, афтæ фæзындтæн мады гуыбынæй.

— Уæдæ иумæ райгуырдыстут?

— О, иумæ! — зæгъы сæ иу.

— О, иумæ! — зæгъы иннæ.

Сырдон кæронмæ бамбæрста, адон æдылытæ сты, уый æмæ зæгъы:

— Æз уæ байуарынкæнон?

— О, о! — дзуры иу.

— О, о! — дзуры иннæ.

— Мæнæ ацы сугтæй уæртæ хъæуы тæккæ былмæ фылдæр чи бахæсса, сæгуыт уый уыдзæн.

Дыууæ уæйыджы февнæлдтой, æмæ сæ бон цы уыди, уыйас суг бахастой хъæуæн йæ былмæ. Сырдонæн дæс азы дæр сыгъд нæ фæуыдаиккой.

Уæйгуытæ ’рбацыдысты. Сырдон цын зæгъы:

— Ӕмхуызон бахастат суг, фӕлӕ мӕм хъусут. Уӕртӕ был уынут?

— Уынын, — зӕгъы иу уӕйыг.

— Ӕвзарын ӕй! — дзуры иннӕ уӕйыг дӕр.

— Уырдыгӕй агӕппытӕкӕнут. Чи дарддӕр ахауа — сӕгуыт уый.

Дыууӕ уӕйыджы былӕй агӕпластой ӕмӕ цъыфдзасты анылгъуылдысты. Исдуг нал фӕзындысты 'мӕ кӕрӕдзийыл сымбӕлдысты. Цъыфдзасты хыл райдыдтой. Сызмӕстой бӕстӕ, сӕхи дӕр. Уӕдмӕ Сырдон сӕгуыты сӕр фӕцӕфкодта, йӕ хъуырӕй йын йӕ туг ысуагъта 'мӕ сӕгуыт амарди.

Ӕнкъардӕй ӕрбадти Сырдон дурыл. Уӕйгуытӕ тыхтӕйамӕлттӕй рабырыдысты, сӕ дон мизгӕ 'мӕ сӕ иу фӕрсы:

— Чи амбылдта?

Дыггаг фӕрсы:

— Чи рамбылдта?

— Сырдон цӕм дзуры:

— Ӕмхуызон та рамбылдтат, фӕлӕ уӕ сӕгуыт йӕхи фӕхурхкодта.

Сӕ иу фӕрсы:

— Цы загъта?

Иннӕ фӕрсы:

— Куыд загъта?

Сырдон зӕгъы:

— Цъыфдзастӕй куынӕуал зындыстут, уӕд афтӕ 'нхъӕл уыд амардыстут ӕмӕ фӕтарсти сымахӕн.

Уӕйгуытӕй та иу зӕгъы:

— Йӕ царм мӕн у!

Дыггаг зӕгъы:

— Йӕ царм мӕхи у!

Нал та фидыдтой ӕмӕ та ногӕй ысхыл ысты. Сырдон дӕр архайдта сӕгуытыл, сӕгуыт ын цӕмӕй баззайа, уыдон та кӕрӕдзийы амарой. Бирӕ цӕм фӕкасти, стӕй цын зӕгъы:

— Хъусут мӕм?

Сӕ иу бакодта:

— Хъусын.

Иннӕ зӕгъы:

— Ӕз хъусын.

Сырдон зӕгъы:

— Уæртæ айнæджы был уынут?

Сæ иу загъта:

— Æз æй уынын.

Иннæ загъта:

— Æз æй ысуыдтон.

— Уæдæ уырдыгæй чи агæпкæна цадмæ, уый мын цады бынæй æрбахæссæд мæ фыды лæдзæг, æмæ йын сæгуыт æд царм дæдтын.

Дыууæ уæйыджы атахтысты. Цадмæ агæппытæластой. Цады аирвæзтысты æмæ ныххуыдугтæ сты. Сырдон базыдта хабар æмæ зæгъы:

— Гъе, уый дын æдылытæ. Афтæ дæр мæ нæ бафарстой: алæ-ма, цады лæдзæг куы ныббарай, уæд æй дон йæ бынмæ та куыд нылластаид.

Сыггойласта сæгуыты ’мæ зæгъы:

— Уый куы зыдтаин, афтæ ’нцонтæй цыл фæтых уыдзынæн, уæд ма сæгуыты та цæмæн æргæвстон. Фæлæ ницы кæны. Удæгас куы уыдаид, уæд та йæ Нартæй алчи йæхимæ хъавыдаид. Йæ барц та ахæм у, æмæ ’хсæвыгон рухс дардзæни, кæдæм цæуон, уырдæм мæ фæндагыл.

Æрцыди Нартæм. Нартæ дискæнынц æмæ фæрсынц Сырдоны:

— Куыд дын бантысти, уыйбæрц сугтæ ’рбакалын?

Сырдон зæгъы:

— Амондджын чи уа, уымæн Хуыцау рудзынгæй дæр æрыппары. Гъе, мæнæн дæр раст афтæ.

## СЫРДОН ÆМÆ ÆРТÆ УÆЙЫДЖЫ

Сырдон кæмдæр уыди ’мæ ’рцыди сæхимæ. Тынг ныффæллади ’мæ тарф фынæй баци. Уæд æм Иудзæстон уæйыг къæрныхы бацыди. Сырдоны судзин фæтъыста, æмæ Сырдон иу фарсыл æрзылди. Къæрных Иудзæстон уæйыг зæгъы:

— Багъæц, æз дын фенынкæндзынæн!

Тыргътæм бакасти ’мæ Сырдоны гадзайы зайгæ ауыдта. Гадза йæ тæккæ тынгыл уыди ’мæ уæйыгмæ кæсгæ дæр нæ ракодта. Иудзæстон уæйыг фæстæмæ раздæхти ’мæ йе ’ртæ фыртæн зæгъы:

— Хæсгæут, цы арат, уый!

Уæйыджы ’ртæ фырты разылдысты, æмæ Сырдонмæ цы ссардтой — дарæсæй, хæзнайæ — иууылдæр цæ фæхастой. Йæ фæстæ афардæг ысты.

Сырдоны гадза ныййардта ’ртæ къæбылайы, сæ мады дæйынц. Стæй гадза ныхъхъæркодта. Сырдон нæ сыхъал. Уæд нынниудта тынг. Сырдон фехъал и, йæ цæстытæ ауусæрста ’мæ дзуры йæ гадзамæ:

— Ниуинаг дæ тенка-сæр, кæд мæ цы сыхъалкодтай!

Сыстади Сырдон. Агуры йæ дарæс æмæ цæ нал ары. Йæхи хъæтцулы ’рбатыхта ’мæ фæрсы гадзайы:

— Чи нæм уыд?

Гадза комырдæм йæ бырынкъ акодта мæ даргъ ысниудта:

— У-у-у!!!

Сырдон æм дзуры:

— О, у-у-й-аг фæуай, уым чи цæры, иунæг Иудзæстон къæрных-уæйыг æмæ йе ’ртæ фыртæй дарддæр!

Гадза та ноджы уыцырдæм йæ бырынкъæй аниудта.

— У-у-у!!!

— О, у-у-йаг дæ уд æмæ дæ сæр! Уый дын м’ арфæ! Рæйгæ та цæуыннæ скодтай?

Гадза йæ хъæвдынты равдыста Сырдонмæ.

Сырдон зæгъы:

— О, уыдон дæр æмæ дæхæдæг дæр фæлдыст фæуат, мæн чи фæдавта, уымæн! Фылдæр куы сыстут, уæд ма уæ цæмæй дардзынæн, мæ уæлдæйттæ куынæ ракæлракæлкæнынц, мыййаг!

Сырдон сæрдиагкодта:

— О, мæнæ мыл цы фыд æрцыди, гомриу æмæ ’мпъызтсыдзæй кæдæм цæуон!

Уæд дуарæй чидæр æрбадзырдта Нартæй:

— Сырдон! Бынаты дæ?

— О, бынаты дæн!

— Æддæмæ ма ракæс!

— Дæхæдæг мæм рахиз мидæмæ.

Сырдон йæ хуыссæнты атылди. Æрбацæуæг зæгъы Сырдонæн:

— Нартæ дæумæ дзурынц.

— Цы цæ хъæуы, кæдæм мæ кæнынц?

— Фидиуæг дам нын фæу.

— Цæмæй?

— Нартыбон ӕрцӕуы, ӕмӕ куывд кӕндзысты.
— Хорз, райсом цӕм зындзынӕн.
— Абон хъӕуыс.
— Уомӕ фӕцӕуын, зӕгъ цын афтӕ.

Хонӕг ацыди. Сырдон хъуыдыкӕны, куыд бакӕна, уыуыл. Йӕхи рынчынӕфсон ыскодта.

Дыггаг хъӕр ӕм фӕчындӕуыди:
— Сырдон, ракӕс ма!
— Кӕцы дӕ? Мидӕмӕ!
— Мидӕмӕ мӕ не 'вдӕлы, Нартӕ дӕм ӕнхъӕлмӕ кӕсынц.
— Ӕз цӕм мӕхӕдӕг дӕр кӕсын! Фӕлӕууӕнт, фӕцӕуын.

Уӕдмӕ изӕр дӕр ӕрци, ӕмӕ та ӕртыггаг хъӕр дӕр фӕцыди.
— Ам дӕ, Сырдон?
— Ам дӕн, рахиз нӕм.
— Нӕ мӕ 'вдӕлы, Нартӕ дӕумӕ кӕсынц.
— Фӕцӕуын.

Сырдон сыстади 'мӕ афтид мидӕггаг дарӕсы арасти.

Иудзӕстон къӕрных-уӕйыгӕн ӕртӕ фырты, ӕртӕ тыхджын уӕйыг-гуырды уыди. Уыдонӕн Иудзӕстон зӕгъы:
— Ӕртӕ 'хсӕвы уӕхи бавӕрут, стӕй уӕдмӕ мӕхӕдӕг зындзынӕн.

Иудзӕстон уӕйыг ацыди кӕдӕмдӕр. Иудзӕстон уӕйыджы фырттӕй иу уыди къуырма, иннӕ фынӕйуарзаг, ӕртыггаг та ахӕм тӕрсаг, ӕмӕ сыфтӕр куы фезмӕлыдаид, уӕддӕр-иу фӕуадзыг и. Сырдон уыцы хъуыддаг зыдта ӕмӕ сфӕндкодта, цӕмӕй Иудзӕстон уӕйыджы фӕллой фӕхӕсса, цӕмӕй Нарты 'хсӕн йӕхицӕн кад ыскӕна 'мӕ йӕ лӕгыл нымайой.

Бакасти Иудзӕстон уӕйыджы фырттӕм: сӕ иу хуыссӕгӕй ӕркув-ӕркувкӕны, уый уыд къуырма. Иннӕ хуыррытфынӕй кӕны — уый та уыд тӕккӕ тыхджындӕр. Нӕ дзы фынӕйкодта 'рмӕстдӕр тӕрсаг лӕппу. Уӕд Сырдон тарвазмӕ схылди. Уым федта къӕсса 'мӕ дзы ныббырыди. Йӕхи раппӕрста, къӕссайы мидӕгӕй. Хыррытхыррытт систа. Тӕрсаг лӕппу афтӕ тынг бауадзыг и мӕ йӕ бын ныххуылыдзкодта. Сырдон фестади 'мӕ йӕ дарӕс ыссардта, ратымбыл цӕ кодта. Уӕд къуырма ницы фехъуыста, иннӕ йӕ фынӕйы тарфы уыди. Къуырма дӕр афынӕй и. Сырдон ратӕлӕткодта Иудзӕстон къӕрных-уӕйыджы фос ӕмӕ Нартӕм ӕрмидӕги.

Нартӕ дискӕнынц: кӕм цӕ 'ссардта Сырдон.

Сырдон зæгъы:

— Цæй, мæ номæй уын лæвæрд фæуæд, Нартæ, æмæ куывд ыскæнут.

Нартæ куывд ыскодтой ахæм, æмæ æнæхъæн къуыри сæ фынгæй не сыстадысты. Уæд Иудзæстон уæйыг æрцыди 'мæ фæрсы йæ фырты:

— Фос кæм ысты?

Сæ иу зæгъы, тæрсаг:

— Къуырма цæ хызта.

Къуырма зæгъы:

— Фынæйгæнæг цæ хызта.

Фынæйгæнæг зæгъы:

— Тæрсаг цæ хызта.

'Схыл ысты æртæ лæппуйы æмæ кæрæдзиуыл ралæууыдысты 'мæ сæ кæрæдзийы амæддаг фесты.

Иудзæстон давæг уæйыг фæмасткодта. Йæ зæппадзы цæ бавæрдта 'мæ Нарты Сырдонмæ рацыди. Сырдон фæндзæм хистæрæн бадти Нарты фынгыл. Йæхи дардта афтæ, цыма ницы федта. Иудзæстон уæйыг Нартæм дзуры:

— Фарн уæ бадты уæд!

— Фæрнæйдзаг уай, Иудзæстон уæйыг. Абад нæм, саход нæ цæхх, нæ кæрдзынæй.

Иудзæстон уæйыджы хистæрты раз абадынкодтой. Кæсы æргæвст фосы сæртæм æмæ хъуыдыты ацыд: «Цымæ ахæм ыстыр ыстуры сæртæ кæй фос ысты, мæн ма уой? Науæд Сырдоныл дарæс куынæуал уыди, уæд кæм ыссардтаид йæ дзаума?»

Уырызмæг уырдыглæууæгмæ радзырдта:

— Æрбацæуæджы хорз фен, уазæг у, æмæ нæ хъæстагæй ма фæцæуа!

Иудзæстон уæйыгмæ нуазæнтæ фæдфæдыл æрбацыди авд. Уæйыг дæр цæ ныуæзта. Нуæзт йæ сæры фæмидæг и, стæй Уырызмæджы фæрсы:

— Уазæг сонт у, сонт фæрсаг у, æз сымахмæ ахæм фос куынæ зонын, ацы 'ргæвст ыстурты сæрты йас кæмæн и, уæд кæй фос ысты?

Сырдон бамбæрста уæйыджы фарст æмæ зæгъы:

— Уазæг дзæгъæлдзых нæ вæййы, бузныг хъуамæ уа уазæг, йæ размæ йын кæй æрхæссынц, уымæй.

Хæмыц зæгъы:

— Раст дæ, Сырдон.

Уæйыг загъы:

— Æз фæрсгæ кæнын.

Сырдон загъы:

— Фæрсгæ фынгыл ничи кæны. Уæд фынджы бадт хылмæ цæуы.

Бурæфæрныг радзырдта:

— Чи у хылгæнæг?

Сырдон бадзырдта:

— Уазæг! Хылкъахæн кæны æмæ нын нæ бадт мастмæ кæны.

— Дзæгъæлдзыхæн — цъудта, — загъы Бурæфæрныг.

Уæйыг фæмæсты 'мæ загъы:

— Адон мæ фосы сæртæ сты!

Сырдон фæрсы:

— Чи дын загъта, стæй та æндæр исты схондзынæ дæхи, чи зоны, мæ дарæс дæр.

— Уыдон дæр мæ хæдзарæй хаст ысты.

— Мæнг загъыс, — хъæркæны Сырдон, — мæн Нартæ бæгънæгæй цæугæ никуы федтой, мæ уæлæдарæс мæхи сты. Ды цыдæр æдзæсгом дæ!

Уæйыг фæмæсты, къус фехста Сырдоныл. Сырдон йæхи фæиуырдæмкодта, æмæ Сосланы риуыл сæмбæлди. Сослан ысмæсты 'мæ фынгыл багæпласта. Иудзæстон уæйыджы иу цæсты йæ дыууæ 'нгуылдзы фæтъыста 'мæ цæст йæ къуырфæй фæхаудта, ратылди 'мæ Сырдоны хæдзарыл сымбæлди. Сырдоны хæдзары цæст ныппырхкодта, æмæ йæ гадзайы æртæ хъæвдыны йæ быны ныммардысты. Гадза ма аирвæзти.

Сырдон сохъхъыр уæйыгмæ йæхи лæбурæг ыскодта, мæ хæдзар мын ныккалдта загъгæ.

Уæд æм Сослан дзуры:

— Æ, бынтыцæуæг! Цалынмæ йыл цæст уыди, уæдмæ ницы дзырдта, фæлæ куы бакуырм и, уæд лæбурынтæ систа. Куырм мардæй уæлдай нæу, цы йæм лæбурыс?

— Мæ хæдзар ныккалди 'мæ мын ды куынæ раддзынæ дæ уæладзгуытæй, мæ мæт дæ куынæ уыдзæни!

— Уомæ йæм уæдæ лæбур!

Сырдон куырм уæйыгыл дзæхст-дзæхстæй ралæууыди йæ лæдзæгæй. Уæд æй куырм уæйыг ацахста, æмæ Сырдоны хъыллист ыссыди:

— И-и-й, Нартæ! Цы фестут! Баххуыс мын кæнут!

Нартæ ныххудтысты. Уæд Уырызмæг дзуры Сосланмæ:

— Сырдоны фервæзынкæн, кæдæй уæдæй Нартæн лæггадкæны, нæхион у, æмæ ку' амæла нæ цæстыты раз, уæд нын исчи сомбон уайдзæф дæр бакæндзæн.

Сослан кардæй уæйыджы цæнгтæ нырриуыгъта, æмæ цæнгтæ зæххыл абадтысты.

Уæйыг зæгъы:

— Мæ хæдзарырдæм мын фæндаг уæддæр бацамонут. Мæ мæлæт Нарты зæххыл æрцæуа, уый мæ нæ фæнды.

— Нæ дæр нæ хъæуыс, — зæгъы Сослан æмæ йын йæ ных кардæй дзуарæвæрд нуæс бакодта, стæй зæгъы: — Гъемæ тынгдæр чердæм рисса, уыцырдæм цу, æмæ бахæддзæ уыдзынæ дæ хæдзармæ.

Уæйыг арасти 'мæ доны бахауди. Донласт фæци.

Йæ цæст Нартыхъæуы бын банцади. Ахæм тæф ыскодта, æмæ æгас Нартæ сæфтмæ 'рцыдысты.

Нартæ зæгъынц Сырдонæн:

— А уæйыгæй дæ фервæзынкодтам, фæлæ нæ йæ тæфæй та ды фервæзынкæн. Мæлæм йæ тæфмæ.

— Бæргæ, фæлæ йæ цурмæ бацæуæн нæй тæфæй.

— Мах ницы зонæм. Хорз фынг нын ыскодтай, фæлæ нæ 'фсæстæй цæгъдыс?

— Мæрдтæм æххормагæй цæуыны бæсты 'фсæстæй цæуын хуыздæр у.

Сырдон Сатанамæ ссыди мæ йын зæгъы:

— Дæ сæр нæ бахъуыд.

— Цы дæ хъæуы, Сырдон?

— Нартæн фынг æрывæрдтон, æмæ цæ уæйыджы цæсты тæф уынгæгкæны. Мæлынмæ 'рцыдысты, исты хос цын ыскæн.

Сатана æртæ мыдамæсты ракодта, мæсыгмæ бауади 'мæ кувы:

— О Хуыцау, мæхи Хуыцау! Ахæм къæвда рауадз æмæ бæстæ лæсæнтæ цы кæна!

Сатанайы куывд Хуыцауыл сымбæлди. Бæстæ 'рбатар и. Саумылазон мигътæ 'рбахгæдтой арвы риу. Хуры цæст нал зынди æппындæр. Бæзджын мигътæ сæхи зæххыл æрбахафтой. Арв нынкъуысти, стæй йæ дуæрттæ фегом ысты. Къæртакалæгау кæнын райдыдта къæвда. Бæстæ дон фестади. Хъæд лæбырдтæ кодта, зæхх — лæсæнтæ. Дæттæ раивылдысты, дуртæ

кæрæдзийы хостой æмæ сау ызмисæй ызгъæлдысты. Уæйыджы цæст дæр йæ бынатæй фенкъуыст. Дон ыл ракалди, йемæ йæ рахаста, дуртыл æй хойгæ хаста дон, æмæ комдзаггай баци. Халæттæ æмæ сынтытæ донбылтыл зылдысты æмæ уæйыджы цæстыты пырхытыл сæхи хастой.

Фесæфт уæйыг йе 'ртæ фыртимæ.

Нартæ та сæ фыддзаг цардæй цæргæйæ баззадысты.

## СЫРДОН ÆМÆ ЙЕ 'ФСЫМÆРТÆ

Сырдонæй йе 'фсымæртæ бафæлладысты 'мæ йын йæ хæдзар халыныл ныллæууыдысты. Уæд Сырдон дæр сæ фарсмæ балæууыд æмæ хæдзар халы семæ.

Æфсымæртæ дисы бацыдысты 'мæ йæ фæрсынц:

— Цы кæныс, Сырдон, мах дын дæ хæдзар куы халæм?

Цы кæнын зæгъгæ цын загъта. — Ме 'фсымæртæ не стут? Хæдзар мын куыннæ скæндзыстут!

Ныууагътой йæ йе 'фсымæртæ, нал ын фехæлдтой йæ хæдзар, амæн ничи ницы бакæндзæн зæгъгæ.

## СЫРДОН ÆМÆ ЧЪЫНТЫ 'ЛДАР

Иу æлдар уыди фыд чъынды, иугæндзон æппæлыди йæхицæй: «Мæнæй зæнддджындæр нæй, мæнæй сæрæндæр нæ райгуырдзæни, нæ мыл сайд æрцæуы, нæ мæ исты фесæфы, нæ мæ исты фæхъауы».

Хъуыстой адæм Чъынты 'лдармæ, уæдæ цы. Уæд æм иу хатт Сырдон дæр хъусы 'мæ йæ фæрсы йæхæдæг.

— Нарты Сырдоны зоныс?

— Нæ йæ зонын, фæлæ йæ хъусын.

— Цы дзы фехъуыстай?

— Тынг сайагæй йæ зонынц иууылдæр.

— Æмæ дæ нæ уырны?

— Цæмæй мæ уырна, нырмæ мæныл ницы зиан æрцыди 'мæ мæ уый ц' асайдзæни.

— Хорз, хъуамæ дын æй æркæнон.

— Æркæн.
— Цæуыл фидауæм?
— Дæу цæуыл фæнды?
— Æз фехъуыстон дæумæ тинтычъи тын ис, уый.
— Ис мæм! — зæгъы Чъынты ’лдар.
— Гъеуымæй мын куырæттаг радт.
— Раддзынæн.
— Месты фаг дæр мын дзы радт.
— Раддзынæн месты фаг дæр.

Райста Сырдон месты ’мæ куырæтваг тинтычъи тынæй Чъынты ’лдарæй æмæ ацыди Сырдоны ’ркæныны фсон. Цасдæр рæстæджы фæстæ ’рбаздæхти ’мæ зæгъы Чъынты ’лдарæн:
— Сырдон нæ цæуы.
— Цæуылнæ?
— Мæ уæлæ дам ницы ис æмæ куыд ацæуон, мæ куырæты хуызæн æй хъæуы.
— Ахæсс мæнæ тын, æрмæст мын æй мæ цæстæн уынын фæкæн, цавæр Сырдон у?

Сырдон зæгъы:
— Дæ цæстытæ йæ уындзысты, æндæр ма дын æй куыд фенын кæнон?

Сырдон тинтычъи тын ахаста, йæхæдæг дзы уæлæдарæс бахуыйынкодта, æмæ йæ Нартæ фæрсынц:
— Кæм дын уыди тинтычъи тын, дæхи дзы куы сфæлыстай — куырæт, местæ, цухъхъа, зæнгæйттæ?
— Чъынты ’лдары расайдтон.
— Æ, кæд уый ды никуы асайай, дон нуазгæйæ дæр донæн фæуынæй тæрсы æмæ йæ ды кæцæй асайдтаис.
— Нæ уæ уырны? — фæрсы Сырдон.
— Куыд нæ бауырна? — зæгъынц Нартæ.
— Уæдæ мæнмæ ’нхъæлмæ кæсы Чъынты ’лдар æрцæуынмæ дыууæ фæндаджы астæу æмæ йæм акæсут.

Нартæ акастысты ’мæ зæгъынц:
— Уæллæй, Сырдон, лæг дæ!
— Лæг дæн, уæдæ Нарты хуызæн æнæсæрæн исты дæн!
— Уæдæ ма дзы Нартæн дæр исты расай.
— Кæд мæ ’ртыггаг хистæрæн æвзарут, Нартæ, уæд уын куывдæн кусæрттаг расайдзынæн.
— Разы стæм.

Сырдон йæхи рацарæзта, сæр булкъдаст акодта, бæхыл ысбадти ’мæ æлдары хуызæн рацыди. Рарасти Чъынты ’лдармæ. Æрцыди йæм æмæ йын зæгъы, цыма йæ нæ зоны уыйау:

— Кæмæ ’нхъæлмæ кæсыс, ацы лæг?

Чъынты ’лдар дзуры:

— Нарты Сырдонмæ фервыстон, хъуамæ мæм рæхджы зына.

— Чи йæм ацыд?

— Ам иу хуыцауысконд лæг.

Чъынты ’лдар Сырдоны нал базыдта ’мæ хъуыдыкæны, ауыл мæ тыны хуызæн конд дарæс куы ис!

Æмæ радзуры:

— Дæ дарæсы хуызæн ын тинтычъи тын радтон. Лæгæн местæ ’мæ куырæттаг, Сырдонæн уæлæйы дарæс.

Сырдон зæгъы:

— Æнæбайрайгæ фæуай, цы лæг дæ, мæнæн мæ фосы рæгъæуттæ иуыл мæ дарæсы хуызæн ысты, æмæ дæу кæцæй ысты!

— Нæ, хуызæй зæгъын.

— Гъе, хуыз дæр афтæ, адæм кæрæдзийы хуызæн ысты, æмæ уый тыххæй иу мады фырттæ кæцæй уыдзысты, фæлæ æз федтон, Сырдонмæ цы лæг фæцæйцыд, уый.

— Кæм æй федтай? — фæрсы Чъынты ’лдар.

— Сырдонимæ ныхæстæкодта, æмæ йæ Сырдон нал рауагъта дæумæ.

— Цæуылнæ уæд?

— Сырдон загъта: «Æз кæй хъæуын, уый-иу раздæр хæснаджы тыххæй нард гал æрбарвитæд, стæй мæм бæх дæр рарвитæд, цæмæй фистæгæй ма фæцæуон».

Чъынты ’лдар зæгъы:

— Уыдон ницы сты, фæлæ мæ тинтычъи тыныл тыхсын. Дæ хорзæхæй, мæ бæхы йæм алас, мæнæ уæймæ гал ыскъæрдтон, æмæ уый дæр фæкæн, кæд нæ зивæг кæныс, уæд.

Сырдон зæгъы:

— Дæ хуызæй мæ хуызæн цæрæг уыдзынæ, æмæ дæу тыххæй бахъиамæт кæндзынæн.

— О, о, дæ рын бахæрон, зæгъы Чъынты ’лдар, — зæгъ-иу Сырдонæн æмæ цы лæджы арвыстон, уымæн дæр, Чъынты ’лдар уæм кæсы ’нхъæлмæ. Мæхицæн ацæуæн нæй, уæд меннæ фос ныдздзæгъæлтæ уыдзысты ’мæ ма цы ауæйкæндзынæн?

Сырдон аласта Чъынты ’лдары бæхы, акодта галы дæр æмæ Нартæн зæгъы:

— Мæнæ уын гал куывдæн!

Нартæ дискæнынц æмæ Сырдоны бафарстой:

— Бæх та дын кæй у?

— Чъынты ’лдарæй йæ расайдтон.

— Йемæ ма фосæй цы ис?

— Æнæхъæн рæгъау! Уæймæ цæ тæры.

— Гъеуыдон дæр куы расаис.

Сырдон зæгъы:

— Иу кæстæры мын радтут.

Иу кæстæры йын радтой. Сырдон уымæн зæгъы:

— Æвзæрдæр цы бæх у, уыуыл ацу Чъынты ’лдармæ ’мæ йын зæгъ: «Сырдон кусæрттагмæ ацыди дæ бæхыл æмæ йæм хæдзармæ ссу, дæ фос уал дын æз хъахъхъæндзынæн».

Сырдон йæхи бамбæхста. Нарты кæстæр æрцыди Чъынты ’лдармæ ’мæ йын зæгъы:

— Дæ фосмæ æз фæкæсдзынæн. Сырдон кусæрттагмæ ацыди ’мæ йæм ыссу, æцæг мæ бæх уындæй æвзæр у, фæлæ йæм хъару ис.

Чъынты ’лдар ацыди уыцы ’взæр бæхыл Нартæм. Нартæ сæ Ныхасы уыдысты ’мæ йыл худæгæй мæлынц. Бæх та тæллæхкодта ’мæ фесæфта йæ барæджы, Чъынты ’лдары, æмæ йæхи дæр.

Нартæ зæгъынц:

— Ай чи у, цы тæфкалгæ нæм цæуы?

Æндæртæ зæгъынц:

— Йæ бæхы тæллæхы бын нæ фæкодта.

Аннæтæ зæгъынц:

— Фаджысæй сæхи самæстой, æмæ мах дæр цæгъдынмæ хъавы.

Чъынты лæг дзуры:

— Хуыздæр ма цы уа Нартæм, мæлæты бæх мæм арвыстой.

Нартæ зæгъынц:

— Алкæмæ дæр фервыстам йæхи аггаг фос.

Нартæ Чъынты ’лдары галы сыргæвстой. Чъынты ’лдар зæгъы:

— Уый мæ гал куы у.

Сырдон цыдæр хуызы уым февзæрди ’мæ йын зæгъы:

— Куыд дæ гал у, стæй та мæ зæнгæйттæ дæхи схондзынæ.

Чъынты ’лдар зæгъы:

— Гъеуыдон дæр мæ тинтычъи тынæй ысты.
— Мæ куырæт та?
— Уый дæр.
— Æххæст ма цухъхъа дæр дæхи схон.
— Уый дæр мæ тынæй у.
Сырдон та зæгъы:
— Ацы бæх та?
— Уый дæр мæ бæх у.
Сырдон æмæ Нарты кæстæр Чъынты 'лдары фосы 'рбатардтой сæрвæтмæ 'мæ йæ Сырдон фæрсы:
— Мæ фос дæр дæу ысты?
— О, уыдон дæр.
Сырдон Чъынты 'лдары уадул ныцъцъыкласта 'мæ Нарты хсæн йæхи фæкодта. Æлдар лæбурдта, фæлæ йæ Нартæ сау над фæкодтой. Æмæ йæ фæсырдтой. Йæ фос Нартæн баззадысты, Сырдоны æртыггаг хистæр ыскодтой æмæ куывдтæ кодтой.

## СЫРДОНЫ ХÆРÆГЫЛ ТÆРХОН

Нарты Сырдонæн уыди иу цъæх хæрæг æмæ йын къæлæу ныззади. Сырдон йæ хæрæджы æд къæлæу сæрвæтмæ ауагъта. Хæрæг Сосланы хуымгæндмæ баирвæзти 'мæ таутыл хызти. Сырдонмæ фæхабарчындæуыд:
— Сослан æрцæуы 'мæ дæ мардзæни.
— Цæмæн? — афарста Сырдон.
— Дæ хæрæг æд къæлæу йæ таухуыммæ баирвæзти 'мæ уым хизы.
Сырдон тагъдкодта хæрæгмæ, фæлæ уæдмæ Сослан хæрæджы æд къæлæу сæхимæ 'ркодта. Изæры йæ Ныхасмæ ракодта хæрæджы 'мæ йæ къæлæуы дæр. Нартæй ничи зыдта, Сырдонмæ хæрæг ис, уый.
Сослан фæрсы:
— Ацы хæрæг кæй у?
Нартæй иу дæр афтæ нæ загъта — мæн у.
Сослан хæрæджы йæ хъустæй сивæзта. Хæрæг сырдиагкодта, фæлæ та Нартæй хæрæгæн хицау нæ разынди. Сослан та ноджы хæрæджы хъустæ сивæзта, æмæ хъæр кæны Сослан йæ дзыхы дзаг:

— Кæй хæрæг уæ у, Нартæ?

Ничи та сæтты.

Сырдон дзуры:

— Ныууадз ма нæ, Сослан, дæ хъæры бын нæ фæкодтай, æмæ хæрæг дæр дæу у, уыййæддæмæ афонмæ исчи састаид.

Сослан зæгъы:

— Уæдæ кæд афтæ у, уæд хæрæг мæн фæуæд.

Сырдон фæтарсти, Сослан хæрæджы ку' акæна, уымæй æмæ зæгъы:

— О, Сослан ды хæрæгæй цы кæныс? Уыуыл цæугæ дæ чи фена, уый дын хæрæджы кад кæндзæн, фæлтау æй мæнæн радт, æмæ уадз æмæ, æз уон йæ хицау.

— Фæлдыст дын уæд, Сырдон, æвæддзæгæн дæу у, æмæ нæ сæттыс.

— Мæн кæцæй у, уæд дæуау æмæ уыцы хæрæгау æз дæр æрдиагкæнин.

— Ды раст дæ, Сырдон, æвæддзæгæн дзæгъæл хæрæг у.

— Гъе, Сослан, Хуыцау зæххыл дзæгъæл хæрæджы никуыма фæхизынкодта.

— Уæдæ дæу у?

— О, мæн у, фæлæ куы фæуасы, уæд дæу у. Сабыр куы вæййы, уæд та мæн у. Æз рагæй кастæн дæ дзуапмæ, уымæн æмæ зонын: алы фос дæр йæ хицаумæ гæсгæ у, стæй хæрæг йæ хицауы уаст æгæр куы кæны, уæд цæ уæлдай нæй, къаддæр куы уаса, уæд та мæ хай у, æмæ мын æй радт.

— Уый та цытæ дзурыс, хæрæг Гæтæджы фырт?

— Æмбисонд афтæ у, Сослан: Додзекка, дæумæ дзурын, Годзекка ды мæ бамбар æмæ мæм дæ арм æрбадар. Æз дæр дæумæ дзурын, кæд мын м' арм саразис.

Сослан бамбæрста, Сырдон æй æфхæргæ кæны, уый, æмæ зæгъы:

— Акæн æй, фæлдыст ут уæ кæрæдзийæн, фæлæ ма йæ куы баййафон, уæд дын æй дæ мæрдтыл ныргæвддзынæн.

Сырдон ракодта хæрæджы 'мæ дзуры:

— Хъусыс, мæ хæрæг? Знаггад мауал кæн, кæннод æргæвст æрцæуддзынæ нæ мæрдтæн.

Хæрæг ныууасыди:

— И-гъо! И-гъо! И-гъо!

Сырдон зæгъы:

— О, мæ къона! Сосланæн о куынæ загътаиккам, уæд æй нæ бауырныдтаид. Цæугæ ныр нæхимæ.

Сырдон хæсгардбадт акодта хæрæгыл æмæ йæ ракодта хæрæджы æд къæлæу. Нартæ йыл худæгæй мардысты.

## СОСЛАНЫ МИТÆ

Нарты Сослан балцы цыди 'мæ сæхимæ рацæйцыди. Фæндагыл хизгæ 'рбаййæфта фондзыссæдз хæрæджы. Иууылдæр уыдысты иухуызон, æрмæст дзы иу хæрæджы хæмхудтæ сау тæлм дардтой. Уыцы хæрæг чысыл бæрзонддæр уыди асæй.

Хæрджыты хызта иу æрыгон лæппу. Сослан лæппуйы фæрсы:

— Кæй хæрджытæ дын ысты?

— Мæхи æмæ мæ хицауы! — зæгъы лæппу.

— Уæд чи дæ ды?

— Æз мæнæ хæрджыты гæс.

— Уый уынын, фæлæ дæ хицау та чи у?

— Уæнгуыр!

Сослан дзуры:

— Уæдæ йæм уайгæ 'мæ йын зæгъ мæ номæй афтæ: «Дæ хæлар дæм кæсы».

— Æмæ мæ куы фæрса, чи дæ, уымæй, уæд цы зæгъдзынæн?

— Нæ дæ бафæрсдзæни. Мах Уæнгуыримæ кæрæдзимæ куы фæцæуæм, уæд искæй хъуамæ барвитæм ахæм ныхæстимæ, дæ хæлар дæм кæсы, зæгъгæ. Æмæ уымæй бамбарæм кæрæдзийы.

— Рагæй зонгæ стут кæрæдзиимæ?

— Рагæй, — зæгъы Сослан.

— Кæсыс, никуы йæ загъта, лæг лæджы афтæ хъуамæ ма зона æмæ сусæг митæ кæна, уый раст нæу.

— Ницы кæны, сусæг митæ дæр базондзынæ лæгæй, фæлæ ауай, дæ хæрджытæм дын æз мæ хъус фæдардзынæн.

Лæппу азгъордта Уæнгуырмæ. Куыддæр фæауuон ис, афтæ Сослан хæрджыты рæгъау ратардта Нартæм.

Уæнгуыр дæрддзæфгомау царди. Лæппу æгæр æрæгмæ ныххæддзæ ис.

Зæгъы лæппу Уæнгуыræн:

— Дæ хæлар дæм кæсы.

— Цавæр хæлар?

— Нæ зонын, афтæ мын загъта, мах дам демæ кæрæдзийы хæдзæрттæм куы фæцæуæм, уæд уыцы дзырдтæ кæрæдзимæ фервитæм искæмæн æмæ нæ кæрæдзийы базонæм.

Уæнгуыр та йæ фæрсы:

— Ды цыдæр сусæг митæ кæныс, æмæ мын цæ зæгъдзынæ, æви нæ?

— Сусæг митæ æз бынтон нæ уарзын, уæд цытæ дзурыс? — зæгъы лæппу.

— Уæдæ гъеныр цытæ дзурыс? Кæм ысты мæ хæрджытæ?

— Уый цæм кæсы, стæй ма загъта, сусæг митæ дæр базондзынæ лæгæй зæгъгæ.

Уæнгуыр æмæ лæппу рацыдысты Сосланмæ, фæлæ йæ уым нал æрбайййæфтой.

Уæнгуыр фæрсы:

— Кæм и?

— Канд йæхæдæг нæ, хæрджытæ дæр цыдæр фесты.

Уæнгуыр амæсты ис. Лæппуйы ’хсæрфарс ныххафтласта ’мæ Сосланы расырдта.

Сослан иу ран Сырдоны æрыййæфта. Сырдон йæхицæн хæрæгуæрдон арæзта.

Сослан дзуры:

— Сырдон, иуварс фæндагæй — хæрджыты бын кæныс! Ц’ архайыс уым?

— Мæнæ дын де ’рцыд зыдтон, хæрæгрæгъау æртæрдзынæ, уый фыны федтон æмæ дын хæрæгуæрдон аразын, кæд мæ хæрæгтæрæй бауромис дæхицæн.

— Гъе, уымæй раст дæ. Хæрæгтæрæй мын ныллæуу, æмæ дын мæ милтæлмджын хæрæджы балæваркæндзынæн.

Сослан уыцы хæрæджы Сырдонмæ ’рбатардта ’мæ йæ сивтыгътой Сырдоны хæрæгуæрдоныл. Уæд ыл ысбадтысты уæрдоны. Сослан йæхи фæстæдзæф ауагъта, Сырдон та разæй бадти. Ратæрынц афтæмæй хæрджыты.

Сослан зæгъы:

— Хорз бынат дын радтон.

— Ницы мын у, къахæй цæуинаг нæ дæн.

— О, фæлæ ма зæгъ: ды уæрдонæй уæлдæр зыныс, æз та ныллæгдæр, уæд цæмæн афтæ у?

— Æмæ мæ хæрæгтæрæй куы бауырæдтай.

— О, бауырӕдтон, фӕлӕ ды ӕлдары хуызӕнӕй зыныс, ӕз та ахстлӕджы хуызӕнӕй.

— Нӕ, ӕлдӕрттӕ ахсты хуызӕн вӕййынц ӕнӕуый дӕр. Мӕ хуызӕн мӕгуыр лӕгау ӕргомзӕрдӕ ’мӕ адӕмуарз нӕ вӕййынц.

— Ды гӕды ныхас зӕгъыс, Сырдон, бынтондӕр ӕнӕмбаргӕ ныхӕстӕ, ӕлдар ӕлдар у, мӕгуыр лӕг та — мӕгуыр лӕг.

— Уомӕ ӕз дӕр уый зӕгъын, — дзуры та Сырдон, — мӕгуыр лӕг йе ’лдары фӕласы, мӕнӕ ӕз дӕу куыд ласын, афтӕ.

— Уый уынын, фӕлӕ уӕддӕр хӕрӕгуӕрдонӕй уӕлдӕр цӕмӕн зыныс? Сырдон ахъуыдыкодта, стӕй зӕгъы:

— Цӕмӕй мӕ алы цӕуӕг дӕр уына, ӕз ме ’лдары фӕласын уый.

— Уыныс, уартӕ нӕ иу чидӕр ӕрбаййафы, гъеныр ӕз уӕлдӕрӕй куынӕ кастаин, уӕд ӕй ды нӕ федтаис, ӕмӕ дӕ сусӕгдзӕф фӕкодтаид, гъе, уымӕн дӕн уӕлдӕр дӕр.

Сослан акасти ’мӕ зӕгъы Сырдонӕн:

— Сырдон, хӕрӕг бауыром.

— Цӕмӕ йӕ уыромон?

— Уый хуымӕтӕджы барӕг нӕу.

— Ау, хӕрджытӕ дӕхи куы сты, цӕмӕй дзы тӕрсыс?

— Раздӕр ӕндӕр кӕйдӕр уыдысты, кӕд ныр мӕн ысты, уӕддӕр, ӕмӕ нын хылмӕ цӕудзӕн.

Сырдон хӕрӕджы бауырӕдта. Сослан та йӕм дзуры:

— Уыцы барӕджы ӕз сайдзынӕн, ӕмӕ кӕм н’ арӕхсон, уым мын феххуыскӕн, стӕй ма дын иу хӕрӕг раддзынӕн ноджы.

— Хорз! — зӕгъы Сырдон.

Ӕрбадтысты. Сырдон ӕмӕ Сослан хъӕрӕй худынц. Уӕнгуыр цӕ ’рбаййӕфта, фӕрсы цӕ:

— Ай ӕмӕ чи стут?

Уыдон сӕ худын фӕтынгдӕркодтой ӕмӕ арвмӕ кӕсынц.

Уӕнгуыр цӕ ноджы фӕрсы:

— Сымахмӕ куы дзурын, цӕуылнӕ дзуапп дӕдтут?

Ноджы та худынц, стӕй Сослан зӕгъы:

— Диссаг нӕу, ацы лӕг арвыл куынницы уыны.

Сырдон зӕгъы:

— Ӕдылы ныхӕстӕ дӕр уымӕн кӕны.

Уӕнгуыр арвмӕ скасти, фӕлӕ дзы ницы уыдта. Фӕрсы та цӕ:

— Ц’ агурут арвыл, куы ницы дзы зыны?

Сослан зæгъы:

— Куыд дзы ницы зыны. Хуыцау æмæ йæ ус кафынц æмæ диссаг у уыдонмæ бакæсын.

Сырдон зæгъы:

— Стæй кæд кафынц зыбыты бæгънæгæй, — æмæ та ныххудти.

Уæнгуыр бацыбæл и ’мæ зæгъы:

— Ау, æз дæр куы кæсын арвмæ ’мæ дзы куы ницы зыны, уæд мæ куыд сайут!

— Æмæ куыд кæсыс ды?

— Хæрдмæ скæсын.

— Афтæ нæ.

— Уæдæ куыд?

— Уæдæмæ мæнæ махау уæлгоммæ зæххыл æрхуысс, куы дæ иу цæст, куы де ’ннæ цæст бацъындкæн, æмæ дæм стæй фæзындзысты.

Уæнгуыр бауæндыди ’мæ сæ дыууæйы астæу æрхуыссыди. Райдыдта йæ цæстытæ радыгай цъындкæнын, фæлæ йæ иу цæстæй куырм уыди Уæнгуыр, æмæ йæ дзæбæх цæст куы фæцъындкодта, уæд Сослан фæцырди ’мæ йын йæ дзæбæх цæсты сарт ныссагъта. Уæнгуыр ныхъхъæркодта.

Сырдон æмæ Сослан фæйнæрдæм агæппытæкодтой. Уæнгуыр бакуырм и, æмæ чердæм ацыдаид, уый нал зыдта, сагъдæй баззади. Сослан æмæ Сырдон мæстæймарын байдыдтой Уæнгуыры. Дуртæ ’мæ йыл хъилтæ цавтой.

Уæнгуыр дзуры:

— Мæстæй мæ мауал марут, фæлтау мæ маргæ акæнут. Уæ кæрдтæй мæ цæвут.

Сослан йæ кард ысласта, æввахс æм бацыди. Сырдон æм дзуры:

— Афтæ ма бацу.

— Цы ма, уæдæ?

— Дæ пæлæз хъæдыл атух, дæ кард уыуыл асадз æмæ уал уый бадæдт.

Сослан афтæ бакодта. Уæнгуыр æм фæлæбурдта ’мæ йæ дыууæ дихы фæкодта, кард фæхаудта, æмæ Уæнгуыр зæгъы:

— Æммыст, уе ’ннæйыл дæр ма афтæ куы фæхæст уыдаин!

Сослан æмæ Сырдон ныххудтысты ’мæ дзурынц:

— Ӕндæр ма фен дæ царды, кæд ды махæй никæмæн ницы кодтай.

Уæнгуыр ысмæсты ис. Куырмæй цæ ратæрбатæр систа. Сослан æмæ Сырдон æй басайдтой былмæ æмæ уырдыгæй ахаудта. Ныппырх и, уæдæ цы уыдаид.

Сослан æмæ Сырдон худæгæй мардысты. Уырдыгæй сæ фондзыссæдз хæрæгыл фæхъæркодтой æмæ рацæуынц Нартæм. Сырдон та разæй бады.

Нартæ фæйнæрдыгæй кæсынц æмæ Сырдоны фæрсынц:

— Кæдæм тæрыс уыцы хæрджыты?

— Уæ мæрдтæн, зæгъын, кæд дугъ, мыййаг, уадзут.

— Кæнгæ та цæ кæцæй кæныс?

— Мæгуыр лæгæн Хуыцау рудзынгæй дæр æрыппары.

Уæд Сослан дзуры:

— Хæрæг Сырдон, ацы хæрджыты æз куы 'ртардтон, уæд дæ мæ бæсты дзуапдæттæг чи кæны Нартæн?

Нартæ Сырдоны фæрсынц:

— Чи дзуры дæ уæрдонæй, уый та?

Сослан йæхи систа æмæ зæгъы:

— Ӕз, мæнæ Сослан!

— Ӕмæ цы ныббырыдтæ арф?

—Ницы ныббырыдтæн. Мæнæ Сырдоны хæрæгтæрæй бауырæдтон, æмæ мæ ласы, æз уымæн йе 'лдар дæн.

— Ӕлдар куы цæуы, уæд æй адæм хъуамæ уыной, ды та дæхи нымбæхстай.

Сослан бамбæрста, ай йыл Сырдон хинæй рацыди, уый. Амæсты ис æмæ йæ рахста йæ бынатæй.

Сырдон дзуры:

— Ме 'лдары бынатæй рахаудтон, фæлæ ма мын мæ хæрæг уæддæр радт. Дыууæ хæрæджы мын загътай æмæ мын дзы иуы радт.

— Фæлдысты йын фæу, акæн, ивтыгъд цы хæрæг у, уый, дæ уæрдонимæ.

Сырдон зæгъы:

— Цом, мæ хæрæг, æз дæуæн фæлдыст æрцыдтæн æмæ тагъддæр. Дæуыл лæууын, фæлæ мæ фондзыссæдз хæрæгæн куы ныффæлдиса Сослан, уæд мæ къæхтыл дæр нал ыслæудзынæн.

Нартæ ныххудтысты. Сырдон ацыди йæ хæрæгимæ.

# СЫРДОН ÆМÆ УÆЙЫГ

Нарты Сырдон Нартыхъæуæй хибардæрæй царди, хицæнæй. Сырдон æххормæгтæ дæр æййæфта.

Уæд иуахæмы уæйыг хъæды сугтæ ласта ’мæ былæй ахауди. Йæ зæнг ныццавта, фæлæ æддæ ныллæууын йæ сæрмæ нæ хæссы. Быры йæ фарсыл æмæ ’рбабырыди Сырдоны цæрæнуатмæ. Уæйыг бадзырдта:

— Хæдзаронтæ! Уазæг нæ уадзут?

Сырдон фæтарсти, фæлæ уæддæр радзырдта:

— Гъы, æмæ ды чи дæ?

— Æз дæн Саухохæй Сау уæйыг!

— Ам дæ мæнмæ цы ’рхаста?

— Хъæдæй суг ластон, былæй ахаудтæн æмæ нал лæууын мæ зæнгыл.

Сырдон кæд тæрсгæ фæкодта, уæддæр йæхиуыл фæхæцыд æмæ тыхджын лæгау радзырдта уæйыгмæ:

— Фысым бакæн уæдæ.

Уæйыг æрбахызти. Сырдон æрывæрдта æртыкъахыг* уæйыгæн, ронг ын радавта æмæ райдыдтой хæрынтæ, нуазынтæ.

Сырдон, зæххы хин æмæ арвы кæлæн, фæрсы уæйыджы:

— Хъæдгом дæр тынг дæ?

— Тынг дæн, мæ фарсыл бырыдтæн.

— Хъæдгомгæс дæ хъæуы?

— Афтæ куы уон, уæд мæ бахъæудзæн.

Фæсхæрд ныххуыссыдысты. Уæйыджы цæф райсоммæ хъæды йас баци, æмæ нал лæууы йæ зæнгыл æппындæр. Сырдон æй æмбæрста, фæлæ йын ноджы йæ мастыл цæхх зæрста, фæрсы уæйыджы:

— Афтæ мæм кæсы æмæ фæхуыздæр дæ, зыны мæм афтæ.

Уæйыг æм дзуры:

— Æндæр ма фенæд не ’лгъыстаг, бынтон хæссинаг гъеныр куы бадæн!

— Хъæдгомæн хорз у галы сæрымагъз. Мæ хæдзары фосæй арыдрагъ гæдыйæ фæстæмæ ницы ис, æндæра дын æмбарын дæ рыст.

Уæйыг зæгъы:

— Галæй фылдæр мæ хæдзары ницы ис, фæлæ чи ис ахæм, æмæ уырдыгæй ардæм гал æркæна.

---

* Уома æртыкъах фынг.

— Дæуæй мæ бар куы уаид, уæд дæ галтæй иу ам хъæлækк æрбалæууынкæнин.

— Удæй зынаргъдæр фос дæр нæ вæййы.

— Уæдæ мæ бар уадз!

Сырдон атæхы уæйыджы хæдзармæ 'мæ бадзуры уымæн йæ усмæ:

— Уæ, дзура-мадзура! Дæ лæг нæхимæ хуысгæкæны, ныр ды ам ц' аразыс? Йæ низы тыххæй авд цæды галтæ домы, иннæ ахæм та бæхты дзугтæ. Уыдоны ныр куы радтис, уæд ма дæ лæджы фенис, кæннод амæлдзæн.

Ус дæр фæтæрсы йæ лæгæн — Сырдоны разæй авд цæды галтæ, иу ахæм бæхтæ ратымбылкодта. Сырдон цæ 'ртардта, иу гал дзы аргæвста, йæ сæры магъз ын басмагкæнынкодта, пысырайы æуушæрцъытæ ахустæласта, уымæй цæфтæ бæргæ бабæтты, фæлæ уæйыг тынгдæр фæвæййы.

Сырдон æм дзуры:

— Хъæдгомтæ æхсидынц, фæлæ ма иу гал ноджы куы рауæлдайкæнис, уымæй хорз бакæнис.

— Ракæн дыггаг гал дæр.

Сырдон та ацыд уæйыджы усмæ 'мæ йæм дзуры:

— Уæйыг æрвиты авд сæдæ сæры галтæ æмæ иу ахæм та бæхтæм, йæ цæфтæ 'ндидзынц æмæ фæтагъддæркæн.

Ус зæгъы:

— Æгайтма мын йæхи сæр удыгас у. Фос ыскæнгæ сты. Скæндзыстæм та цæ. Аскъæр, цас агуры, уыдон сеппæт дæр.

Сырдон йæ разæй ыскæны авд сæдæ галы иу ахæм бæхтимæ. Нартæм цæ 'ртардта, иу гал дзы аргæвды 'мæ æмбыд сыджытимæ, пысыраты æуушæрцъыимæ галы магъз цæфтыл нывæры. Уæйыг ныббогъкæны, æмæ Нартæ дисы бацæуынц: «Уый чи у уагæр? Сырдон цы кæны?»

Нартæн сæ кæстæртæй иу Сырдонмæ 'рцæуы. Хабар базоны Сырдоны фæрцы, æмæ лæппу Нартæн радзуры:

— Сырдон æрцахста Нарты знæгтæн сæ тæккæ фыддæртæй иуы, хосы 'фсон ноджыдæр низ хæрамдæр кæны, йæ фос ын сайы 'мæ нын тагъд фынджы дзаг кæндзæн.

Нартæ ныххудтысты, фæлæ фос куы федтой, уæд цæ бауырныдта.

Уæйыджы богъмæ Сырдон тынгдæр йæ фæлывд лæггад райдыдта уæйыгæн æмæ та дзуры:

— О, уæйыг! Æртыггаг гал фæхъæуа дæ бирæ дзугтæй, уый ницы кæны, æххæст ма уый дæр аргæвдæм.

— Аргæвд, бар дæхи.

Сырдон та ратæхы уæйыджы усмæ 'мæ йæм дзуры:

— Дæ лæг фæдзæбæх, къахыл дæр цæуы. Фæлæ агуры авд рæгъауы ставд фос, иу ахæм та бæхтæ.

Ус æй афæрсы:

— Уагæр цæмæн хъæуынц?

— Иуты йæхæдæг хæринагæн хъауы, иннæтæй та йæ хъæдгоммæгæсæгæн йæ хæс фиды.

Ус та сразы. Авд рæгъауы ставд фос, иу ахæм бæхтæ Сырдоны фыддзаг фæкæны, æмæ та цæ Сырдон дæр заргæ 'ртæры Нартмæ. Бацæуы сæхимæ, уæйыг хорз нал у. Уæйыг фæрсы Сырдоны:

— Цæй ма, цы фæдæ?

— Бæргæ фæцыдтæн дæ усмæ мæхæдæг, фæлæ йæ кæугæ, дзыназгæ баййæфтон.

Уæйыг фæрсы:

— Уагæры цы кодта?

— Нартæ дын ныббырстой дæ бæстæм. Бирæ нæ, фæлæ дам сæнычча хъус дæр нал ныууагътой, ратардтой цæ 'мæ кафт самадтой. Акæс рудзынгæй æмæ цæ фенай дæхи цæстытæй.

Нартæн ыстыр куывды бон уыдис. Нуазынц, хæрынц, кафынц æмæ зарынц. Уæйыг цæ куыддæр ауыдта, афтæ зæрдæскъуыд баци. Уæйыджы мард Сырдон донмæ аппæрста. Дон æй аласта 'мæ банцади йæ хæдзары бынмæ. Уæйыджы ус фæкуыдта йæ лæджы мардыл, уæдæ цы уыдаид.

Сырдон Нартæм фервыста:

— Нарты стыр хæдзары искуы мæнæн дæр иу сыкъа сисын куы бауадзиккат, уæд уымæй хъæлæкк дзæбæх бакæниккат, авд авд сæдæ сæрæй уын ыстыр куывд ыскæнин.

Нартæ ныххæррæткæнынц. Фос Сырдонæй райсынц. Стыр куывд ныззилынц Нарты стыр хæдзары. Сырдон иннæ фосы йæхи бакæны. Сырдоны æртыггаг хистæрæн Нартæ бауыромынц — Бурæфæрныг æмæ Уырызмæджы фæстæ. Иу абонæй, иннæ абонмæ Сырдоны 'руаджы, æртæ стыр Нарты адæм куывдыл фæбадтысты.

Стæй арфæтæ систой Сырдонæн. Сырдон хæдзарæн авд сæры фос балæваркодта, æмæ йæ Нартæ дæр уæд сæхи схуыдтой, алы куывды йын бынат лæвæрдтой.

# СЫРДОН ÆМÆ ЙÆ УС

Нарты Сырдон рарынчын æмæ фæдзырдта йæ усмæ. Ус æмбæрста, тæккæ змæлды афон та Сырдон сыфсонкодта ’мæ йæ кусын нæ фæнды, уый. Фæлæ уæддæр йæхи æнæзонæг ыскодта ’мæ йæм бацыди. Фæрсы Сырдоны йæ ус:

— Цы дæ хъæуы? Цæмæ мæм дзурыс? Нырæй æвдæлондæрæй мæ никуы федтай?

Сырдон зæгъы:

— Æмæ æз куынæ уал уон, уæд дæ исты арæхдæр æвдæлдзæни мæнмæ?!

— Куыстафон у, алчи змæлгæ кæны, ды та уæлгоммæ хъилæй лæууыс.

— Нæ, æз хуысгæ кæнын.

— Уый та фыддæр, фæлæ уæд удæгас та ма цæмæн дæ?

— Æмæ лæг ку’ амæлы, уæд цæмæй бæрæг вæййы?

— Уымæн ис æртæ аххосаджы ’мæ æртæ дæр баххæствæййынц.

— Фыддзаг аххосаг циу?

— Йæ къæхтæ ныууазал вæййынц.

— Хорз уæдæ.

Ус ацыди йæ митæм. Сырдон йæ къæхтæ уазал доны нытътъыста ’мæ ныхъхъæрзыдта:

— Мæлын!

Йæ ус æм æрбацыди, Сырдон йæ хуыссæны абырыди. Фæрсы ус:

— Цавæр хъæрзт кæныс?

— Мæлын, фыддзаг аххосаг мыл сæмбæлди, мæ къæхтæ ныууазал ысты.

Ус цæ федта ’мæ фæрсы:

— Уазал ысты, фæлæ хуылыдз та цæмæн исты?

— Хид кæнынц.

— Уæд тæвд уаиккой.

— Ау, тæвд хид куы вæййы, уæд никуы фехъуыстай, уазал хид ракæнгæ.

— Хорз, — зæгъы ус, — фæлæ дыггаг аххосаг та кæм ис дæ мæлæтæн?

— Уый та дзы кæцы у?

— Мæлæты хæд размæ сæр зынгау ыстæвдвæййы.

— Хорз, фендзыстæм.

Ус та йæ митæм ацыди. Сырдон йæ хæдон æхсидгæ доны нытътъыста, стæй дзы йæ сæр æрбатыхта æмæ та хъæрзы:

— Мæлын! Мæлын!

Ус та ’рбауади. Сырдон хæдон амбæхста. Æмæ фæрсы Сырдоны йæ ус:

— Цы та кæныс?

— Мæ сæр æгæр тæвд у.

Ус Сырдоны сæр æруыдта ’мæ фæрсы:

— Тæвд у дæ сæр, фæлæ уазал хид цæуылнæ у?

— Æмæ сæр уазал хид фæкæны, исты къæхтæ сты?

— Уæдæ куыд?

— Сæр хъуыдыйæн у æмæ тæвд хид фæкæны, сæры æвæндонæй къæхтæ размæ н’ ацæудзысты, æмæ уыдон та уазал хид фæкæнынц. Дæ дыггаг аххосаг дæр мыл сæмбæлди.

— Æххæст ма дыл æртыггаг аххосаг дæр куы сæмбæлид, уæд зонин, æцæг амардтæ.

— Уый та ма цы у?

— Уый та уый у æмæ чи амæлы, уый нал фезмæлы, нал дæр дзургæ фæкæны, нал дæр хъусгæ.

— Хæргæ та?

— Нæ дæр хæргæ.

— Нуазгæ та?

— Мард нуазгæ дæр нæ фæкæны.

— Хорз уæдæ.

Ус та йæ куыстмæ ацыди. Сырдон йæхи арасткодта хуыссæны ’мæ æнæ змæлгæйæ баззади, иу хатт ма ныхъхъæркодта:

— Мæлын! Мæлын! Мæлын!!!

Ус æм æрбацыди ‘мæ йæ фæрсы:

— Цы кæныс?

Сырдон нал ызмæлы. Ус æй аратилбатилкодта, æмæ Сырдон куынæ уал ызмæлыди, уæд æцæгæй фæтарсти ’мæ ныхъхъарæгкодта:

— Дæ-дæ-дæй! Ды кæмæн уыдтæ ’мæ кæмæн нал уыдзынæ! Хъæрмæ сыхæгтæ ’рбауадысты, уæдмæ лæгтæ дæр. Маст цæсгæмттæ ’нкъардæй æвдыстой.

Иу зæронд лæг зæгъы:

— Рухсагæн ын исты фенут.

Иу ус уæларынг балæууыди, чи та уæларты митæ кæны. Сырдон хъахъхъæны ’мæ зæгъы йæхицæн: «Мæ ус мын ме ’гасæй ницы фæци, ныр мын мæ фæллой хæрын кæндзæни».

Иу зæронд бурдым ыссыгъта, æмæ фæздæг Сырдоны фындзы хуынчъыты бацыди. Сырдон йæхи нал бауырæдта 'мæ æрыхснырста.

Нартæ зæгъынц:

— Цæр, цæр, Сырдон!

Сырдон райхъал и 'мæ фæрсы:

— Æз цæрон, æви нæ, уый мæхимæ хауы, фæлæ сымах цæмæ 'рцыдыстут?

— Нæ, махæй алчидæр сихор бахордта.

— Уæд та мæ сихор уынæг ыстут.

— Нæ сылыстæджы митæм мах нæ фæкæсæм.

Сырдон та зæгъы:

— Уæхи ма раст кæнут. Сымах куы бахордтаиккат, уæд Сырдоны хъиамæт нал ызмæнтынкæниккат, æмæ уын мæхæдæг хорз фынг æрывæрынкодтаин.

Ус æм дзуры:

— Æмæ уæд та нæ бахордтой?

— Уæд та сæ сихортæм æз фæзындаин, уыдон, мæнмæ куыд æрцыдысты, афтæ.

— Æмæ ды мардыл дæхи куы нымайыс.

— Нал мæлын. Мæ бæсты Нарт амæлæнт, æз дзырд дæдтын: с' алкæй хæрнæджы дæр мæхи хорз фендзынæн.

— Дæ усы дæр демæ кæндзынæ?

— Нæ, уымæй та мæхи хицæнкæнын.

— Цæмæн?

— Мæ удыгасмæ мын Нарты 'рхуыдта, фæлæ ку' амæлон, уæд та мæм сырдты 'рхондзæни 'мæ мæ бахæрынкæндзæни, уый тыххæй нал фидауын.

— Æмæ æнæ усæй цæрдзынæ?

— Цы кæнон, уый куынæ уа, уæд мæхимæ райсдзынæн дыууæ куысты дæр.

— Кæцы дыууæ куысты?

— Иу лæджы куыст, иннæмæй усы куыст дæр.

Нартæ фæхудтысты 'мæ загътой:

— Хынджылæггаг дæ, Сырдон, æмæ хынджылæгкæныс.

Сырдон зæгъы:

— Хынджылæггаг сымах ыстут æмæ мæм уымæн æрцыдыстут, æндæра удæгас лæджы мардыл ничи фæнымайы.

Рацыдысты Нартæ. Сырдон та худгæ кодта.

*Уыдзæн ма.*

## *НАФИ*

* * *

Мæнæ дæс азæй фылдæры дæргъы ирон æвзаг конституцион æгъдауæй нымад æрцыд паддзахадон æвзагыл, фæлæ нæ хицæуттæ иу гæххæтты гæбаз, иу документ дæр сæ уды номыл иронау никуы ныффыстой. Æмæ сæ хъуыдыйы дæр нæй, уымæй сæхæдæг кæй халынц не 'хсæнады сæйраг закъон — Конституци, стæй зонгæ-зонын...

Æмæ уæдæ цы ныфс бавæрæм, нæ адæмы æмæ не 'взаджы фидæн фæрныг æмæ аив уыдзæнис, зæгъгæ, уымæй?.. Ныры уавæры ма куы уой иу æнусы бæрц, уæд нæ ныфс, сæрдыгон митау, атайдзæни. Кæд ма исты нæ бон у саразын не 'взаджы цæрæнбон æмæ нæ национ фидæны охыл, уæд ныртæккæ у аразгæ, æмгъуыдтæ йын нал хъæуы кæнын, ныр дæр тынг байрæджы...

Нымæцæй чысыл адæмты 'взæгты хъысмæт уæлдай дзырддаг сси 50-æм азты дыккаг æмбисы, Сталины хъуыдыйыл — ома, фидæны коммунистон адæймагад дзурдзæн иу æвзагыл — куы ныллæууыдысты Хрущев æмæ партийы сæйраг идеолог Суслов, уæд. Уыцы хъуыдыйы мидис уыд ахæм: зæххы къори æрдзон æгъдауæй дих кæны цалдæр экономикон-политикон-культурон зонæйыл. Уыцы зонæты рæхджы фæуæлахиз уыдзысты раззагдæр адæмты æвзæгтæ. Советон Цæдис, зæххы къорийы иу æхсæзæм хай, у иу зонæ. Ам фæуæлахиз уыдзæн иууыл стырдæр æмæ раззагдæр адæмы 'взаг — уырыссаг æвзаг. Иугæр афтæ у, уæд архайын хъæуы ууыл, цæмæй ацы процесс (ома, ассимиляцион процесс!) рæвдздæр цæуа æмæ тагъддæр ахæццæ уа кæронмæ. Интеллигенцийæ бирæтæ ацы хъуыдыйы фарс рахæцыдысты, сæ уд скъуынгæ, карьерæ саразыны охыл, уæлдайдæр та социолингвисттæ. Йæ ныхмæ уыдысты аивадон интеллигенцийы минæвæрттæ, æмæ 1959 азы Расул Гамзатов загъта, æвиппайды чи айхъуыст дунейыл, уыцы ныхæстæ:

*И если завтра мой язык исчезнет,*
*То я готов сегодня умереть!..*

Ацы ассимиляцион идея сси, бирæ æмбырдты карз тæрхон кæуыл цыд, ахæм концепци чысыл адæмты историон хъысмæтæн! Иу ахæм тæрхоны Мæскуыйы (Дунеон литературæйы институты)

фæдæн æз дæр. Фæрсæй-фæрстæм бадтыстæм зындгонд гуырдзиаг критик Бесо Жгъентиимæ æмæ бадзырдтам: æз рахæсдзынæн рæгъмæ чысыл адæмты хъаст се 'взæгты фидæны фæдыл, уый та — уырыссаг æвзаджы хъысмæтыл сагъæс.

Мæ хъуыды уыд хуымæтæг: нымæцæй чысыл адæмты æвзæгтæн æмæ уыцы æвзæгтыл амад культурæтæн хæссынц мæлæты тæрхон, — нæй, дам, сын историон перспективæ æмæ, цас тагъддæр фесæфой æмæ рæвдздæр ивд æрцæуой уырыссаг æвзагæй, уыйас у хуыздæр. Ацы хъуыды у мæнг. Стыр уырыссаг æвзаджы ницæмæн бахъуыд иннæ æвзæгты сæфт. Ахæм сæфт уырыссаг æвзагæн йæ позици ныры дунейы, тыхыл амад дунейы, лæмæгъдæр цы кæны, æндæр ын пайда ницы у. Нæ хъæуы ахæм ассимиляци стыр уырыссаг адæмы дæр. Уый хъæуы æрмæст цыбырхъуыр карьеристты, нæ партийы разамынды цæсты сæхи æнувыд фæсдзæуинтæй равдисыны охыл. Фæлæ æрмæст мæнг нæу. Уый ма у провокацион хъуыды дæр. Уымæн æмæ чысыл адæмты ардауы стыр уырыссаг адæмыл, ома, уын уырыс исынц уæ национ рæзты фадат, цæмæй уæ национ æвзæгтæ рæхджы фесæфой, ивд æрцæуой уырыссаг æвзагæй, уæхæдæг та, ассимиляцигонд æрцæуат!.. Кæд не 'ппæт дæр, ома, чысыл адæмтæ дæр æмæ нымæцæй стыр адæмтæ дæр, бамбарæм, ацы хъуыды зианхæссæг кæй у дунейы культурон рæзтæн æмæ не 'хсæндзарды та адæмты кæрæдзийыл ардауынмæ арæзт кæй у, уый, уæд нæ амонд! Кæд йæ фæдыл ацæуæм, уæд та кæрæдзимæ схæрам уыдзыстæм, фехæлдзысты нæ культурон бастдзинæдтæ, æмæ бандзыг уыдзæн нæ культурон-историон рæзты процесс...

Жгъенти ранымадта: æз разы дæн, чысыл адæмты æвзæгты хъысмæты тыххæй мæ размæ Джусойты Нафи цы загъта, ууыл. Мах — гуырдзы, ирон адæмæй аст хатты фылдæр стæм, фæлæ чысыл адæмты æвзæгтæ ивд куы 'рцæуой уырыссаг æвзагæй, уæд та мах рад ралæудзæн, æмæ не 'взаг дæр сæфты къахыл ныллæудзæн. Гъе, уый зонгæйæ, æз хъыг кæнын чысыл адæмты æвзæгты хъысмæтыл æмæ дæн, уыдонæн ахæм фидæн чи бæтты, уыдон ныхмæ. Ассимиляцигæнæг хъуыды у адæмты иудзинады ныхмæ, кæрæдзимæ хæрам хæссыны хос æмæ йыл къух сисын хъæуы. Уый нæ, фæлæ ма æз хъыг кæнын уырыссаг æвзаджы хъысмæтыл дæр. Уымæн æмæ нæ Цæдисы адæмты 'взæгтæ куы фесæфой, уæд та стыр уырыссаг æвзаджы рад ралæудзæн æмæ уымæн дæр йæ цæрæнбон сцыбыр уыдзæн.

Мах хьуамæ бамбарæм иу хабар: чысыл адæмты ’взæгтæ сты нымæцæй бирæ адæмты æвзæгтæн згъæр хæдонау, — цалынмæ цæрой æмæ рæзой чысыл адæмты ’взæгтæ, уæдмæ æдас æмæ фæрныгæй цæрдзысты стыр адæмты æвзæгтæ дæр. Æмæ абон нæ Цæдисы стыр адæмтыл нымад чи цæуы, уыдон ахсджиаг хæс у чысыл адæмты ’взæгтæн æнустæм цæрыны æмæ кусыны фадат саразын. Уæд не ’ппæт дæр цæрдзыстæм æмуд-æмзондæй æмæ нæ культурон-историон рæзты перспективæ та уыдзæн æгæрон!..

Уæд мах, чысыл адæмты минæвæртты, фæндыд, Советон Цæдисы Сæйраг Совет куы рахастаид ахæм уынаффæ — адæймагады культурон æмæ æхсæнадон рæзт æнæкъуылымпыйæ цæмæй цæуа, уый сæраппонд хъæуы æппæт æвзæгты æмæ адæмты размæцыдæн фæндиаг уавæртæ саразын. Алы ’взаг дæр, æрмæст ыл иу мин адæймаджы куы дзурой, уæддæр у адæймагады иумæйаг уникалон хæзна æмæ йæ бавæрын хъæуы, цæрын æмæ йын кусыны фадат радтын хъæуы.

Нæ райстæуыд уæд ахæм уынаффæ. Нæй ахæм концепцийæн йæ кой ныры хицæуттæм дæр Уæрæсейы. Æниу дызæрдыггаг нæу, ахæм уагæвæрд райсыны сæр æнæмæнг кæй хъæуы, уый. Стæй канд Уæрæсейы нæ, фæлæ æгас дунейы дæр. Хорз уаид, ахæм уынаффæ куы рахæссид Иугонд Нациты Организаци æмæ ацы хъуыды куы суаид адæймагадæн йæ иумæйаг фæндиаг. Уæд дунейы хъаугъатæй бирæтæ айсæфиккой сæхигъæдæй. Фæлæ уый нырма бæллиц у, искуы сæххæст уыдзæн, уый бæрæг дæр нæй. Æмæ уæдмæ та алы чысыл адæм дæр сæхæдæг хъуамæ архайой се ’взагæн, сæ культурон рæзтæн, сæ историон фидæнæн цæрын æмæ кусыны фадæттæ саразыныл. Уырыс куыд акæнынц — ныфс Хуыцауæй авæр, фæлæ кусгæ та дæхæдæг кæн!..

*2002*

*Владимир КУЗНЕЦОВ*

* * *

...Осетины принадлежат к числу интереснейших в историческом и этнографическом отношениях народов Кавказа. Иранское происхождение их языка резко выделяет осетин среди окружающих народов — грузин, ингушей, чеченцев, кабардинцев, балкарцев, говорящих на кавказских и тюркских языках. Именно эта загадка происхождения и истории осетин

издавна привлекала к ним внимание русской и мировой науки...

Осетинский язык оказал определенное влияние на развитие грузинского языка. Приток осетинских слов в грузинский язык был настолько велик, что способствовал постепенному отходу этого языка от других кавказских языков в сторону сближения его с осетинским. Лингвистами выявлено наличие древнеосетинских слов в современном грузинском языке и бытование в двух картвельских языках — в сванском и мегрельском — древнеосетинских гласных «а» и «и».

*ИСАТИ Мæхæмæт*

* * *

Куд æй зонæн, уотемæй фулдæр гъуддæгтæ конд цудæнцæ, устур хецæутти куд фæндадтæй, уотæ. Раст уæнтæ, ма уæнтæ, уони дзурд «закъон» адтæй.

Нур нæуæг рæстæг разилдæй, æма нин нæуæг фадуæттæ фæззиндтæй. Дигорон диалектæн æ хъурбæл баст ка адтæй, еци бæндæн райхалæн! Уадз æма уобæл дæр æмбарæй ирæзæд литературон æвзаг.

Уæхæн цаутæ берæ ес. Зæгъæн, еу наци уогæй мордвамæ исирæзтæй дууæ диалектебæл дууæ литературон æззаги. Хуннунцæ эрзя æма мокшæ. Марийæгтæмæ дæр уотæ: хуæнхаг-марийаг æма будуйрон-марийаг.

Дууæ хъаурæгин литературон æвзаги ку ирæза, уæд национ културæ дууæ хатти хъаурæгиндæр уодзæнæй. Зæгъæн, дигорон зартæ цæмæн тæлмац кæнæн ирон диалектмæ? Кенæ ба дигорон косгутæ ’ма зæнхкосгутæ цæмæннæ финсонцæ газеттæмæ, журналтæмæ сæхе мадтæлон æвзагбæл? Уадз æма ирæнттæ дæр игъосонцæ дигорон дзурдтæ, ахур сæбæл кæнонцæ сæхе. Етæ дæр нæхе адæмон еумæйаг æвзаги лексикæй æнцæ. Дууæ диалекти, дууæ литературон æвзаги хузтæ кæрæдзей гъæздуг кæнæнтæ.

Нурмæ дæр ирон дзурдтæ хизтæнцæ дигоронмæ, дигорон дзурдтæ ба ирон литературон æвзагмæ. Æмбарæ ку исонцæ, уæдта еци процесс фæккарздæр уодзæнæй. Дууæ диалектемæй ци дууæ литературон æвзаги исирæзонцæ, етæ кæрæдзей гъæздуг кæндзæнæнцæ. Кæрæдземæ хæстæг кæндзæнæнцæ.

Мадта ирон литературон æвзаги ка фæгъгъæздугдæр кæна, уæхæн дзурдтæ ба дигорæнттæмæ берæ минтæ æнцæ... (...)

Цæй, ма байауæрдæн нæхебæл, æма нæ мади 'взагбæл байархайæн карзæй. Гъæуама уой баладæрæн, æма мах фæлтæри архайдæй берæ цидæртæ аразгæ ке 'й. Кенæ нæ къохи ести бафтуйдзæнæй, æма нæ дигорон литературон æвзаг иситинг уодзæнæй нæуæгæй, Геуæргий фарнæ нæ фесæфдзæнæй. Кенæ ба æрмæст дзубандитæбæл басабур уодзинан, æма иннæ фæлтæртæмæ, нур мах ке 'рæййафтан скифтæ 'ма алантæй, еци сугъзæрийнæ дзурдтæ нæбал рахъæртдзæнæнцæ. Дон змеси куд фесæфуй, уой исæфт фæккæндзæнæнцæ...

Нæ мадтæлон 'взаг багъæуай кæнæн! Гъе не 'нккæтемæн дæр не 'хæс æй.

Еци ихæс мах уаргъ æй, куд дигорæнттæ, уотæ. Еци ихæс мах æй, куд оссæгтæ, уотæ. Уой гъæуама лæдæрæн, æма нæ оссаг дууæ диалекти, нæ оссаг дууæ литературон æззаги дони дууæ сугау кæрæдзей федардæр кæнунцæ. Сæ дууæ дæр устур цæгиндзитæ æнцæ нæ йеумæйаг оссаг культурæн; сæ дууæ дæр федар бундор æма устур фæрæзнæ æнцæ нæ йеумæйаг оссаг культурæн; сæ дууæ дæр федар бундор æма устур фæрæзнæ æнцæ нæ йеумæйаг оссаг (ирон-дигорон) æгъдæуттæн дæр! Мах еугурæй дæр еу ан. Не 'взаг дæр куд национ, уотæ еу æй! Гъæуай æй гъæуй алли хузи дæр.

Æнæ 'взагæй нæ Хуцау гоби ма 'скæнæд!

Æнæ национ культурæй нæ Хуцау мизихъагæй ма ниууадзæд!!!

Æнæ нæхе æгъдауæй нæ Устур Хуцау иннæ адæмти рази ма ниууадзæд ходуйнагæн!!!

*1991*

*БУЛКЪАТЫ Михал*

* * *

Нæ мадæлон æвзаг ныртæккæ лæууы сæрсæфыны былыл æмæ цæмæй ма ахауа, уый тыххæй йæ бауромын хъæуы национ æнкъарæнæй ифтыгъд химæлвас тыхæй. Не 'взаг ахæм дагъытъайлаг уавæры кæй февзæрд, уый коммунистон цардуаджы сахъатджын национ политикæйы æфсон фæкодтам. Нæ дзыхæй иу дзырд дæр нæ сирвæзт нæхи удты аххосæгты тыххæй. Ферох нæ ис, не 'взагæн йæ мæсыг йæхи дурæй кæй ныккалд æмæ йын йæ царддæттæг уидæгтæ нæхи тæрхоны лæгтæ быныл кæй ныллыгтæ кодтой. Анымай ма цаутæ æмæ сæ комкоммæ слæуу,

кæддæра дæ сæ мидæрфытæй ирон уды хъарм æрбандавид!

Ирон скъолатæ сæхгæныны фæнд рацыд «нæхицæй». Ирыстоны уæлдæр скъолатæм ахуыры нывæцмæ ирон æвзаг тæфтыл дæр куынæ æруагътой, уæд нæ фыруæзданæй нæ дзыхтæ ныммыр кодтам. Ирыстоны республикæйы паддзахадон æвзаджы къæлæтджын уырыссаг æвзаг бацахста, æмæ нæхи æвзаг та аззад фæсдуар, фæлæ йæ сæрыл ничи рахæцыд. (...)

Æппынфæстаг, не 'взаг «ссæрибар» кодтам йæ национ, йе 'хсæнадон æмæ йæ паддзахадон хæстæй æмæ йæ рохуаты талынг къуымы баппæрстам. Ирон адæймаг йæ хъуыдыйæн национ хуызæг ссарыныл нал батыхстис. Нæ ахуыргæндтæ, стырдæр бынæттæм бырсгæйæ, фидар ныххæцыдысты «стыр авналæнты» æвзагыл. Сæ фыдæлты «чысыл» æвзагæн та æрæхгæдтой йæ зонадон, йæ национ, йæ социалон нысæнттæм цæуæн фæндæгтæ.

Суверенон Ирыстоны уырыссаг æвзагæн паддзахадон æвзаджы бартæ раттын хорз у, фæлæ йын йæ разæй цы ирон æвзаг ныффыстам, уый дæр ихсыд дзыргъайау аппаринаг нæу. Лæмбынæг æркæсын хъæуы, нæ республикæйы бæрнон кусæг йæ хъуыдыты ирон графикон хуызæг скæнынмæ куыд арæхсы, уымæ дæр. (...)

Фæстаг заманты нæ адæмы иу фæлтæр йæ фыруæзданæй йæхицæн «бакуыста» иу æлгъыст миниуæг. Уырыссаг æвзаг «мадæлон» кæмæн ссис, фæлæ культурæ æмæ ирон æгъдау æмгæрон кæмæ не 'рцыдысты, уыдон нын нæ уæздан æвзагмæ кæсынц схъæлæй, æнæрвæссонæй. Ома, нæ европæйаг культурæ иронау ныхас кæнгæйæ куыд хъуамæ равдисæм? Япойнаг фарфоры зынаргъ къусæй бразилиаг къофи куы цымай, уæд иронау дзурыны онг дæхи куыд хъуамæ æрдæлæмæ кæнай? Кæнæ нырыккон стыр политикæйы «гыццыл» ирон æвзагæй куыд сархайдзынæ? (...)

Уырыссагау куы дзурай, уæд дæ хонынц «культурон». Иронау куы ныхас кæнай, уæд та сын дæ «æнæкультурон». Сæ цоты сæрмагондæй хъахъхъæнынц æмæ сын сæ фыдæлты æвзагыл сæ дзыхæй дзырд сæппарыны бар нæ дæттынц. Сæхæдæг, цыфæнды цытджын рабадтыты дæр, сæ политикон хъуыдытæ уырыссагау цъæлтæй рæдувдзысты, уæддæр сæ дзыхæй ирон дзырд не схаудзæн. Брытъиаты Елбыздыхъойы уæрæседзау муссæтæ сæ куы схонай, уæд дын зæгъдзысты, ныхасы ахæм ныллæг культурæимæ царды гуылфæнтæм бацæуæн нæй, зæгъгæ.

*1993*

*АЙЛАРТЫ Измаил*

* * *

Сæфты, тыхсты замантæ бирæ хæттыты скодта Ирыстоныл. Стонг, бæгънæг æййæфтой, хæцгæ-цæугæ низтæй цагъды кодтой, фыдгулты къухæй мардысты, уæддæр сæ ирон хъæстæ æмæ туг, хъæлæс æмæ ныхас, æфсарм æмæ æууæнк, цæсгом æмæ удыбæстæ нæ фесæфтой, уæлахизы тырысайау сæ рахастой æнусты сæрты сæрыстырæй, ныфсхастæй нæ нæрæмон фыдæлтæ. Бæргæ, фыдæлты фарны хæрзтыл абоны æфсæст æмæ фæлыст ирон фæлтæртæ куы ауæрдиккой зынаргъдæр хæзнатау, фæлæ, стыр хъыгагæн, мах бирæ цæмæйдæрты нæ къух систам фыдæлты фарны хæрзтыл. Уыдоны астæу уæлдай мæтагдæр — нæ мадæлон æвзаг. Мадæлон æвзаг свæййы фарны цæсгом кæцыфæнды адæмæн дæр. Адæймаг — хицæнæй, адæм — æмткæй цы æвзагыл хуыздæр фæдзурынц, уыцы зæрдыуаг райсынц. Хетæгкаты Къоста хорз зыдта уырыссаг æвзаг, ныффыста йыл диссагæн хæссинаг аивадон уацмыстæ, фæлæ уырыссаг зæрдыуаг нæ райста. Ирон рыст зæрдæйы уагæй ныффыста «Ирон фæндыр»-ы уæлмонцдæр зарджытæ æмæ æнустæм баззад йæ дзыллæйæн фæзминагæй, сæрхъуызойæ. Къоста «Ирон фæндыр»-ы æмдзæвгæтæ мадæлон æвзагыл куынæ ныффыстаид, уæд баззадаид уырыссаг фыссæгæй.

Чи кæй уæрдоны абады, уый зарджытæ фæкæны, фæлæ мадæлон æвзаг æндæрниан ныхасыуагæй баивынæн бирæ цыдæртæ хъæуы. Æвзаджы баивынимæ аивы зæрдыуаг дæр æмæ уый мидæг и йæ æрдзон хъомыс. Къоста, куыд адæмон зарæггæнæг, афтæ аивады бæрзæндтæм схызти сæууон стъалыйау, йæ уырыссагау фыст уацмысты фæрцы нæ, фæлæ йæ «Ирон фæндыр»-ы зæлты фарнæй. Уыцы æрдзон-гуырдзон царды хъæр нæ бамбæрстой ирон фысджытæй чидæртæ æмæ, Къостайы фæзмгæйæ, уырыссагау фыссыныл сбæндæн сты. Иронæй Уæрæсейы чи райгуырд, уырысимæ чи схъомыл, уыдон се 'взагыл куы фыссой уацмыстæ, уæд сыл зæрдæ нæ худы. Фæлæ Ирыстоны чи схъомыл, ирон цæхх æмæ хойраг чи хордта, скъолайы мадæлон æвзаг чи ахуыр кодта, уыдонæн цы 'фсон и уацмыстæ уырыссагау фыссынæн?

Сызгъæрин талатæ суадзæд мæрдтыбæстæй Брытъиаты Елбыздыхъо!.. Йæ рæстæджы ирон фарны хуыздæр хæрзтæн фесæфынæй тас тынгдæр цæмæй æмæ кæмæй уыди, уый æмбæрста æмæ, фæдисы хъæрау, равдыста уæрæседзау ирон лæджы фæлгонц. Æмбарын кодта ирон адæмæн сæ низыхай Муссæйы фæлгонцы, уæхи дзы бахизут, зæгъгæ, фæлæ мах фыдæйфыртмæ нæ куырыхондæртæм кæд хъуыстам? Абоны Ирыстоны ис мингай муссæтæ, æмæ уыдоны хъусдардæй, архайдæй ирон сывæллæттæ фыдæлты къонайыл сæ мадæлон æвзагæй иртæст æрцыдысты. Мадæлон æвзаджы ныхстуаты уавæр фæзынди ирон цардыуагыл райдайæнæй кæронмæ. Бинонты астæу дæр фылдæр дзурæм уырыссагау. Скъолаты ирон æвзагæй фæсарæйнаг æвзæгтæм ис хуыздæр хъусдард ахуыры уагыл, æмæ ирон сывæллæттæ зивæгæй цæуынц ирон уроктæм. Уыйадыл нæ мадæлон æвзаг фæхауди йе 'рдзон бындурæй, ирон чиныгкæсджытæ азæй-азмæ къаддæргæнгæ цæуынц. Ирон æвзагæн Конституцийы фыстæй паддзахадон æвзаджы бартæ лæвæрд æрцыд, фæлæ барадон уагæй никæцы хъуыддаджы гæххæттыты хъæуы... Куыд фæзæгъынц, бæлас гуыппы тыххæй акалдтам, æмæ æнæ исты пайдайæ лæууы, æмбийы...

*2003*

*САБАЙТИ Сулейман*

* * *

Решению проблемы осетинского языка во многом мешают и беспочвенные дискуссии о двух диалектах. Казалось бы, с научной точки зрения здесь все ясно. Языки, диалекты развиваются по своим законам, их невозможно игнорировать или же менять постановлениями. Они умирают вместе с исчезновением их носителей или сближаются, развиваясь на равных правах вместе, рядом и взаимообогащаясь. Но у нас в 30-е годы нашлись люди, которые по недомыслию наложили табу на дигорский диалект, перестали издавать на нем художественную литературу и периодическую печать, даже устное народное творчество стали переводить на иронский диалект, а в школах запретили обучать детей на родном, материнском языке. Результаты такого грубого, топорного вмешательства в закономерности

развития языков оказались губительными для обоих диалектов. Если раньше, во времена пребывания в Осетии Миллера, разница в словарном составе составляла около 500 слов и их назвали диалектами, то сейчас она превысила 5000 слов, то есть в 10 раз! При всем нашем желании их диалектами можно назвать с большой натяжкой. Они уже самостоятельные родственные языки, выросшие из одного корня. Оба языка обогащают нашу общую осетинскую культуру, служат интересам нашего единокровного аланского народа. История знает немало таких примеров как в России, так и за рубежом, однако это никаких споров не вызывает.

При решении данной проблемы нужно руководствоваться не эмоциями, а исходя из реальных фактов. А они таковы, что на дигорском языке создано богатое устное народное творчество, с дореволюционных времен существует и развивается художественная литература, выходят одна республиканская и две районные газеты, издается общественно-политический, литературно-художественный журнал, работает театр. Наконец, на нем разговаривают около 105 тысяч жителей.

Проблем, связанных с осетинским языком, набралось столько, что для их решения потребуется создать не комиссию на общественных началах, а постоянно действующий комитет при правительстве или президенте. Первейшей его задачей является подготовка закона о языке на основании Конституции РСО—А, а в дальнейшем способствовать его соблюдению всеми без исключения.

*2000*

*ТЛАТТЫ Æмзор*

* * *

Зынгæ англисаг ахуыргонд Дэвид Кристл ныффыста цымыдисаг чиныг — «Æвзæгты мæлæт» æмæ дзы бафиппайдта, ныртæккæйы рæстæг æвзæгтæ тагъддæр кæй мæлынц, уый.

Рæстæмбис нымадæй дунейыл алы дыууæ къуырийы дæр амæлы иу цавæрдæр æвзаг. Уыцы æмгъуыдтæ рæхджы фæтагъддæр уыдзысты.

Зæххы къорийыл ис æдæппæт 6800 æвзаджы (газет «Фаворит», № 2, 2001 аз). Уыдонæй 250 æвзагыл дзуры æппынкъаддæр фæйнæ милуан адæймаджы. Дунейы цæрджытæн сæ фылдæр та дзурынц фондз сæйраг æвзагыл: китайаг, англисаг, испайнаг, хинди æмæ уырыссагыл.

Иннæтæ сты чысыл æвзæгтæ — дзуры сыл дунейы цæрджытæн æрмæст сæ 5 проценты. Зæгъæм, Ног Гвинейы 60 знæмы дзурынц мин æвзагыл. Сæдæгай-дæсгай адæймæгтæ кæуыл дзуры, ахæм æвзæгтæ бирæ ис. Иу адæмы æвзагыл та ма (хуыйны ауре) дзуры иунæг лæг — Сабыр фурды Вануатуйы сакъадахыл цæрæг. (...)

Гъе уымæ гæсгæ, алы адæмы дæр, уæлдайдæр нымæцæй чысыл адæмты, хъæуы се ’взаг хъахъхъæнын. Йе ’взаг, йæ культурæ, йæхи чи хъахъхъæны, уый уыцы иу рæстæг хъахъхъæны дунейы æвзæгтæ дæр, дунейы культурæ, дунейы адæмты дæр.

Ныртæккæ бирæ ныхас цæуы, иронау кæй нал дзурæм, не ’взаг кæй сæфы, уый фæдыл. Тынгдæр та фæдис кæнынц, йæхæдæг иронау чи нæ зоны æмæ йæ бинонтæ дæр ирон æвзагыл кæмæн не ’рвæссынц, уыдон.

Уæдæ цы бакæнын хъæуы, цæмæй ирон æвзаг бынтондæр ма фæцуда, уый тыххæй?

Фыццаджыдæр, йæхи ирон чи хоны, уый хъуамæ дзура иронау, стæй йæ кæстæрты дæр ахуыр кæна уыцы фæткыл. Æппæт скъолаты дæр ахуыр хъуамæ цæуа мадæлон æвзагыл фыццаг къласæй фарæстæммæ. Ацы хъуыддаджы фæдыл хицауадырдыгæй æнæмæнг саразын хъæуы бæлвырд мадзæлттæ. Уæлдæр æмæ астæуккаг сæрмагонд ахуыргæнæндæттæм цæугæйæ хъуамæ алчидæр дæтта фæлварæнтæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ. Цас гæнæн ис, уыйас фылдæр уадзын хъæуы ирон аивадон æмæ ахуыргæнæн чингуытæ, сæ аргъ сын асламдæр кæнгæйæ. Куыстуæтты, организацитæ, уагдæтты хъуыддаджы гæххæттытæ хъуамæ фыст цæуой ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл, кæд ирон æвзаг уырыссаджы æмрæнхъ паддзахадон у, уæд. Куыстуæтты æмæ æндæр рæтты бæрнон бынæттæм æнæ ирон æвзаг зонгæйæ иу лæг дæр хъуамæ æвзæрст кæнæ ист ма цæуа. Æмæ афтæ дарддæр.

*2001*

* * *

**Ирон лæппутæ**
**Мæскуыйы, рестораны зарынц...**
**Фыдæлтон карз мелоди**
**æддæмæ тоны, рудзгуытæ рæдувы...**
**Рæмудзы зарæг —**
**æнусты рис йæ уæнгты зæлы...**
**Бæрзонд люстрæтæ**
**фæхуыдуг сты йæ арф уылæнты...**
**Ӕгомыг оркестранттæн**
**æваст сæ цæгъдæнтæ ивайынц...**
**Фæсарæйнæгтæ**
**цымыдисæй кæсынц æмæ хъусынц:**
**«Кавказ! Кавказ!» —**
**сенсацийау æрзылди залы...**
**Ирон студенттæ**
**тызмæгæй зарынц æмæ зарынц карзæй!..**
**Кæм ысты, уый сæ**
**у рох æмæ сæ æндавгæ дæр нæ кæны!..**
**Сæ цæстытæ — нæртон цæхæртæ калынц...**
**Сæ уæхсчытæ — сæхи уæлæуæз систой...**
**...Нæ бæллын:**
**куы сыл уаид хæххон дарæс — кавказаг!..**
**Нæ бæллын:**
**куы сын фенин сæ хорхаст бæхтæ кæрты!..**
**Фæлæ бæллын:**
**тъымы-тъыматы фæстæ**
**æрбаздæхын**
**мæ бон куы суаид цардмæ**
**æмæ куы фенин**
**мин азы фæстæ дæр**
**ирон лæппуты**
**рагиронау заргæ!..**
**Ӕнхъæвзæд-иу**
**нæ фæстæ дæр ирон туг!..**
**Фæйлауæд-иу**
**нæ фæстæ дæр ирон дзырд!..**
*1967*

*ДЗАСОХТЫ Музафер*

* * *

Никакие законы о статусе государственного не помогут осетинскому языку, если мы всем миром не будем работать над тем, чтобы сохранить его, возродить. Работать постоянно, не уповая только на школу, и дома, и даже на улице. Пора осознать, что для развития нашего языка надо принимать немедленно меры, в первую очередь, перейти на преподавание всех предметов на осетинском языке в объеме неполной средней школы. В свое время я закончил семь классов на осетинском языке, и мне никогда и ни в чем это не помешало. Так что напрасны страхи родителей, что знание родного языка повлияет на усвоение другого. Русским языком я тоже владею в достаточном объеме.

Нам необходимо сегодня иметь не только учебники по различным предметам, они-то уже есть, но и преподавателей математики, биологии и т. д., владеющих осетинским языком. Их нет, а потому о полноценном преподавании пока нечего и говорить, а наши дети как не владеют родным языком, так и не будут. Отсюда — цепная реакция: нет притока молодежи в писательские ряды, некому создавать современную литературу, еще лет 15 если так будет продолжаться, о нашей литературе можно будет говорить лишь в прошлом времени, а там и до языка рукой подать. Собственно, и язык наш уже трудно называть осетинским. Вы послушайте радио, побывайте в театре, почитайте наши газеты и станете в тупик: осетинский это или все-таки искаженный русский.

Пока не поздно, надо создать условия для того, чтобы писатели могли работать и издавать свои книги, почаще и побольше выпускать нартские сказания, народные легенды и предания — это же высочайшие образцы прекрасного осетинского языка!

А, главное, нам необходимо преодолеть нежелание основной массы родителей обучать своих детей родному языку. Детей отрешают от языка прежде всего с их попустительства и даже поощрения. Так что начинать нам придется с воспитательной работы с родителями. Это только один аспект проблемы, но, пожалуй, не самый легкий.

*1999*

*МАЛИТИ Васо*

* * *

В Осетии с начала 30-х г. существует не «русский вопрос», а «дигорский вопрос». У осетин на своем языке общего самоназвания нет — одна часть себя называет иронцами, а другая дигорцами. Таким образом, осетинский язык состоит из двух основных ветвей — дигорской и иронской. В силу того, что иронцы имеют количественное превосходство, их язык был провозглашен общим национальным языком без учета мнения дигорцев. Вот с тех пор идет борьба за законные права дигорского языка. На Северном Кавказе, может быть, даже на Кавказе в целом, от репрессий 30-х годов больше всего пострадали осетины, а среди осетин — дигорцы. Почти все, кто выступал в защиту дигорского языка, были арестованы. Был замучен и убит в ГУЛАГ-е великий поэт Георгий Малиев, создавший свои бессмертные творения на языке-изгое. Народ, потерявший своих лучших сыновей, притих в страхе, ушел в себя и напоминал человека, оглушенного ударом по голове. Но он никогда не смирился с расправой над родным его языком. Те редкие люди, которые смели открыто выражать свой протест, вплоть до начала 90-х годов подвергались наказаниям разного рода. Несколько лет тому назад была принята новая Конституция Республики Северная Осетия — Алания. В результате совместных усилий лучших ученых, писателей, общественных деятелей — как дигорцев, так и иронцев — дигорский язык наряду с иронским и русским стал государственным на территории Северной Осетии-Алании. Но это не нравится кое-кому: как это возможно, чтобы дигорский язык имел такой же статус, как иронский! Цель одна: убрать из Конституции упоминание об этом проклятом языке! К счастью, среди врагов дигорского языка нет ни одного серьезного лингвиста, ни одного талантливого писателя, ни одного дальновидного политика. Те же, кто ратует за единый национальный литературный язык, руководствуясь и сегодня положениями известного «Краткого курса», игнорируют разумные доводы компетентных людей о том, что каждый народ имеет свою собственную судьбу, не похожую ни

на какую другую, что нельзя механически переносить исторически сложившиеся в других странах традиции и порядки на осетинскую почву, и что в мировой практике языкового строительства есть разные подходы к определению национального литературного языка: у норвежцев, к примеру, как и у армян, параллельно функционируют два варианта литературного языка, в Индии наряду с 12 языками санскрит — мертвый язык! — признан государственным. В довольно большой степени дигорский язык в силу своей древности по отношению к иронскому является своеобразным санскритом, только он живой! И кто назовет санскрит диалектом?

В заключение хочу сказать, что иронцы и дигорцы чувствуют себя единым, неразделимым народом. Веками они живут вместе, история не зафиксировала ни одного серьезного противостояния, выходящего за порог семейных отношений.

Властям надо, наконец, обратить внимание на те незаметные «пятна» во взаимоотношениях иронцев и дигорцев, которые ничего хорошего не сулят в будущем. «Братство есть равенство» — говорили древние мудрецы. Не надо ставить дигорский литературный язык в положение того пасынка, о котором я рассказал выше. Несмотря на конституционное признание, на него до сих пор существует негласный запрет на телевидении и радио.

*2001*

* * *

Нæхе æвзаг, нæхе æгъдæуттæ æма фарнæ мах гъæуама макæд мацæбæл баййевæн. Е уотæ нæ амонуй, æма иннæ адæми æвзæгтæ æма фарни хæзнатæбæл устурзæрдæ уæн, зæгъгæ. Нæ. Фал æхе ка нæ уарзуй, е еске дæр нæ бауарздзæй. Дуйнебæл нин нæ фиддæлтæ хуæздæрæн ци ниууагътонцæ, е æй не 'взаг. Уой фæрци нæмæ æрхъæрттæнцæ нæ сугъзæйринæ кадæнгитæ, аргъæуттæ, зартæ, гъарæнгитæ, æгъдæуттæ.

Зæнхæбæл берæ адæмтæ фесавдæй. Егъау горæттæ æма галауантæ ка исаразта, уæхæн адæмтæй дæр абони берети нæбал зонæн. Исæфгæ ба фæккодтонцæ, се 'взаг ке фесавдæй, уой устур бæлахæй. Алци дæр иссерæн ес цæрæг уодæн, фал æвзаг ку нæбал уа, уæд е ба æноси исæфт æй. Не 'взаг æй нæ царди уедагæ æма 'й ма бауадзæн исæскъунун.

*2003*

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

# ÆВЗАДЖЫ ХЪЫСМÆТ

* * *

Цы сты, мæнмæ гæсгæ, нæ мадæлон æвзаджы хостæ, йæ цард цæмæй даргъдæр æмæ нывылдæр цæуа, уый фæрæзтæ?

1. Ирон дзыллæйы демографион уавæр хуыздæр кæнын. Уый у национ хъуыддаг æмæ йын аразын хъæуы социалон фадат. Нацменæн йе 'взаг паддзахадон куы уа, уæддæр ын рæгъы нæ цæудзæн адæмты стыр ныхасы.

2. Æргом аздахын хъæуы хъæутæм, хæхтæм. Уым фадат куы уа, уæд дзы уыдзæн ирон цард æмæ дзы цæрдзæн нæ мадæлон æвзаг. Къоста рацыд Нарæй, Вассо — Къобæй, Георги — Чырыстонхъæуæй.

3. Сывæллæтты рæвдауæндоны уырыссаг æвзаджы æмрæнхъ хъомыладон фæрæз хъуамæ суа ирон æвзаг дæр — горæты. Хъæуты та сæрысуангæй — ирон æвзаг, Дыгуры хъæуты — дыгурон æвзаг.

4. Райдайæн скъолайы (хъæуты) ахуырад аразын хъæуы мадæлон æвзагыл — иронау, дыгуронау. Уый тыххæй хъуамæ уа ахуырадон æппæт фæрæзтæ — чингуытæ æмæ æндæртæ.

5. Астæуккаг скъолайы фылдæр бынат æмæ фылдæр бартæ раттын хъæуы мадæлон æвзаг æмæ литературæйæн. Скъоладзаутæ иронау хъуамæ ахуыр кæной нæ истори æмæ Ирыстоны географи дæр, ирон культурæ æмæ ирон этикет.

6. Скъоладзаутæн хъуамæ фаг æмæ æххæстæй уа, иронау чиныгæй цы хъæуы, уый. Скъолаты чиныгдонтæ хъуамæ ифтонг уой ирон чиныгæй.

7. Ирон скъолатæн ахуыргæнджытæ фылдæр æмæ хуыздæр цæттæ кæнын хъуамæ суа хицауад æмæ æхсæнады бæрнон хæс.

8. Алы скъолайы дæр хъуамæ уа, ирон æвзаг æмæ литературæйы кабинет хæрзифтонгæй. Хъуамæ дзы нывыл кусой литературон æмæ лингвистон къордтæ.

9. Республикæйы хъуамæ æрвылаз дæр арæзт цæуа ирон чиныг æмæ æвзаджы бæрæгбон, алыхуызон конкурстæ.

10. Хъуамæ скъолатæн арæзт æрцæуа мадæлон æвзагыл видеофильмтæ æмæ æндæр ахуырадон фæрæзтæ.

Кадæн хъæуы хъуыддагæй æвдисæнтæ. Стыр æмæ бæрнон хæстæ ис ирон филологон наукæйы раз.

1. Иронау рауадзын хъæуы ирон литературæйы истори, ирон æвзаджы наукон грамматикæ, ирон адæмы истори, ирон этнографи æмæ культурæйы очерктæ. Адонæн раттын хъæуы уæрæх фæндаг, науæд нæ ахуыргæндты фылдæр ирон æвзаг æмæ литературæйыл фыссынц уырыссагау.

2. Рауадзын хъæуы дзырдуаттæ: а) ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат; æ) ирон-дыгурон-уырыссаг дзырдуат, уый ахъаз уаид иу æвзаджы дыууæ къабузы æмхъæздыгадæн, уыдон кæрæдзимæ æрбангом кæнынæн, сæ рæзт иу нысанмæ саразынæн; б) ирон æвзаджы орфографион дзырдуат, уыимæ дыгурон æвзаджы растфыссынады чиныг дæр.

3. Нæ тыхтæ раттæм ирон чиныгмæ. Адæмæн — Нарты эпос, æххæстæй, академион рауагъд. Адæмæн Къостайы томтæ, «Ирон литературæйы библиотекæ» кæронмæ.

4. Фылдæр фæрæзтæ ирон мыхуырæн: «Мах дуг»-æн, «Ирæф»-æн, «Ногдзау»-æн, газеттæн.

Ногæй саразын хъæуы, терминтыл чи кусдзæн, ахæм комитет.

Алчидæр зоны, радио æмæ телеуынынадæн абон цы ахадындзинад ис, уый. Адæм дзæвгар рæстæг æрвитынц телевизоры раз. Фæлæ дзы ирон ныхас хъуысы булæмæргъы зардæй стæмдæр хатт. Цæмæн бахъуыд «Алани»-йæ телесериал æвдисын, кæд æмæ цалдæр каналы æхсæвæй-бонæй дæсгай кинотæ æвдисынц, уæд? Телестудиты фæзынд курдиатджын ног фæлтæр — рацыдысты ирон филологи æмæ журналистикæйы факультетæй, фæлæ та уыдонæн дæр ирон æвзаг разынд хатиаг æмæ æцæгæлон. Уырдыгæй хъуамæ фылдæр хъуысид нæ мадæлон æвзаг. Дзурæнт æвзаджы дæснытæ, ахуыргæндтæ, ахуыргæнджытæ. Æвдисæнт ирон æмæ дыгурон театрты спектакльтæ, фылдæр та театр «Саби»-йы куыстытæ.

Ахæм мадзæлттæ бирæ ис. Ам сæ бæстон нæ нымайын — зоны сæ алчидæр. Ис сын «Паддзахадон программæ» арæзт дæр. Фæлæ ууыл дæр архайæг нæй, æмæ царды нæ цæуы.

Фæдис рагæй хъусæм. Ныр хъæр кæнын нал хъæуы, фæлтау алчидæр зиумæ рацæуæд. Польшæйаг поэт Циприан Норвид

загъта, зæгъгæ, æвзаджы фервæзын кæндзæн карды цыргъ нæ, фæлæ диссаджы сфæлдыстад. Закъон дæр хорз у, фæлæ цард куыстæй рæзы æмæ кусын хъæуы.

Æвзаджы фарст у социалон, политикон æмæ этикон. Цæмæй адæмæн сæхи æвзаг уа, уый тыххæй уыцы адæмæн хъуамæ уа паддзахад, бæстæ. Паддзахад уæвынæн хъæуы зæхх — дæрддзæг, фезмæлæн, фадат. Адæймагæн сæрибарæй йæхи зæххыл кусын æмæ цæрыны мадзал куы уа, йе 'взаг ын фæндаг куы араза, уæд сæ уарздзæн, зондзæн æмæ хъахъхъæндзæн. Уымæ гæсгæ æвзаджы рæстæн хъæуы социалон æмæ политикон уавæртæ.

Фæлæ уыдоны æмрæнхъ æвзаджы цардæн хъæуы этикон æмæ психологон уавæртæ дæр. Адæймаг цæры йæ зæххы сой æмæ йæ адæмы зондæй. Уый намысджын куы вæййы, уæд сын зоны аргъ кæнын. Бирæ ирæттæ (ахуыргæндтæ, фысджытæ, ахуыргæнджытæ) ирон æвзагæй дарынц сæ бинонты, фæлæ сæ бинонтæ иронау нæ дзурынц. Цымæ цавæр закъон ратдзæн уыдонæн æфсарм æмæ намыс?

*1998*

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар*

* * *

Не 'взаг цæмæ 'рцыд, уымæн зæгъæн ис иу дзырдæй: къуырцдзæвæнмæ, бæллæхы уавæрмæ. Ирвæзынæн зонын иунæг хос: ирон æвзаг Ирыстоны хъуамæ суа паддзахадон æвзаг. Ныртæккæ цы æрдæгмадзæлттæ аразæм, уыдон стыр ахъаз фæуой, уый мæ нæ уырны. Конституцимæ гæсгæ Цæгат Ирыстон нымад у социалистон паддзахадыл. Ирæттæ та иннæ адæмтæй фыццаджы-фыццаг се 'взагæй хицæн кæнынц. Æмæ уыцы 'взагæн йæхи бæстæйы йæ бартæ къахыр куы уой, уæд уый цæй паддзахад у! Зонд кæстæрæй хистæры сæрыл куыд нæу, афтæ адæмтæ дæр сæ бæрцмæ гæсгæ нæ фæахадынц, фæлæ сæ хорз миниуджытæй. Уæдæ цымæ раст у, зæгъæм, автономон æмæ цæдисон республикæтæн æмхуызон бартæ кæй нæй, уый? Æрдзы раз не 'ппæт дæр æмсæр стæм. Гыццыл чындзæн стыр чындзæй къаддæр фæлхæстæ нæ хъæуы. Уымæ

гæсгæ мæ фидарæй уырны: æппæт республикæтæ, национ облæсттæ æмæ хæйттæ дæр хъуамæ цæрой иухуызон уавæрты æмæ сын уа иу разамонæг центр. Æвæдза, уæд цас хъæздыгдæр, æнгомдæр уаиккам! Иуæй кæрæдзи æвзæгтæ хуыздæр зониккам, иннæмæй нæ культурæтæ тынгдæр сырæзиккой, сахадиккой.

Зонын æй: Ирыстоны ирон æвзаг цæмæй паддзахадон суа, уымæн бирæ цæлхдуртæ уыдзæни нæхи 'хсæн дæр. Фыццаг къуылымпыгæнæг та басгуыхдзæни советон бюрократи: уый национ хъуыддæгтæ-йедты мæт нæй, йæхи гуылы бын æндзары — йæ хъарм бынат, йе 'нцой цард, йе 'ввонг æфтиæгтæ йеддæмæ йæ ницы 'ндавы. Уæдæ хъуамæ ахæм уавæр саразæм, цæмæй суанг бюрократ дæр бамбара: ирон æвзаг хорз куынæ зона, уæд йæ фæндæгтæ æхгæд уыдзысты.

Мæ фæлтæр ахуыр кодта, æстæм къласы онг æппæт предметтæ дæр (æрдззонæн, арифметикæ, алгебрæ, геометри, ботаникæ, зоологи æмæ а. д.) иронау кæм уыдысты, ахæм скъолайы. Уый нæ ницы бахъыгдардта уырыссаг æвзаг базоныны æмæ уæлдæр скъолатæм бахауыны хъуыддаджы. Мæнмæ гæсгæ нæ раздахын хъæуы ахуыры уæдыккон системæ. Уый æнцонæй æмæ æвиппайды нæ бафтдзæни нæ къухы, ныййарджытæй дæр бирæтæ уыдзысты йæ ныхмæ. Фæлæ æнцоны фæдыл куы ацæуæм, уæд æппындæр никуы ницы сараздзыстæм. Ныййарджытæн та иудадзыг æмбарын кæнын хъæуы уавæр. Советон хицауады фыццаг азты бирæ мадæлтæ æмæ фыдæлтæ сæ цоты скъолатæм нæ уагътой, уæлдайдæр чызджыты. Чи загъта: мæ хæдзары куыстытæ мын чи кæндзæни? Чи та-иу æндæр æфсон ссардта. Фæлæ фæстагмæ бамбæрстой: талынгæй рухсмæ рацæуынæн ахуырæй хуыздæр фæндаг нæй.

Не 'взаг сæфты къахыл æрлæууыд. Йæ фервæзын кæныны тыххæй удуæлдай куыст хъæуы.

Уæд уырыссаг æвзаг та? Уый не стыр бæстæйы иумæйаг паддзахадон æвзаг у. Хорз зонын æй кæй хъæуы, уый гуырысхойаг никæмæн у. Стæй йæ нæ базондзыстæм, зæгъгæ, уымæй дæр мачи тæрсæд: уыйбæрц гæнæнтæ, уыйбæрц фадæттæ ис йæ сахуыр кæнынæн, æмæ сын кæрон дæр нæй.

*1989*

* * *

Иттæг раст загъта Н. Бердяев: паддзахады разамонджыты тæригъæдтæ кæддæриддæр адæмæн фидгæ рауайынц. Ирон æвзаджы авналæнтæ фæуæрæхдæр кæнынæн кæд исчи цæлхдур æвæры, уæд — æппæты фыццаг бынатылмард чиновниктæ, йæ хъæстæ, йæ мыггаг, йæ туг, йе стæг, йæ тъымы-тъыма йе 'нæуынон кæмæн свæййынц, уыдон. Ирыстоны, ирон адæмы 'хсæн цæргæйæ, йæ мад, йæ фыды 'взаг чи нæ зоны æмæ йæ базонынмæ дæр чи нæ тырны, уый нæдæр ирон адæм хъæуынц, нæдæр Ирыстон. Уый хъæуы æрмæстдæр пайдайаг бынат, удæнцой, æхца æмæ алыхуызон уæлæмхасæн бартæ. Гъе ахæмтæ сты «нæ сæфты хъæр, нæ фыдты фыд, нæ худинаг». Æмæ нæм æцæг цивилизацихъæстæ æхсæнад куы уаид, уæд хъуамæ фидар фæтк сæвæриккам: йæ мадæлон æвзагыл йæ къух чи ауыгъта, уыцы ирæттæн бæрзонд бынæттæ ахсыны бар нæй. Президент уа, премьер уа, парламенты сæрдар уа, депутат уа, горæты, районы, хъæуы администрацийы сæр уа – хъуамæ иронæй, уырыссагæй, мæхъхъæлонæй зоной дыууæ паддзахадон æвзаджы: ирон æмæ уырыссаг. Ахæм фæтк раст зондыл бафтауид, карьерæйы фæндагыл æрлæууынвæнд чи кæны, уыцы æрыгон лæппуты æмæ чызджыты. Уыдон сæ бон базониккой, бамбариккой, æнæ ирон æвзаг сын акъахдзæфгæнæн кæй ничердæм ис уый, æмæ йæ бар-æнæбары ахуыр кæнын райдаиккой. Цыбыр дзырдæй, хъуамæ нæ чиновникты цардвæндæгтæ аразгæ уаиккой не 'взагæй. Махмæ та бынтон иннæрдæм у: не 'взаджы хъысмæт аразæг уыцы æнæджелбетт, æнæчетар чиновниктæ сæхæдæг ысты. Æмæ йын иудадзыг йæ фæндæгтæ æхгæнынц, ыссæндынц æй сæ къæхты бын. Кæй зæгъын æй хъæуы, цы фæткы кой кæнын, уый иу боны хъуыддаг нæу, рæстæг æмæ йын фæрæзтæ хъæуы. Фæлæ йын сæрæвæрæн скæнын афон рагæй у: алы адæмтæ суверенитеттыл куы ныххæлоф кодтой, уæд ыл ныххæцын æмбæлди. Мах та уæд не 'вдæлди: нæ «султъы», æвзæгты тыххæй закъоны проектæй зæгъын, ныхасмæ рахастам æмæ ныл ууыл радзур-бадзуртæй рæстæг (8 азы) аивгъуыдта. Гъемæ «султъыйæ» дыууæ æрчъихоры дæр нал рауад.

Фæлæ æппæт аххостæ дæр хицæутты æккой æвæр, уæд уый дæр раст нæу. Къаддæр азымджын не сты, интеллигентты ном кæуыл ысбадт, уыдон: сæ бон нæу ныфсхастæй архайын,

фылдæр хатт арт æндзарынц сæхи гуылы бын, сæйрагдæр куыстытæ рохуаты баззайынц æмæ æнæсæрфат ракæ-бакæтыл ысхæцынц. Æмæ нæ мидбынаты цоппай кæнæм, пъæззыйы уацарæй раирвæзынæн ницы мадзал арæм. (...)

Республикæйы иннæ адæмтæ ирон æвзагмæ рахизынмæ цæттæ кæй не сты, уый дæр нæхи аххос у: не 'взагæй арвистон, хъазæнхъул сарæзтам, ныр нæ афтæ фæнды, цæмæй йæ æндæр адæмтæ сæ уд, сæ дзæцц рахоной! Интернационализм амоны æмсæр-æмбар хæлардзинад. Кæд æз мæ бæстæйы цæргæйæ уырыссаг æвзаг сахуыр кодтон, уæд уырыссаг дæр йæхицæн базын кæнæд – мæ бæстæйы цæры æмæ базонæд ме 'взаг. Махмæ бирæ азты интернационализм кæй хуыдтой, кады зарджытæ кæуыл кодтой, уый та сайæн ми йеддæмæ ницы уыд, æлдар æмæ æххуырсты «хæлардзинад». Кæд дарддæр дæр ахæм «хæлардзинадыл» разы стæм, уæд та ирон æвзаджы кой дæр мауал кæнæм æмæ Ирыстоны кой дæр, фæлæ басæттæм: мах стæм æлгъаг цагъартæ, æрцæуæг хæддзуты æххуырстытæ, нæ куыдзы бон зонæм æмæ йыл хъæцæм.

*1999*

Ведь русские, армяне, евреи, украинцы, азербайджанцы, кумыки, грузины, цыгане, татары, корейцы, ингуши, ногаи, лезгины, чеченцы, кабардинцы — все это пестрое население, кочующее через Моздок и живущее в нем оседло, по-видимому, отнюдь не содействовало возрождению и сохранению национальных осетинских традиций.

*Василий Белов*

*ХОДЫ Камал*

# ÆВЗАГ — АДÆМЫ ФИДÆН

* * *

Цæрæнбонты не ’взаджы уæззау уавæрыл дзурынæй нæхи ’взæгтæ цъиуы ’взæгтæй лыстæгдæр систы. Дзургæ нæ — хъарджытæ дæр ма йыл кæнæм. Æмæ уый кæйдæрты зæрдæмæ нæ цæуы. Фæлæ, уæ хорзæхæй, разындзæн ахæм адæймаг, барвæндонæй зарæджы бæсты хъарæг чи равзара? Уæдæ йæ зæгъæм æргомæй: цалынмæ æвзагаразыны фæндагыл фæстæмæ фæкæсфæкæсгæнгæ цæуæм, цалынмæ афтæ хъуыды кæнæм, нæ иу кæнæ нæ иннæ уынаффæ, мыййаг, уырыссæгты, сомихæгты, дзуттæгты æ. а. д. зæрдæмæ куы нæ фæцæуа, зæгъгæ, уæдмæ нæ нацийы абоны тæккæ дудгæдæр фарста, — нæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæныны фарста, — йæ бынатæй нæ фенкъуысдзæн.

Мæнæн ис иу хорз зонгæ, уырыссаг. Йæ фыд базæронд æмæ амард Ирыстоны, йæ мад дæр афтæ. Йæхæдæг дæр ныртæккæ сывæллон нал у, 60 азмæ æввахс ыл цæудзæн. Йæ ныййарджытæ дæр æмæ йæхæдæг дæр иунæг ирон ныхас дæр нæ базыдтой. Æмæ ахæмтæ сты мингæйттæ. Гъемæ йын æрæджы бауайдзæф кодтон, уанцон, зæгъын нæу... Æмæ мын радта ахæм дзуапп: мæн аххосæй, дам, дзы ницы ис, мæнмæ, дам, Ирыстоны уырыссагау йеддæмæ иронау никуы ничи сдзырдта, уæхæдæг дæр, дам, уæхимидæг фылдæр уырыссагау куы дзурут. Раст загъта! Дæхæдæг дæ хæдзары, уæ фарн бирæ уæд, фæлæ, дæ куыдзмæ цы номæй дзурай, адæм дæр дын æм уыцы номæй дзурдзысты.

Нæ риутæ хойгæйæ, арæх нæхи куыд стыр адæм фæхонæм, кæд нæм æцæгæй дæр ахæм стыр адæмы тугæй исты хæццæ кæны, уæд æппынкъаддæр хъуамæ бакæнæм афтæ: уырыссаг æвзаг нæ зонын цы цæлхдуртæ æвæры æрыгон кæнæ кæцыфæнды кары адæймаджы размæ, ирон æвзаг нæ зонын дæр ын хъуамæ раст ахæм цæлхдуртæ æвæра йæ размæ, уымæн æмæ, табу Хуыцауæн, ирон æвзаг — уырыссаг æвзаджы æмрæнхъ — нæ республикæйы нымад у паддзахадон æвзагыл. Æмæ уæд, нæ

чысыл Ирыстоны цæрынæй-хæрынмæ «а» æмæ «о»-йæ цы бирæ нацитæ æмæ адæмыхæттытимæ цæрæм, уыдон — абон куы нæ уа, уæддæр райсом — ахъуыды кæндзысты: адон æцæгæй дæр стыр адæм куы нæ уаиккой, уæд се 'взаджы фидæныл афтæ зæрдиагæй нæ тыхсиккой. Æмæ цæмæй афтæ уа, уый тыххæй та рахæссын хъæуы нывыл, не 'взаджы абоны уавæрæн дзуапп чи дæтты, ахæм — чи зоны, карз! — закъонтæ. Уæд, куыдфæстæмæ йæ тыхыл тых цы хохаг донæн æфты, уыйау цардхъомдæр æмæ нуарджындæр кæндзæн не 'взаг æмæ йæхæдæг фæндæгтæ агурдзæн адæмы зæрдæтæм, нæ царды алы къабæзтæм. Кæд уырыссаг æвзаг нæ зонгæйæ нæй бацæуæн канд бæрнон бынатмæ нæ, фæлæ кæцыфæнды куыстмæ дæр, ахуырмæ дæр, уæд ирон æвзаг нæ зонæг дæр ахæм уавæры хъуамæ уа. Кæй зæгъын æй хъæуы, æвиппайды нæ. Фæлæ нын ахæм фæндаг йеддæмæ æндæр фæндаг нæй. Æнæ афтæ бакæнгæйæ, нæ бирæ наукон кæнæ зонадон конференцитæ, нæ бирæ æмбырдтæ, алымыггаг сидтытæ, къамистæ æмæ программæтæ уыдзысты æвдæлон адæймаджы митæ. Æз революцитæм сидæг нæ дæн, фæлæ — кæнæ реалон санчъехтæ, кæнæ та ныхъхъус уæм æмæ нæхæдæг нæхи ма сайæм. Ис хорз китайаг æмбисонд: «не перегнешь — не выпрямишь»... Æмæ цыма уыцы æмбисонды хъомыс абон махæй æхсызгондæр никæй хъæуы, афтæ мæм кæсы. Ныр уæ фæрсын: йæ мадæлон æвзагыл æгæрмæгуыр «æри баппа» зæгъын дæр чи нæ базыдта, уый уыцы æвзагыл нывæфтыд æмдзæвгæтæ куыд хъуамæ сфæлдиса?

Не 'ппæты иумæйаг хъарутæй уæлдæр сисын хъæуы фыссæджы ном æмæ кад. Æз никæй дæлдæргæнæг дæн, фæлæ, дзырдæн, ирон нывгæнæг, композитор кæнæ архитектор йæ бон у æмæ æнтыстджынæй куса Вьетнамы, Германы кæнæ Америкæйы. Ирон фыссæг та Ирыстоны, ирон адæмы йеддæмæ никæй хъæуы — мин æвзагмæ йæ куы ратæлмац кæнай, уæддæр. Уымæн æмæ, дзырдæн, суанг генион композитор дæр нацийы æвзаг аирвæзын кæнынæн ницы ахъаз фæуыдзæн. Уæдæ ма ныр ахъуыды кæнæм: цымæ цы уавæры уаид абон не 'взаг дæр æмæ æмткæй нæ адæм дæр, Нарты эпос цы генион кадæггæнджытæ сфæлдыстой, уыдон нæ уæвгæйæ? Уыцы эпосы гуыбынæй рантыстысты Хетæгкаты Къоста æмæ нæ аив дзырды иннæ гиганттæ, уыдоны фæрцы абон махæн ис дзадджджын æвзаг, æвзаджы фæрцы ис ирон адæм, ирон адæм кæй ис, уый

фæрцы та Кавказы — дыууæ ирон республикæйы (Хуыцау сæ рæхджы баиу кæнæд!). Дыууæ республикæйы кæй ис, уый адыл та ис дыууæ президенты, дыууæ хицауады, дыууæ парламенты æ. а. д. Истори не ’взагæн фесæфыны тæрхон куы рахастаид, уæд та абон хуыздæр-хуыздæр уаиккам дыууæ губернийы...

Цæмæй иу кæнæ иннæ адæм историйы аренæйыл мауал уой, уый тыххæй сæ æнæмæнг фесафын кæнæ ныццæгъдын нæ хъæуы — уый тыххæй уыцы адæмы сæвæрын хъæуы ахæм уавæрты, цæмæй мауал зоной се ’взаг.

*2001*

*ГУСАЛТЫ Барис*

* * *

Почему сегодня осетинский язык отторгается? Одна из причин, на мой взгляд, в том, что в школе под маркой хрестоматийности порой изучаются произведения, которые не вызывают у учеников встречного порыва, ибо они малохудожественны, прислуживали власти и идеологии, а не служили верой и правдой художественному слову.

*2003*

*ТЕДЕТЫ Георги*

* * *

Отчего это в любой области культуры, обслуживаемой осетинским словом, в глаза прежде всего бросается застой, глухое нетворческое томление?

Причиной тому — кризис осетинского слова, отошедшего на второй план в сфере производства, в сфере политики и культуры и, что особенно печально, в сфере общения. Оттого сегодня и нет молодых корней, питающих осетинское слово соками родной земли, нет горячих сердец, снабжающих осетинское слово кровью родной группы. Мы выпускаем уже из рук историческое орудие, с помощью которого и возможно историческое освоение эпохи, а вместе с ней и собственной национальной территории, отчей земли, в которой надо быть настолько прочно укорененным, чтобы

ни у кого не возникало соблазна оспаривать этот факт. Язык даже больше, чем орудие. Это — код, данный Богом нации для общения между Господом и сотворенным Им народом. Оттого, наверно, Рерих и напоминал, что если желаешь быть услышанным и понятым Богом, то к Нему следует обращаться не только с вдохновенной верой и чистой душой, но и на своем языке, на своем коде, как это делают корабли, разбросанные по океанским просторам, когда разговаривают с флагманом каждый со своей системой условных обозначений. Потеря такого кода означает обреченность корабля, а в нашем случае — обреченность нации.

*2001*

*ХÆМЫЦАТЫ Албег*

* * *

Великий осетинский языковед Вассо Абаев говорил, что родной язык должен звучать в доме, где воспитывается ребенок. Но сегодня во многих семьях, особенно городских, даже родители не знают язык. Следует подумать о том, как изменить сложившуюся ситуацию. Мне кажется, что большая ответственность лежит на детских садах, школах, училищах и институтах. Если они не обратят внимание на эту проблему, то это закончится плачевно для нашего языка. Основная причина проблем осетинского языка, на мой взгляд, в том, что в осетинской семье национальные устои поколебались, они уже не те, что раньше.

Указом предыдущего президента республики было решено отмечать День осетинского языка и литературы. На мой взгляд, это смешно. А нужно наметить ряд мероприятий и в течение всего года их выполнять, а в День осетинского языка и литературы подвести итоги и наметить новые планы. Праздновать, когда язык умирает, кощунственно. Нужны какие-то другие меры. Препятствий много. Одно из них — осетинская интеллигенция, которая выросла на русском языке. Большинство из них препятствуют, хотя сами того не замечают. Не знают в совершенстве свой язык даже доктора наук, вот им и невыгодно развивать родной язык.

*2005*

*ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ*

## ДЫ ДÆ НÆРТОН

**О Ирыдзыхъхъ, æртхутæгдон уыдтæ,**
**Æртхутæджы бын цас фæкодтай дзир-дзур.**
**Дæ фæстаг зынг нæ ахуыссыд уæддæр,**
**Ыссыгъдис æмæ фестади зæрин хур.**

**Ыссу бæрзонддæр арвы цъæхыл, Ир,**
**Ды — хуры лæппын, хуры фæдыл ахæт.**
**Дæ ном, дæ кадæй дунетыл æрзил,**
**Ныфс райс, нæ зæххыл чи нæма уыд, ахæм.**

**Куыд цæрæццаг уыд де 'ртхутæг кæддæр,**
**Дæ ныфс уæд афтæ алкæд дæр æвдудон.**
**Цыфæнды зын дыл сагъуыйа, уæддæр**
**Ды дæ нæртон æмæ дын нæй фæцудæн.**

# ФÆСАРÆЙНАГ ИРÆТТÆ ИРЫСТОН ÆМÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ ТЫХХÆЙ

*ÆЛБЕГАТЫ Азæмæт*

## ТÆХУДЫ

**Тæхудиаг,**
**иу бæласы аууоны**
**Ирыстоны**
**Терчы фарсмæ,**
**Хъæлдзæг фынтæ**
**чи фены.**

**Тæхудиаг,**
**йæ сау къæсса**
**йемæ Ирыстонмæ**
**чи аласы**
**Æмæ йæ сагъæстæ**
**Къостайы ингæны фарсмæ**
**чи байтауы.**

**Тæхудиаг,**
**йæ фæллад**
**рæсугъд хизæнты**
**чи фæуадзы,**
**Хуры тынтæн**
**чи ахъæбыс кæны,**
**Ногæй царды ад**
**чи базоны.**

*Дамаск*

*ÆЛБЕГАТЫ Бахадин*

# МАДÆЛТЫ АМОНИНАГ...

Зæгъын æз ме 'мтуг адæмæн, Ирыстонæн: æрхæццæ дæн мæнæ мæ фыдæлты зæхмæ, æмæ уæ ссардтон хъæлдзæгзæрдæйæ, мæ хотæ, ме 'фсымæртæ. Мæ размæ рацыдыстут æмæ мын загътат: «*Æгас æрцу!*» Ссардтон уæ, мæнæн æгъдау чи дæтты, буц мæ чи кæны! Мæн стут ныр! Мæ зæрдæ фырцинæй йæ былтæй акалд. Мæнæн ахæм кад æмæ æгъдау, кæм цæрын, уым — Сирийы никуы уыд. Уый хуызæн зæрдæйæн æхсызгон ницы ис дунейы цъарыл.

Фæлæ мын æрмæст иу хъуыддаг хъыг уыди. Мæ рæсугъд Ирыстоны, мæ уарзон Ирыстоны сывæллæттæ се 'ппæт хорз нæ зонынц иронау. Ноджы мын тынг хъыг уыди, нæ хотæ, нæ мадæлтæ, нæ лæгадæм цъæх фæлтæримæ сæхимæ, сæ хæдзæртты æрмæст иронау кæй нæ дзурынц, уый. Хъуамæ уыдон дæр мæ мад Айсæты хуызæн уой: мæ мад Айсæт æрмæст нæхи 'взагыл дзырдта мемæ мæ чысылæй. Æмæ уый фæрцы нæ аскъуыддзаг дæн Ирыстонæй. Тæлфгæ тугдадзинæй мæ бабаста уемæ. Æз курын мæ зынаргъ мадæлтæ æмæ хотæй: уæ хæдзары сабитимæ дзурут æрмæст иронау.

Æз ацы хъуыддагыл тынгдæр уымæн риссын, æмæ мæхи хæдзары кæстæртæ, цыппар сывæллоны (уæ фарнæй хатыр курын се скойы тыххæй) æдзух нæ хъусынц ирон ныхас нæ хæдзары, скъолайы æмæ уынджы та æппындæр нæй фехъусæн ирон дзырд. Фæлæ æз амæлттæ кæнын, цæмæй мын дзурой нæ фыдæлты 'взагыл æмæ мæ уырны: иуафон сыгъдæг сдзурдзысты. Æз æрмæст мæ мады фæрцы куы базыдтон иронау уартæ дард хауæггаг царды, мæ мад æмæ мæ фыд сæхæдæг дæр Ирыстоны нæ райгуырдысты, афтæмæй!..

Хъæуы не 'взаг дунейы æвзæгты 'хсæн. Цæрæд! Æгас цæуæд!

*Дамаск*

*СÆБÆТХЪУАТЫ Рамазан*

# ЦÆРÆД НЕ 'ВЗАГ

Иу мæйы бæрц дæн Ирыстоны, мæ фыдæлты бæстæйы. Кæсын «Мах дуг» — мæ зæрдæмæ тынг цæуы, уæлдайдæр та

— чиныгкæсджыты фыстæджытæ æвзаджы тыххæй. Адæймаг йе 'взаджы хъысмæтæн хицау суа, уый стыр хорз у.

Æз дæн Турчы ирæттæй, йæ бæстæйæ афтæг фыдæлтæн сæ фæндзæм фæлтæрæй. Нырма зонæм нæ мадæлон æвзаг, уымæн æмæ мах, ирон адæм, нæ мадæлты бирæ уарзæм. «Цæмæн афтæ зæгъыс, йæ мады чи нæ уарзы?» — куы бафæрсат, уæд дзуапп ратдзынæн: бирæ бæстæтыл фæзылдтæн æмæ федтон, йæ ныййарæджы чи нæ уарзы, йæ мады хæдзармæ чи нæ уадзы, ахæм адæймæгтæ. Фæлæ æз нæма федтон æмæ нæ фехъуыстон — «Мæнæ ацы ирон йæ мады йæ хæдзарæй атардта!», кæнæ та — «Йæ мадмæ нæ дзуры!» Уымæн æмæ махæн нæ мадæлтæ зынаргъ сты. Цы нын бацамонынц, уымæй нæ фылдæртæ нæ ахизынц, йæ дзырд сæ къæхты бын нæ фæкæнынц.

Мадæлты амонинæгтæй иу у нæ мадæлон æвзаг, æмæ йæ цæмæн кæнæм нæ къæхты бын? Цæмæннæ йыл дзурæм? «Культурни» стæм, æмæ уымæн. Мæнмæ гæсгæ, мадæлон æвзаг чи зоны, чи йыл дзуры, культурон уыдон сты.

Кæмфæды куы цæрæм, уæддæр махæн, ирæттæн, нæ хъысмæт у дыууæ 'взагыл дзурын: нæхи æвзаг æмæ, цы адæмы 'хсæн цæрæм, уыцы адæмы æвзаг зонинаг стæм, æмæ ма ноджы — æндæр æвзæгтæ дæр. Иронау хорз зон, иннæйы — æвзæр, кæнæ иннæ æвзаг — хорз зон, иронау — æвзæр... Уый — нæ! Кæд æмæ мах уыцы дыууæ æвзагыл кæнæ фылдæр æвзæгтыл хорз базонæм, уæд æз зæгъдзынæн, культурон стæм, зæгъгæ.

Ахæм æмбисонд уын радзурон. Мæнæ нæ фыдæлтæ Туркмæ куы цыдысты, уæд, куыд зонут, афтæмæй кæсæг æмæ бирæ æндæр кавказаг адæмыхæттытæ дæр афтыд. Уыдонæй уыдысты убыхты («убик»-тæ) дæр. Ничиуал дзы баззад Кавказы зæххыл, уымæн æмæ сæ паддзах Никъала тæргæ кодта, Турчы султан та сæ — хонгæ. Турчы куы æрцардысты, уæд загътой: «Мах талынг адæм стæм. Суæм культурон адæм». Фæлæ — куыд? Ахъуыды кодтой, æмæ сæм хуыздæр фæкаст туркагау дзурын, æмæ мадæлон æвзагыл нал дзурын. Цæры дзы бирæтæ, фæлæ хи æвзагыл дзурæг нал баззад.

Мæнæн мæ бон нæу сымахæн зонд амонын, æз дæн æцæгæлон бæстаг. Мæнæ — мæ хъуыды, мæнæ — ме 'мбисонд. Бар — уæхи.

Мæ мадæлон æвзаг базыдтон, фыццаджыдæр, мæ мадæй. Хъуамæ йæ хъусгæ рацæуæм ныййарæгæй.

*1988*

*БЗАРТЫ Руслан*

# ИРОН ÆВЗАГ: ФЕСАФДЗЫСТÆМ ÆЙ ÆВИ ЙÆ ФЕРВÆЗЫН КÆНДЗЫСТÆМ?

Абон Ирыстоны раз цы проблемæтæ лæууы, уыдон характерон сты, йæ национ иудзинады æмæ химбарынады хъуыддæгты европæйаг авангардæй фæсте чи баззад, уыцы адæмтæн се 'ппæтæн дæр. Сæ алыг кæнынæн дунейы дзырддзæугæ лæгтæ ссардтой бæлвырд фæрæзтæ. Мæнæ куыд зæгъы испайнаг философ Хосе Гаос: «Хи ивгъуыд замантыл къух сисгæйæ æмæ æцæгæлон уаг, миниуджытæ фæзмгæйæ дæхи араз, уымæй ницы рауад, утопитæй кæцыфæндыйæ дæр куыд ницы рауайы, афтæ. Искæмæ гæсгæ, æвæццæгæн хи рацаразæн ис. Фæлæ дæхи дæ ивгъуыдæй ратонай, уымæн æппындæр уæвæн нæй». Хи рацаразын хъæуы «æцæгæлон, æддæрæгон фæтк, уаг фæзмгæйæ нæ, фæлæ дæ ивгъуыд дугтæ хынцгæйæ, стæй дæхи сæрмагонд фидæныл хъуыды кæнгæйæ».

Дыууæ хъуыддагæй иуæн æнæ равзаргæ нæй — кæнæ дæ национ культурæ рæзын кæн, кæнæ та сразы у культуроннацион деградацийыл, ома сæфты къахыл ныллæууыныл. Фæлæ ацы дыууæ хъуыддагæй иу равзарын айдагъ культурон проблематикæимæ баст нæу. Культурæйы руаджы адæймаг свæййы æхсæны хъуыддæгты зæрдиаг архайæг. Цардæгас традицийы цы бынат ахсы, уымæй аразгæ у йæ фæрнæйдзаг бæрн. Уымæ гæсгæ уæле рауадзгæ мадзæлттæ кæнæ цæттæ хæзнаты æвæрæнтæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнын культурæйæн фаг не сты. Авторитаризм æмæ дихтæ кæнын уымæн зиан йеддæмæ ницы ахъаз сты.

Адæймаг хъуамæ æнкъара, культурæ иу кæй у, дихгæнæн ын кæй нæй, хицæн къордты, партиты, кълæсты дæлбар кæй нæу, уый. Кæй ферохчынди, хъодыгонд чи 'рцыд, уыцы культурон бынтæ, ирон историйы æнæхъæн периодтæ фæстæмæ раздахыныл бирæ бакусын хъæуы. Афон у, ирæтты традицион культурæйы ныхмæ тох нын егъау зиантæ кæй æрхаста, уый бамба-

рынæн. Хорз зындгонд у: национ культурæ ссæндгæйæ æппæтдунеон культурæ дæр ссæст цæуы. Национ культурæйы ахсджиагдæр бындур та æвзаг у. Уый хауы тæккæ цæрæццагдæр, хъæддыхдæр этникон миниуджытæм. Æвзаг адæмы историйæн айдæнау у, æвдисы социалон æмæ культурон рæзт. Профессор Абайты Вассо фыста: «Фидарæй зæгъæн ис: ныртæккæ ирætты рагон историйы тыххæй цы зонæм, уымæн йæ 9/10 хайы æнцайы æвзаджы бæрæггæнæнтыл. Бирæ адæмтæй ирæттæн фидардæрæй зæгъын у сæ бон: «Не 'взаг у нæ истори дæр».

Æвзаг æрмæстдæр хабæрттæ хъусынæн, адæм цæмæй кæрæдзиимæ дзурой, уымæн хъæуы, зæгъгæ, бирæтæ афтæ æнхъæл сты, æмæ уый сагъæссаг хабар у. Фæлæ æвзагæн йæ сæйраг куыст уый нæу. Алы æвзаг дæр у дуне уынæн хæдхуыз амал, хъуыды кæныны æмæ хатыны сæрмагонд фæрæз. Адæймаг цæры æвзаджы мидæг æмæ йæ адæмимæ иумæ (стæй зæххы къорийы æппæт адæмтимæ) тырны дуне æвзаджы фæрцы бамбарынмæ. Æвзаг у æрдзы, дунейы цард (уыдонимæ æхсæнады æмæ культурæйы фæзындтæ) нывыл кæнæн, сæ иу хай иннæмæй иртасæн кусæнгарз. Æвзаджы фæрцы саби фæцалх вæййы дуне æмбарыныл, хатыныл, фæархайы хъуыды кæныныл æмæ а. д.

Æвзæгтæ алыхуызон кæй сты, уый афтæ æмбарын нæ хъæуы, æмæ уыцыиу предметæн цалдæр нысаниуæджы лæвæрдæуы. Нæ. Æвзæгты алыхуызондзинады фæрцы предметмæ кастæуы хибарæй, адæймагмæ райгуыры индивидуалон æнкъарæнтæ, хъуыдытæ. Уымæ гæсгæ кæцыфæнды адæмæн дæр йе 'взаг у æппæтдунеон хæзна.

Ирон дзырд «фарн»-æн æндæр æвзæгтæм иу нысаниуæгимæ ивæн нæй, уымæн æмæ дзы æмбæхст ис космосон гармонийы æнæхъæн концепци: райдай æрвон рухс æмæ Хуыцауы хорзæхтæй æмæ фæу удæнцой, сабыр цард, адæймæгты 'хсæн ахастытæй — алцæуыл дæр æххæссы ацы диссаджы дзырд. Иннахæм «хистæр» æмæ «кæстæр» (адæм къордæй куы уой, йе та исты æгъдау куы кæной, уæд): æнæ ацы дзырдтæй ирон царды хицæн фæзилæнтæн æмæ адæймаджы уагæн, митæн бамбарын кæнæн нæй. Ацы цæвиттонтыл ма журналкæсæг йæхæдæг æнцонæй бафтауид.

Алы адæмтæ дуне æмбарынц, сæ зондмæ, сæ зæрдæтæм æй исынц фæйнæхуызон, æмæ уый се 'взæгтыл дæр фæзыны. Уым сиу вæййы бирæ фæлтæрты, бирæ æнусты фæлтæрддзинад.

Æвзаг у адæмы зондахаст. Æвзаг куы амæлы, уæд адæм дæр мыггагыскъуыд фæвæййы.

В. И. Ленин нымадта: бирæнацион социалистон паддзахад цæмæй ма фехæла, уый тыххæй хъуамæ æппæт æвзæгтæ дæр уой сæрибар æмæ æмсæр, стæй хъуамæ сæ рæзтæн æппындæр мацы къуылымпытæ уа. Ленинон национ политикæйы сæйрагдæр уагæвæрдтæ уыдысты: паддзахадон æвзаг æнæмæнгхъæугæ нæу, алы адæймагæн дæр уæд йæ мадæлон æвзагæй пайда кæныны бар, бæстæйы цæрджытæн саразын хъæуы, сæ мадæлон æвзагыл кæм ахуыр кæной, ахæм скъолатæ.

Советон республикæты Цæдис арæзт кæй æрцыд, уый фæдыл В. И. Ленин фыста: «Надо ввести строжайшие правила относительно употребления национального языка в инонациональных республиках, входящих в наш Союз, и проверять эти правила особенно тщательно. Нет сомнения, что под предлогом единства фискального и т. п. у нас, при современном нашем аппарате, будет проникать масса злоупотреблений истинно русского свойства. Для борьбы с этими злоупотреблениями необходима особая изобретательность, не говоря уже об особой искренности тех, которые за такую борьбу возьмутся. Тут потребуется детальный кодекс, который могут составить сколько-нибудь успешно только националы, живущие в данной республике».

В. И. Ленин цæмæй тарст, уый æрцыд. Уымæн хорз æвдисæн — ирон æвзаджы ныры уавæр. Гуырысхойаг нæу: не 'взаг ис къуырцдзæвæны, тынг тæссаг ын у фесæфынæй.

Фæстаг мин азы дæргъы цы историон цаутæ æрцыд, уыдоныл хъуыды кæнгæйæ зæгъæн ис: ирæттæ ныронг се 'взаг кæй бахъахъхъæдтой, уый кæнæ сæ культурон сгуыхт уыди, кæнæ та сын цавæрдæр æрвон тыхты æххуысæй диссаджы ирвæзт акодта. Зонады барæнтæй баргæйæ, æвæццæгæн, фыццаг «кæнæ» растдæр у, фæлæ уæд абоны ирæттæ сæ мадæлон æвзагыл афтæ стырзæрдæ цæмæн систы? Æнæмæнг йæ куыст бакодта æндæр хъуыддаг дæр: ирон æвзаджы сæрыл дзурын бирæ азты дæргъы нымад уыди национализмыл, кæд уырыссаг æвзаг парахатгæнæг басгуыхтаис, уæд та дыл æцæг интернационалисты ном сбадтаид. Цæвиттон, æвзæгтæ æмсæр-æмбар нæ уыдысты. Æмæ уыцы хъуыддаг бамбæхсыны охыл æрымысыдысты билингвизм, ома уыцыиу рæстæг дыууæ 'взагæй пайда кæнын.

Бирæнацион республикæ æцæгæй дæр хъуамæ дыууæвзагон уа. Фæлæ лозунг: «Дыууæвзагон уæвын — нæ хъысмæт» лæмбынæгдæр раиртасинаг у. Дыуумæ ’взаджы дæр сæ куыст æмхуызонæй куы кæной, дæлдзиныггонд дзы куы ничи цæуа, уæд ахæм уавæр схонæн ис билингвизм. Фæлæ дзы иу иннæйы куы цъист кæна, рæзыны фадат ын куынæ дæтта, уæд уый чердыгон билингвизм у?

Уырыссаг æвзаджы фæрцы нæ бæстæйы нацитæ ныхас кæнынц кæрæдзиимæ. Гуырысхойаг нæу, ахæм æвзаг æнæмæнг хъæуы... Фæлæ бæллæх уый у, æмæ уырыссаг æвзаг Ирыстоны нымайын райдыдтой, ирон æвзаджы чи баивдзæн, йæ бынат ын чи бацахсдзæн, ахæмыл. Уый æрдзы ныхмæ тыхми у. Сæвзæрд æнахъинон уавæр: æвзæгтæ æмсæр, æмбар нал ысты, фæлæ дзы иу ссис иннæйы дæлбар. Афтæмæй та дыууæ æвзагæн уæвæн нæй. Бирæ азты дæргъы ирон æвзаг тард цыдис æхсæны цардæй. Æмæ абон йæ авналæнтæ, йæ гæнæнтæ систы, зæгъæн куыд нæй, афтæ цыбыр æмæ къуындæг.

Ирон æвзагæн скъолаты дæр бынат нал уыд. Æвзаг та, йæ базоныныл цыфæнды тынг куы архайдæуа, уæддæр ахуырадон кусæндæтты — суанг сывæллæтты рæвдауæндæттæй уæлдæр скъолаты онг — хъуыддаг нывыл æвæрд куынæ уа, уæд сæфты фæндагыл цæуы. Уый бамбарынхъом чи нæу, уыдон ныффæрск вæййынц, ирон астæуккаг æмæ уæлдæр скъолатæ, дам каст чи фæуа, уыцы фæсивæдæн Ирыстоны æдде сæ бон кусын нæ уыдзæн. О, фæлæ математикæ, физикæ æмæ химийæн сæ дунеон æвзаг англисаг у, афтæмæй та сæ æндæр æвзæгтыл дæр ахуыр кæнынц. Уæд сын ирон æвзаг нæфæтчиаг у? Ацы тезис раст æрмæстдæр уæд схониккам, æмæ адæймаг иу æвзаг базонын йеддæмæ куынæ фæразид. Фæлæ нын цард нæ хъуыддæгтæ бынтон иннæрдæм аразы. Æппæт дунейы дæр адæмон ахуырады системæ амад цæуы национ культурæйы бындурыл.

Ирон æвзаг зонады æвзаг нал у. Уымæ гæсгæ нæм ныронг цы зонадон терминологи уыд, уый дæр цыма тыхарæзт у, цыма æвзаджы лексикон системæйыл нæ ныхæсы. Ног зонадон æмбаринæгтæ æмæ хъуыдыкæнæн фæрæзтæ та не ’взагмæ æппындæр нал истæуы.

Дунейы литературæйы хуыздæр уацмыстæ ирон æвзагмæ ивыны традици дæр аскъуыд. Уый æвзæрырдæм фæзынд æвзаджы фидауцгæнæн-ахадæн хъомысы рæзтыл.

Ирон ӕвзагӕн йӕ кой, йӕ хъӕр дӕр нал и паддзахадон кусӕндӕтты, йӕ бынат ын бацахста уырыссаг ӕвзаг. Ӕвзӕгты ӕмсӕр-ӕмбарыл ма цы дзурӕм, ирон ныхасӕн ӕхсӕны царды иудадзыг йӕ къабӕзтӕ цагъд куы цӕуынц, уӕд!

Не 'взагӕн йӕ функцитӕ кӕй куынӕг чындӕуы, уый аххосӕй фадат нал ис йӕ рӕзтӕн, ӕмӕ нӕ цӕстыты раз йӕ боны фыддӕртӕм цӕуы, йӕ кад дӕлӕмӕ хауы, бирӕтӕ йыл нал ӕрвӕссынц, нымайынц ӕй цаудыл. Адӕймаджы иудадзыг цӕсты куы 'фтауай, нӕ бӕззыс, нӕ бӕззыс, зӕгъгӕ, йын куы дзурай, уӕд ӕм нӕбӕззыны комплекс фӕзыны. Афтӕ у 'взаджы хабар дӕр.

Ацы уавӕр нӕ хорзмӕ не 'ркӕндзӕн. Йӕ фыдӕлты 'взагыл йӕ къух чи сисы ӕмӕ уырыссагмӕ чи рахизы, уый, ӕвӕццӕгӕн, фенхъӕлы, стыр сгуыхты фӕдӕн, амбылдтон, зӕгъгӕ. Фӕлӕ нӕ уӕрӕседзаутӕ цы 'взаг базонынц, уый уырыссаг культурӕйы стыр ӕмӕ фӕрныг ӕвзаг нӕу. Уый уыцы 'взагӕн йӕ гӕвзыкк, хъӕд-хъиутӕ ауон у. Алы нацитӕ кӕмӕй фӕпайда кӕнынц, ахӕм ӕвзаг фӕстагмӕ ӕрхуымӕтӕг вӕййы, йӕ дзадджджынтӕ фесӕфынц, айдагъ къӕристӕ ма дзы аззайы, жаргоны уавӕрмӕ йӕ бирӕ нал фӕхъӕуы. Дунейы алы рӕттыл чи анхъӕвзы, уыцы ӕвзӕгтӕн се 'ппӕтӕн дӕр сӕ хъысмӕт афтӕ рауайы. Нӕ уӕрӕседзаутӕн сӕ фылдӕр примитивон ӕвзагыл дзурынц, уыцы 'взаг сӕ хъӕуы мӕнӕ ӕрвылбоны царды лыстӕг, утилитарон хъуыддӕгты, ӕцӕг ӕвзаджы ӕрфытӕм нӕ хӕццӕ кӕны, уырыссаг адӕмы удварны ӕвӕрӕнтӕ йын сусӕггагӕй, ӕмбӕхстӕй баззайынц. Ахӕм примитивон ӕвзагӕн йӕ дуне къахыр у, сахъат у, цӕнкуылтӕ у.

Ирон зӕронд ус йӕ цотыцотмӕ гуылмызтӕгонд уырыссаг ӕвзагыл куы фӕдзуры, уӕд ӕй ӕмбаргӕ дӕр нӕ фӕкӕны, уый фидӕны ныхмӕ фыдракӕнд кӕй у. Мардӕуы культурон традици. Дуне арф бамбарӕн, хъуыдыкӕнынад райрӕзын кӕнӕн ис ӕрмӕстдӕр сӕрибар ӕмӕ алцӕмӕй ӕххӕст ӕвзаджы руаджы, стӕй традицийӕн йӕхимидӕг.

Хистӕр фӕлтӕрӕй иутӕ арӕх мӕсты фӕкӕнынц, фӕсивӕды иу хай йӕхи хорз кӕй нӕ дары, уый тыххӕй. Раст ысты, айгъай, сӕ уайдзӕфтӕ. Фӕлӕ — замана: хистӕртӕ нырма нӕ ӕрӕмбӕрстой, сӕ мадӕлон ӕвзагыл сӕхи кӕй атигъ кодтой, кӕй сӕ нал хъӕуы, уый ахxосӕй нӕм кӕй фӕзынд, ӕцӕгӕлон

æвзаджы фæлхæрттыл чи схъомыл æмæ дыууæ культурæйæ дæр (йæхион æмæ æцæгæлонæй) æнæхай чи фæци, ахæм фæсивæды æнæхъæн «æфсад».

Æнæмæнг бакæнинаг хъуыддæгтæ: паддзахады фæкæсын хъæуы ирон æвзагмæ, хъуамæ закъоны æххуысæй хъахъхъæд цæуа; хъуамæ æхсæны царды, культурæйы, куыстады къабæзты йæ гæнæнтæ, йæ авналæнтæ фæуæрæхдæр уой; саразын хъæуы скъолайы агъоммæйы кусæндæттæ, сабитимæ иронау кæм дзурой, ахæмтæ, хъуамæ байгом кæнæм ирон астæуккаг скъолатæ, уæлдæр скъолаты та хъуамæ уа ирон хайæдтæ æмæ къордтæ; саразын хъæуы Терминологон æмæ Ономастикон къамистæ; ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг хъуамæ нывыл æвæрд æрцæуа уырыссаг ахуыргæнæндæтты.

Уырыссаг æмæ ирон æвзæгтæ хъуамæ æмгуыст кæной, хъуамæ дзы иу иннæйы фæндæгтæ ма 'хгæна, цæвиттон, хъуамæ республикæйы æцæг билингвизм уа.

*1990*

*БОРСӔТЫ Таймураз*

# «МАДӔЛОН ӔВЗАГӔН — ПАДДЗАХАДОН ӔХХУЫС»

Нæ мадæлон æвзаджы уавæрыл бирæтæ тыхсынц. Æз дæр ыл тыхсын. Рагæй дарын мæ хъус, ацы темæйыл газетты æмæ журналты цы публикацитæ вæййы, уыдонмæ. Сæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæнын æмæ рæзын кæныныл иннæ адæмтæ куыд архайынц, уый базонынмæ дæр тырнын. Æмæ сæйрагдæр хъуыддаг бамбæрстон: эмоцитæ æмæ хъæстытæ-зарджытæй ницы саразæн и. Хъæуы кусын, профессионалон хуызы архайын. Æвзаг цæмæй йæ функцитæ кæна, уый тыххæй хъуамæ зонай механизм æмæ закъонтæ æмæ сæ царды уадзай арæхсгæ. Ноджы хъуамæ зонай: *цы кæнын хъæуы стæй чи хъуамæ кæна?*

Ам æрымысын æмбæлы дыууæ авторы ныхæстæ.

В. И. Ленин: «Экономика сама определяет для себя язык».

Ошо Раджниш: «Языком овладевают лишь тогда, когда с его помощью человек может заработать кусок хлеба».

Иттæг раст ныхæстæ! Цæвиттон, æвзаг адæймагæн йæхицæн æвзаргæ у, æмæ иннæ сферæты куыд у, афтæ ам дæр æлдариуæг кæны ПАЙДА. Æвзаг хуымæтæджы адæймагæн йæ арм байдзаг кæнынæн кæнæ бынат бацахсынæн куы ницы ахъаз уа, уæд æй ницæмæн хъæуы æмæ йæ ахуыр дæр никуы скæндзæн, йæ сæрты æнæгуырысхотæй æмæ æвæсмонæй ахиздзæни.

«Чи нæ хъæуы, уыцы æвзагæй» скъолаты сæ сабиты бахизыныл архайынц ныййарджытæ дæр. Ахæм бæллæхы уавæры бахауд абон нæ ирон æвзаг. Нæхи хæдзары, Ирыстоны, йæ бынат сси фæсвæндаг, никæйуал хъæуы. Дзæуджыхъæуы уынгты-ма азилут — æрмæст ма дзы искуы-иу хатт фехъусдзыстут ирон ныхас. Искæмæ иронау куы сдзурай (суанг паддзахадон кусæндæтты дæр), уæд дын уайтæкнæ дзуапп авæрдзæни: «Говорите по-русски!» Ирыстоны цæр, цас дæ фæнды, уый бæрц кус цыфæнды бынаты дæр — æнæ ирон æвзагæй дæр дæ хъул сах баддзæни. Паддзахадон æвзагыл нымад у Конституцимæ гæсгæ, фæлæ... *нæ хъæуы.*

Уырыссаг ӕвзаджы уавӕр та Ирыстоны бынтон ӕндӕр у. Астӕуккаг ӕмӕ йӕ уӕлдӕр скъолаты ахуыр кӕнынц, сӕйрагдӕр предметтӕй иу у, хъуыддаджы, тӕрхондоны гӕххӕттытӕ дӕр уыцы ’взагыл арӕзтӕуы, нацитӕ кӕрӕдзиимӕ ууыл ныхас кӕнынц, карьерӕмӕ фӕндагыл дӕр дын уый у ахъаз, газеттӕ, журналтӕ, радио, телеуынӕны дӕр уый — рӕбинаг. Цыбыр ныхасӕй, ӕнӕ уыцы 'взаг дӕ бон ничердӕм акъахдзӕф кӕнын у.

Дыууӕ 'взаджы — дыууӕ фӕйнӕхуызон хъысмӕты...

Бар-ӕнӕбары сӕвзӕры фарст: цы уавӕры стӕм, уымӕн аивӕн ис, ирон ӕвзаг ма рохуаты талынг хъоргъӕй раласынхъом стӕм, «паддзахадон», зӕгъгӕ, цы кадджын ном хӕссы, уыйонгты йӕ нӕ бон сисын у (ныхӕстӕй нӕ, фӕлӕ хъуыддагӕй!), декларативон уагыл нӕ, фӕлӕ реалон хуызы дыууӕ ’взаджы дӕр ӕмсӕр, ӕмбар скӕныны хъару нӕм разындзӕни? Мӕнмӕ афтӕ кӕсы, ӕмӕ у. Растдӕр зӕгъгӕйӕ та: нырма уал у. Ӕмӕ нӕ ам велосипед хъуыды кӕнын нӕ хъӕуы. Мах цы фӕндагыл стӕм, ууыл ацыдысты раздӕры ССР Цӕдисы бирӕ адӕмтӕ, йе 'взаг сӕфты къахыл кӕмӕн лӕууыд, суырыссаг уӕвынӕй тас кӕмӕн уыд, иу дзырдӕй, мах ныртӕккӕ цы низӕй сӕйӕм, уымӕй чи сад, уыдон. Украинӕгтӕ, молдавиӕгтӕ ӕмӕ Балты денджызы был цӕрӕг адӕмтӕй зӕгъын.

Уӕдӕ цы бакодтой уыдон, се ’взӕгтӕ фӕцу ’мӕ ма рцуйы фӕндагӕй раздахыны ӕмӕ сӕ сцӕрӕццаг кӕныны тыххӕй?

Ӕхсӕны царды арӕзт ӕрцыд ахӕм уавӕртӕ: кӕцыфӕнды нацийӕ куы уай, уӕддӕр паддзахадон куыстмӕ дӕ бон бацӕуын у, паддзахадон ӕвзӕгтӕ куы зонай, ӕрмӕстдӕр уӕд... Ацы фӕтк сӕвӕрынӕн бахъуыди барадон бындур. Ӕмӕ республикӕты рахастой сӕрмагонд уынаффӕ: «Ӕвзаг чи хъуамӕ цас зона, уый тыххӕй закъон», (Махмӕ та ӕрмӕст «Ӕвзаджы тыххӕй закъон» рауагътой. Уый дӕр хъӕуы, ай-гъай, фӕлӕ айдагъ деклараци у, ничи йӕ ницӕмӕ дары. Ноджы сӕм фӕзынди «Ӕвзаджы квалификацион домӕнты тыххӕй уагӕвӕрдтӕ» — алы дӕсныйӕдтыл хӕст чи у ӕмӕ бынӕттӕ чи ахсы, уыдонӕн.

Цӕвиттон, арӕзт ӕрцыд, ӕвзаг мӕлӕты къахӕй раздахынӕн ӕнӕмӕнг чи хъуыд, ахӕм фадӕттӕ. Райдайӕнты ӕппӕт информацион фӕрӕзтӕ дӕр цъиувӕдис систой. Фӕлӕ куыдфӕстӕмӕ ӕрсабыр ысты. Республикӕты бындурон цӕрджыты ӕвзаг чи нӕ зыдта, уыдон ӕй цадӕггай ахуыр кӕнын байдыдтой, ӕмӕ хъуыддӕгтӕ сӕ гаччы сбадтысты, «Процесс ацайдагъ». Алчи дӕр ӕй бамбӕрста: национ ӕвзаг фервӕзын

кæнынæн мадзæлттæ аразын *хъæуы паддзахадон æмвæзадыл*, ныфсхастæй, макæй бафхæр, афтæмæй,

Афтæ мæм кæсы, цыма мах дæр нæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæныны тыххæй уыцы фæндагыл ацæуын хъæуы. Нæй нын æндæр ирвæзæн хос. Нæй. Ныртæккæ цытæ кæнæм, уыдæттæй та æрмæст нæхи сайæм, зæгъæм, 13-æм ирон скъола саразыны хъуыддаг куыд уыди сайæн ми, афтæ.

Мах уавæртæ хынцгæйæ, ай-гъай, уæлдæр цы адæмты кой скодтон, уыдоны бæрц æнтыстытæ нæ къухы æвиппайды нæ бафтдзæн. Архайын хъæуы уæззау зондыл хæцгæйæ. Фæлæ райдайынæн афон у, стратегион фæндагыл хъуамæ æрлæууæм æмæ базмæлæм, цæмæй паддзахадон æвзæгтæ — ирон æмæ уырыссаг — æмсæр-æмбар суой æрмæст гæххæттыл фыстæй нæ, фæлæ хъуыддагæй. Цас рæстæгмæ, уый та специалисттæ сбæрæг кæнæнт. Зæгъæм, 10–15 азы фæстæ республикæйы ахæм уавæр сæвзæрæд: искæцы адæймаг цæмæй паддзахадон кусæджы бынат бацахса, уый тыххæй хъуамæ æнæмæнг зона ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæ. Ахæм закъонтæ æмæ уагæвæрдтæ нæм хъуамæ ныр фæзына, цæмæй бæлвырд æмгъуыдтæм кусын райдайой. Фидарæй мæ уырны: адæттæ саразынхъом куы суаиккам, уæд цыфæнды космополит-ирон дæр æмæ уырыссаг дæр йæ сабийы ирон æвзаджы уроктæй æнæхай нал кæнид.

Рагацау кæйдæр дзырдæппарæнтæ хъусын, уый дискриминаци у, зæгъгæ. Афтæмæй æз æрмæстдæр закъонтæ æххæст кæныныл, паддзахадон æвзæгтæ зоныныл дзурын. Мах цæмæндæр дискриминацийыл нæ нымайæм, уырыссаг æвзаг хорз чи нæ зоны, ахæм адæймаджы паддзахадон куыстмæ куынæ фæисынц, уæд. Ацы уавæр сси фæтк. Уæд дыгай стандарттæй цæмæн пайда кæнæм? Дыууæ ’взагæн дæр сæ статус иухуызон куы у!

Не ’взаг дискриминацион уавæры кæй ис, ууыл бинонычгæй нæ дзурдзынæн, фæлæ уæддæр æнæ зæгъгæ нæй, махæн, ирæттæн, нæ менталитет арæх къуылымпыйы хос кæй вæййы, уый. Наци уæвгæйæ нырма нывыл не ’мбарæм нæ бартæ æмæ сæ хъахъхъæнын дæр нæ зонæм. Национ химбарынад нæм нæ фаг кæны, æнæмæт стæм, æмæ нæ къæхты бын куы ссæстæуы, уæд дæр сыбыртт кæнын дæр нæ фæразæм. Гумилевы загъдау, мах æнæгуырысхойæ комплиментарон адæм стæм. Фæлæ нæ уæздан ахаст арæх æдылыдзинадмæ рахизы, æмæ та фæхæрд вæййæм. Царды ахæм хъуыддæгтæ бирæ ис, стырзæрдæ уæвæн, къух ауигъæн кæуыл нæй. Мадæлон

ӕвзаг уыдонӕн — сӕ ахсджиагдӕр. Дӕ иумӕйаг хӕдзар Ирыстоны дӕ хӕдфарсмӕ чи цӕры, уый дын хъуамӕ де 'взаг зона, зона уыцы 'взагыл кӕсын ӕмӕ фыссын, ды уый ӕвзаг куыд зоныс, афтӕ. Ӕвӕццӕгӕн, уый хуыйны билингвизм.

Ӕмӕ дыккаг ахсджиаг фарста: хъуамӕ закъонмӕ гӕсгӕ паддзахадон разамонджытӕй (президент уа, министр уа ӕви мэр уа) домиккам, цӕмӕй ӕвзаджы уавӕрыл тыхсой, кусой. Уый комкоммӕ сӕ хӕс у, закъон сӕ домы!!! Мах та уыцы уаргъ ӕнӕбон зӕрӕдтӕ ӕмӕ ахуыргӕнджыты ӕккой скодтам. Куыд ис афтӕ гӕнӕн! Паддзахадон ӕвзаг хъуамӕ паддзахад хъахъхъӕна, хъуамӕ йыл паддзахад ауда. Уый айдагъ мах фӕндон нӕу. «Уӕрӕсейы адӕмты ӕвзӕгты тыххӕй» закъоны фыст ис: «Языки народов РФ — национальное достояние Российского государства...

Государство на всей территории РФ способствует развитию национальных языков, двуязычия...»

Куыд ма йын и бӕлвырддӕр зӕгъӕн?! Ӕмӕ раст уаид, бӕрнон бынаты бадӕджы куыстӕн аргъ кӕнгӕйӕ ӕппӕты ахсджиагдӕрыл нымад куы цӕуид, уыцы бынатахсӕг мадӕлон ӕвзаджы рӕзтыл цас тыхсы, уый.

Ӕвзаджы уавӕр нӕм бынтон ӕдзӕллагмӕ ӕрцыди. Бирӕ нӕм фӕзынд афтӕ хъуыды кӕнджытӕ: мӕ цот цавӕрфӕнды ӕвзагыл дзурӕнт, Зӕххыл бирӕ ӕвзӕгтӕ фесты мыггагыскъуыд, ӕмӕ ирон ӕвзаг дӕр уыдон хал куы ахӕра, уӕд уый ницы диссаг у. Хуыцау тӕрхонгӕнӕг уӕд ахӕм адӕймӕгтӕн. Лӕг куырм ӕмӕ къуырма куы уа, уӕд ын цы дӕ бон у? Фӕлӕ цӕстӕй ӕмӕ хъусӕй сахъат уӕвын хъуамӕ фӕтк ма уа. Ӕз дӕр иу лӕгӕй сӕ ныхмӕ цӕхгӕр ӕрлӕууын. Йе 'взаг, йӕ культурӕ цӕстыгагуыйау чи хъахъхъӕны, ахӕмтӕ дӕр нӕм ис, бӕгуы. Ӕвзагыл аудын нацийы ӕнӕниздзинады бӕрӕггӕнӕн кӕй у, уый куы бамбариккам, бӕргӕ.

*P.S.* Ацы уац фыст куы 'рцыд, уӕд базыдтон: 2001 азы 7 сентябры Хуссары Федералон зылды субъектты разамонджытӕн Кисловодскы цы ӕмбырд уыд, уым Уӕрӕсейы Президент В. В. Путин загъта: «Языки малочисленных народов не могут выжить без прямой государственной поддержки».

*2001*

*ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар*

## МАДÆЛОН ÆВЗАГ

**Дæ мады æвзагыл**
**кæд дзурыс, кæд зарыс, —**
**дæ фыдгул ызнагæн**
**йæ сау зæрдæ марыс.**

**Кæд рохæй ыскуыдта**
**дæ мады æвзаг, —**
**йæ къах дыл æркъуырдта**
**дæ фыдгул ызнаг.**

*1980*

*УАРЗИАТЫ Вилен*

* * *

Осетины — реликтовый народ индоиранской группы большой индоевропейской семьи. Они сохранили в веках и поколениях то, чего нет ни в каких исторических хрониках и документах. Речь идет о мироздании древнего, неповторимо своеобразного социума восточных иранцев. Это всегда следует помнить и, как музейный раритет, тщательно сохранять хотя бы для мировой цивилизации, если нам самим это не нужно и доставляет дополнительную тягость бытия.

*1995*

*КОСТЫ Лизæ*

Нам так долго внушали, что мы — дикое племя, история которого началась только вчера, а все наши святыни — обычаи, мифы, песни и пр. — не сокровища духа, а глупость, предрассудки и суеверие, что мы и сами чуть было в это не поверили. Если народам Средней Азии, например, имеющим многовековую великую культуру, было велено учиться писать заново (не справа налево, как они привыкли, а слева направо, и не арабской вязью, а кириллицей), то нам повелели быть двуязычными, подписав тем самым смертный приговор одному из самых древних живых языков на земле. В этом позорном акте участвовали мы сами тоже, в лице не самых худших своих представителей, которые подвели под него научную базу. Пусть бросит в них камень тот, кто положа руку на сердце, может сказать, что никогда ничем не поступался, а судьба распорядилась так, что эти люди оказались на высоких государственных постах. Кто знает, может быть, тем самым им дан свыше шанс исправить прошлые ошибки?!

Патриоты видят «спасение нации» в «æгъдау» и собственных, национальных, а не общечеловеческих ценностях, объявляя всех, кто думает иначе, «западниками». Понятно, что им не терпится восстановить справедливость и вернуть сокровища предков на прежнее место. Но знают ли они, как это сделать,

не наломав дров, ведь время-то ушло, и мы уже не те? Факт, что Тымбыл хъæды дзуар, скажем, именно их чрезмерными стараниями сегодня являет собой, смею утверждать, не святое место, очищаемое высокими вибрациями благоговеющих паломников, а бойню, харчевню и танцплощадку одновременно, и получают там раздолье совсем иные страсти. Как бы не постигла та же участь и заветное поле Зилахар. «Служенье свету не терпит суеты, — хочется сказать, перефразировав слова Поэта. — Остановитесь, братья!»

Мне лично представляется, что «спасение нации» возможно лишь через образование. В наши учебные заведения должна приходить молодежь, которая действительно имеет склонность к наукам, а покидать их стены действительно образованными людьми. Как этого добиться — вопрос, на который отвечать не мне.

*1997*

*ПЛИТЫ Феликс*

* * *

Ирон адæм буц сты сæ дардыл хъуыстгонд хæстон хъæбатырдзинадæй, фæлæ сæм нымады дæр нæу сæ мадæлон æвзаджы дунеон-историон нысаниуæг. Уый та махæн æмбарын кæнынц, куыд нæхи, афтæ æндæр адæмты ахуыргæндтæй дæр бирæтæ.Уырыссаг ахуыргонд И. Дьядков афтæ фыссы: «Дунеон зонады цæстæнгас сæрмагондæй йæхимæ раджы раздæхта ирон æвзаг, куыд рагон ирайнæгтæ-скифты, сæрмæттæ æмæ аланты æвзаджы æмбисонды баззайæггаг, афтæ». Уæдæ йæ рæстæджы францаг стыр ахуыргонд Ж. Дюмезиль дæр æнæхъуаджы нæ загъта: «Ирæттæ æмæ се ’взаг сæхимæ æркæсын кодтой куыд ССР Цæдисы, афтæ Хурныгуылæны иранистты дæр».

Абон мах былысчъилæй кæмæ кæсæм, сыхаг æвзæгты лæсæны бын кæй фæкодтам, уыцы рагон ирон æвзаджы лæггадæй æнæхай не сты «лæсæнгæнæг» æвзæгтæ. Ирон, уырыссаг æмæ гуырдзиаг ахуыргæндтæй бирæтæ зæрдæбынæй бакуыстой, ирон æвзагæй гуырдзиаг æмæ уырыссаг æвзæгтæм цы бирæ дзырдтæ бацыдис, уыдон сбæлвырд кæныныл. Гуырдзиаг ахуыргонд Мзиа Андроникашвили йæ чиныг

«Ирайнаг-гуырдзиаг ӕвзагон ӕмахастыты очерктӕ»-йы куыд зӕгъы, афтӕмӕй нырыккон гуырдзиаг ӕвзаджы ис 108 скифаг-алайнаг-ирон дзырды ӕмӕ номы.

Зӕгъын хъӕуы уый дӕр: «чысыл» ӕмӕ «мӕгуыр» (нӕхимӕ гӕсгӕ) ӕвзаг афтӕ лӕмбынӕг ахуыр кӕнынмӕ ӕмӕ зонадон ӕгъдауӕй иртасынмӕ кӕй не 'ргуыбыр кодтаиккой ахӕм стыр ахуыргӕндтӕ, куыд Всеволод Миллер, Андрей Шегрен, Гарольд Бейли, Георги Ахвледиани ӕмӕ ӕндӕртӕ.

Фӕлӕ уӕддӕр цӕуӕм ӕнцоны ӕмӕ кады фӕдыл — идеологон архайды алцыдӕр уырыссагау ӕнцондӕр ӕмӕ кадджындӕр у! Ӕмӕ кӕнӕм нӕ кӕнон: ныййарӕджы йӕ рӕзинагмӕ иронау дзурыны ӕфсӕрм нӕй; ахуыргӕнӕджы ирон ӕвзаг амоныныл фыдӕбон кӕныны ӕфсӕрм нӕй; зонадон кусӕджы иронау йӕ куыст фыссыны ӕфсӕрм нӕй; ӕмбырды дзурӕджы иронау раныхасы ӕфсӕрм нӕй; чиныгкӕсӕджы ирон чиныг кӕсыны ӕфсӕрм нӕй; ног газет уадзӕджы ирон газет рауадзыны ӕфсӕрм нӕй ӕмӕ афтӕ дарддӕр. Ӕнцон цард ӕрцыд махӕн!

«Не 'взаг ис тӕссаг уавӕры, ӕнхъӕлмӕ йӕм кӕсы сӕфты хъуыддаг. Уымӕ гӕсгӕ, кӕйдӕриддӕр йӕ адӕмы хъысмӕт ӕндавы, уыдон се 'ппӕт дӕр алы мадзӕлттӕй хъуамӕ архайой уый тыххӕй, цӕмӕй цӕра ӕмӕ рӕза не 'взаг, бахызтӕуа йӕ мӕлӕтӕй» (Абайты Васо, газет «Социалистическая Осетия», 1987 аз, 18 июль).

Мах не 'взагмӕ не 'вдӕлы: лӕбурӕгау кӕнӕм, иронау дзурын кӕм нӕ хъӕуы, уырдӕм — хицӕутты ӕмӕ депутатты бынӕттӕм!

Афтӕ мачи зӕгъӕд, ацы лӕг хъоды кӕнынмӕ хъавы ӕндӕр ӕвзӕгтыл. Уымӕн уӕвӕн нӕй. Мах зонынады бӕрзӕндтӕм чи хӕссы, уыцы уырыссаг ӕвзагмӕ ӕз цы зӕрдӕ дарын, уый — мӕхи. Мӕ мадӕлон ӕвзаг уарзыны хъуыддаджы Тыбылты Алыксандры фӕзмӕг куыд дӕн, афтӕ йӕ фӕзмын уырыссаг ӕвзаг уарзынӕй дӕр.

Мӕхи сӕрмагонд ныхас та ахӕм у: ирон лӕгӕн хъуамӕ уа дывӕлдах базыртӕ — ӕввахсмӕ ӕмӕ дардмӕ тӕхӕнтӕ. Номхуындӕй та — ирон ӕмӕ уырыссаг ӕвзаджы базыртӕ. Уыдон хъуамӕ уой ӕмхуызон тыхджын.

*1995*

*ХЪАМБОЛТЫ Тамерлан*

* * *

Таким образом, анализ функционирования осетинского и русского языков в сфере образования в Северной Осетии приводит к следующим выводам:

1. На всем историческом отрезке с 1764 г. (даты создания первой осетинской школы) русский язык занимал приоритетное положение в системе образования Северной Осетии. Максимальное поле, полученное осетинским языком в этой сфере в 1930–1940 гг., включало в себя начальную школу и первую ступень среднего образования. В 1950–1960 г.г. зачатки национальной осетинской школы были разрушены в период ускорения строительства коммунистического общества.

2. Попытки создания эффективной системы национального образования на определенных исторических этапах сталкивались с серьезными кадровыми, учебно-методическими и финансовыми проблемами, что, наряду с отсутствием социальной мотивации для получения образования на родном языке, служило основанием для сокращения доли осетинского языка в сфере образования.

3. Тактическим приемом, использовавшимся при отходе от национальной модели образования, как правило, служила ссылка на желание родителей, хотя использовались и методы прямого давления на работников образования.

4. В настоящее время продолжает существовать значительный перевес в использовании русского языка в сфере образования. Русский язык неограниченно превалирует в системе высшего, среднего общего, среднего профессионального, среднего специального и дошкольного образования.

5. Представляется, что мероприятия 1990-х г.г., предпринятые в направлении повышения статуса осетинского языка в сфере образования, носят недостаточно системный, иногда популистский характер, не предварены необходимой аналитической и планирующей работой, что может в очередной раз дискредитировать идею национального образования и укрепить население в мысли о невозможности получения полноценного образования на родном языке.

6. В то же время, имеющийся опыт национализации осетинской школы дает основание утверждать, что в рамках комплексной программы языковой политики республики при заблаговременной подготовке учебно-методической и кадровой базы и адекватном пропагандистском обеспечении создание осетинской национальной школы, соответствующей современным образовательным стандартам, представляется возможным.

* * *

Языковая политика советского периода в Северной Осетии ничем не отличалась от стандартных унифицированных схем, реализовывавшихся в различных национальных регионах страны и построенных на основополагающих концепциях большевизма по национальному вопросу, сформулированных еще до революции. В работах В. И. Ленина четко определяются национальные перспективы будущего социалистического государства. «Не разграничивать нации наше дело, а сплачивать рабочих всех наций. Не «национальная культура» написана на нашем знамени, а интернациональная (международная), сливающая все нации в высшем социалистическом единстве...» (Ленин XXIV:237). Такова стратегическая линия. «Она направлена на достижение коммунистического единства всего человечества. Социализму предстоит целиком интернационализировать всю хозяйственную, политическую и духовную жизнь народов» (Ленин XXIII: 318). При этом по мнению идеологов, это означало, что, во-первых, неизбежны какие-то этапы превращения национального в интернациональное, во-вторых, интернационализация национального в течение длительного времени будет представлять собой закономерный процесс, причем глубина и масштабы превращения национального в интернациональное будут неуклонно возрастать. В-третьих, интернационализация национального полностью завершится еще при социализме (Куличенко 1978). В подходах к решению этого вопроса прослеживается четкая установка на реализацию в конкретном, национальном направлении глобальной, стратегической задачи — ускоренного, нарушающего все законы развития не только общества, но и природы, уничтожения национальных, религиозных, языковых, социальных и других различий для построения всемирного коммунистического общества.

При этом активное вмешательство в естественный ход развития событий, волюнтаристское решение задачи будущего осуществлялось при абсолютном непонимании того, как достичь поставленной теоретической (одновременно романтической и утопической) цели. «Практика пока еще не дает ответа на вопрос о том, каким путем и в каком направлении впоследствии национальное, ставшее фактически интернациональным, затем, после победы коммунизма во всем мире и достижения им зрелой ступени, перерастет — в процессе отмирания национальных различий — в общечеловеческое» (Куличенко 1978:11). Трудно сейчас понять, откуда черпалась такая уверенность в том, что столбовая дорога человечества ведет к унификации, и если даже допускать такой исход, то как это сочетать с сохранением национальной специфики? Достойную оценку подобным теориям, как бы предвидя исторические превратности судьбы своего народа, дал в свое время А. А. Потебня: «Если бы объединение человечества по языку и вообще по народности было возможно, оно было бы гибельно для общечеловеческой мысли, как замена многих чувств одним, хотя бы это одно было не осязанием, а зрением. Для существования человека нужны другие люди, для народности — другие народности» (Потебня 1976:229). Добавим, для существования и развития одного языка, несомненно, нужны другие языки.

*ЦГЪОЙТЫ Хазби*

* * *

Раджы дæр уыдис, йæ нацийы ном нæ, фæлæ йæхи ном дæр чи сæфта, ахæм æнамонд гуырдтæ. Уырыссаг æхсинтæм мидæгмоймæ чи бацыд æмæ æхсины лæгæй йæ цард чи тыдта, йæхи нæ, фæлæ йæ цоты адæмыхатты ном дæр стыр Уæрæсейы зæххыл чи байзæрста æмæ Фыдыуæзæгæй бынтон чи фæхаудта æцæгæлон бæстæйы лакей чи сси, ахæмтæ. Ирыстонмæ ма дзы иу æхстуад чи æрбакодта, уыдоныл та сбадт аллайаг ном «уæрæседзау». Ахæмты фæлгонц равдыста ирон драматурги æмæ театры бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъо йæ пьесæйы.

Ныры «уæрæседзауты» Уæрæсемæ цæуын нал хъæуы. Ирыстоны зæхх сын ахæм дзадджын разынд æмæ, зокъотæ куыд сбирæ

вæййынц, афтæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц. Ирон мад æмæ фыдæй райгуыр, Ирыстоны цæр æмæ дæ мадæлон æвзаг ма зон! Уый кæуинаг хабар у. Кæуинаг у, уыдон та йæ зыгъар галтау сæ ныхтыл хæссынц æмæ уымæй сæхицæй буц сты. Гъе, уæуузй, гъе!

Ирон адæм курдиатджын адæм сты. Абоны онг сæхи хорзæй, фæрæзджынæй, арæхстджынæй цы хъуыддаджы нæма равдыстой, ахæм стæм ис. Наукæйы, аивады, литературæйы, политикæйы, экономикæйы, техникæйы, спорты. Сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ адæймаджы сæ уæлныхты сисынц. Хатт та æрхуым æмæ мæтъæйлаг хъуыдытыл бафты: «Ау, ахæм æнæзæрдæргъæвд адæм стæм, æмæ Ирыстоны цæргæйæ, уырыссаг æвзаджы æмрæнхъ дæ мадæлон æвзаг базонын дæ бон ма уæд!»

Нæ! Ахæмтæ сæхицæн зын нæ кæнынц, сæ фыдæлты нæ нымайынц, сæ сæрыстырдзинад сафынц пайдайыл, къæбæрыл хъуыды кæнгæйæ. Æндæр уырыссаг æвзаджы æмрæнхъ англисаг æвзаг цæмæн ахуыр кæнынц. Немыцаг æмæ францагыл дæр нал æрвæссынц. Бирæ фæфос кæнæн сæ нæй. «Ирон æвзаг та сæ кæм бахъæудзæн!» Æмæ Ирыстоны ралæууыд «уæрæседзауты» рæстæг. Уыдон уырыссагыл дæр раздæрау иузæрдион нал сты, сæ ных сарæзтой англисаг æвзагмæ. О, гормæттæ, цæуыл лæуут, уымæ æркæсут æмæ уал уый æрфидар кæнут. Науæд уæ кæлæх æмæ кæлддзаг фæндагыл дард нæ ацæудзыстут. Уæ быны хъæр рацæудзæн.

*2001*

*БИРÆГЪТЫ Владимир*

* * *

Шестой год перестройки, а так и не появились детские садики с обучением на осетинском языке, нет школ. А ведь каждый год — это тысячи детей, которые уже не заговорят на своем родном языке... Мы теряем не только язык, обычаи, но и в целом культуру своего народа...

*1990*

*КЪАДЗАТЫ Станислав*

## ХУЫЦАУЫ ЛÆВАР

**I**

 Æрмæст Елхотмæ дæ кæмæндæр,
Мæнæн та — хуры уазмæ,
Мæ уды азæлы тæмæнтæй
Дæ алы мыр хъуытазау.

Æрмæст йæ кæртмæ дæ кæмæндæр,
Мæнæн та — Нарты бæстæм,
Сæрмæтты, аланты хæтæнтæм,
Уæнт арфæйаг сæ хъæстæ!

Кæмæндæр дæ æрмæст Елхотмæ,
Мæнæн та дæ Парнасмæ,
Мæнæн та — Стъалыты цъæх кодмæ,
Къостайы дзырды тавсмæ.

Кæмæндæр дæ æрмæст дыууæмæ,
Мæнæн та дæ æрдзæмæ.
Æрмæст гуыбынмæ дæ кæмæндæр,
Мæнæн та дæ зæрдæмæ.

Кæмæндæр дæ æрмæст къæсæрмæ,
Мæнæн та дæ Хуыцаумæ!
Кæмæндæр дæ айдагъ изæрмæ,
Мæнæн — тъымы-тъымамæ!..

*1996*

**II**

**Нæртон фæткъуы — нæ мадæлон æвзаг,**
**Йæ къалиутыл та мин-мин дыргъы хуртау,**
**Уæрхæджы фырттау хъахъхъæнджытæ — мах,**
**Фырхъалæй уæд фынæй цы кæнæм дуртау?!**

**Хуыцауы лæвар — диссаг дзырдты хуртуан,**
**Фæлтæрты бурæмæдз, сæ зæрин таг,**
**Кæд ма нын исты баззади æлутон,**
**Уæд иунæг уый — нæ мадæлон æвзаг.**
**Нæ удтæ дзы æрвон быркуытау дзаг**
**Куы уой, кæндзыстæм царддугъы фыццаг.**

*1995*

*ХЪОДЗАТЫ Иридæ*

# ИРОН САБИТЫ ÆВЗАДЖЫ ДЗЫРДУАТ

*Ацы зæххыл сывæллоны былты дыбал-дыбулæй æхцондæр æмæ буцдæр гимн нæй. Афтæ загъта Виктор Гюго. Æцæгæй дæр, саби къахыл ауайыныл фыццаг фæлтæрæнтæ куыд фæкæны, ахæм æнувыд фæлтæрæнтæ фæкæны дзырды дунемæ фæндаг ссарыныл дæр. Уыдон вæййынц зын æмæ зæрдæрухсгæнæн сфæлдыстадон утæхсæнтæ. Цас цин æрхæссынц, æвæдза, сабийæн йæхицæн дæр æмæ йæ хъомылгæнджытæн дæр фыццаг дзырдтæ — нана, баппа, дзиба æмæ æндæртæ! Алы ног дзырды райгуырд дæр — сгуыхт, уæлахиз, бæрæгбон! Хистæртæй цытæ фехъусы, уыдон гаги «йæхицæн бакъаддæртæ кæны», йе та сын бынтон æндæр варианттæ саразы. Зæгъæм, дæндаг ын фесты гæццо, сæр — гоппа, худ — гуцца, «дзæбæх»-æй («хорз»-æй, «рæсугъд»-æй ) рауайы дуду, «дарæс»-æй — цаца, «сæгъ»-æй дзыгы...*

*Сывæллон дзырдтæ куыд мысы, уый абарæн ис поэты куыстимæ. Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц поэтæй, сабийау сыгъдæг, æнæхин у, зæгъгæ. Ам зæрдыл æрлæууынц В. Сухомлинскийы ныхæстæ дæр: «Радость словотворчества — самая доступная для ребенка интеллектуальная одухотворенность».*

*Ирон сабиты дзырдаразыны хъуыддаджы иу ахæм миниуæг бафиппайдтам: сæ ныхасыуаджы хæрз стæмтæй фæстæмæ нæ разыны хъæбæр æмхъæлæсонтæ къ, пъ, тъ, хъ, цъ, чъ. Æвæццæгæн, уымæн, æмæ æвзаг базоныны фæндагыл фыццаг къахдзæфтæ чи фæкæны, уыдонæн ацы «гуырымыхъхъ» зæлтæ зын дзурæн вæййынц, лæппын æвзаг сæ нæ фæкæрды. Уымæ гæсгæ сæ баивы фæлмæндæр мыртæй: къ-йы бæсты г (къах — гакк), цъ-йы бæсты дз (цъыф — дзыф) æмæ а. д. Къаннæг удтæ æвзаджы уидæгтæм æвваxсдæр сты, дзырдаразыны хъуыддаджы сæм цыдæр æрдзон цардцыбæл æнкъарынад ис — уымæн у се 'взаг уæлдай фидауцджындæр, тасагдæр, зæрдæдзуагдæр. Лев Толстой хуымæтæджы нæ загъта, рæзгæ удтæ, дам, дзырдтæ аразыны закъонтæ сымахæй, ома хистæртæй, хуыздæр зонынц, уымæн æмæ, дам, уыдонæй арæхдæр ничи хъуыды кæны ног дзырдтæ.*

## А

**Акки** — айк

*Ай дын — дзыкки*
*Ай дын акки.*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 154 ф.

**А-лол-лай** — авдæны зарæг
**А-лолотæ-цыцытæ** — фынæй кæнын, хуыссын
**Аце*** — хæрæг
**Ачу (æчу)*** — бæх

## Æ

**Æвву*** — нау, поезд
**Æкки** — цыхт
**Æмми кæнын, æмма** д., **æмме** д. — хæрын

*Æмми акæн,*
*Гуыппа акæн!*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 154 ф.

**Æмму*** — хъуг, гал, стур
**Æна** — мад д.

*Æхсары бын «уæу æна» нал ис.* (Æмб.)
*Хæблиаты С. Æнамæ мын чи бадзурдзæн. Орджоникидзе, 1966.*

**Æна***, **дацци** д. — фыдымад, мадымад

*Дацци, дацци! Алли бон дæр*
*Дани кой цæмæн кæнис?*

Поэзийы бон. Орджоникидзе, 1982, 31 ф.

**Æнна***, **æнтъа***, **æнцъа*** — дон
**Æпп-æпп кæнын** — гæпп кæнын
**Æппæй кæнун** д. — хæрдмæ æппарын
**Æрсæго***, **æрси, æрсой** — арс

*Æрсой æмæ*
*Æрситæ.*
*Ало-ло кæ,*
*Гуысситæ.*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 169 –170 фф.

**Æу***, **æу-æуу*** — куыдз

*Стъалыйæ бæрæггонд дзырдтæ арæхдæр дзурынц Хуссар Ирыстоны.

# Б

**Ба** — пъа
**Баба** — фыд

*Лæппу бафарста бабайы:*
*— Хъæды цавæр бæлас зайы?*

Ногдзау, № 5, 2003, 5ф.

**Баби, бапп-бапп** — бабыз

*Хъаз æд баби æрбацæуы,*
*Ралидз ардæм — хæцы дыл!*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 155 ф.

**Баби кæнын** — бафснайын, сæвæрын
**Бабо кæнын** — сæхгæнын, бацъынд кæнын

*Бабо кæн дæ дзæццытæ.*

Ирон адæмы сфæлдыстад. II том. Орджоникидзе, 1961, 552 ф.

**Баи** — дон
**Байа*** — чысыл саби
**Бaййа** — байраг, къæлæу
**Бала** — фыс, фыркъа
**Баппа, баппу** д. — дзул

*Ацитт, гино, ма та уас,*
*Йæ баппа йын ма алас.*

Мах дуг, №8, 1996, 131 ф.

**Бацци кæнын, бацци кæнун** д. — бадын
**Бææ*** — фыс, фыркъа
**Бæппа** — хъæрмхуыпп
**Бæппу** — лæппу

*Гыгытæ 'мæ бæппутæ,*
*О нанайы хъæбултæ!*

Хурзæрин. II том. Орджоникидзе, 1974, 303 ф.

**Бетъе*** — гуыбын
**Биби** — хъазæн
**Биз** д. — тæвд
**Бипп** — машинæ
**Бипп кæнын, быппы кæнын*, буппу кæнун** д. — кæлын, хауын
**Бирукк*, бигъа, бигъо** д. — бирæгъ
**Бисса*** — гæды
**Бобо** — стыр
**Богъола** — сырд
**Бу*** — æхсæнгарз (сармадзан, танк, минææхсæн...)
**Букка*** — стыр куыдз

**Бул-бул** — бæлон
**Була (и)*** — хъаз
**Булла-булла-буллатæ** д. — авдæны зарæг

*Булла-булла, буллатæ,*
*Дæге-дæге, дæгетæ.*

Ирон адæмы сфæлдыстад. II том. Орджоникидзе, 1961, 553 ф.

**Буци*** — къæбыла

*Ма-иу мыл рæйут, æдылытæ,*
*буцитæ,*
*буцитæ.*

Дзуццаты Х. Биографи. Цхинвал, 1990, 20 ф.

**Бызза кæнын, биззе кæнун** д. — риссын, судзын

*Ай — пысыра, бызза кæны.*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 156 ф.

**Бызыртт кæнын** — згъорын

*Рабызыртт кæн,*
*Бызырттæг.*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 152 ф.

**Быллa** — бас, кас, сæндæг

*Æвæццæгæн, райсом нæ бафсæст быллайæ.*

Мах дуг, №8, 2005, 163 ф.

**Быллай,булла кæнуй** д., **байбай кæнуй** д. — фынæй кæнын, хуыссын
**Быфф*** — æвзæр тæф

## В

**Ввуу***, **вун-вун** д. — нау, поезд

## Г

**Габа** — къаба
**Гага** — адджинаг, дыргъ, халсар

*Бабайы дзыппы — гагатæ.*

Хурзæрин. II том, Орджоникидзе, 1974, 335 ф.

*Уæ, мæ уды гага, фыдуаг митæ мын ма кæн, фæлæ дæ чиныджы иу чысыл бакæс!*

Миллер В. Ф. Осетинско-русско-немецкий словарь.
Т. I, Л., 1927, 374 ф.

**Гаги** — сывæллон

*Махæн гаги райгуырд.*

Миллер В. Ф. Осетинско-русско-немецкий словарь.
Т. I, Л., 1927, 374 ф.

**Гадди, гацци** — кард, цыргъаг
**Гадзан, гæдзарæ** д. — хæдзар
**Газ, газо** — хъаз

*Ногбоны зазыл цы мæргътæ æрцарди:*
*газо, сырддонцъиу, зырнæг æмæ зым...*

Хъодзаты Æ. Сæтæлæгон сæтæлæг. Дзæуджыхъæу, 1990, 14 ф.

**Газын, газзи кæнун д.** — хъазын
**Гакк, гакки*, гаккæ** д. — къах

*Гакк-гакк,*
*Куыдзы гакк...*
*Куыдзæн дæр æй*
*Нæ дæттæм,*
*Бирæгъæн дæр æй*
*Нæ дæттæм.*

Ирон адæмы сфæлдыстад. II том. Орджоникидзе, 1961, 554 ф.

*А ке гакк æй?*
*Кудзи гаккæ.*

Мах дуг, № 8, 1996, 139 ф.

**Гакка** д. — дзабыр
**Гаккæй, гаккæй цæун** д. — къахæй цæуын
**Гакки кæнун** д. — цæуын
**Гала** — дзабыр

*Куадзæнмæ мын галатæ.*

Миллер В. Ф. Осетинско-русско-немецкий словарь.
Т. I, Л., 1927, 377 ф.

**Гаппе*** — къафетт
**Гæбис** д. — къæбыла
**Гæби** — хъæбыс

*Рабызыртт кæн*
*Мæ гæбимæ —*
*Хъæбыс æмæ*
Гæбо дын!

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 154 ф.

**Гæбо кæнын, гæбыс кæнын** — хъæбыс кæнын

*Уый йын баппа дæтдзæни,*
*Гæбыстæ йын кæндзæни!*

Ирон адæмы сфæлдыстад. II том. Орджоникидзе, 1961, 550 ф.

**Гæбул** — хъæбул
**Гæбыла, гæбыс, гæбула** д. — куыдз, къæбыла

**Гæвдын** — хъæвдын
**Гæдзæг, гæдзæкк, гæдзæкки** д. — лæдзæг
**Гæззо** — дзых
**Гæззу** д. — дæндаг
**Гæккой** — æккой
**Гæкку** д. — фæткъуы
**Гæм** — къæм
**Гæмми*** — рувас

*Гæмми дæ, сау рувас, гæмми дæ.*

Мах дуг, № 4–5, 240 ф.

**Гæндзу** д. — дæндаг
**Гæппи кæнын** — гæпп кæнын
**Гæкку** д. — фæткъуы
**Гæуын** — хъæуын

*Дзиууа уасы:*
*«Дзыкки гæуы!»*

Нæ хурты хуртæн. Дзæуджыхъæу, 1990, 46 ф.

**Гæцце** д. — лæдзæг
**Гæцци** (-ы), **гæццо, гæццу** д. — дæндаг

*Мæ гæццытæ дæм нæма равдыстон!*

Миллер В. Ф. Осетинско-русско-немецкий словарь. Т. I, Л., 1927, 394 ф.

**Геллау** — хъеллау
**Гечо*** — род
**Гида, гино, гиса, гисæ** д. — гæды

*Гида рудзынгыл бадт æмæ йæхи æхсадта.*

Ногдзау, № 5, 1994, 22 ф.

*Ацитт, гино, ма та уас,*
*Йæ баппа йын ма алас.*

Мах дуг, № 8, 1996, 121 ф.

*Гиса бады иунæгæй*
*Æмæ зары æнкъардæй.*

Нæ хурты хуртæн. Дзæуджыхъæу, 1990, 209 ф.

**Гого** д. — хъазæн
**Годо, гоцо*, гæдздзи** д. — род

*Мах годо дæр афтæ уасы йæ мады фæстæ.*

Ногдзау, № 4, 1982, 16 ф.

**Гозе** д. — фаджыс

**Гоко** — фыс, фыркъа

*Бахъарм ыстæм ныр цыппарæй:*
*Гоко, гино, ды'мæ æз.*

Нигер. Уацмысты æххæст æмбырдгонд.
2-аг том. Орджоникидзе, 1968, 15 ф.

**Гоппа** — сæр

*Дæ гоппайыл — дæ гуцца,*
*Хæрдгæбыдæй гоцора.*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 149 ф.

**Гоци** д., **гоцо** д. — хъуг, род
**Гоцца** д., **гоцци** д. — худ
**Гуг** — хъуг, гал
**Гугу** — æнгуз
**Гугу** д. — кукла
**Гуда** д., **гудæл** д. — хъазт
**Гудзи кæнын, гудзи кæнун** д. — кæсын сусæгæй
**Гукк, гуки***, **гоккæ** д. — къух
**Гукку, гукко** д. — гуыл

*Гукку, баппа куы хæрдзæн,*
*Бонæй-бонмæ куы рæздзæн.*

Ирон адæмы сфæлдыстад. II том. Орджоникидзе. 1961, 552 ф.

*Нана мæнæн — гукко,*
*Гукко — куйæн.*

Мах дуг, № 8, 1996, 131 ф.

**Гукку** д. — хъазæн
**Гулдзæ** д. — æнгуылдз
**Гули кæнун** д. — хъæбыс кæнын
**Гус** — хъус
**Гуту** д. — фыр, фыркъа
**Гуыби** — гуыбын
**Гуыппа, бæппа** д. — æхсыр

*Мæнæ — баппа,*
*Мæнæ — гуыппа.*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 153 ф.

**Гуысси кæнын, гусси кæнун** д. — фынæй кæнын, хуыссын

*Агуысситæ, а-ло-лотæ,*
*Хуысс.*
*Ды мæнæн — мæ царды бонты*
*Ныфс.*

Ногдзау, № 4, 2005, 6 ф.

**Гуххо кæнун** д. — лыг кæнын
**Гуцца, гоцци, гоцца** д. — худ
*Дæге, дæге, дæгеца! Сугъзæнинæ дæ гоцца.*
Миллер В. Ф. Осетинско-русско-немецкий словарь.
Т. I, Л. 1927, 482 ф.
**Гыгы, гиги** д., **гиккæ** д.— чызг
*Нанайы хъæбысы — чысыл хур,*
*Чысыл гыгы, гыкъына.*
Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 155ф.
**Гыгъгъы*** — чысыл саби
**Гыдзы** — хъыдзы
**Гыдзыл** — гыццыл
**Гыкъына, гекъуна** д. — гыццыл чызг
**Гыхх** (а), **гихх** д., **гихха** д. — æвзæр, чъизи
*Ай — дзындзалæг, дуду у,*
*Ай — хъоло, гыхха у.*
Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 155 – 156 фф.
**Гыхха кæнын** — «æддæмæ» цæуын
**Гыцци** — мад
*Бирæ фæрæвдыдтай,*
*Уæ гыцци, мæн,*
*Арæх-иу аргъæуттæ*
*Кодтай мæнæн.*
Хурзæрин. II том, Орджоникидзе, 1974, 94 ф.
**Гыцци** — гыццыл, чысыл

## Гъ

**Гъæу-гъæу** — куыдз
*Гъæу-гъæу æй*
*Асырдта.*
Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 154 ф.

## Д

**Дада** — фыдыфыд, мадыфыд
*Рауай, дадайы хур!*
Миллер В. Ф. Осетинско-русско-немецкий словарь.
Т. I, Л., 1927, 474 ф.
**Дай-дай цæуын, дай-дай цæун** д. — тезгъо кæнын, балцы цæуын

**Дала** — фæндыр
**Далы-далы, даллы-даллы, дали-дали** д. — æмдзæгъд кæнын
**Даллы кæнын** — кафын
**Дæге** д., **дæгеца** д. — авдæны зарæг кæнгæйæ рæвдауæн дзырдтæ
**Дæпп, дæпп-дæпп, дæпп кæнун, дæппе кæнун** д. — цæвын
**Дедо***, **дидо*** — хъуг, гал
**Диди** — хъазæн

*— Уæлæ къулыл дидитæ*
*Сой цæуы, сой!*

Памятники народного творчества осетин.
Владикавказ, 1992, 79 ф.

*Сывæллоны дидитæй кæй фæсайдæуа, ахæм æдылы адæймаг ныр нал ссардæуыдзæн.*

Миллер В. Ф. Осетинско-русско-немецкий словарь.
Т. I, Л., 1927, 495 ф.

**Дидин** — дидинæг
**Дидта** д. — чъизи
**Дитт** — тъиртт
**Додо** — хорз
**Дуду** — дзæбæх, хорз, рæсугъд

*Адуду дæ кæнæд Хуыцау.* (Арфæ)

Мах дуг, № 5, 2001, 120 ф.

*Дуду къуыппыл — дуду цъиу.* (Æнгуырстуан)

Ирон адæмы уыци-уыцитæ. Дзæуджыхъæу, 2000, 134 ф.

*Уыдысты мын*
*Дуду — сыгъдæг.*

Цæрукъаты В. Мæн цы фæнды. Орджоникидзе, 1979, 49 ф.

**Дудутт** — машинæ
**Дуку** д. — гæды
**Дыгы-дыгы кæнын** — лæууын (къахыл)
**Дыгъ-дыгъ*** — цæу

## Дз

**Дзайдзай** д. — реуа кæнын
**Дзацци кæнын** — асæттын

*Гукку фæдзацци,*
*Акки фæдзацци.*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 154 ф.

**Дзæкка** д. — сæндæг
**Дзæпп**-и, (ы), — цæф
*—Цæмæн æй кæныс*
*Ды къахæй дзæппы?*
Цæрукъаты В. Мæн цы фæнды. Орджоникидзе, 1979, 12 ф.
**Дзæпп** (-и) **кæнын, дзæппо кæнын** — цæвын
*Коко сыкъайæ*
*Дзæппи кæны.*
Нæ хурты хуртæн. Дзæуджыхъæу, 1990, 46 ф.
**Дзæп-дзæп кæнун** д. — найын
**Дзæцц, дзæццæ** д. — цæст
*Уæ мæ дзæцц!*
*Ракæс дæ дзæццытæй,*
*Бахуд дæ гæццытæй!*
Нæ хурты хуртæн. Дзæуджыхъæу, 1990, 46 ф.
**Дзæцце кæнун** д. — сæттын
**Дзиба, дзибæ** д., **дзибу** д., **дзицци** д. — цъиу, маргъ
*Урс дзибатæ бирæ уарзы Ким,*
*Алы бон дæр сыл фæкæны цин.*
Цæрукъаты В. Мæн цы фæнды. Орджоникидзе, 1979, 120 ф.
**Дзиззе кæнун** д. — судзын
**Дзикке** д. — цыхт
**Дзисс** д. — судзы дæ!
**Дзисса** д. — дзидза
**Дзиу, дзеу** д. — маргъ, цъиу
*Дзиу-дзиу,*
*Дзиууатæ.*
Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 182 ф.
*Дзеу, дзеу,*
*Дзеути мадæ*
*Кæрдзин кæнуй.*
Мах дуг, № 8, 1996, 137 ф.
**Дзиги кæнун** д. — хъыдзы кæнын
**Дзортт** — гогыз
**Дзортт-дзортт кæнын** — згъорын
*Ахиз зæхмæ, бызырттæг!*
*Адзортт-дзортт кæн уæлæмæ.*
Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 154 ф.
**Дзуццу** — дзул, кæрдзын

**Дзыгы** — сæгъ

*Къаннæг дзыгы Ме-хъе-хъе*
*Слæууы фæстаг къæхтыл хъен.*

Нæ хурты хуртæн. Дзæуджыхъæу. 1990, 203 ф.

**Дзында, дзынна** — цъында

Дæ гуцца дæр,
Дæ дзында.

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 152 ф.

**Дзызз кæнын*** — риссын, судзын, рухс кæнын
**Дзызза*** — арт, рухс, хур...
**Дзыкки** — цыхт
**Дзыкъы** — сæныкк
**Дзыкъына** — гыццыл чызг
**Дзыс кæнын** — доныхуыпп калын
**Дзыф** — цъыф
**Дзыцц кæнын** — сыстын
**Дзыцца, дзицца, дзыцци, дзицца** д. — мад

*Ды дзыццайы хъæбул дæ.*

Ирон адæмон сфæлдыстад. II том. Орджоникидзе, 1961, 552 ф.

**Дзыццыл** — гыццыл

## Дж

**Джыкъына** — гыццыл чызг
**Джуджу*, кæркой, хъахъа** — карк

## Е

**Екки** д. — уидыг

## И

**Ико** — хæрæг

## К

**Киро** — бæх
**Киро*** — байраг, къæлæу
**Коко** — фыс, фыркъа
**Кокка, кæуи** д. — кæуаг
**Кокка кæнын, коккатæ кæнун** д. — кæуын
**Коки** — хæрæг
**Курмæрситæ** д. — хъазт æмбæхсынджытæй

## Къ

**Къалцойнæ** д., **къæлцойнæ** д. — гуыбын
**Къæби*** — хъæбыс
**Къæби кæнын*** — хъæбыс кæнын
**Къиба*** — хъыбыл
**Къох-къох** — дзæргъ (стыр хуы)
**Къуæрдбæлледзгутæ** д. — сабиты хъазт

## Л

**Лало** д. — уæрдон
**Лæлæуу** — фæлæуу
**Лекко** д. — сабиты хъазт
**Лоло** — хуыссæн

*Ло-ло, ло-ло, а-ло-ла!*
*Ахуысс, айрæз, мæ хъæбул!*

Ирон адæмы сфæлдыстад. II том. Орджоникидзе, 1961, 551 ф.

**Лоло кæнын** — фынæй кæнын, хуыссын
**Байа*** — чысыл саби

## М

**Мамм** (и), **мамма** д., **маммæ** д. — æвзæр, сырд

*Макæ, мамм дæ хæры!*

Миллер В. Ф. Осетинско-русско-немецкий словарь.
Т. II, Л., 1929, 788 ф.

**Мæм-мæм** д. — хæрын
**Мæнги** д. — гыццыл, чысыл
**Мехъ***, **мехъ-мехъ*** — цæу
**Миауу*** — гæды
**Му-му** — хъуг, гал

*Уæртæ му-му —*
*Муммытæ.*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 153 ф.

## Н

**Нана*** — мад

*Ой, нана, дæ дзæбæх цæстæй нæм ракæс*
*Мæнæ дæ уарзон уазджытæм.*

Ирон адæмы сфæлдыстад. II том. Орджоникидзе. 1961, 373 ф.

**Нана** — фыдымад, мадымад

*Нанайы фæндиаг мын уай.*

Агънѣан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 149 ф.

**Нана кæнын*** — фынæй кæнын, хуыссын

**Нæм-нæм** — хæрын

**Нуну*** — хъæбæр нозт

**Нтъа** — дон

**Нцъа-нцъа** д. — куыдз

## О

**Оппа кæнын, уыцци ракæнун** д. — хæрдмæ æппарын

**Орчо*** — фыс, фыркъа

## П

**Папу** — ахауын, нал и, фесæфын

**Пи-пи***, **пъи-пъи*** — машинæ

**Пис-пис, писа** — гæды

**Питт*** (**питт дзæцц**) — иуцæстон, куырм, сохъыр

**Пиф-паф***, **пъиф-пъиф** — æхсæнгарз (дамбаца, пистолет...)

**Попо** — стыр

**Пысо** — бæх

*Уæртæ пысо —*
*Хуыррытт фындз.*
*Цу, æрцахс æй,*
*Абад ыл!*

Агънѣан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 153 ф.

**Пыфф*** — æвзæр тæф

## Р

**Реуа** — мифон цæрæгуд, хæйрæг

*Ой, гæды Реуа, кæдæм цæуыс?*

Хорзæй баззай, Ир... Орджоникидзе, 1985, 117 ф.

**Реуа кæнын** — дыууæрдæм хъеллау кæнын

**Рубæга, рубега***, **рубига***, **рубекка***, **рувки***, — рувас

*Рувас та сæм*
*Кæцæй бафтыд —*
*Рубæга?*

*Симды астæу*
*Цæмæн бады*
*Рубæга?*

Цæрукъаты В. Мæн цы фæнды. Орджоникидзе, 1979, 41 ф.

## С

**Сиринцъитæ** д. — сабиты хъазт

## Т

**Тæкку, тæкъу*** — тæрхъус
*Мæнæ тæкку бубли кæны.*

Мах дуг, № 8, 1996, 141 ф.

*Сиры бур æхсæрæг назыл,*
*Тæкку батилы йæ гакк.*

Нæ хурты хуртæн. Дзæуджыхъæу, 1990, 203 ф.

**Тъамæ цæуын*** — тезгъо кæнын, балцы цæуын
**Туку** д. — гæды
**Тъæнгивæзæнтæ** д. — бæндæн фæйнæрдæм ивазын
**Тъæпп-тъæпп** — дæпп-дæпп
**Тъури** д. — тымбыл дур, хъазынæн

## У

**Уæрки, уæрко** — уæрыкк
*Уæрко бафсæст кафынæй,*
*Мады фарсмæ æрхуыссыд.*

Ногдзау, № 5–6, 1997, 31 ф.

**Уокка** д. — рон
**Уыццы кæнын, уцци кæнун** д. — сыстын, слæууын

## Ф

**Фæгги** — фæхъау
**Фæккуы** — фæткъуы
**Фи, фуцци** — фындз
**Фи-фи*** — бабыз

## Х

**Хохо кæнын, хохо кæнун** д. — лыг кæнын
**Хуруджджи*, хуруччи*** — тезгъо кæнын, балцы цæуын

**Хуыппа** — хъæрмхуыпп, цыминаг
**Хуыппи** — дон
**Хуху кæнын*** — хурх кæнын
**Хынцъы, баппи*** — æхсынцъы, чылауи
**Хыхы кæнын** — лыг кæнын

## Хъ

**Хъахъа** — карк
**Хъихъо** — хæрæг
**Хъохъо** — уасæг

*Уæртæ — хъохъо,*
*Хъи-хъы-ри!*
*Уæртæ: гæз-гæз*
*Баби дæр.*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 153 ф.

## Ц

**Цаца** — дарæс

*Налхъуыт зæлдаг — дæ цаца.*

Агъниан. Мады сагъæстæ. Цхинвал, 1978, 149 ф.

*Зæлдагæй ба дæ цаца.*
*Налхъут-налмасти хæтдзæ.*

Мах дуг, № 8, 1996, 127 ф.

**Цыкк** — чызг

## Ч

**Чичи*** — дзидза
**Чъупъа-чъупъа*** — найын, хи найын

*Нæ дзырдуаты спайда кодтам газет «Рæстдзинад»-ы (1994.23.04, 1994.21.05, 2002.22.06, 2005.29.01, 2005.19.02) æмæ журнал «Фидиуæджы» (2004, №2) æрмæджытæй.*

*ХОДЫ Дзаххот*

# ХАТИАГ ÆВЗАГ ТАУДЖЫТÆ

Æрæджы, зæронд аз йæ æнусон балцы куы цыд, уæд араст дæн арфæтæ кæнынмæ мæ хæлæрттæм, мæ хæстæджытæм. Мемæ кусы Голубев, æмæ мын куыд бацамыдта, афтæмæй цæры Черноглазы уынджы 27-æм агъуысты. Бахæццæ дæн уыцы уынгмæ. Кæсын, æмæ сау зестыл урс дамгъæтæй фыст: Черноглаза — уынг №12. Цæуын та дарддæр. Мæнæ фæрсæй-фæрстæм дыууæ хæдзары. Сæ иуыл фыст: Черноглазовы уынг, иннæуыл — Черноглазы уынг. Уыцы номыры бакомкоммæ кæсын æмæ уынын №27.

Ссардтон Голубевы, зæгъгæ, бацин кодтон. Фæлæ дуарыл Сауцæстоны уынг №27, зæгъгæ, куы бакастæн, уæд хорзау нал фæдæн. Мæ цæстытæ атартæ сты,асæрфтон сæ. Нал сыл æууæндын. Кæд мæ сайгæ кæнынц мыййаг. Сауцæстон уынг никуы фехъуыстон, уæд ныр мæ размæ цы ныццæхгæрмæ ис?

— Фæстæмæ нал аздæхдзынæн ардыгæй, — загътон мæхицæн. Бацыдтæн кæртмæ æмæ фæрсын: — Бæлонов ам цæры?

— Цавæр Бæлонов? — афарста кæрты цæрджытæй иу.

— Уæд та Голубев, — загътон æз.

— Голубев цæры, фæлæ Бæлоновы нæ зонæм.

— Ау, æмæ сымах уæ уынг Черноглазы бæсты Сауцæстон уынг куы схуыдтат, уæд мæнæн мæ бон нæу Голубевы Бæлонов схонын?

Бахудтысты цæрджытæ. Уалынмæ Голубев дæр рацыди.

Ног азы арфæты фæстæ араст дæн Терчы фаллаг фарсмæ. Кæсын æмæ фыццаг агъуыстыл уырыссагау фыст: Надтеречная. Иронау та — Надтеречнæйы уынг. Иннæ ран бакастæн Терчыбылы уынг, чысыл дарддæр æндæр хæдзарыл — Терчы фарсы уынг, иннæуыл — Терчы уынг.

Оуу, мæнæ диссæгтæ! Иу уынджы мидæг алы агъуыстыл дæр хицæн уынджы ном æвæргæ никуы фехъуыстон...

Цæуын дарддæр æмæ схæццæ дæн Сапернæйы уынгмæ. Иу хæдзарыл фыст ис: Саперы уынг, иннæуыл — Саперны уынг, æртыккагыл — Сапернæйы уынг. Адон фенгæйæ мæ бынтондæр бауырныдта, Терчыфалейы районы хæдзæртты управленийы

кусджытæ хатиаг æвзаг тауынмæ бар кæй нæ дæттынц Ленины районы хæдзæртты управленийы кусджытæн.

Коммуналон банчы æмæ æфснайæн кассæты разамонджытæ дæр фæсте нæ баззадысты. Адон хатиаг æвзаг рацарæзтой «поэзийы» бындурыл. Кæсут ма: Зоделавæйы уынджы 18 номыры ис коммуналон банчы хайад. Йæ уæлæ фыст ис: «Приходная касса Сев.Осет. республиканского коммунального банка». Ацы ныхæстæ тынг рæсугъдæй æмæ æнцонæй зæгъæн ис иронау. Фæлæ... Банчы разамындæн, æвæццæгæн, тъаран дæр дзидза у. Уыдон æрфыстой сæ кассæйы сæрмæ цавæрдæр æмдзæвгæгонд:

*«Æфтиæг кассæ*
*Цæгат Ирыстон*
*Республикон*
*Коммуналон банк».*

«Рифмæтæ» дзы æрæвæрдтой, фæлæ дзы хъуыды нæй. Хæццæ-мæццæ ныхæстæ. Зæххы къорийы иу адæмыхатт дæр ахæм æвзагыл нæ дзурынц.

Ацы кассæйы æмкъул ис æфснайæн кассæ æмæ, уыдон дæр сæ сыхæгты фæзмгæйæ, æрфыстой æмæ сауыгътой сæ къулыл стыр дамгъæтæй фыст «æмдзæвгæ»:

*«Паддзахадон*
*Фæллойадон*
*Æфснайтон*
*Кассæ».*

Ацы куплет дæр поэзийæн цыдæр бавæййы. Рифмæ рифмæйы ивы. Фæлæ... «Æфснайтон» цымæ чердыгон дзырд у?

Мæ цæстытæ бафæлладысты ацы æмтъеры фыстытæ кæсынæй æмæ изæрырдæм рараст дæн нæхимæ. Фæлæ, дам, калм битъынайæ тарст æмæ йæ хуынчъы был æрзад. Мæ фæндагыл абанайы тæккæ бакомкоммæ иу хæдзары къулыл ауыдтон иронау фыст: «Хлебы уынг», йæ хæдбынмæ та: «Дзулы уынг». Æз тæрсын, Ленины районы хæдзæртты управленийы кусджытæ сæ къанторы дуарыл «Дзулы уынджы» бæсты «Хæбизджыны» уынг куы ныффыссой, уымæй.

Дур æхсын чи нæ зоны, уый дзы йæ къæбут цæвы. Фæлæ уæддæр кæй кой кæнæм, уыдон цымæ æвзæр дурæхсæджы цæмæн фæзмынц? Цæмæн тауынц уыдон Дзæуджыхъæуы уынгты хатиаг æвзаг?

*«Рæстдзинад», 1952*

# «КОНДЫЛ ÆЙ НЫМАЙ», КÆНÆ «ÆНÆБОНДЗИНАДЫ (ФÆКЪУЫВВИТТ УÆВЫНЫ) ТЫХХÆЙ...»

Æнусы æмбисæй фылдæр цæуы Ходы Дзаххоты уацхъуыдыл. Фæлæ цымæ уавæр аивта? Бæгуыдæр, аивта. Æрмæст хорзырдæм нæ — фыдырдæм! Азæй-азмæ къаддæргæнгæ цыдысты, уынгтыл æмæ паддзахадон кусæндæттæм бацæуæнты иронау цы фыстытæ уыдис, уыдон. Ацы темæ рагон у, нæ фысджытæ йыл бирæ хæттыты дзырдтой æмбырдты, телеуынæны, радиойы, газетты фæрстыл — уартæ советон дуджы дæр, уый фæстæ дæр. Дзасохты Алыксандр обкомы фыццаг секретарь куы уыд, уæд нæ курдиатмæ гæсгæ Дзæуджыхъæуы цалдæр уынгæн сæ нæмттæ ныффыссын кодта уырыссагау дæр æмæ иронау дæр. Фæндыди нæ, цæмæй уый фæтк суыдаид. Куыннæ стæй! Куыдфæстæмæ хъуыддаг бынтондæр бамынæг. Иуахæмы Галазты Æхсарбег фысджытимæ фембæлд. Æз уымæн дæр йæ хъусы бацагътон ацы хабар. Уый мæ дзурын дæр нал бауагъта: ме 'мном Æхсар, кондыл, дам, æй нымай... Дзасохты лæг президент куы сси, уæд уымæн дæр къорд хатты загътам. Горæты раздæры сæр Михаил Шаталовæн та ма кæд йæ хъусы гукк наккодтаиккам! Фæлæ хицæуттæм ницы хъары, фылдæр хатт æфсон акæнынц, уыдон, дам, лыстæг хабæрттæ сты. Æмæ, æвæццæгæн, рæстытæ дзурынц: рæбынтæм ссивын, Европæйы банкты æвæрæнтæ кæнын нацийы хъуыддæгтæй ахсджиагдæр у, уæдæ нæу! Намæ паддзахады æхцатæй милуантæ асатар кæн, стæй уый фæстæ горæты цæнгæт хиды гæрæнтыл дæ «фæрныг» ном сæнусон кæн (бавдæлдысты æмæ заводы тад цæнгæт сæрмагонд джиппыты ауагътой) нæ дзырддзæугæ мэры инициалтæ хъуамæ згъæрыл фыстæй фæхæццæ уой фидæны фæлтæртæм, хъуамæ йын фæзмой йæ намысы хъуыддæгтæ! Цыма уыцы номдзыд хид горæты исбон нæу, цыма мэрæн йæ фыдæй баззад, кæнæ йæ саразыныл йæ уды, йæ къухты фæллой бахардз кодта! Диссаг ма уый у, æмæ йын уæлдæр хицауадырдыгæй макæ згъæг кæй нæ фæци! Ирон æвзагæн йæ райгуырæн бæстæйы йæ хал, йæ бæндæн кæй фæхауд, уый та лыстæг хъуыддаг у! Ам ма иу хабарæн æнæ ракæнгæ нæй. 2004 азы майы «Мах дуг»-ыл сæххæст


УФ
ЮСТИЦИИЫ МИНИСТРАД
РЦИ — АЛАНИЙЫ
ТÆРХОН АХÆСТГАНÆГ
УПРАВЛЕНИ


УФ ÆФСÆНВÆНДÆГТЫ
МИНИСТРАД
ÆФСÆНВÆНДÆГОН
РЫНЧЫНДОН
ДЗÆУДЖЫХЪÆУЫ СТАНЦÆЙЫ
ЦКÆ


КУЛЬТУРАЙЫ МИНИСТРАД
РЦИ
ЧАЙКОВСКИЙЫ НОМЫЛ
1-ÆМ СЫВÆЛЛÆТТЫ
МУЗЫКАЛОН СКЪОЛА

70 азы. Уый фæдыл республикæйы хицауад (йæ сæрдар М. Шаталов) рахаста сæрмагонд уынаффæ — хъуамæ редакцийæн радтаиккой 676 мин сомы. Нæ къухы дзы бафтыди 276 мины, иннæ 400 минæй кæд сымах исты федтат, уæд — мах дæр. Хатыдыстæм ма сæм, куырдтам ма сæ, фæлæ — никуы ’мæ ницы, фыдæнхъæлæй сæ баззадыстæм. Афтæ аудæм не ’взагыл, нæ литературæйыл!

Нæ горæтты æмæ хъæуты ма ирон фыстытæй цы мæнг муртæ аззад, уыдонæй дæр хæрз стæмтæй фæстæмæ ахæм нæй, рæдыдтæ кæм нæ разындзæни. «Рæдыдтæ», зæгъгæ, хуымæтæджы нæ зæгъын, уымæн æмæ хъуыддаг фылдæр хатт иу рæдыдæй нæ ахицæн вæййы. Фенут уæхæдæг. Дзæуджыхъæуы Томайы-фырты уынджы 48-æм хæдзары къулыл кæсæм: РЦИ-Аланийы тæрхон ахæстганæг управлени. Хъуыдыйад арæзт у фондз дзырдæй, рæдыдтытæ та дзы ис æртæ. Хъуамæ мæнæ афтæ уаид: РЦИ—Аланийы тæрхон æххæстгæнæг управлени.

Чкаловы уынджы æфсæнвæндаджы кусджытæн ис рынчындон. Йæ бахизæны иронау дæр фыст, уынут æй къамы. Ирон æвзаджы æгъдæуттæм гæсгæ та ныффыссын æмбæлди: Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы станцæйы кусджыты рынчындон.

Чи зоны, транспорты, индустрийы, хъæууон хæдзарады хабæрттимæ баст организациты разамонджытæ сæхи сраст кæнынæн исты æфсæнттæ ссарой (уæвгæ та сын æфсон иунæг ис — сæ мадæлон æвзагыл стырзæрдæ сты, ницæмæ йæ дарынц). Фæлæ бæллæх уый у, æмæ ахуырады кæнæ культурæйы кусæндæттæ дæр уыцы низæй кæй сæйынц. Æркæсут-ма мæнæ ацы къаммæ. Фыццаг хъуыдыйады ис æртæ дзырды, рæдыдтæ та — дыууæ. «Культурайы» бæсты фыссын хъуыди «культурæйы». РЦИ та хъуамæ æппæты уæле уа. Дарддæр та хъуамæ уа: Сывæллæтты I-æм музыкалон скъола. Ахæм хæццæ-мæццæ дзырдтæ уынæм, раздæр Пионерты галуан кæй хуыдтой, уый къулыл дæр.

РСО-АЛАНИ
ИУМÆЙАГ ÆМÆ
ПРОФЕССИОНАЛОН
АХУЫРАДЫ МИНИСТРАД
ПУУА
РЕСПУБЛИКОН
СЫВÆЛЛÆТТЫ
СФÆЛДЫСТАДЫ ГАЛУАН
г. Дзæуджыкъæу


РСО-АЛАНИ
ПРОФЕССИОНАЛОН
АХУЫРАДЫ МИНИСТРАД
ЦУУА
РЕСПУБЛИКОН
СЫВÆЛЛÆТТЫ
СФÆЛДЫСТАДЫ ГАЛУАН
г. Дзæуджыхъæу


УÆРÆСЕЙЫ ФЕДЕРАЦИ
МИДХЪУЫДÆГТЫ РЦИ-АЛАНИ
ÆНÆВЕДОМСТВÆНЬ
ХЪАХЪХЪÆНЬНАДЬ
УПРАВЛЕНИ
г. ДЗÆУДЖЫХЪÆУ


В 1887 – 1888гг. В ТЕАТРЕ РАБОТАЛ
ХУДОЖНИКОМ ОСНОВОПОЛОЖНИК
ОСЕТИНСКОГО
ЯЗЫКА И ЛИТЕРАТУРЫ
КОСТА ЛЕВАНОВИЧ ХЕТАГУРОВ


РЕСПУБЛИКÆ
ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ
ÆНÆБОНДЗИНАДЫ
<ФÆКЪУЫВВИТТ УÆВЫНЫ>
ТЫХХÆЙ ХЪУЫДДÆГТЫ
ФÆДЫЛ ФЕДЕРАЛОН
УПРАВЛЕНИЙЫ
ТЕРРИТОРИОН
АГЕНТАД

ПУУА цы амоны — хæйрæг йæ зонæг. Фыццаг рæнхъы цы аббревиатурæ ис (РСО), уымæн йæ ирон вариант у РЦИ æмæ йæ фыссын дæр афтæ хъуыди, стæй ацы дзырд æмæ «Алани»-йы ’хсæн тире хъуамæ уа. Уæдæ сæйраг хъуыдыйад та мæнæ афтæ фысгæ уыди: Сывæллæтты сфæлдыстады республикон галуан. Рæдыд ис фæстаг дзырды дæр: Дзæуджыкъæу нæ, фæлæ Дзæуджыхъæу.

Диссæгтыл дис ничиуал кæны, уыййеддæмæ уырыссаг театры бæстыхайы рæзты цы бирæ адæм цæуы, уыдон-иу сæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрцæгъдиккой. Æркæсут-ма, йæ къулыл цы æмбисонды хъусынгæнинаг ис, уымæ. Æфсæн дамгъæтæ æфсæныл фидаргондæй æфсæн хъæлæсæй дзурынц, ацы театры, дам, нывгæнæгæй куыста ирон æвзаг æмæ литературæйы бындурæвæрæг Къоста. Æвæццæгæн, Къоста йæ раздæры царды (кæддæр, скифты-сæрмæтты заманты) хуыцау уыд æмæ нæ нæрæмон фыдæлтæн æвзаг балæвар кодта, уыййеддæмæ абоны ирæттæн цæй æвзаг уаид, кæрæдзийæн гобитау къухæй амониккой, йе та гугын фысты уаст кæниккой.

Уæвгæ ныры ирæттæ цы хуызы дзурынц æмæ фыссынц, уымæй æнæвзаг — хуыздæр. Уæ разы уын цы æвдисæнтæ æрæвæрдтам, уыдон ууыл дзурæг не сты? Ноджы ма сæм бафтауæнтæ ис — чысыл нæ, фæлæ дзæвгар. Цæй, нал уæ фæлмæцын кæнæм. Æрмæст ма дзы дыууæйы кой скæндзыстæм, сты Бутырины уынджы. Мæнæ куыд ратæлмацчынди «Управление вневедомственной охраны». Уæле лыстæгдæр дамгъæтæй цы фыст ис, уый раиртасыны тыххæй дæр та, æвæццæгæн, дзинкъуыртæм баулæфын хъæуы: УÆРÆСЕЙЫ ФЕДЕРАЦИ МИДХЪУДÆГТЫ РЦИ-АЛАНИ. Ацы тæлмацы автор поэт ма уа, уый нæ нæ уырны. Кæуылты неологизм у «ÆНÆВЕДОМСТВÆНЫ»!

Иннæ «шедевр» та ссардтам, нæ редакци цы хæдзары ис, уымæн йæ хуссайраг къулыл (Бутырины уынг, 29). Уынут æй къамы.

Уæдæ, хорз адæм, нæ ныхас ацы фыстæй фæуæм: «Цæгат Ирыстоны æнæбондзинады (фæкъуыввитт уæвыны) тыххæй...» Æмæ а. д.

«Фæкъуыввитт уæвыны агентад», æнхъæлдæн, нал ис. Уыйхыгъд фылдæрæй-фылдæр кæнынц, не ’взаг нын чи къуыввитт кæны, уыдон, сты алы куыстуаты дæр, алы кусæндоны дæр, алы хæдзары дæр, нымайæг сæ нымайын нал фæразы...

Мæ иубæстон адæм! Уæхи æрæмбарут, цалынмæ бынтон нæ байрæджы, уæдмæ...

***Хъ. Æ.***

# ИРОН СКЪОЛА МАРДЖЫТÆЙ ЦАЛДÆР

* * *

Я считаю, что это искусственные перегородки. В русских классах очень много осетин, и они лучше занимаются и грамотнее выглядят, чем русские дети по русскому языку. Я это сам по себе чувствую, я учился в русской школе, в вузе учился с русскими, сейчас я разговариваю гораздо хуже по-русски потому, что мне приходилось постоянно сталкиваться и разговаривать на осетинском языке. Никто не может сделать замечания в школе, что мы говорим по-осетински, химики, биологи сами малограмотные и не поправляют учащихся. Надо сделать так, чтобы как можно больше детей учились в русских классах и ввести русские нормативные программы в осетинских школах.

*Темырайы-фырт, 1956*

* * *

По-моему, назрела необходимость поставить вопрос о преподавании всех предметов на русском языке, начиная с первых классов. Я сам осетин, очень люблю осетинский язык и осетинскую литературу, но я всегда думаю, что русский язык везде необходим, даже в самом далеком селении документация ведется на русском языке. Кроме того, учащиеся получают больше пользы от такого преподавания... Я прошу рассмотреть этот вопрос и добиться разрешения.

*Галазты Æхсарбег, 1956*

* * *

У нас есть школы со смешанным составом классов. Дети вместе играют, все время находятся вместе, а мы их искусственно расщемляем по национальным классам. В этих школах есть смысл сливать классы и переводить их на русскую программу.

*Хъæбæлоты Билар, 1957*

* * *

При разъяснении Закона о школе родители в нашей республике высказали свое желание и потребовали обучать их детей на русском языке с 1 класса. Каждый родитель думает о будущем своего ребенка, желает видеть его в числе активных строителей коммунизма... Глубокий анализ сложившейся системы обучения в осетинской школе подтверждает правоту мнения родителей.

*Галазты Æхсарбег, 1964*

* * *

Для успешного овладения русским языком целесообразно все обучение в осетинской школе, начиная с 1 класса, осуществлять на этом языке.

*Хадыхъаты Хадзымæт, 1964*

* * *

Несмотря на бесспорные успехи, осетинский язык не справился с некоторыми из вставших перед ним задач, особенно в таких важных областях, как государственное делопроизводство и наука. Развитие осетинского языка в этих двух сферах не пошло дальше благих намерений. Делопроизводства на осетинском языке нет. Оно не привилось, оказалось нежизнеспособным. (...)

Практиковавшееся прежде преподавание в 5–7 классах на осетинском языке вообще нанесло большой ущерб народному образованию и культуре Северной Осетии.

*Чъерджиаты Хазби, 1970*

# ИРОН ÆВЗАГМÆ — ЗАКЪОНЫ ЦÆСТÆЙ

Газет «Рæстдзинад» иудадзыг зæрдиаг ныхас кæны ирон æвзаджы хъысмæтыл, фаг цæстæнгас æм кæй нæ дарæм, ууыл. Мæн та абон фæнды, Уæрæсейы Федерацийы æмæ Республикæ Цæгат Ирыстоны — Аланийы Конституцитæ æмæ закъонтæ мадæлон æвзагмæ цы цæстæй кæсынц, уыдон домæнтæ куыд æххæст цæуынц, ууыл аныхас кæнын.

1997 азы фыццаг æмбисы нæ республикæйы прокуратурæ сбæрæг кодта, РЦИ—Аланийы мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг куыд цæуы Уæрæсейы Федерацийы «Ахуыры тыххæй» закъонмæ гæсгæ, уый. Уый бындурыл лæууыд, газет «Северная Осетия» (01.02.97 аз №21 (33327) цы сидт ныммыхуыр кодта, уый. Ирон æвзаджы, ирон адæмы хъысмæтыл тыхсгæйæ фысджытæ сæ ныхас здахынц Президентмæ, республикæйы Хицауадмæ, ирон адæммæ.

Сидты бын сæ къухтæ бавæрдтой РЦИ—Аланийы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар Ходы Камал æмæ правленийы фондз уæнджы. Уым æрцыдысты ахæм хатдзæгмæ, æмæ нæ республикæйы цы ирæттæ цæры, уыдонæй горæтæгтæн сæ аст проценты зонынц иронау кæсын æмæ фыссын, хъæуккæгтæн та сæ æхсæрдæс проценты. Адæм æмæ бæрнон адæймæгтæ ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддагмæ ахæм уазал цæстæй кæй кæсынц, уый, сæ хъуыдымæ гæсгæ, 21 æнусы ирон æвзаг æркæндзæн сæфтмæ, фесæфдзысты ирон адæм дæр. Афтæмæй та, РЦИ—Аланийы Конституцимæ гæсгæ, ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæ сты паддзахадон.

Уæд бæрæггонд куыд æрцыд, афтæмæй Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы иннæ рæтты ирон æвзаг дæттыны æмæ ахуыр кæныны хъуыддаг нывыл нæ уыд. Хæлд цыдысты Уæрæсейы Федерацийы æмæ РЦИ—Аланийы Конституцитæ, Уæрæсейы Федерацийы «Ахуыры тыххæй» закъон. Закъонады уыцы халæн хъуыддæгтæ аиуварс кæныны нысаны тыххæй республикæйы прокуратурæ фехъусын кодта Ахуырады министрадæн æмæ республикæйы Президентæн. Уый тыххæй 1997 азы газет «Рæстдзинад»-ы уыд æрмæг.

Куыд рабæрæг, афтæмæй хицауад æмæ Иумæйаг æмæ профессион ахуырады министрад фæстаг азты, уæлдайдæр та

фæстаг ахуыры аз, кæны ахсджиаг куыст республикæйы ахуыргæнæндæтты мадæлон æвзаг ахуыр кæныны æмæ дæттыны хъуыддаг фæхуыздæр кæныны тыххæй.

Ивгъуыд аз ирон æвзаг ахуыр кæнынæн къуыримæ цы сахæттæ лæвæрд уыд, уыдон схызтысты цыппарæй фондзмæ, 8,9 кълæсты (къуыри иу хатт) цæуын байдыдтой курс — «Ирыстоны традицион културæ». Мадæлон æвзаджы ахуыргæнæн чингуытæй скъоладзаутæ фæифтонгдæр сты.

Фæлæ уæддæр ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг закъонмæ гæсгæ нæ цæуы.

РЦИ—Аланийы Конституцийы 15 статьямæ гæсгæ (ист æрцыд 1974 азы ноябры) республикæйы паддзахадон æвзагыл нымад сты ирон æмæ уырыссаг. Ирон æвзаг бахъахъхъæнын æмæ райрæзын кæныны хъуыддаг у республикæйы паддзахадон оргæнты ахсджиаг хъуыддаг. Уыцы Конституцийы, стæй УФ-йы Конституцийы домæнтæм гæсгæ УФ «Ахуыры тыххæй» закъоны домæнтæм гæсгæ, УФ-йы граждæнтæн бар ис ахуырад сæ мадæлон æвзагыл райсынæн. Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы бирæ рæтты мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг нымад у фæрсаг хъуыддагыл. Иуæй-иу ахуыргæнæндæтты та сын конституцион бар нæй йæ ахуыр кæнынæн.

Алы аз дæр республикæйы Иумæйаг æмæ профессион ахуырады министрад сфидар кæны æмæ арвиты æртæ хуызы базисон ахуыры пълан, цæмæй алы скъола дæр, йæхи миниуджытæ хынцгæйæ, скæна йæхицæн ахуыры пълан. Фылдæр ахуыргæнæндæтты базисон пълан сæхицæн бындуронæн райсынц, скъоладзауты национ уагмæ нæ æркæсынц, афтæмæй. 1999–2000 азæн æвдыст æрцыд республикон базисон ахуыры пълан. Ис ын ахæм хуызтæ:

Фыццаг хуыз — ахуырадон скъолатæн — ахуыр уырыссаг æвзагыл, ирон æмæ æндæр мадæлон æвзæгтæ ахуыргæнгæйæ.

Дыккаг хуыз — национ скъолатæн — ахуыр ирон, уырыссаг æмæ æндæр национ æвзæгтыл.

Æртыккаг хуыз — иумæйаг ахуырадон скъолатæн — ахуыр уырыссаг æвзагыл (уырыссæгтæ фылдæр кæм цæры, фæлæ ирæттæй æмæ иннæ адæмыхæттытæй дæр бирæ кæм цæры, уыцы рæтты). Ирон æвзаг 1–11 кълæсты ахуыргæнгæйæ ахуырдзаутæ хъуамæ дихгонд цæуой, æвзаг чи куыд зоны, уымæ гæсгæ.

Республикæйы фылдæр скъолатæ сæ ахуырадон пъланы бындурæн райстой базисон пъланы фыццаг хуыз. Уымæ гæсгæ къуыримæ ирон æвзаг ахуыр кæнынæн дихгонд цæуы фыццагæй цыппæрæм кълæстæм

— фондз сахаты, фæндзæм къласы — æртæ сахаты æвзагæн, дыууæ та — литературæйæн, æхсæзæмæй фарæстæм къæсты онг — дыууæ сахаты æвзагæн, дыууæ сахаты — литературæйæн. Цæмæй сæ абарæм, уымæ гæсгæ фыццаг хуызы 2–4 къæстæн уырыссаг æвзагæн дихгонд цæуы къуыримæ аст сахаты, фæндзæм къласы æвзагæн æхсæз сахаты, литературæйæн — æртæ, æхсæзæм къæсты æвзагæн фондз сахаты, литературæйæн — æртæ, æстæм къæсты — æвзагæн æртæ сахаты, литературæйæн — дыууæ.

Ивгъуыд азы кæд Æрхонкæйы скъолаты ахуыры пъланы æртыккаг хуыз райстой, уæддæр райдиан къæсты ахуыр кæнын райдыдтой ирон æвзаг. Фыццæгæм скъолайы (директор Пелех В.) ирон æвзаг ахуыр кæнынц фыццæгæм æмæ дыккæгæм къæсты, дыккæгæм скъолайы (директор Цуциты И.) фыццæгæмæй цыппæрæм къæстæм. Дыууæ скъолайы дæр иннæ къæсты ахуырдзаутæн фадат æмæ бар нæй ирон æвзаг ахуыр кæнынæн (фыццæгæм скъолайы 764 ахуырдзауæй ирæттæ сты 240, дыккæгæм скъолайы 490 ахуырдзауæй — 139)

Ацы скъолаты разамонджытæ йæ кæнынц, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ кæй нæ фаг кæны, уый аххос.

Паддзахадон ирон æвзаг нæ ахуыр кæнынц ’нудæсæм (гуырдзиаг) скъолайы. Уым сæхицæн бындурон республикон базисон пълан нæ райстой, фæлæ горæты ахуырады хайады сæргълæууæг Хъыбызты Ж. кæй сфидар кодта æмæ Гуырдзыстоны скъолаты программæмæ гæсгæ (скъола цæры горæты бюджетæй). Уыцы скъолайы нæ ахуыр кæнынц дыккаг паддзахадон — уырыссаг æвзаг дæр. Ам дæр ирон æвзаг кæй нæ ахуыр кæнынц, уый кæнынц, ахуыргæнджытæ кæй нæ фаг кæны, уый аххос. ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы куыд загътой, афтæмæй сæм уыцы скъолайæ ничи æрбацыд ахуыргæнджытæй баххуыс кæныны тыххæй, афтæмæй сæм иннæ скъолатæй уыдысты.

Дзæуджыхъæуы ахуырады управленийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ горæты скъолаты нæ фаг кæны ирон æвзаджы 60 ахуыргæнæгæй фылдæр.

Скъола-гимназты дæр ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг нæу хорз æвæрд (5,45), фæсарæйнаг æвзæгтæ, математикæ æмæ æндæр предметтæ арф кæм ахуыр кæнынц, уыцы скъолаты (7,11, 41,44 скъола интернат æмæ æндæртæ). Ахуырады министрады хицауад сын бар радта ирон æвзаг æмæ литературæйы сахæттæ фæкъаддæр кæнынæн — фондзæй цыппар, æртæмæ.

Хуыздæр нæу Аивæдты лицейы дæр. Ахуыры пъланмæ гæсгæ

ирон æвзаг ахуыр кæнынæн, фæндзæмæй æстæм кълæсты онг, ам дихгонд æрцæуы æртæ сахаты, фарæстæм æмæ дæсæм кълæсты — дыууæ сахаты. Райдиан кълæсты, ирон æвзаг чи нæ зоны, уыдон æй ахуыр кæнынц фæсарæйнаг æвзаг ахуыр кæныны мадзалæй, ома, абеты чиныг ахуыргæнæгау. Ахæм уавæр сæвзæрд медицинон колледжы, аивæдты училищейы, техникумты, профессион-техникон ахуыргæнæндæтты. Уыцы ахуыргæнæндæттæ каст чи фæвæййы, уыдон та канд Дзæуджыхъæуы нæ фæкусынц, фæлæ хъæуты дæр. Уым та фылдæр ирæттæ цæры æмæ ирон æвзаг зонын сæ хæс у ахуыргæнджытæн.

Ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг хуыздæр æвæрд у республикæйы хъæууон скъолаты (Мæздæджы районæй фæстæмæ). Фæлæ Æрыдоны, Алагиры, Беслæны иуæй-иу скъолаты ирон æвзаг сфидаргонд закъонмæ гæсгæ нæ ахуыр кæнынц. Зæгъæм, Алагиры дыккæгæм æмæ фæндзæм скъолатæ куы бабæрæг кодтам, уæд дзы ахуырдзауты  иу хай ирон æвзаджы урокты нæ баййæфтам, сæхи бар сæ ауагътой. Се 'хсæн канд уырыссæгтæ нæ уыд, фæлæ ирæттæ дæр.

Æрыдоны фыццæгæм астæуккаг скъолайы ирон æвзаг чи ахуыр кæны, уыдонæй бирæтæн сæ бон нæ уыд махимæ иронау ныхас кæнын, хуымæтæг фарстатæн дзуаппытæ раттын. Ноджы ма се 'ппæт нæ зыдтой ирон æвзагыл фыссын.

1999 азы райдианы 65 сывæллæтты цæхæрадонæй 45 цæхæрадоны сабиты ирон æвзагыл ахуыр кодтой ирон æвзаджы инструктортæ, специалисттæ кæй нæ фаг кодта, уымæ гæсгæ, 20 цæхæрадоны та сæ ахуыр кодтой хъомылгæнджытæ. Къуыри сæ ирон æвзагыл ахуыр кæнынц 10 минутæй 35 минуты онг.

Хъæуты сывæллæтты ахуыр кæнынц ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл, фæлæ Мæздæджы районы æмæ Æрхонкæйы та æрмæст уырыссаг æвзагыл, кæд дзы ирæттæ фылдæр ис, уæддæр.

Дзæуджыхъæуы сывæллæтты рæвдауæндæтты ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг, ирон æвзаджы инструктортæ кæй нæ фаг кæны, æрмæст уый аххос нæу, фæлæ хъомылгæнджытæ сæхæдæг дæр нæ зонынц сæ мадæлон æвзаг. Зæгъæм, Дзæуджыхъæуы 99-æм сывæллæтты цæхæрадоны (иннæтæй хъауджыдæр ифтонгдæр у ирон æвзаджы специалисттæй) 20 хъомылгæнæгæй ирон æвзаг зыдтой авдæй, хъомылгæнджытæн дæс æххуысгæнæгæй та æртæйæ.

Дзæуджыхъæуы æмæ къорд æндæр раны ис ахæм рæвдауæндæттæ, кæцы ран хъомылгæнджытæй иугæйттæ зонынц иронау дзурын.

Сывæллæтты цæхæрадæттæн специалисттæ цæттæ кæны педагогон колледж. Уым чи ахуыр кæны, уыдон фаг цæттæ нæ вæййынц æмæ уымæ гæсгæ нæ фæарæхсынц сывæллæттимæ сæ мадæлон æвзагыл кусынмæ.

Аххосæгтæй ма иу уый у, æмæ сывæллæтты ныййарджытæй дæр кæйдæрты нæ фæфæнды, цæмæй йæ сывæллон иронау ахуыр кæна, уый. Ахæм сывæллæттæ скъолайы дæр иронау тынг æвзæр фæахуыр кæнынц. Фæлæ сын раттынц аттестаттæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ хорз æмæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ. Скъолаты ахæм разамонджытæ зыгъуыммæ кæнынц закъон æмæ, гæнæн ис, æфхæрд æрцæуой уголовон æгъдауæй.

Æз барадхъахъхъæнæг оргæнты æртын азæй фылдæр кусын. Ахæм хъуыдыйыл хæст дæн, æмæ хицауадон структурæтæ æмæ адæм се ’взагмæ уазал цæстæй кæй кæсынц, уый æвзæрырдæм зыны криминогенон уавæрыл, фыдракæндтæ фылдæр кæнынц, уæлдайдæр фæсивæды ’хсæн. Уымæн æмæ æвзагимæ баст сты нæ рæсугъд ирон æгъдæуттæ дæр. Æгъдæуттæ та фæсивæды рæдийын нæ уадзынц.

Ирон æвзаг, иннæ æвзæгты хуызæн, у культурæ, традицитæ, æгъдæуттæ æмæ æндæр хорз хъуыддæгтæ хæссæг. Сæрхъуызойдзинад, Фыдыбæстæ хъахъхъæнын, хистæрæн, сылгоймагæн, куыстæн кад кæнын — уыдæттæ стæм хатт хъуысынц фæсивæдæй. Раздæры фæлтæртæн та уыцы миниуджытæ сæ уд, сæ дзæцц уыдысты. Уыдон сты, не ’взагмæ ахæм æбæрнон цæстæй кæй кæсæм, уый фæстиуджытæ. Афтæмæй ма æрæджы дæр нæ фыдæлтæ дзырдтой: «Цыфæнды мæгуырæй дæр — уæздан». Иу бæллæх та ма дзы уый ис, æмæ бирæ азты хицауад уазал цæстæй каст ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддагмæ.

РЦИ—Аланийы 1994 азы ноябры Конституцимæ гæсгæ ирон æвзаг дæр, уырыссаг æвзаджы æмрæнхъ, сси паддзахадон, фæлæ Сæйраг Совет, республикæйы Парламент, Президенты администраци, хицауад, бынæттон хиуынаффæйады администрацитæ, куыстуæтты, министрадты бæрнон кусджытæ хъæугæ мадзæлттæ нæ сарæзтой ирон æвзаджы паддзахадон статус бахъахъхъæнынæн. Нæй нæм иронау хъуыддаджы гæххæттытæ мыхуыргæнæн машинкæтæ, афтæмæй та ирон алфавит арæзт æрцыд 19 æнусы Уæрæсейы Наукæты Академийы (сарæзта йæ 1844 азы академик Шегрен А.)

Уæдæ дзæгъæлы нæу ирон фысджыты фæдис, уымæн æмæ æвзаджы сæфт у нацийы сæфт дæр.

Куыд сбæрæг кодтам, афтæмæй республикæйы районты æмæ

округты прокурортæ дæр генпрокуроры бардзырды домæнтæ (№ 30 1995 аз) æмæ федералон закъон куыд æххæст цæуы мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаджы, уый нæ бæрæг кæньнц.

Мæ уацы кæрон ма иу фиппаинаг: нæ мадæлон æвзагмæ бирæтæ æвзæр цæстæй кæй кæсынц, уымæн ма ис иу аххос — нæ иуæй-иутæ рагæй-æрæгмæ сæхи сраст кæныны тыххæй фæзæгъынц: «Ирон æвзаг Елхотæй дæлæмæ кæй хъæуы!»

Фыццаджыдæр уал Елхотæй дæлæмæ ирон хъæутæ Змейкæйы, Ставд-Дурты, Ираны, Озрек æмæ иннæты цæрджыты хъæуы! Сæйрагдæр та — ирон лæг кæмдæриддæр уа, уым æй хъæуы йæ мадæлон æззаг. Куы нæ йæ зона, уæд æй, куыд Уæрæсейы, афтæ фæсарæнты дæр адæймагыл ничи нымайдзæн.

Ацы фарстайыл куы куыстон æмæ нæ республикæйы хуыздæр скъолатæй иуы — Дзæуджыхъæуы 5-æм скъолайы куы уыдтæн, уæд иу ахуыргæнæгæй фехъуыстон ахæм хабар. Ацы скъола цалдæр азы размæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæцис Туаты Ростик, æцæг иронау нæдæр кæсын, нæдæр фыссын зыдта. Ростик ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы Скæсæйнаг æвзæгты институтмæ. Уым ахуыры рæстæг æй бахъуыд сахуыр кæнын фарсийы æвзаг. Фарси æмæ ирон æвзаг та сты иу къалиуы дыууæ къабузы, бирæ дзырдтæн дзы ис иу бындур. Æмæ бар-æнæбары не 'мзæххоны бахъуыд ирон æвзагмæ æндæр цæстæй акæсын — иу афæдзмæ йæ сахуыр кодта. Уый руаджы фарсийы æвзаг дæр базыдта.

Уæдæ Туркмæ нæ ирон фæсивæдæй чи афты уазæгуаты æмæ дзы иронау чи нæ фæзоны, уыдон худинаг кæнынц æрмæст сæхи нæ, фæлæ æнæхъæн ирон адæмы дæр.

***КУЫДЗИАТЫ Владимир,***
*республикæйы прокуроры хистæр æххуысгæнæг, юстицийы хистæр уынаффæгæнæг*

*«Рæстдзинад», 2000.12.04.*

*Цъары фæрстыл:*

1. *Цард æмæ мæлæт. Къам.*
2. *Академик А. М. Шёгрен.*
3. *Академик В. Ф. Миллер.*
4. *Макс Эрнст. Иунæг бæлас æмæ иугонд бæлæстæ.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Òехнический редактор* | *Виктория БОРАЕВА* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |

*Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А. Регистрационный номер Ш-0132*

*Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.*

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Союз писателей РСО-Алания*

*Подписано к печати 12.04.06. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 11,16. Учетно-изд. л. 9,27.*
*Тираж 2100 экз. Заказ № 2058.*

*Адрес редакции: 362025, г. Владикавказ, ул. Фрунзе, 24.*
*Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24, 53-65-86.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru*

*Отпечатано в ОАО Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева 362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.*



Индекс 73247

